

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

182zyèm Konferans Jeneral

Oktòb 6—7, 2012

Pibliye pa
Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo
Salt Lake City, Utah

© 2012 Intellectual Reserve, Inc.
Tout dwa rezève.

Apwobasyon anglè: 12/11
Apwobasyon tradiksyon: 12/11
Tradiksyon *182zyèm Konferans Jeneral*
Haitian
PD50045288 000

Kontni

SESYON SAMDI MATEN

Byeveni nan konferans lan | *Thomas S. Monson*1
Èske nou kapab santi sa kounyeya? | *Quentin L. Cook*4
Mwen konnen sa. Mwen viv sa. Mwen renmen sa | *Ann M. Dibb* ...12
Yon don endeskriptib nan men Bondye | *Craig C. Christensen*17
“Paské li vivan, nou menm tou nou va viv” | *Shayne M. Bowen*23
Mande misyonè yo! Yo ka ede ou! | *Russell M. Nelson*29
Apwopo regrè ak rezolisyon | *Dieter F. Uchtdorf*35

SESYON SAMDI APRÈMIDI

Soutyen Ofisye yo nan Legliz la | *Henry B. Eyring*43
Vin bon paran | *L. Tom Perry*45
Bon Dezi pou Angaje | *M. Russell Ballard*51
“Vin jwenn mwen, O ou menm Kay Israèl la” | *Larry Echo Hawk*57
Kisa yon nonm kapab bay an echanj nanm ni? | *Robert C. Gay*61
Prensip tanp yo | *Scott D. Whiting*66
Eprèv lafwa nou | *Neil L. Andersen*70
Pwoteje timoun yo | *Dallin H. Oaks*77

SESYON PRÈTRIZ

Frè m yo, nou gen yon ay pou nou fè | *D. Todd Christofferson*85
Se pou nou vanyan nan kouraj nou, fòs nou ak aksyon nou | *Gary E. Stevenson*93
Fè atansyon avèk tèt nou | *Anthony D. Perkins*98
Lajwa Prètriz la | *Dieter F. Uchtdorf*104

Ede yo vize wo <i>Henry B. Eyring</i>	111
Wè lòt moun jan yo ka devni <i>Thomas S. Monson</i>	119

SESYON DIMANCH MATEN

Kote Paviyon an ye? <i>Henry B. Eyring</i>	126
Ekspyasyon an <i>Boyd K. Packer</i>	133
Obsève dabò, Sèvi ansuit <i>Linda K. Burton</i>	139
Aprann avèk kè nou <i>Walter F. Gonzalez</i>	144
Premye Gran Kòmandman an <i>Jeffrey R. Holland</i>	148
Konsidere benediksyon yo <i>Thomas S. Monson</i>	154

SESYON DIMANCH APRÈMIDI

Vin yon kretyen pi kretyen <i>Robert D. Hales</i>	161
Lajwa nan Rachte Mò yo <i>Richard G. Scott</i>	166
Yon Pa Pi Pre Sovè a <i>Russell T. Osguthorpe</i>	172
Tout bagay akonpli pa lafwa <i>Marcus B. Nash</i>	177
Tounen yon vrè disip <i>Daniel L. Johnson</i>	182
Benediksyon Sentsèn yo <i>Don R. Clarke</i>	187
Konvèti nan Senyè a <i>David A. Bednar</i>	192
Se pou Bondye avèk nou jiskaske nou rankontre ankò <i>Thomas S. Monson</i>	199

REYINYON JENERAL SOSYETE SEKOU

Èske lafwa nou nan Ekspyasyon Jezikri a ekri nan kè nou? <i>Linda K. Burton</i>	202
Byen pran konsyans devwa nou <i>Carole M. Stephens</i>	209
Senyè a pa bliye nou <i>Linda S. Reeves</i>	215
Nourisè a <i>Henry B. Eyring</i>	220

Byeveni nan konferans lan

Pa Prezidan Thomas S. Monson

*Mwen swete pou nou koute mesaj yo avèk atansyon
. . . , pou nou ka santi Lespri Senyè a epi jwenn
konesans Li ta renmen nou genyen an.*

Selon sa m wè la a, tout chèz yo ranpli—sof kèk grenn la a nan ban dèyè a. Gen plas pou amelyorasyon. Sa a se yon koutwazi pou moun ki gen dwa yon tijan anreta akòz trafik yo kapab jwenn yon chèz lè yo vini.

Sa se yon gwo jou—jou konferans lan. Nou te tande yon bèl koral chante yon bèl chan mayifik. Chak fwa m tande koral la oubyen m tande yon òg oswa yon pyano, mwen sonje manman m, ki te di m: “Mwen renmen tout sa w akonpli, tout diplòm ou pran, ak tout travay ou reyalize. Sèl regrè mwen sèke ou pa t ret aprann pyano a.” Mèsi, Manman. Mwen regrèt m pa t fè sa.

Ala sa bon, frè m ak sè m yo, pou swete nou byenveni nan 182 zyèm Konferans Jeneral Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.

Depi nou te rankontre a sa gen sis mwa a, twa nouvo tanp te konsakre, epi youn te rekonsakre. Nan mwa Me a, m te gen privilèj pou m te konsakre bèl Tanp Kansas City a nan Missouri ak pou asiste selebrasyon kiltirèl yo te prezante pou okazyon an. M ap pale de selebrasyon sa ak pi plis detay demen maten.

Nan mwa Jen an, Prezidan Dieter F. Uchtdorf te konsakre tanp yo t ap tann depi lontan an nan Manaus, Brezil, e nan kòmansman mwa Septanm, Prezidan Henry B. Eyring te rekonsakre tanp ki fèk repare a nan Buenos Aires, an Ajantin, yon tanp ke m te gen privilèj pou m te konsakre sa fè 27 an. Sa gen de

semèn Prezidan Boyd K. Packer te konsakre bèl tanp Brigham City a nan vil kote l te fèt ak kote l te elve a.

Jan m te endike anvan sa a, okenn bilding legliz la bati pa pi enpòtan pase yon tanp, e nou kontan dèske nou gen 139 tanp k ap fonksyone nan tout mond lan, avèk 27 anplis ki anonse oswa an konstriksyon. Nou rekonesan pou edifis sakre sa yo ak benediksyon yo pote nan lavi nou.

Maten an, mwen kontan pou m anonse de nouvo tanp, ki pral gen pou bati nan mwa ak ane k ap vini yo, nan kote sa yo: Tucson, Arizona, ak Arequipa, Pewou. Na jwenn detay konsènan tanp sa yo nan apre lè nou fin jwenn pèmi ak apwobasyon nesèsè yo.

Frè m ak sè m yo, kounyeya, ann pale de yon lòt bagay—m vle di, sèvis misyonè.

Kèk tan desa, Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo te bay pèmisyon pou jènjan nan kèk peyi sèvi misyon nan laj 18 tan depi yo te diy, kapab, epi yo te fin gradye nan lekòl segondè, e eksprime yon dezi sensè pou sèvi. Sa sete yon bagay ki te atache ak yon peyi espesifik, e sa te pèmèt demilye jènjan sèvi misyon onorab ak ranpli obligasyon militè yo ak opòtinite pou etidye tou.

Eksperyans nou avèk misyonè 18 tan sa yo te pozitif. Prezidan misyon yo rapòte ke yo obeyisan, fidèl, plen matirite, e sèvi osi konpetan ke misyonè ki pi gran yo k ap sèvi nan menm misyon yo. Fidelite yo, obeyisans yo, ak matirite yo te fè nou anvi aplike menm opsyon sa a pou sèvi misyon pi bonè a pou *tout* pou tout jènjan, kèlkeswa peyi kote yo soti.

Mwen kontan pou m anonse ke efektif imedyatman tout jènjan ki diy e ki kapab, ki gradye nan lekòl segondè oswa ekivalan segondè, kèlkeswa kote y ap viv, ap gen opsyon pou yo rekòmande yo pou sèvi misyon kòmanse nan laj 18 tan, olye de 19 an. Mwen pa vle di ke tout jènjan ap—oubyen dwe—sèvi misyon nan laj sa a menm. Men, baze sou sikonstans pèsònèl yo osi byen selon jan sa detèmine pa dirijan prèttriz yo, opsyon sa a disponib kounyeya.

Pandan ke nou te reflechi, nan lapriyè, sou laj jènjan yo ta ka kòmanse sèvi misyon yo, nou te pran an konsiderasyon laj pou jènfi yo ta sèvi tou. Jodia mwen kontan anonse ke jènfi ki diy e ki

kapab yo ki vle sèvi yon misyon, gen dwa resevwa otorizasyon pou kòmanse sèvi misyon yo nan laj 19 an olye de 21 an.

Nou afime ke travay misyonè se yon devwa Prètriz la—e nou ankouraje tout jènjan ki diy e ki fizikman kapab ak mantalman pare pou yo reponn apèl pou sèvi a. Anpil jènfi sèvi misyon tou, men yo pa anba menm obligasyon pou sèvi menmjan ak jènjan yo. Sepandan, nou asire jèn sè yo nan Legliz la ke yo pote yon kontribisyon valab anpil kòm misyonè, e n ap resevwa sèvis yo.

Nou kontinye bezwen anpil plis koup granmoun. Si sitiyasyon ou pèmèt ou, si ou atenn laj pou pran retrèt, e si sante ou pèmèt ou, mwen ankouraje ou pou rann tèt ou disponib pou sèvi yon misyon apentan. Ni mari yo ni madanm yo ap gen pi gwo lajwa si ansanm yo sèvi pitit Papa nou yo.

Kounyeya, frè m ak sè m yo, mwen swete pou nou koute mesaj yo pral prezante nou yo pandan de jou sa yo avèk atansyon, pou nou ka santi Lespri Senyè a e akeri konesans Li ta vle nou jwenn nan. Mwen priye pou nou fè eksperyans sa a, nan non Jezikri, amèn.

Èske nou kapab santi sa kounyeya?

Pa Èldè Quentin L. Cook

Nan Kolèj Douz Apot yo

Gen kèk moun nan Legliz la ki kwè ke yo pa kapab reponn kesyon Alma a avèk yon gwo wi. Yo pa “santi sa kounyeya.”

Prezidan Monson, nou renmen ou, nou onore w, nou soutni ou! Anons istorikman siyifikan sa a konsènan sèvis misyonè a enspiran anpil. Mwen kapab sonje eksitasyon ki te genyen nan ane 1960 la lè laj pou jènjan yo te sèvi a te chanje soti nan 20 tan pou vin 19 an. Mwen te rive nan Misyon Anglè a fèk aple a 20 tan. Premye moun 19 an ki te nan misyon nou an sete Èldè Jeffrey R. Holland, yon gwo adisyon. Li pa t manke anpil mwa pou l te gen 20 tan. Epi, pandan ane a, anpil misyonè 19 an te rive. Yo te misyonè ki te obeyisan ak fidèl, e travay la te pwogrese. Mwen konnen ke n apral gen yon pi gwo travay kounyeya pandan misyonè fidèl ak angaje sa yo ap ranpli apèl Sovè a pou preche Levanjil Li a.

Selon mwen menm, nou menm nan jenerasyon k ap grandi sa a pi byen prepare pase jenerasyon anvan an. Konesans nou sou ekriti yo patikilyèman enpresyonan. Sepandan, difikilte jenerasyon nou an ap rankontre pandan n ap prepare nou pou sèvi misyon yo se menm ak sa tout manm Legliz la ap rankontre. Nou tout konsyan ke kilti nan pifò mond lan pa pwopis pou fidelite ak angajman esprityèl. Atravè tout listwa, dirijan Legliz yo te toujou avèti pèp la epi anseye yo pou yo repanti. Nan Liv Mòmmon an, Alma pitit la, te si sousye pou inikite ak mank angajman pèp la ke l te remèt demisyon l kòm jij anchèf, kòm

dirijan pèp Nefi a, pou l t al konsantre tout efò li nan apèl li kòm pwofèt.¹

Nan youn nan vèsè ki pi pwofon nan tout ekriti yo, Alma pwoklame: “Si nou te santi yon chanjman nan kè nou, e si nou te anvi chante nan lanmou redanmtè a, m vle mande, èske nou kapab santi sa kounyeya?”²

Dirijan lokal yo nan tout mond lan rapòte ke angwo, manm Legliz yo, espesyalman jèn yo, pa t janm si solid pase kounyeya. Men, yo toujou sòlve de pwoblèm: premyèman, pwoblèm inikite k ap grandi nan mond lan epi, dezyèmman neglijan ak mank angajman kèk manm. Yo chèche konsèy sou fason pou ede manm yo suiv Sovè a ak akonpli yon pwofon konvèsyon dirab.

Kesyon sa a: “Èske nou kapab santi sa kounyeya?” sonnen atravè syèk yo. Avèk tout sa nou resevwa nan dispansasyon sa a—enkli Retablisman plenitud levanjil Jezikri a, devèsman don espiryèl yo, ak benediksyon enkontestab yo soti nan syèl la, pwoblèm Alma a pa t janm te osi enpòtan pase kounyeya.

Tousuit apre Ezra Taft Benson te fin aple kòm Apot nan lane 1943, Prezidan George Albert Smith³ te konseye li: “Misyon ou se pou avèti pèp la . . . nan yon fason osi janti ke posib, ke repantans se ap sèl remèd pou maladi yo ki nan mond lan.”⁴ Lè l te fè deklarasyon sa a, nou te nan mitan konfli Dezyèm Gè Mondyal la.

Jodia, deteryorasyon moral la anplifye. Yon ekriven renome te di resamman: “Tout moun konnen kilti se pwazon, men okenn moun pa espere pou sa chanje.”⁵ Ekspozisyon konstan vyolans ak imoralite nan mizik, divètisman, domèn atistik, ak lòt medya yo nan kilti modèn nan chak jou se yon bagay moun pa t janm te konn wè anvan. Yon teyolijyen Batis trè respekte te dramatikman dekri bagay sa a lè l te di: “Sistèm rezistans yon sivilizasyon tout antye blese.”⁶

Sa pa etonan ke kèk moun nan Legliz la panse yo pa ka reponn kesyon Alma a avèk yon gwo wi. Yo pa “santi sa kounyeya.” Yo santi yo nan yon sechrès espiryèl. Gen lòt moun ki fache, blese, oswa dezanchante. Si deskripsyon sa yo aplike pou ou,⁷ li enpòtan pou w evalye poukisa ou pa ka “santi sa kounyeya.”

Anpil nan moun ki nan sechrès espiryèl ak mank angajman yo pa nesèsman enplike nan peche oswa transgresyon grav, men yo fè move chwa. Genyen ki neglije respekté alyans sakre yo. Gen lòt ki pase pifò tan yo ak enèji yo ap defann bagay ki pa enpòtan. Genyen ki kite pwendvi kiltirèl oswa politik yo febli angajman yo nan levanjil Jezikri a. Gen kèk ki enplike yo totalman nan materyèl Entènèt ki gwosi, egzajere, e nan kèk ka, envante fot premye dirijan Legliz yo. Epi apresya, yo fòmile konklizyon enkòrèk ki ka afekte temwayaj. Nenpòt moun ki fè chwa sa yo kapab repanti e vin espiryèlman renouvle.

Plonje nan ekriti yo se bagay ki esansyèl pou nourisman espiryèl nou.⁸ Pawòl Bondye a enspire angajman e li aji kòm remèd gerizon pou santiman ki blese, pou kòlè, oswa dezanchantman.⁹ Lè angajman nou diminye pou nenpòt ki rezon, yon pati nan solisyon an se repantans.¹⁰ Angajman ak repantans konekte ansanm.

C. S. Lewis, ekriyen Kretyen pratik ak rezonab la, te byen dekri pwoblèm sa a. Li te di ke Krisyanite a di moun yo pou yo repanti e pwomèt moun yo padon; men pazavan moun yo konnen e santi ke yo bezwen padon, se pa pou yo Krisyanite a ap pale. Li te deklare: “Lè nou konnen nou malad, n ap koute sa doktè a di.”¹¹

Pwofèt Joseph te di ke anvan batèm, nou te gen dwa nan yon pozisyon kote nou te endiferan nan sa ki konsène byen ak mal. Men “lè nou antre nan Legliz sa a, nou anwole pou sèvi Bondye. Lè nou fè sa, nou kite teren endiferans la, e nou pa ka janm [tounen] ladan ankò.” Konsèy li sèke nou pa dwe janm bliye Mèt la.¹²

Alma aksantye ke gras ak Ekspyasyon Jezikri a “bra mizèrikòd li lonje” pou moun ki repanti yo.¹³ Apresya li poze kesyon penetran ak enpòtan sa a: èske nou prepare pou rankontre Bondye? Èske nou mache avèk tèt nou san repwòch? Nou tout dwe egzamine kesyon sa yo. Pwòp eksperyans Alma nan refize suiv papa fidèl li epi apresya rive nan yon bon jan konpreyansyon sou konbyen li bezwen padon ak kisa sa vle di pou yon moun chante kantik amou redanmtè a, se yon bagay ki pisan ak konvenkan.

Pandan ke li enpòtan pou n konsidere tout bagay ki redui angajman yo, gen de pwoblèm konsekan ki kouran ak siyifikan. Premye a se mank jantiyès, vyolans, ak abi andedan kay la. Dezyèm nan se imoralite seksyèl ak panse ki pa pwòp. Bagay sa yo souvan vini anvan chwa k fè yon moun mwens angaje a e yo se rasin chwa sa a.

Fason nou trete moun ki bò kote nou gen enpòtans fondamantal tou. Vyolans, abi, mank politès, ak mank respè nan fwaye a pa akseptab—sa pa akseptab ni pou grandèt yo ni pou pou jenerasyon k ap grandi a. Papa m pa t yon manm aktif nan Legliz la men li sete yon gwo egzanp pou mwen, espesyalman nan fason l te trete manman m. Li te toujou di: “Bondye ap rann mesye yo responsab pou tout dlo nan je yo lakoz madanm yo vèsè.” Yo mete aksan sou menm konsèp sa a nan “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan.” Li di: “[Moun] ki maltrete konjwen yo oubyen pitit yo . . . pral rann kont devan Bondye yon jou.”¹⁴ Kèlkeswa kilti kote nou te leve a, e keseswa paran nou te maltrete nou ou pa, nou pa dwe maltrete pèsonn fizikman, emosyonèlman, oswa vèbalman.¹⁵

Bezwen politès nan sosyete a pa t janm te osi enpòtan pase jodia. Fondasyon jantiyès ak politès kòmanse lakay nou. Se pa etonan ke diskou piblik nou yo ap deteryore nan menm mezi fanmi yo ap deteryore a. Fanmi se fondasyon pou lanmou ak pou kenbe espiritualite. Fanmi founi yon atmosfè kote obsèvan relijye kapab fleri. Anfèt, gen “bote toupatoù lè gen lanmou nan fwaye a.”¹⁶

Imoralite seksyèl ak panse k pa pwòp vyole prensip Sovè a etabli a.¹⁷ Yo te avèti nou nan kòmansman dispansasyon sa a ke imoralite seksyèl t ap petèt vin tounen pi gwo pwoblèm nan.¹⁸ Kalite konduit sa a, si pa gen repantans, ap lakoz yon sechrès espiritiyèl ak yon mank angajman. Sinema, televizyon, ak Entènèt souvan pote mesaj ak imaj degradan. Prezidan Dieter F. Uchtdorf avèk mwen fèk sot nan yon vilaj nan jeng Amazoni an kote nou te wè antèn satelit menm sou ti kay ki bati pi senp yo. Nou kontan dèske bon jan enfòmasyon te disponib nan zòn rekile sa a. Men nou pran konsyans ke pa gen okenn kote sou tè a ki pa sibi enpak imaj sal, imoral, ak pònografik tou. Sa se youn nan rezon k fè pònografi vin yon si gwo plè konsa nan epòk nou an.

Mwen te fèk gen yon konvèsasyon avèk yon detantè Prètriz Aawon ki gen 15 an. Li te ede m konprann kijan, nan epòk Entènèt sa a, li fasil pou jèn yo prèske aksidantèlman ekspoze anba imaj pa pwòp e menm pònografik. Li te fè wè ke pou pifò prensip Legliz la anseye yo, gen omwen kèk grenn moun nan tout sosyete a ki rekonèt ke vyole prensip sa yo kapab gen efè devastan sou sante ak byennèt. Li te mansyone fimen sigarèt, itilizasyon dwòg, ak konsome alkòl nan pami jèn yo. Men li te note ke pa gen okenn konplent ki parèt pou sa, ni menm yon ti avètisman siyifikan nan men sosyete a an jeneral sou pònografi ak imoralite.

Chè frè m ak sè m yo, analiz jènjan sa a kòrèk. Kisa repons la ye? Pandan dèzane, pwofèt yo ak apot yo ap anseye enpòtans obsèvans relijye nan fwaye a.¹⁹

Paran, epòk la fini kote patisipasyon aktif regilye nan reyinyon yo ak pwogram nan Legliz la, malgre yo esansyèl, kapab ranpli responsablite sakre nou pou anseye pitit nou yo viv lavi moral, lavi ki dwat ak mache dwat devan Senyè a. Avèk anons Prezidan Monson nan maten an, li esansyèl pou nou akonpli bagay sa a fidèlman nan fwaye nou ki se lye refij kote bonte, padon, verite, ak ladwati dwe domine. Paran yo dwe gen kouraj pou filtre oubyen siveye aksè Entènèt, televizyon, fim, ak mizik. Paran yo dwe gen kouraj pou yo di non, pou yo defann laverite, epi rann temwayaj puisan. Pitit nou yo bezwen konnen ke nou gen lafwa nan Sovè a, nou renmen Papa nou ki nan Syèl la, e nou soutni dirijan yo nan Legliz la. Matirite espiryèl dwe fleri nan fwaye nou. Mwen espere nou youn pap kite konferans sa a san konprann ke nou dwe pale avèk fanmi nou sou pwoblèm moral yo ki egziste nan epòk nou an. Evèk yo, dirijan prètriz ak oksilyè yo bezwen bay fanmi yo sipò epi asire ke yo anseye prensip sa yo. Enstriktè nan fwaye yo kapab ede, espesyalman avèk timoun yo ak paran selibatè yo.

Jènjan an m te mansyone a te onètman mande si Apot yo te konnen nan ki pi bonè yo ta dwe kòmanse anseye ak pwoteje jèn yo kont pònografi akpanse k pa pwòp. Avèk tout fòs li, li te deklare ke nan kèk domèn, menm anvan jèn yo gradye soti nan Primè pa ta dwe twò bonè.

Jèn ki te ekspoze anba imaj imoral byen bonè yo pè anpil ke yo petèt deja diskalifye tèt yo pou fè misyon ak alyans sakre. Kòm rezilta, lafwa yo kapab grandman redui. Mwen asire nou, jèn yo, jan Alma anseye a, atravè repantans nou kapab kalifye pou tout benediksyon syèl yo.²⁰ Se tout sa Ekspyasyon Sovè a ye. Tanpri pale avèk paran nou oswa yon konseye nou fè konfyans epi pale sou sa avèk evèk nou.

Nan zafè moralite, gen kèk adilt ki panse ke afilye yo nan yon senp pwojè oswa prensip imanité elimine bezwen pou konfòm yo ak ansèyman Sovè a. Yo di tèt yo ke move konduit seksyèl se “yon ti bagay . . . [si m se] yon moun ki bon ak charitab.”²¹ Kalite panse sa a se yon terib manti yo bay tèt yo. Gen kèk jèn ki enfòm m ke nan kilti aktyèl nou an, li pa “koul” pou fè twòp efò nan kèk domèn, tankou viv egzaktman annakò avèk prensip jis yo.²² Tanpri, piga nou tonbe nan pyèj sa a.

Nan batèm nou pwomèt pou nou pran “non [Jezikri] sou nou, avèk *detèminasyon* pou nou sèvi li jiskalafen.”²³ Kalite alyans sa a mande gwo efò, angajman, ak entegrite si nou vle kontinye chante kantik amou redanmtè a e rete vrèman konvèti.

Yon egzanp istorik sou angajman pou rete solid ak inebranlab pou tout tan sete egzanp yon jwè Olenpik ki te patisipe nan Je Olenpik 1924 yo nan Paris, an Frans.

Eric Lidell sete pitit gason yon misyonè Ekosè nan LaChin e yon moun relijye anpil. Li te fè dirijan Anglè ki t ap dirije Olenpik yo fache lè l te refize, menm anba gwo presyon, patisipe nan yon kous preliminè 100 mètr yo te fè yon jou Dimanch. Nan apre, li te chanpyon nan kous 400 mètr la. Egzanp Lidell ki te refize fè kous la jou Dimanch la te patikilyèman enspiran.

Reprezantasyon ak memoryal yo te fè pou onore l yo fè referans ak pawòl enspiran sa yo ki soti nan Ezayi: “Men Senyè a renouvle fòs moun ki mete konfyans yo nan li; Tankou malfini, yap pran zèl pou yo leve ale; y ap kouri san yo pa janm bouke, y ap mache san yo pa janm febli.”²⁴

Konduit admirab Liddell la te gen anpil enfliyans sou desizyon pi jèn pitit gason m nan pou l pa t patisipe nan espò jou Dimanch e pi enpòtan toujou, pou separe tèt li de konduit monden ki pa dwat. Li te itilize sitasyon Ezayi sa a pou

kontribisyon li nan liv ane lekòl li. Eric Liddell te kite yon egzantp detèminasyon ak angajman puisan anvè prensip yo.

Si jèn nou yo suiv konsèy Prezidan Monson nan pou prepare yo pou sèvi misyon an, epi si nou tout ap viv prensip Sovè a te anseye yo epi prepare nou pou n rankontre Bondye,²⁵ n ap ranpòte laviktwa nan yon kous ki pi enpòtan toujou.²⁶ N ap gen Sentespri a kòm gid nou pou direksyon espiyrityèl. Pou tout moun lavi yo pa annòd yo, sonje, li pa janm twò ta pou nou fè Ekspyasyon Sovè a vin fondasyon lafwa nou ak lavi nou.²⁷

Nan pawòl Ezayi yo: “Menmsi peche nou wouj tankou san, y ap vin blan tankou lanèj; menmsi yo wouj fonsè, m ap blanchi yo fè yo vin tankou lenn.”²⁸

Priyè sensè mwen se pou nou chak pran tout aksyon ki nesèsè pou nou santi Lespri a *kounyeya* pou nou *kapab* chante kantik amou redanmtè a avèk tout kè nou. Mwen temwaye de pouvwa Ekspyasyon Sovè a, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Alma 4:15–19.
2. Alma 5:26.
3. George Albert Smith te Prezidan Kolèj Douz yo lè sa a. Li te vin Prezidan Legliz la jou Me 21, 1945 la. (Gade *Deseret News 2012 Church Almanac* [2012], 98.)
4. George Albert Smith, nan Sheri L. Dew, *Ezra Taft Benson: A Biography* (1987), 184.
5. Peggy Noonan, “The Dark Night Rises,” *Wall Street Journal*, July 28–29, 2012, A17.
6. Dr. R. Albert Mohler Jr., president, The Southern Baptist Theological Seminary, presentation to religious leaders, New York City, Sept. 5, 2012.
7. Gade 2 Nefi 2:27.
8. Gade Jan 5:39; Amòs 8:11; gade tou Jak E. Faust, “A Personal Relationship with the Savior,” *Ensign*, Nov. 1976, 58–59.
9. Gade Alma 31:5.
10. Gade Alma 36:23–26.
11. C. S. Lewis, *Mere Christianity* (1952), 31–32. Lewis sete yon moun ki te diplome nan Literati Anglè nan Inivèsite Oxford la epi apres la te vin Prezidan Medieval ak Renaissance Anglè nan Inivèsite Cambridge.
12. Gade *Enseignements des Présidents de l’église: Joseph Smith* (2007), 324; gade tou Revelasyon 3:15–16.
13. Alma 5:33.
14. “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” *Liahona*, Nov. 2010, 129.
15. Gade Richard G. Scott, “Removing Barriers to Happiness,” *Ensign*, Me 1998, 85–87. Kèk enperatif kiltirèl kontrè ak ansèyman Sovè a e ka devye nou. Lè m te nan Pasifik Sid la, mwen te rankontre yon moun ki t ap envestige Legliz la pandan dèzane. Li te di ke l te pwofondeman touche lè yon dirijan Legliz la te anseye nan yon konferans prèttriz: “Men nou te yon fwa itilize pou frape pitit nou yo dwe itilize pou beni pitit nou yo.” Li te resevwa leson misyonè yo, li te batize, epi li te vin yon gwo dirijan apres la.

16. "Love at Home," *Hymns*, no. 294.
17. Gade Alma 39.
18. Gade Ezra Taft Benson, "Cleansing the Inner Vessel," *Ensign*, Me 1986, 4.
19. Prezidan Gordon B. Hinckley te prezante "Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan" nan reyinyon jeneral Sosyete Sekou an nan mwa Septanm 1995. Prezidan Thomas S. Monson te prezide sou chanjman premye chapit la nan *Handbook 2: Administering the Church* (2010), "Families and the Church in God's Plan."
20. Gade Alma 13:27–30; 41:11–15.
21. Ross Douthat, *Bad Religion: How We Became a Nation of Heretics* (2012), 238; gade tou Alma 39:5.
22. Pa kite yon kilti ki ranpli ak vyolans ak imoralite epi ki ap kritike moun k ap viv prensip Sovè a te anseye yo detounen lafwa nou. Jan powèt Wordsworth te jantiman ekri a: "Nouri [lespri nou] avèk pase ki nòb, ke ni move lang, ni move jijman, ni mokri moun egoyis . . . pa janm ka domine . . . ni detwi bèl lafwa [ou]" ("Lines Composed a Few Miles above Tintern Abbey," nan *The Oxford Book of English Verse*, ed. Christopher Ricks [1999], 346).
23. Mowoni 6:3; italik ajoute; gade tou Mozya 18:13.
24. Ezayi 40:31; gade Robert L. Backman, "Day of Delight," *New Era*, Jen 1993, 48–49.
25. Gade Alma 34:32.
26. Gade 1 Korentyen 9:24–27.
27. Gade Elaman 5:12. Oliver Wendell Holmes Sr. te konseye: "Mwen reyalize ke gwo bagay nan mond sa a se pa sitelman nan ki kote nou kanpe, men nan ki direksyon n ap pran: Pou nou atenn pò syèl la, nou dwe navige pafwa avèk van an e pafwa kont van an,—men nou dwe navige, e non pa devye, ni kouche nan lank lan" (*The Autocrat of the Breakfast-Table* [1858], 105).
28. Ezayi 1:18.

Mwen konnen sa. Mwen viv sa. Mwen renmen sa

Pa Ann M. Dibb

Dezyèm Konseyè nan Prezidans Jeneral Jènfi a

Nou se disip Sovè nou an, Jezikri. Kalite konvèsyon ak konfyans sa a se rezilta efò dilijan ak entansyonèl. Li endividyèl. Se pwosesis tout yon lavi.

Mwenenspire pa egzantp manm Legliz fidèl yo nan Legliz la ap montre, enkli jèn yo tou. Nou kourajezman tounen nou vè Sovè a. Nou fidèl, obeyisan, ak pi. Benediksyon nou resevwa akòz bonte nou yo afekte non sèlman lavi nou men lavi pa m tou ansanm avèk lavi yon pakèt lòt moun nan fason ki pwofon men souvan enkonni.

Sa gen kèk ane, mwen te nan liy pou m al achte nan makèt bò lakay mwen an. Devan m nan, te gen yon jènfi apeprè 16 zan. Li te parèt konfyan ak kontan. Mwen te remake mayo ki te sou li a e m pat ka reziste pou m te pale avèk li. Mwen te kòmanse: "Ou soti nan yon lòt eta, pa vre?"

Li te etone pa kesyon m nan epi l te reponn: "Wi se vre. Mwen soti Colorado. Kijan w fè konnen?"

Mwen te eksplike: "Akoz mayo ki sou ou a." Mwen te di l sa m te lojikman sipoze lè m te wè pawòl ki te ekri sou mayo l la. "Mwen se yon Mòmmon. E oumenm?"

Mwen te kontinye: "M kapab di ou ke m enpresyone pa konfyans ou dèske w deside mete sou ou yon deklarasyon brav konsa. Mwen wè yon diferans nan oumenm, e m swete chak jènfi ak chak manm Legliz la ta kapab gen menm konviksyon ak asirans ou genyen an." Lè nou te fin achte, nou te di orevwa epi nou te ale.

Men pandan jou ak semèn apre moman aksidantèl sa a, mwen te twouve m ap reflechi seryezman sou rankont sa a. Mwen tap mande m kijan k fè jènfi k soti Colorado sa a te rive posede yon konfyans konsa nan idantite li kòm manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Mwen pat kapab anpeche m panse ak ki fraz enpòtan m t ap chwazi ekri sou mayo *pa m* pou reflekte kwayans mwen ak temwanyaj mwen. Nan lespri m, mwen te konsidere anpil bagay posib m ta ka di. Finalman, mwen te panse a yon deklarasyon ideyal mwe t ap ekri sou mwen avèk fyète: “M se yon Mòmmon. Mwen konnen sa. Mwen viv li. Mwen renmen li.”

Jodia mwen ta renmen santrè remak mwen sou deklarasyon kare ak optimis sa a.

Premye pati deklarasyon a se yon deklarasyon plen asirans dirèk: “M se yon Mòmmon.” Menmjan jènfi m te rankontre nan makèt la pa t pè fè mond lan konnen li se yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, mwen espere ke nou pap janm pè ni ezite pou nou deklare: “M se yon Mòmmon.” Nou ta dwe gen asirans, jan Apot Pòl te gen asirans lan lè l te deklare: “Mwen pa wont preche levanjil la; paske li se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè.”¹ Antanke manm, nou se disip Sovè nou an, Jezikri. Kalite konvèsyon ak konfyans sa a se rezilta efò konsyan ak dilijans nou. Se yon bagay pèsònèl. Se yon pwosesis tout yon lavi.

Lòt pati deklarasyon an afime: “Mwen konnen sa.” Nan mond lan jodia, gen anpil aktivite, sijè, ak enterè ki an konpetisyon pou kapte atansyon nou chak grenn minit. Avèk tout pil distraksyon sa yo, èske nou gen fòs, disiplin ak angajman pou nou rete fikse sou sa ki pi enpòtan yo? Èske nou osi konpetan nan verite levanjil yo jan nou ye nan etid nou, karyè nou, lwazi nou, nan espò, oubyen nan tèks nou yo ak mesaj entènèt nou yo? Èske nou chèche aktivman pou nou jwenn repons kesyon nou yo nan sonde ekriti yo ak ansèyman pwofèt yo? Èske nou chèche konfimasyon Lespri a?

Enpòtans pou akeri konesans lan se yon prensip etènèl. Profèt Joseph Smith “te renmen konesans poutèt pouvwa jistifye li.”² Li te di: “Konesans nesesè pou lavi ak sentete. . . . Nou tout frè m yo, tande gran kle sa a: konesans se pouvwa Bondye pou sali.”³

Tout verite ak konesans enpòtan, men nan mitan distraksyon konstan lavi chak jou nou yo, nou dwe espesyalman pote atansyon sou elaji konesans nou sou levanjil la pou nou ka konprann kijan pou nou aplike prensip levanjil yo nan lavi nou.⁴ Pandan konesans nou sou levanjil la ap ogmante, n ap kòmanse santi nou konfyan nan temwanyaj nou e n ap kapab deklare: “Mwen konnen sa.”

Pwochen deklarasyon an se: “Map viv li.” Ekriti yo ansenye ke nou dwe “fè tou sa pawòl la mande nou fè. Pa rete ap koute ase.”⁵ Nou viv levanjil la e nou tounen “moun k ap aji” nan egzèsè lafwa, rete obeyisan, sèvi lòt moun avèk amou, ak swiv egzanp Sovè a. Nou aji avèk entegrite epi nou fè sa nou konnen ki byen “toutan, nan tout bagay, e tout kote”⁶ keseswa moun ap gade ou pa.

Nan kondisyon mòtèl nou an, pa gen moun ki pafè. Menm nan pi gran efò nou pou nou viv levanjil la, nou tout ap fè erè, e nou tout ap fè peche. Ala yon asirans rekonfòtan sa ye pou nou konnen ke gras ak sakrifis ekspyatwa Sovè a, nou kapab jwenn padon epi vin pwòp ankò. Pwosesis vrè repantans ak padon sa a ranfòse temwanyaj nou ak rezolisyon nou pou obeyi kòmandman Senyè a epi viv lavi nou dapre prensip levanjil yo.

Lè m panse ak fraz la: “Mwen viv li” a, mwen raple m yon jènfi m te rankontre ki te rele Karigan. Li te ekri: “Mwen se yon manm Legliz la depi ennan sèlman. . . . Pou mwen menm, pandan m t ap envestige a, yon siy ke sa a sete vrè Legliz la te vini paske m te santi ke m te finalman jwenn yon legliz ki te ansenye modesti ak prensip. Mwen wè ak pwòp je pa m sa k rive moun lè yo pa respekte kòmandman yo epi chwazi move chemen an. Mwen te pran desizyon, lontan desa, pou m viv prensip moral ki elve. . . .Mwen santi m beni anpil dèske m te jwenn verite a e m te batize. Mwen kontan anpil.”⁷

Dènye fraz deklarasyon m nan se: “Mwen renmen sa.” Akeri yon konesans sou levanjil Jezikri a epi viv prensip levanjil yo avèk dilijans nan lavi nou chak jou fè ke anpil manm nan legliz la pwoklame ak kontantman: “Mwen renmen Levanjil la!”

Santiman sa a vini lè nou santi Sentespri a k ap temwanye nou ke nou se pitit Papa nou ki nan Syèl la, Li sousye pou nou, epi nou sou vrè chemen an. Lanmou nou pou levanjil la grandi lè

nou fè eksperyans lanmou Papa nou ki nan Syèl la ak lapè Sovè a te pwomèt nou si nou montre l ke nou dispoze pou n obeyi Li ak swiv Li.

Nan diferant moman nan lavi nou, keseswa nou se nouvo konvèti nan Legliz la oubyen manm depi lontan, nou kapab reyalize ke antouzyas vibran sa a fane. Pafwa sa rive lè l ap rankontre difikilte e nou dwe pratike pasyans. Pafwa sa rive lè nou nan tòp pwosperite ak abondans nou. Kèlkeswa lè m gen santiman sa a, mwen konnen m bezwen rekonsantre efò m sou ogmante konesans mwen nan levanjil la ak viv prensip levanjil yo piplis nan lavi mwen.

Youn nan prensip levanjil yo ki pi efikas men ki pafwa difisil pou aplike se imilite ak soumisyon anba volonte Bondye. Nan Priyè Kris la nan Jaden Jetsemani an, Li te di Papa a konsa: “Se pa volonte pa m ki pou fèt, se volonte pa ou.”⁸ Sa ta dwe priyè pa nou tou. Byen souvan, se nan ti moman trankil sa yo, moman lapriyè sa yo ke nou santi nou ansèkle nan lanmou Papa nou ki nan Syèl la epi bèl santiman sa yo retounen.

Nan yon reyinyon pou dirijan jènfi yo nan Eugene, nan Oregon, mwen te gen privilèj pou m te rankontre epi pale avèk Sè Cammy Wilberger. Istwa sè Wilberger te pataje avèk mwen an sete yon temwanyaj sou pouvwa ak benediksyon yon jènfi ki konnen levanjil la, ki viv, e ki renmen li.

Pitit fi Sè Wilberger a, Brooke, ki te gen 19 an, te mouri trajikman sa gen dèzane, pandan l te nan vakans ete apre premye ane inivèsite li. Sè Wilberger raple l: “Sete yon tan difisil ak tris anpil pou fanmi nou. Men, Brooke te ba nou yon gwo kado. Nou pa t rekonèt sa lè l t ap grandi, men chak grenn ane ak moman nan lavi brèl li a, Brooke te ba nou pigwo kado yon pitit fi te kapab bay paran li. Brooke sete yon pitit fi fidèl Bondye. . . .Gras ak kado sa a e espesyalman gras ak pouvwa sanktifyan Ekspyasyon an, mwen te jwenn fòs, rekonfò, ak lapè Sovè a pwomèt la. Mwen pa gen okenn dout sou kote Brooke ye kounyeya epi m ap tann lè pou nou reyini ankò.”⁹

Mwen gen yon temwanyaj sou gwo plan bonè etènèl Papa nou ki nan Syèl la. Mwen konnen Li konnen nou epi Li renmen nou. Mwen konnen Li te prepare yon pwofèt pou nou, Prezidan Thomas S. Monson, pou ankouraje nou ak gide nou pou n

retounen al jwenn ni. Mwen priye pou nou chak fè efò pou nou kapab deklare avèk konfyans: “Mwen se yon Mòmou. Mwen konnen sa. Mwen viv li. Mwen renmen li.” Mwen di bagay sa yo enbleman nan non Jezikri, amèn.

Nòt: Pou plis etid, mwen rekòmande nou pou nou li Alma 32 ak diskou Èldè Dallin H. Oaks la, “The Challenge to Become” (*Liahona*, Jan. 2001, 40–43).

Nòt

1. Women 1:16.
2. George Q. Cannon, nan *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 261.
3. *Teachings: Joseph Smith*, 265; gade tou Martha Jane Knowlton Coray, notebook, Church History Library, Salt Lake City.
4. Gade nimewo 1 nan eksperyans valè konesans lan, *Pwogrè Pèsonèl Jèfi yo* (bwochi, 2009), 38.
5. Jak 1:22.
6. Mozya 18:9.
7. Korespondans pèsonèl.
8. Lik 22:42.
9. Korespondans pèsonèl.

Yon don endeskriptib nan men Bondye

Pa Eldè Craig C. Christensen

Nan Prezidans Swasanndis yo

Sentespri a travay an inite pafèt avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri, pou ranpli plizyè wòl enpòtan ak responsablite distenktif.

An 1994, Prezidan Howard W. Hunter te envite tout manm yo nan Legliz la pou yo “fè tanp lan. . . vin tounen pi gwo senbòl [nou] antanke manm.”¹ Pita nan menm ane a, konstriksyon Tanp Bountiful la nan Uta te fini. Menmjan ak anpil moun, nou pa t ka tann pou n te mennen jèn fanmi nou nan pòt ouvèt anvan konsekrasyon an. Nou te travay avèk dilijans pou prepare pitit nou yo pou yo antre nan tanp lan, nou te priye anpil pou yo te jwenn yon eksperyans espirityèl pou tanp lan te ka tounen yon pwen enpòtan nan lavi yo.

Pandan nou t ap mache avèk reverans nan tanp lan, mwen te twouve m ap admire achitekti mayifik la, finisman elegan yo, limyè ki t ap briye atravè gran fenèt yo, ak anpil nan tablo enspiran yo. Chak aspè nan bilding sakre sa a te reyèlman rafine.

Lè m te antre nan sal selès la, mwen te toudenkou reyalize ke pi jèn pitit gason nou an, Ben, ki te gen 6 an, te kenbe janm mwen fò. Li te parèt enkyè—petèt menm yon tikras twouble.

Mwen te chichote “Ki sa w genyen, pitit mwen?”

Li te reponn: “Papi, kisa ka p pase m la a. Mwen pa t janm te konn santi m konsa anvan.”

Paske m te rekonèt ke sete premye fwa jèn pitit gason nou an te santi enfluyans Sentespri a nan yon fason puisan konsa, mwen te mete ajenou atè a bò kote li. Pandan anpil lòt vizitè t ap pase bò kote nou, Ben avèk mwen te pase plizyè minit, kòtakòt, ap

aprann sou Sentespri a ansanm. Mwen te etone pou wè ak ki fasilite nou te kapab pale de santiman sakre sa a. Pandan nou t ap pale a, li te vin klè ke sa k te pi enspiran pou Ben se pa t sa l te wè yo men sete sa l te *santi*—non pa bote fizik ki te antoure nou an men ti vwa dous Lespri Bondye a andedan kè li. Mwen te pataje avèk li sa m te aprann apati pwòp eksperyans pa mwen, pandan ke emèveyman timoun pitit l la te reveye nan mwen menm yon pwofon santiman gratitud pou don endeskriptib sa a Bondye ba nou an—don Sentespri a.²

Kiyès Sentespri a ye?

Sentespri a se twazyèm manm Divinite a, epi, konsa, menmjan ak Bondye Papa a ak Jezikri, Li konnen panse nou ak entansyon kè nou.³ Sentespri a renmen nou e li vle nou kontan. Paske li konnen difikilte n ap rankontre yo, li kapab gide nou epi anseye nou tout bagay nou dwe fè pou nou retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò.⁴

Diferan de Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri, ki gen kò chè ak zo ki glorifye, Sentespri a se yon pèsonaj lespri ki kominike avèk lespri nou pa mwayen santiman ak enpresyon.⁵ Paske li se yon èt lespri, Li gen responsablite espesyal pou l se yon ajan pou fè nou resevwa revelasyon pèsonèl. Nan ekriti yo, yo souvan fè referans ak Sentespri a kòm Sentespri, Lespri Senyè a, Sentespri Pwomès la, oubyen senpleman Lespri a.⁶

Ki misyon Sentespri a?

Sentespri a travay an pafèt inite avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri, pou ranpli anpil wòl enpòtan ak responsablite distenktif. Objektif prensipal Sentespri a se rann temwayaj konsènan Bondye Papa a ak Pitit Gason L lan, Jezikri,⁷ ak pou ansenye nou verite tout bagay.⁸ Yon temwanyaj sèten nan men Sentespri a pote plis asirans pase yon temwanyaj ki soti nan nenpot lòt kalite sous. Prezidan Joseph Fielding Smith te ansenyen ke “Lespri Bondye lè li pale nan lespri lòm, gen pouvwa pou l kominike laverite avèk pi gwo efè ak pi gwo konpreyansyon pase si verite a te kominike pa kontak pèsonèl menm avèk èt selès.”⁹

Nou rekonèt Sentespri a kòm Konsolatè tou.¹⁰ Nan tan twoub oswa dezespwa oubyen senpleman lè nou bezwen konnen si

Bondye toupre, Sentespri a kapab edifye lespri nou, banou lespwa, epi ansenye nou “bagay pezib wayom nan,”¹¹ pou ede nou santi “lapè Bondye, ki depase tout konpreyansyon.”¹²

Sa gen kèk ane, pandan tout fanmi nou te reyini ansanm pou yon dine, papa m te kòmanse jwe avèk plizyè nan pitit pitit li yo. Toudenkou e san avètisman, li te tonbe epi byen rapid li te mouri. Evenman sanzatan sa a te kapab devastan, espesyalman pou pitit pitit li yo, sa ta ka souleve dè kesyon ki difisil pou reponn. Men, pandan nou te reyini timoun yo bò kote nou, pandan nou t ap priye ak li pawòl pwofèt yo nan Liv Mòmmon an sou objektif lavi a, Sentespri a te rekonfòte nou chak pèsònèlman. Nan fason ki difisil pou n dekri avèk pawòl, repons nou t ap chèche yo te vini klèman nan kè nou. Nou te santi yon lapè jou sa a ki te reyèlman depase konpreyansyon *nou*, men temwanyaj Sentespri a se yon bagay sèten, vrè e endiskitab.

Sentespri a se yon enstriktè ak yon revelatè.¹³ Si nou etidye, medite epi priye konsènan verite levanjil yo, Sentespri a ap eklere lespri nou epi agrandi konpreyansyon nou.¹⁴ Li pèmèt verite yo ekri etènèlman nan nanm nou epi li kapab opere yon gwo chanjman nan nou. Pandan n ap pataje verite sa yo avèk fanmi nou, avèk manm yo nan Legliz la, epi avèk zanmi nou ak vwazen nou nan kominote nou, Sentespri a ap tounen enstriktè yo tou, paske Li pote mesaj levanjil la “nan kè pitit lèzòm.”¹⁵

Sentespri a enspire nou pou nou chèche rann lòt moun sèvis. Pou mwen menm, pi gwo egzanp sou tande enspirasyon Sentespri a nan sèvi lòt moun soti nan lavi ak ministè Prezidan Thomas S. Monson, ki te di: “Nan ranpli responsablite nou yo, mwen aprann ke lè nou koute yon enspirasyon trankil, epi nou ajì sou li san delè, Papa nou ki nan syèl la ap gide pa nou epi l ap beni lavi nou ak lavi lòt moun yo. Pa gen okenn lòt eksperyans ki pi dous oubyen santiman ki pi presye pase koute yon enspirasyon pou nou dekouvri ke Senyè a reponn priyè yon lòt moun atravè nou menm.”¹⁶

M ap jis pataje yon bèl ekspesyan. Pandan Prezidan Monson t ap sèvi kòm evèk, li te aprann yon manm nan pawas li a, Mari Watson, te lopital. Pandan li t al vizite li, li te aprann ke yo te mete l nan yon gwo chanm avèk yon pakèt lòt malad. Lè l te

pwoche kote Sè Watson, li te remake ke malad la ki te sou kabann toupre a te byen vit kouvri tèt li.

Lè Prezidan Monson te fin vizite Sè Watson epi bali yon benediksyon pretriz, li te ba l lanmen, li te di l orevwa, epi li te derape pou l ale. Nan moman sa a, yon bagay senp men ekstraodinè te pase. M ap site kounyeya pwòp souvni Prezidan Monson sou eksperyans sa a:

“Mwen pat kapab deplase ale. Sete komsi yon men envizib [te] poze sou zepòl mwen, epi m te santi andedan nanm mwen ke m t ap tandè pawol sa yo: ‘Ale bò lòt kabann nan kote ti madanm nan te kouvri figi l lè ou te rantrè a.’ Mwen te fè sa. . . .

“Mwen te pwoche bò kabann lòt malad la, m te jantiman manyen zepòl li epi tou dousman m te rale dra a ki te kouvri figi l la. Mwen te sezi anpil! Limenm tou, li sete yon manm pawas mwen an. Mwen pat konnen l te malad nan lopital. Li te rele Kathleen Mckee. Lè je m te tonbe nan je li, li te di m avèk dlo nan je: “O Evèk, lè w te antre nan pòt la, m te santi ke w te vin wè m e m te santi m jwenn benediksyon an kòm repons priyè m yo. Mwen te kontan andedan m dèske ou te konnen m te la a, men lè w te kanpe bò kot lòt kabann nan, kè m te brize, e m te reyalize ke ou pat vini pou wè mwen.’

“Mwen te di [Sè] McKee: ‘Sa pa enpòtan ke m pat konnen ou te la a. Men, sa ki enpòtan, sèke Papa nou ki nan Syèl la te konnen e ou te priye nan kè ou pou yon benediksyon pretriz. Se limenm ki pouse m pwoche pou dekouvri figi ou.’”¹⁷

Kijan Sentespri a pale avèk nou?

Nou tout fè eksperyans avèk Sentespri a, menmsi nou pa toujou rekonèt yo. Lè panse enspire vini nan lespri nou, nou konnen yo se verite akòz santiman espiritiyèl ki antre nan kè nou yo. Prezidan Boyd K. Packer te ansenye: “Sentespri a pale avèk yon vwa ke nou *santi* plis pase nou *tandè*. . . . Pandan ke n ap pale de ‘koutè’ chichotman Lespri a, byen souvan, yon moun dekri yon enspirasyon espiritiyèl konsa: ‘Mwen te gen yon *santiman* . . . ’.”¹⁸ Se atravè santiman sakre sa yo nan men Sentespri a ke nou rive konnen kisa Bondye ta renmen nou fè, paske, jan yo di nan ekriti yo, sa se “lespri revelasyon an.”¹⁹

Kisa sa vle di pou nou resevwa Don Sentespri a?

Lè m t ap anseye Ben, pitit gason sizan nou an, mwen te panse li te enpòtan pou n te fè diferans ant sa li te santi, ki sete enfliyans Sentespri a, ak don Sentespri a, ke l ap resevwa apre li fin batize. Anvan batèm, tout moun ki onèt ak sensè k ap chèche laverite kapab santi enfliyans Sentespri a tanzantan. Men, opòtinite pou nou gen konpanyi konstan Sentespri a ak *totalite* benediksyon ki asosye avèk li yo disponib sèlman pou manm diy ki batize ki resevwa don Sentespri a pa enpozisyon dèmen pa moun ki detni otorite pretriz Bondye a.

Atravè don Sentespri a, nou resevwa kapasite ak don esprityèl adisyonèl, pwoteksyon ak revelasyon ogmante, bonjan gid ak direksyon, epi pwomès benediksyon sanktifikasyon ak egzaltasyon nan wayom selès la. N ap resevwa tout benediksyon sa yo kòm rezilta dezi pèsònèl nou pou nou resevwa yo epi yo vini lè nou aliyen lavi nou avèk volonte Bondye epi chèche direksyon konstan Li.

Lè m reflechi sou eksperyans mwen avèk Ben nan nan Tanp Bontiful la, mwen gen anpil bèl santiman ak enpresyon. Yon bagay mwen sonje klè sèke pandan m te konsantrè m sou grandè sa m te ka wè yo, yon timoun piti toupre bòkote m t ap fè eksperyans santiman pwisan nan kè li. Avèk yon janti rapèl, mwen te jwenn envitasyon pou m te non sèlman kanpe epi mete ajenou, men pou koute apèl Sovè a pou vin tankou yon timoun piti a—enb, dou, epi pare pou koute ti vwa dous Lespri Li a.

Mwen rann temwanyaj konsènan reyalyte vivan ak misyon divin Sentespri a e pa pouvwa Sentespri a nou kapab konnen verite tout bagay. Mwen temwanye ke Don Sentespri a se don presye ak endeskriptib Papa nou ki nan Syèl la bay tout moun ki vin jwenn Pitit Gason L la, batize nan non Li, epi resevwa Sentespri a atravè konfimasyon nan Legliz Li a. Konsènan verite sa yo mwen rann temwanyaj pèsònèl mwen nan sakre, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Howard W. Hunter, nan Jay M. Todd, "President Howard W. Hunter: Fourteenth President of the Church," *Ensign*, July 1994, 5; gade tou Howard W. Hunter, "The Great Symbol of Our Membership," *Tambuli*, Nov. 1994, 3.
2. Gade Doktrin ak Alyans 121:26.

3. Gade Alma 12:7; 18:16–18; Doktrin ak Alyans 6:15–16.
4. Gade 2 Nefi 32:5.
5. Gade Doktrin ak Alyans 130:22.
6. Gade Lik 4:1, 18; 11:13; Jan 1:33; Efezyen 1:13; Doktrin ak Alyans 88:3.
7. Gade 2 Nefi 31:18; 3 Nefi 28:11; Doktrin ak Alyans 20:27.
8. Gade Mowoni 10:5.
9. Joseph Fielding Smith, *Doctrines du salut*, comp. Bruce R. McConkie, 3 vols. (1954–56), 1:47–48.
10. Gade Jan 14:26; Doktrin ak Alyans 35:19.
11. Doktrin ak Alyans 36:2.
12. Filipyen 4:7.
13. Gade Lik 12:12; 1 Korentyen 2:13; Doktrin ak Alyans 50:13–22; *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 132–33.
14. Gade Doktrin ak Alyans 11:13.
15. 2 Nefi 33:1.
16. Thomas S. Monson, "Peace, Be Still," *Liahona*, Nov. 2002, 55.
17. Gade Thomas S. Monson, "Christ at Bethesda's Pool," *Ensign*, Nov. 1996, 18–19.
18. Boyd K. Packer, "Personal Revelation: The Gift, the Test, and the Promise," *Liahona*, Jen 1997, 10.
19. Doktrin ak Alyans 8:3; gade vèsè 2 tou.

“Paske li vivan, nou menm tou nou va viv”

Pa Èldè Shayne M. Bowen

Nan Swasanndis yo

*Gras avèk Li menm, Sovè nou an, Jezikri, santiman
doulè, solitud, ak dezespwa sa yo ap anglouti yon jou
nan yon plenitud lajwa.*

Pandan nou t ap sèvi kòm jèn misyonè nan Chili, konpayon m avèk mwen te rankontre yon fanmi ki te gen sèt moun nan branch la. Manman an te vin legliz chak semèn avèk pitit li yo. Nou te panse ke yo te manm legliz la depi lontan. Apre plizyè semèn nou te aprann yo potko batize.

Nou te imedyatman kontakte fanmi an pou mande si nou te ka vin lakay yo pou anseye yo. Papa a pa t enterese nan aprann levanjil la men li pa t gen okenn objeksyon pou nou te anseye fanmi li.

Sè Ramirez te avanse rapidman nan leson yo. Li te anvi aprann tout doktrin nou t ap anseye a. Yon jou swa, pandan nou t ap pale osijè batize timoun, nou te anseye ke timoun piti yo inosan e yo pa bezwen batèm. Nou te envite l pou l te li nan liv Mowoni an:

“Gade, m ap di nou kisa, pou w preche la a—repantans ak batèm, pou moun ki gen matirite, e ki kapab fè peche, wi, anseye paran yo pou yo repanti e pou yo batize, e pou yo gen imilite menm jan avèk timoun piti yo, e yo tout ap sove avèk timoun piti yo.

“Epi timoun piti yo pa bezwen repanti, ni batize. Gade, batèm se pou repantans, pou akonpli kòmandman yo, jouk nan remisyon peche.

“Men, timoun piti yo vivan nan Kris la, menm depi nan fondasyon mond lan; si se pa sa, Bondye se yon Bondye ki nan patipri, epi tou, yon Bondye ki kapab chanje, epi ki gade figi; paske gen yon pakèt timoun ki te mouri san batèm!”¹

Lè l te fin li ekriti sa a, Sè Ramirez te kòmanse kriye. Konpayon m avèk mwen te jennen. Mwen te mande: “Sè Ramirez, èske nou di yon bagay ki ofanse ou?”

Li te di: “O non, Èldè, nou pa fè anyen ki mal. Sa gen sizan m te gen yon tipitit gason. Li te mouri anvan nou te batize li. Pè a te di nou ke paske li pa t batize li t apral nan “limb” pou tout letènite. Depi sizan m ap pote doulè ak kilpabilite sa a. Apre m fin li ekriti sa a, mwen konnen pa pouvwa Sentespri a ke se vre. Mwen santi yon gwo pwa soti sou mwen, e dlo sa yo se dlo lajwa.”

Sa te raple m ansèyman Pwofèt Joseph Smith la, ki te anseye doktrin rekonfòtan sa a: “Senyè a pran anpil, pandan ke yo ankò nan anfans yo, pou yo ka chape anba lanvi lèzòm, ak chagren ak mal yo nan mond aktyèl la; yo te twò pi e twò bèl pou viv sou tè a, se poutèt sa, si n byen konsidere, olye nou kriye, nou gen tout rezon pou nou rejwi, paske yo delivre anba mal, e n ap jwenn yo ankò anvan lontan.”²

Apre l te fin soufri anba doulè ak lapenn prèske ensipòtab pandan sizan, vrè doktrin nan, revele pa yon Papa eman ki nan Syèl la palentèmedyè yon pwofèt vivan, te pote lapè bay madanm toumante sa a. M pa menm bezwen di nou, Sè Ramirez ak pitit li ki te gen uitan yo ak pi gran yo te batize.

Mwen sonje m te ekri fanmi m kote m te eksprime gratitud m te santi nan kè m pou konesans sa a ak si anpil verite klè ak presye nan levanjil retabli Jezikri a. Mwen pa t janm te panse ke yon jou m ta pral gen pou m fè eksperyans ak prensip sa a epi li ta pral tounen yon remèd nan Galad pou mwen.

Mwen ta renemen pale avèk moun ki pèdi yon pitit yo e ki ap poze kesyon sa a “Poukisa se mwen?” oubyen k ap petèt kesyone pwòp lafwa yo nan yon Papa eman ki nan Syèl la. Priyè mwen se pou, pa pouvwa Sentespri a, mwen kapab pote yon moso lespwa, lapè, ak konpreyansyon. Dezi m se pou m yon enstriman nan reyalize yon retablisman lafwa nou nan Papa nou ki nan Syèl la ki konnen tout bagay e ki pèmèt nou pase pa eprèv pou nou

kapab vin konnen Li ak renmen Li e konprann ke san Li menm nou pa gen anyen.

Jou 4 Fevriye 1990 la, twazyèm pitit gason mwen ki sete sizyèm pitit, te fèt. Nou te rele li Tyson. Li sete yon bèl tigason, e fanmi an te akeyi li ak kè kontan ak bra louvri. Frè l yo ak sè l yo te fyè de li. Nou tout te panse ke l sete tigason ki te pi pafè ki te janm fèt.

Lè Tyson te gen uit mwa, li te vale yon moso lakrè li te jwenn sou kapèt la. Lakrè a t al chita nan gòj Tyson, e li te sispann respire. Gran frè l la te pote Tyson anwo a, ap rele san rete: “Tibebe a pa respire, tibebe a pa respire.” Nou te kòmanse fè CPR pou li epi nou te rele 911.

Paramedik yo te rive e yo te kouri mennen Tyson lopital. Nan sal datant la, nou te kontinye priye anpil kote nou t ap mande Bondye yon mirak. Apre sa k te sanble yon etènite, doktè a te antre nan sal la epi l te di: “Mwen regrèt sa. Pa gen anyen nou kapab fè ankò. Pran tout tan nou bezwen.” Apresa li te ale.

Lè nou te antre nan sal kote Tyson te ye a, nou te wè tibebe plen lajwa nou an san vi. Sete kòm si li te gen yon ekla selès bò kot ti kò li. Li te si bèl ak si pi.

Nan moman sa a sete kòm si tout bagay te fini pou nou. Kijan nou t ap ka fè retounen al jwenn lòt timoun yo pou eseye eksplike yo ke Tyson pa t ap retounen nan kay la ankò?

M ap pale osengilye pandan m ap rakonte nou rès eksperyans sa a. Madanm mwen avèk mwen te travèse eprèv sa a ansanm, men m pa konn kijan pou dekri santiman yon manman e m pap menm eseye fè sa.

Li enposib pou dekri melanj santiman m te genyen yo nan pwèn sa a nan lavi mwen. Pifò tan yo m te santi kòm si m te nan yon move rèv e m ta pral reveye byen vit e kochma terib sa a t ap fini. Pandan plizyè nuit, mwen pa t dòmi. Mwen te souvan ap mache pandan nuit la soti nan yon chanm al nan yon lòt, pou asire m ke lòt timoun yo te ansekirite.

Santiman kilpabilite te toumante mwen. Mwen te santi m koupab. Mwen te santi m sal. Mwen sete papa li; mwen te dwe fè plis pou te pwoteje li. Si sèlman m te fè tèl ou tèl bagay. Pafwa, menm jodia, 22 an apre, santiman sa yo kòmanse antre nan kè mwen, e m oblije voye yo ale vit paske yo ka pote destriksyon.

Apeprè yon mwa apre Tyson te mouri, mwen te gen yon entèvyou avèk Èldè Dean L. Larsen. Li te pran tan pou te koute m, epi m ap toujou rekonesan pou konsèy li ak lanmou li. Li te di: “M pa panse Senyè a vle ou pini tèt ou pou lanmò ti pitit gason w la.” Mwen te santi lanmou Papa m ki nan Syèl la atravè youn nan sèvitè l li te chwazi yo.

Men, panse toumant yo te kontinye anvayi m, e byen vit mwen te santi kòlè. Sa pa t jis! Kijan Bondye te fè fè m sa? Poukisa se mwen menm? Kisa m te fè pou m merite bagay sa a? Mwen te menm twouve m fache avèk moun ki t ap jis eseye rekonfòte nou yo. Mwen sonje zanmi k t ap di: “Mwen konnen kijan w santi w.” mwen te panse: “Ou pa ge okenn ide de sa m santi. Jis kite m an repo.” Byen vit mwen te vin wè ke pitye pou tèt ou kapab trè devastan tou. Mwen te wont tèt mwen paske m te gen panse enjis anvè chè zanmi m yo ki te senpleman ap eseye ede.

Pandan ke m te santi kilpabilite, kòlè, ak pitye pou tèt mwen sa a t ap eseye fini avèk mwen, m te priye pou kè m te ka chanje. Atravè eksperyans sakre trè pèsònèl, Senyè a te ban m yon nouvo kè, e menmsi l te toujou solitè ak douloure, tout pwendvi m te chanje. Yo te fè m konnen ke yo pa t pran anyen nan men m men ke olyesa, te gen yon gwo benediksyon ki t ap tann mwen si m rete fidèl.

Lavi m te kòmanse chanje, e m te kapab avanse devan avèk esperans, olye m te gade dèyè ak dezespwa. Mwen temwaye ke lavi sa a se pa fen an. Mond lespri a reyèl. Ansèyman pwofèt yo konsènan lavi apre lanmò a se verite. Lavi sa a se jis yon etap pasaje ki mennen nou nan vwayaj pou retounen al jwenn Papa nou ki nan syèl la.

Tyson rete yon pati trè entegral nan fanmi nou. Atravè ane yo sa te bèl pou n te wè mizèrikòd ak bonte yon Papa eman ki nan Syèl la, ki te pèmèt fanmi nou santi enfluyans Tyson nan fason trè reyèl. Mwen temwaye ke vwal la fen. Santiman lwayote, lanmou, ak inite familyal yo pa fini lè moun nou renmen yo pase lòtbò vwal la, men, olyesa, santiman sa yo ogmante.

Pafwa moun ap mande: “Konbyen tan sa te pran w pou w te simonte li?” Verite a sèke, nou pap janm totalman simonte li jiskaske nou reyini ansanm ankò avèk moun nou an ki ale a.

Mwen pap janm gen yon lajwa total jiskaske nou reyini ankò nan maten Premye Rezirèksyon an.

“Paske lòm se lespri. Eleman yo etènèl, epi lespri ak eleman ki konekte san separasyon resevwa yon lajwa toutantye;

“Epi lòm yo separe, lòm pa kapab resevwa yon lajwa toutantye.”³

Men antretan, jan Sovè a te anseye, nou kapab kontinye ak kè kontan.⁴

Mwen te aprann doulè anmè, prèske ensipòtab kapab vin dous si nou vire nou vè Papa nou ki nan Syèl la e priye pou rekonfò Li ke nou jwenn atravè plan L la; atravè Pitit Gason L la, Jezikri; ak Konsolatè a, ki se Sentespri a.

Ala yon bèl benediksyon sa ye nan lavi nou. Èske sa pa t ap trajik si nou pa ta santi gwo doulè lè nou pèdi yon pitit? Ala mwen rekonesan anvè Papa m ki nan Syèl la ki pèmèt nou renmen anpil e renmen etènèlman an. Ala mwen rekonesan pou fanmi etènèl. Ala mwen rekonesan dèske Li te revele plan redanmsyon gloriye L la yon fwa ankò, palentèmedyè pwofèt vivan L lan.

Sonje lè nou ale nan antèman yon moun nou renmen, ki santiman ki nan kè nou pandan nap kite simityè a epi nou fè yon dènye koudèy pou wè sèkèy solitè a—ap mande nou si kè nou pap brize.

Mwen temwaye ke gras avèk Li, Sovè nou an, Jezikri, santiman doulè, solitud, ak dezespwa sa yo ap anglouti yon jou nan yon plenitud lajwa. Mwen temwaye ke nou ka konte sou li lè l di:

“Mwen pap kite nou poukont nou. M ap tounen vin jwenn nou ankò.

“Anvan lontan ankò, lemond pap wè mwen, men, nou menm, na wè mwen; paske m ap viv, nou menm tou n ap viv.”⁵

Mwen temwaye, jan yo deklare nan liv *Preche Levanjil Mwen an*, si nou apiye sou Ekspyasyon Jezikri a, Li kapab ede nou andire eprèv, maladi, ak doulè nou yo. Nou ka ranpli ak lajwa, lapè, ak konsolasyon. Tout sa ki pa jis nan lavi a kapab vin jis atravè Ekspyasyon Jezikri a.”⁶

Mwen temwaye ke jou maten gloriye Premye Rezirèksyon sa a, moun nou renmen yo ak pa m yo ap soti nan tonbo a jan Senyè

a Li menm pwomèt la, epi n ap gen yon plenitid lajwa. Paske li vivan, nou menm tou na va viv. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Mowoni 8:10–12.
2. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 176.
3. Doktrin ak Alyans 93:33–34.
4. Gade Jan 16:33.
5. Jan 14:18–19.
6. *Preche Levanjil Mwen an: Yon gid pou travay misyonè* (2004), 52.

Mande misyonè yo! Yo ka ede ou!

Èldè Russell M. Nelson

Nan Kolèj Douz Apot yo

Tout misyonè, jèn oubyen granmoun, sèvi avèk sèl espwa pou amelyore lavi lòt moun.

Frè ak sè byenneme ak zanmi m yo, nou eksprime amou ak salitasyon nou pou chak moun nan pami nou. Nou kontan avèk anons Prezidan Thomas S. Monson nan maten an, ki anonse ke minimòm laj pou sèvis misyonè a se 18 an pou jènjan yo ak 19 an pou jènfi yo. Pa mwayen opsyon sa a, pi plis nan jèn nou yo kapab jwi benediksyon yon misyon.

Sa gen dezan, Prezidan Monson te deklare sa li reyafime anfòs ankò maten an, “ke tout jènjan diy ki kapab ta dwe prepare yo pou sèvi yon misyon. Travay misyonè se yon devwa prèttriz la—yon obligasyon Senyè a atann nan men nou menm ki resevwa si anpil yo.”¹ Ankò, li eksplike ke pou sè yo, yon misyon se yon opsyon ki byenveni men se pa yon responsablite. Epi ankò li envite pi plis koup granmoun pou sèvi.

Preparasyon pou yon misyon se yon bagay ki enpòtan. Misyon se yon aksyon sèvis volontè pou Bondye ak pou limanite. Misyonè yo peye pou privilèj sa a avèk lajan yo ekonomize pèsònèlman. Paran yo ak fanmi yo, ak zanmi yo, ak moun ki fè don lajan pou fon jeneral misyonè yo ede tou. Tout misyonè, jèn oubyen granmoun, sèvi avèk sèl espwa pou amelyore lavi lòt moun.

Desizyon pou sèvi yon misyon an ap modle destine esprityèl misyonè a, konjwen li, ak posterite li pou jenerasyon k ap vini yo. Yon dezi pou sèvi se rezilta natirèl konvèsyon, diyite, ak preparasyon yon moun.

Nan gwo asanble mondyal sa a, gen anpil moun pami nou ki pa afilye avèk Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo epi ki pa gen anpil konesans sou nou menm ak misyonè nou yo. Ou prezan la a oubyen ou kapte nou paske ou vle konn plis sou Mòmmon yo ak sou sa misyonè nou yo ap anseye. Lè ou aprann plis konsènan nou, ou pral remake ke nou pataje menm valè yo. Nou ankouraje ou pou ou kenbe tout sa ki bon ak vrè yo epi apresya, wè si w kapab ajoute plis. Nan mond ki plen difikilte sa a, nou bezwen èd tanzantan. Relijyon, verite etènèl, ak misyonè nou yo se pati vital nan èd sa a.

Jèn misyonè nou yo mete lekòl, ak pwofeswon, ak mennaj sou kote, ak tout lòt bagay jèn moun konn fè nan laj sa a. Pou 18 a 24 mwa, yo ranvwaye tout bagay poutèt gwo dezi yo pou sèvi Senyè a.² Gen kèk nan misyonè nou yo ki sèvi lè yo gen yon laj pi avanse. M konnen fanmi misyonè sa yo beni. Nan fanmi pa m, gen 8 moun ki ap sèvi yon misyon apentan pou moman sa a—twa pitit fi, mari yo, yon pitit pitit fi, ak yon pitit pitit gason.

Gen kèk moun nan pami nou ki gen dwa ap gen kesyon sou non *Mòmmonan*. Se yon ti non yo ba nou. Se pa non reyèl nou. Non sa a sòti nan yon liv ekriti sakre ki rele Liv Mòmmon an.

Vrè non Legliz la se Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Se Legliz original Jezikri a ki retabli. Lè Jezikri te sou tè a, Li te òganize Legliz li a. Li te aple Apot, Swasannndis, ak lòt dirijan ke L te bay otorite prèttriz la pou yo aji nan non Li.³ Apre Kris la ak Apot li yo te mouri, lèzòm te chanje òdonans yo ak doktrin nan. Legliz original la ak prèttriz la te pèdi. Apre epòk ‘Laj Tenèb yo’, epi sou direksyon Papa nou ki nan Syèl la, Jezikri te retabli Legliz li a. Kounyeya, Legliz la vivan ankò, li te retabli, epi l ap fonksyone sou direksyon divin ni.⁴

Nou swiv Senyè a, Jezikri e nou anseye konsènan Li. Nou konnen, apre l te fin gen viktwa sou lamò a, Senyè resisite a te parèt devan disip Li yo pandan plizyè okazyon. Li te manje avèk yo. Anvan l te monte nan syèl la pou dènnye fwa a, li te ba yo kòmandman: “Ale . . . epi anseye tout nasyon, batize yo nan non Papa a, ak Pitit Gason an, epi ak Sentespri a.”⁵ Apot yo te obeyi enstriksyon sa a. Yo te aple lòt moun pou ede yo akonpli kòmandman Senyè a.

Jodi a, sou direksyon apot ak pwofèt modèn yo, misyonè Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo resevwa menm responsablite sa a. Misyonè sa yo sèvi nan plis pase 150 nasyon. Antanke reprezantan Senyè Jezikri, yo eseye akonpli kòmandman divin sa a Senyè a te renouvle pèsònèlman nan epòk pa nou an, pou pote plenitud levanjil la tout kote pou beni lavi moun toupatou.⁶

Daprè mond la, misyonè ki nan fen adolesans yo oubyen ki nan kòmansman ventèn ane yo pa gen eksperyans. Men, yo beni avèk anpil don—tankou pouvwa Sentespri a, amou Bondye, ak temwayaj yo genyen konsènan laverite—ki fè yo tounen anbasadè pwisan pou Senyè a. Yo pataje bòn nouvèl levanjil la ki ap pote lajwa reyèl ak bonè etènèl bay tout moun ki koute mesaj yo a. Epi nan anpil okazyon, yo fè sa nan peyi ak lang ki etranje pou yo.

Misyonè yo fè efò pou yo swiv Jezikri ni nan pawòl ak aksyon. Yo preche konsènan Jezikri ak sakrifis ekspyatwa li a.⁷ Yo anseye konsènan retablisman literal ansyen Legliz Jezikri a palentèmedyè premye pwofèt Li nan dènye jou yo, Joseph Smith.

Ou petèt deja rankontre, oubyen menm inyore misyonè nou yo. Mwen espere pou ou pa pè yo, men pou ou aprann nan men yo. Yo kapab yon resous Bondye voye pou ou.

Se sa k te pase Jerry, yon mesye pwotestan ki te nan 60 tèn ni, ki te abite nan Mesa an Arizona. Papa Jerry sete yon pastè Metodis. Yon jou, yon bon zanmi Jerry ki te rele Pricilla, te rakonte l lapenn li te genyen poutèt pitit li ki te mouri nan akouchman ak poutèt yon move divòs ki te fèt tousuit apre. Pricillia te vin tounen yon manman san mari ki t ap lite avèk kat timoun, twa pitit fi ak yon pitit gason. Lè l te louvri kè l bay Jerry a, li te konfese ke l te anvi touye tèt li. Jerry te rasanble tout fòs ak tout amou li te genyen, pou l te eseye fè Pricillia konprann lavi l gen valè. Li te envite Pricillia pou al nan legliz li a, men Pricillia te fè l konnen li te dekouraje avèk Bondye.

Jerry pat konn kisa pou l te fè. Nan apre, pandan l t ap wouze plant nan lakou lakay li, mesye plen lafwa sa a te priye pou Bondye te gide li. Pandan l tap priye, li te tande yon vwa nan panse l ki te di l: “Rete ti mesye ki sou bisiklèt yo.” Jerry, ki te yon ti jan dekonsète, te mande tèt li kisa sa vle di. Pandan l tap reflechi sou enpresyon l te resevwa a, li te voye je sou lari a, epi l

te wè de jèn gason abiye avèk chemiz blan ak kravat sou bisiklèt ki tap kondi vin nan direksyon kay li a. “Koyensidans” la te tèlman etone l, li te gade yo ki t ap pase. Apresa, lè l te reyalize ke sitiyasyon an te mande pou l aji, li te rele yo, “Hey, noumenm, silvoulè, kanpe! M bezwen pale avèk nou!”

Avèk yon rega etone men plen eksitasyon, jèn gason yo te rete. Pandan yo t ap pwoche, Jerry te remake yon plak ki te idantifye yo kòm misyonè nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Li te gade yo epi l te di: “Sa ka parèt yon tijan etranj, men, m t ap priye epi yon vwa di m pou m ‘rete timesye sou bisiklèt yo.’ M te gade nan lari a epi m te wè nou. Èske nou kapab ede m?”

Misyonè yo te souri epi yo te di: “Wi, nou si nou kapab ede ou.”

Jerry te eksplike sitiyasyon preyokipe Pricillia a. Byen vit, misyonè yo t al vizite Pricillia, ak pitit li yo, ak Jerry. Yo te pale sou objektif lavi a ak plan etènèl Bondye genyen pou yo. Gras ak priyè sensè, ak etid nan Liv Mòmmon an, ak fratènite yo avèk manm Legliz yo, Jerry, Pricillia ak pitit li yo te vin grandi nan lafwa. Lafwa solid Jerry te deja genyen nan Jezikri a te vin pi solid toujou. Dout ak panse pou touye tèt li Pricillia te genyen yo te vin tounen esperans ak bonè. Yo te batize epi yo te vin manm Legliz retabli Kris la.⁸

Wi, misyonè yo ka ede nan plizyè fason. Pa egzanp, gen moun nan pami nou la a ki gen dwa ta anvi konn plis sou zansèt yo. Ou gen dwa konn non paran ou ak kat granparan w yo, men, e pou uit gran gran paran w yo? Èske ou konn non yo? Èske w ta renmen konn plis konsènan yo? Mande misyonè yo! Yo kapab ede ou!⁹ Yo gen aksè nan pakèt rejis famiyal Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

Gen kèk nan nou ki se manm men ki inaktif pou moman an. Ou renmen Senyè a e souvan ou panse pou w retounen nan twoupo l la. Men, ou pa konn kijan pou w kòmanse. M ta sijere w ou w mande misyonè yo!¹⁰ Yo kapab ede ou! Yo ka ede pou anseye fanmi w tou. Nou menm ak misyonè yo renmen ou e nou vle pote lajwa ak limyè levanjil la retounen nan lavi ou.

Gen moun nan pami nou ki gen dwa anvi konnen kijan pou simonte yon depandans oubyen kijan pou viv pi lontan ak jwi pi bon sante. Mande misyonè yo! Yo kapab ede ou! Daprè kèk etid

endepandanki te fèt, manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se moun ki pi an sante k egziste. To mòtalite yo pami to ki pi ba yo e lonjevite yo plis pase tout sa yo repòte nan pami tout gwoup byen defini yo te etidye pandan lontan yo nan Etazini.¹¹

Kèk nan ou gen dwa santi lavi ou okipe ak ajite, men, nan fon kè w, ou santi yon twou vid, san direksyon ni objektif. Mande misyonè yo! Yo kapab ede ou! Yo kapab ede ou aprann plis sou vrè bi lavi a—poukisa ou isit sou tè a ak ki kote ou prale apre lanmò. Ou ka aprann kijan levanjil retabli Jezikri ap beni lavi ou plis pase tout sa ou ta ka janm imajine.

Si ou gen pwoblèm nan fanmi ou, mande misyonè yo! Yo kapab ede ou! Fòtifye maryaj ak fanmi se bagay ki gen pi gwo enpòtans pou Sen Dènnye Jou yo. Fanmi kapab ansanm pou tout tan. Mande misyonè yo pou anseye w kijan sa ka posib pou fanmi ou.

Misyonè yo kapab ede ou si ou vle vin gen pi gran konesans tou. Lespri kretyen vivan ap chèche limyè. Kesewa verite ki sòti nan laboratwa syantifik oubyen nan revalasyon nan men Bondye, nou chèche li! Anfè, laglwa bondye se entèlijans.¹²

Anvi vin gen plis konesans enkli konesans espiritiyèl osibyèn ke konesans tanporèl. Nou mete aksan sou enpòtans pou konprann ekriti sakre yo. Daprè yon etid endepandan ki te fèt dènyèman, Sen Dènnye Jou yo se moun ki gen plis konesans sou Krisyanite a ak Bib la.¹³ Si ou vle konprann Bib la pi byen, konprann Liv Mòmmon an pi byen, ak akeri pi gwo konpreyansyon sou fratènite lèzòm, ak patènite Bondye, mande misyonè yo! Yo kapab ede ou!

Gen anpil moun nan pami nou ki gen gwo dezi pou ede moun ki nan bezwen. Paske n ap suiv Jezikri, Sen Dènnye Jou yo santi yo pouse pa menm dezi sa a.¹⁴ Nenpòt kapab vini pou mete men ansanm avèk nou pou ede moun ki nan bezwen ak pote sekou pou viktim dezaz nan nenpòt kòte nan mond lan. Si ou vle patisipe, mande misyonè yo! Yo kapab ede ou!

Epi si ou vle gen plis konesans konsènan lavi apre lanmò, konsènan syèl la, konsènan plan Bondye gen pou ou; si ou vle gen plis konesans sou Senyè a, Jezikri, sou sakrifis ekspyatwa Li a, ak sou Retablisman Legliz Li a jan l te òganize nan ansyen tan an, mande misyonè yo! Yo kapab ede ou!

Mwen konnen Bondye vivan. Jezi se Kris la. Legliz Li a retabli. Mwen priye anpil pou Bondye beni nou chak ak chak misyonè presye nou yo. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Thomas S. Monson, "As We Meet Together Again," *Liahona*, Nov. 2010, 5–6.
2. Gade Doktrin ak Alyans 4:3.
3. Gade Matye 10:1; Lik 6:13; 10:1; Efezyen 4:11–12.
4. Gade Doktrin ak Alyans 1:30.
5. Matye 28:19.
6. Gade Doktrin ak Alyans 68:8; 84:62; 112:28.
7. Gade 1 Korentyen 2:2; 2 Nefi 25:26.
8. Kominikasyon pèsònèl nan men W. Tracy Watson, ansyen prezidan Misyon Mesa a nan Arizona.
9. Kote mwen bay envitasyon pou "mande misyonè yo," nou kapab mande yon zanmi ki se manm Legliz la asistans tou.
10. Fanmi ki aktif, zanmi, ak dirijan Legliz yo ap kontan pou ede tou.
11. Gade James E. Enstrom ak Lester Breslow, "Lifestyle and Reduced Mortality among Active California Mormons, 1980–2004," *Preventive Medicine*, vol. 46 (2008), 135.
12. Gade Doktrin ak Alyans 93:36.
13. Gade *U.S. Religious Knowledge Survey* (Pew Forum on Religion and Public Life, Sept. 28, 2010), 7.
14. Gade Ram Cnaan, Van Evans, and Daniel W. Curtis, *Called to Serve: The Prosocial Behavior of Active Latter-day Saints* (University of Pennsylvania School of Social Policy and Practice, 2012); "Mormon Volunteerism Highlighted in New Study" (Mar. 16, 2012), [http://www.mormonnewsroom.org/article/mormon-volunteerism-report;Mormons in America: Certain in Their Beliefs, Uncertain of Their Place in Society](http://www.mormonnewsroom.org/article/mormon-volunteerism-report;Mormons%20in%20America:%20Certain%20in%20Their%20Beliefs,%20Uncertain%20of%20Their%20Place%20in%20Society) (Pew Forum on Religion and Public Life, Jan. 12, 2012), 43; Robert D. Putnam and David E. Campbell, *American Grace: How Religion Divides and Unites Us* (2010), 444–54.

Apwopo regrè ak rezolisyon

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

Plis nou dedye tèt nou nan rechèch sentete ak bonè, se mwens n ap twouve nou sou chemen regrè.

Konsènan regrè

Prezidan Monson, nou renmen ou. Mèsi pou anons istorik ak enspire sa a sou bati nouvo tanp ak sou travay misyonè a. Gras avèk yo, mwen gen asirans ke n apal resevwa gwo benediksyon pandan dè jenerasyon.

Chè frè m ak sè m yo, chè zanmi mwen! Nou tout se mòtèl. Mwen swete sa pa vini kòm sipriz pou okenn moun.

Okenn nan nou pap rete sou tè a pou trè lontan. Nou gen yon sèten ane presye pou n pase sou tè a, ki, nan pèspektiv etènèl la, apèn dire yon batman je.

Epi apresa nou mouri. Lespri nou “ale kay Bondye sa a ki te ba [nou] lavi a.”¹ Yo depoze kò nou nan tonbo a epi nou kite tout bagay materyèl mond sa a dèyè lè nou deplase pou n ale nan pwochen lye egzistans nou an.

Lè nou jèn, sanble se kòm si n ap viv pou tout tan. Nou panse gen yon kantite pwovizyon solèy leve k ap tann nou jis dèyè orizon an, epi demen pou nou parèt yon wout dwat k ap deplwaye san fen devan nou.

Men, plis n ap vin granmoun, se plis nou gen tandans gade dèyè e etone pou wè konbyen wout sa a reyèlman kout. N ap mande kijan ane yo te fè pase vit konsa. Epi nou kòmanse panse sou chwa nou te fè ak sou bagay nou te reyalize. Nan pwosesis la, nou sonje anpil bèl moman ki pote chalè nan nanm nou ak lajwa

nan kè nou. Men, nou sonje regrè yo tou—bagay nou swete nou ta retounen dèyè pou n ta chanje yo.

Yon enfimyè ki okipe moun ki nan faz tèminal maladi yo di li souvan poze malad li yo yon senp kesyon lè y ap prepare pou kite lavi sa a.

Li konn mande: “Èske w pa gen okenn regrè?”

Lè yon moun si pre dènye jou sa a nan mòtalite a, sa souvan ba l klète nan panse e sa pote vizyon ak pèspektiv. Konsa lè yo te mande moun sa yo ki regrè yo te genyen, yo te louvri kè yo. Yo te reflechi sou sa yo ta chanje si sèlman yo te ka retounen dèyè.

Lè m ap konsidere sa yo te reponn, sa frape m pou m wè konbyen prensip fondamantal yo nan levanjil Jezikri a kapab afekte direksyon lavi nou pou bon, si sèlman n ap aplike yo.

Pa gen anyen ki misterye osijè prensip levanjil yo. Nou etidye yo nan ekriti yo, nou pale de yo nan Lekòldidimanch, epi nou tandè yo sou chè sa a anpil fwa. Prensip ak valè divin sa yo dirèk e klè; yo bèl, yo pwofon, e yo puisan; epi yo ka definitivman ede nou evite regrè demen.

M regrèt m pa t pase plis tan avèk moun mwen renmen yo

Petèt regrè ki pi komen moun ki pral mouri yo te eksprime sete swete ke yo te pase plis tan avèk moun yo renmen yo.

Gason yo an patikilye te eksprime santiman regrè inivèsèl sa a: yo te “regrèt anpil ke yo te pase si anpil tan nan lavi yo nan . . . travay konsa.”³ Anpil te rate opòtinite pou te gen bèl souvni ki soti nan pase tan avèk fanmi ak zanmi yo. Yo te rate devlopman yon pwofon koneksyon avèk moun ki te reprezante plis bagay pou yo yo.

Èske se pa vre ke nou toujou okipe? Epi, sa tris ke, nou rive menm kwè ke lefèt nou okipe konsa a se yon bagay onorab, kòm si okipe a an limenm, sete yon akonplisman oswa siy yon lavi siperyè.

Èske se vre?

M panse avèk Senyè nou ak Egzanp nou an, Jezikri, ak lavi kout li pami pèp Galile ak Jerizalèm nan. Mwen eseye imajine li menm k ap kouri ant reyinyon oswa fè plizyè bagay alafwa pou akonpli yon lis bagay ijan.

Mwen pa ka wè sa.

Olyesa, mwen wè Pitit Gason konpatisan ak byenveyan Bondye a k ap viv chak jou avèk yon objektif. Lè l te an kontak avèk moun ki te bò kote Li, yo te santi yo enpòtan, yo te santi L te renmen yo. Li te konn valè enfini moun Li te rankontre yo. Li te beni yo, sèvi yo. Li te soulaje yo, geri yo. Li te ba yo don presye tan Li.

Nan epòk pa nou an, li fasil pou n senpleman pretann pase tan avèk lòt moun. Avèk klik yon souri, nou ka “konekte” avèk demilye “zanmi” san nou pa janm menm wè youn nan yo. Teknoloji kapab yon bagay ekstraòdinè, e li patikilyèman trè itil lè nou pa ka pre moun nou renmen yo. Madanm mwen avè m ap vin lwen manm fanmi nou; nou konn kijan sa ye. Sepandan, mwen kwè ke nou p ap mache nan bon direksyon, endividyèlman e antanke sosyete, si konekte avèk fanmi nou ak zanmi nou repoze pou pifò sou voye foto komik ba yo sou entènèt, nan transmèt yo bagay ensiyifyan nou resevwa, oubyen nan konekte yo sou lòt sit Entènèt. Mwen panse gen sitiyasyon ak sikonstans kote kalite aktivite sa yo akseptab, men konbyen tan nou dispoze pou pase ladan yo? Si nou pa bay moun ki vrèman enpòtan pou nou yo tout nou menm ak tout tan nou, nou pral regrèt sa yon jou.

Annou pran rezolisyon pou nou cheri moun nou renmen yo kote n ap pase bon tan avèk yo, ap fè bagay yo ansanm, epi ranmase bèl souvni.

Mwen swete m te viv nan nivo potansyèl mwen

Yon lòt regrè moun yo te eksprime sete ke yo pa t vin moun yo te santi yo te ka ye a, ke yo te dwe ye a. Lè yo te gade dèyè nan lavi yo, yo te reyalize ke yo pa t janm viv nan nivo potansyèl yo, yo te gen twòp bagay yo pa t fè.

Mwen pap pale la a de monte nechèl siksè a nan pil kalite pwofesyon nou yo. Nechèl sa a, kèlkeswa jan li ka parèt elve isit sou tè a, apèn yon pa nan gwo vwayaj etènèl k ap tann nou an.

Men, m ap pale de vin tounen moun Bondye, Papa nou ki nan Syèl la, atann nou ye a.

Jan powèt la di a, nou rive nan mond sa a, “ap trenen nyaj laglwa”⁴ ki soti nan premòtalite a.

Papa nou ki nan Syèl la wè reyèl potansyèl nou. Li konnen bagay sou nou ke nou menm pou tèt pa nou nou pa konnen. Li

enspire nou pandan lavi nou pou n ranpli mezi kreyasyon nou, pou nou viv yon bon lavi, epi retounen nan prezans Li.

Donk, poukisa nou pase si anpil nan tan nou ak enèji nou nan bagay ki si tanporè, si enkonsekan, ak si sipèfisyèl konsa? Èske nou refize wè foli ki genyen nan lite pou akonpli oswa akèri bagay banal ak pasaje yo.

Èske l pa t ap pi saj pou n ta “anpile richès [nou] nan syèl la, kote vè ni lawouy pa ka wonje yo, e kote ni vòlè pa ka pran yo pote ale”?⁵

Kijan pou nou fè sa? Nan suiv egzanp Sovè a, nan ankre ansèyman L yo nan lavi nou chak jou, ak nan vrèmen renmen Bondye ak pwochen nou.

Nou sètènman pa ka fè sa nan trennen pye nou, ap gade mont nou san rete, ap plenyen pandan n ap ranpli apèl disip nou.

Nan sa ki konsène viv levanjil la, nou pa dwe tankou tigason ki te mete zòtèy li nan dlo a epi apres a l al di tout moun ke l t al naje. Antanke pitit gason ak pitit fi Papa nou ki nan Syèl la, nou kapab fè anpil bagay. Pou n fè sa, bon entansyon pa sifi. Nou dwe *aji*. Pi enpòtan toujou, nou dwe *vin* sa Papa nou ki nan Syèl la vle nou ye a.

Deklare temwayaj nou konsènan levanjil la se byen, men viv kòm egzanp vivan levanjil retabli a pi bon toujou. Swete ke nou pi fidèl nan respekte alyans nou yo se byen; men, rete fidèl nan alyans sakre yo—enkli mennen yon lavi vètèye, peye dim ak ofrann nou, respekte Pawòl Sajès la, ak sèvi moun ki nan bezwen—pi bon toujou. Anonse ke n apral pase plis tan nan priyè familyal, etid ekriti, ak bon jan aktivite familyal se byen; men reyèlman fè tout bagay sa yo regilyèman ap pote benediksyon syèl yo nan lavi nou.

Disip vle di chèche sentete ak bonè. Se chemen ki mennen nan sa ki pi bon ak pi bèl nan nou menm nan.

Annou pran rezolisyon pou n suiv Sovè a e travay avèk dilijans pou nou vin moun yo te prepare nou pou n devni an. Annou koute ak obeyi chichotman Sentespri a. Si nou fè sa, Papa nou ki nan Syèl la ap revele nou bagay nou pa t janm konnen sou tèt nou. L ap klere chemen nou ak louvri je nou pou nou wè talan enkonni e petèt inimaginab nou genyen.

Plis nou dedye tèt nou nan chèche sentete ak bonè, se mwens n ap mache sou chemen regrè. Plis nou apiye sou gras Sovè a, se plis n ap santi nou sou chemen Papa nou ki nan syèl la antann pou nou an.

Mwen swete m te gen plis kè kontan

Nou gen dwa sezi tande yon lòt regrè moun ki te konnen yo ta pral mouri yo te genyen. Yo te swete yo te gen plis kè kontan.

Si souvan nou pran nan ilizyon ke gen yon bagay ki pa alapòte nou ki ta kapab pote bonè pou nou: yon pi bon sitiyasyon familyal, yon pi bon sitiyasyon finansye, oubyen fen yon eprèw difisil.

Pi gran n ap vini, se plis n ap gade dèyè e reyalize ke sikonstans exteryè yo pa reyèlman enpòtan ni yo pa detèmine bonè nou.

Nou konte. Nou detèmine bonè nou.

Ou menm avèk mwen finalman responsab pwòp bonè nou.

Madanm mwen, Harriet, avèk mwen renmen monte bisiklèt. Nou renmen soti al jwi bote lanati yo. Nou gen kèk wout espesifik kote nou renmen monte bisiklèt, men nou pa pote twòp atansyon ak ki distans nou pedale ni ki vitès nou pedale an konparezon avèk lòt moun yo ki sou wout la.

Men, pafwa, m panse nou ta dwe fè yon ti konpetisyon. M menm panse nou ta ka pase yon pi bon moman oubyen kondi ak pi bon vitès si sèlman nou te fè yon ti efò anplis. Epi pafwa m menm konn fè gwo erè mansyone madanm mwen ide sa a.

Reyaksyon tipik li lè m fè sigjesyon m nan toujou trè janti, trè klè, e trè dirèk. Li souri epi l di: “Dieter, se pa yon konpetisyon; se yon vwayaj. Jwi moman an.”

Li gen rezon!

Pafwa nan lavi a, nou vin si konsantre sou akonpli yon bagay ke nou pa menm jwenn lajwa ki genyen nan vwayaj la. Mwen pa al monte bisiklèt avèk madanm mwen paske m eksite pou m fini kous la. Mwen ale paske eksperyans m ap fè avèk li a bèl ak agreyab.

Èske sa pa sanble foli pou nou gate bèl eksperyans agreyab yo paske nou konstaman ap tann moman yo pral fini an?

Èske lè n ap koute bèl mizik nou tann nòt final la fin jwe anvan nou pèmèt nou reyèlman jwi mizik la? Non. Nou koute e

nou konekte ak chak varyasyon melodi, nòt ak amoni pandan tout mizik la ap jwe.

Èske nou fè priyè nou yo avèk mo “amèn” nan oubyen fen priyè a sèlman nan tèt nou? Natirèlman non. Nou priye pou nou ka pre Papa nou ki nan Syèl la, pou nou ka resevwa Lespri li ak santi lanmou li.

Nou pa dwe rete tann jis lè nou atenn yon sèten moman rive pou nou gen kè kontan, epi lè sa a nou dekouvri ke bonè sa a te deja disponib—pandan tout tan an! Lavi a pa la pou nou apresye l sèlman nan lefase. Salmis la te ekri: “Jodia se bèl jounen Senyè a ba nou . . .” Annou pase l ap fè kè nou kontan.”⁶

Frè m ak sè m yo, kèlkeswa sitiyasyon nou, kèlkeswa pwoblèm nou oswa eprèv nou, gen yon bagay nan chak jounen pou nou anbrase ak cheri. Gen yon bagay nan chak jounen ki ka pote gratitud ak lajwa si sèlman nou wè li ak apresye li.

Petèt nou ta dwe mwens chèche avèk je nou e plis avèk kè nou. M renmen sitasyon sa a: “Se avèk kè a sèlman yon moun wè klè. Tout bagay esansyèl yo envizib pou je wè.”⁷

Yo rekòmande nou pou nou “di mèsi pou tout bagay.”⁸ Konsa èske li pa pi bon pou, avèk je nou ak kè nou, nou wè menm ti kal bagay nouka di mèsi pou li a, olye nou konsantre sou kote negatif kondisyon n ap viv la?

Senyè a pwomèt: “Epi yon moun ki resevwa tout bagay avèk remèsiman, l ap glorifye; epi bagay ki sou tè sa a ap ajoute sou sa li genyen, menm yon santèn fwa, wi, menm plis.”⁹

Frè m ak sè m yo, avèk pil benediksyon Papa nou ki nan Syèl la, plan sali plen jenewozite L la, verite etènèl levanjil retabli a, ak pil bote ki gen nan vwayaj sa a sou tè a, “èske pa gen rezon pou nou rejwi?”¹⁰

Annou pran rezolisyon pou nou gen kè kontan, kèlkeswa sitiyasyon nou.

Konsènan rezolisyon

Yon jou n ap gen pou rive nan etap inevitab sa a pou n pase soti nan lavi mòtèl sa a pou ale nan lavi apre a. Yon jou n apral revize lavi nou epi mande si nou pa t dwe pi byen, pran pi bon desizyon, oubyen itilize tan nou pi sajman.

Pou evite kèk nan pwofon regrè lavi yo, li ta pi bon si nou ta pran kèk rezolisyon jodia. Se poutèt sa, annou:

- Pran rezolisyon pou pase plis tan avèk moun nou renmen yo.

- Pran rezolisyon pou eseye pi onètman vin moun Bondye vle nou ye a.

- Pran rezolisyon pou n jwenn bonè, kèlkeswa sityasyon nou.

Mwen temwaye nou ke nou kapab anpeche anpil nan regrè demen yo nan suiv Sovè a jodia. Si nou te peche oswa fè erè—si nou te fè chwa nou regrèt kounyeya—nou gen don presyè Ekspyasyon Kris la, ki ka pèmèt nou jwenn padon. Nou pa ka retounen al chanje lepase, men nou ka repanti. Sovè a kapab siye dlo regrè yo nan je nou¹¹ epi retire fado peche nou yo.¹²

Ekspyasyon l lan pèmèt nou kite lepase dèyè pou n avanse avèk men pwòp, yon kè pi,¹³ ak yon detèminasyon pou nou fè pi byen e espesyalman vin pi bon.

Wi, lavi sa a ap pase vit; jounen nou yo sanble yo pase rapid; e lanmò parèt efreyan pafwa. Men, espri nou ap kontinye viv e yon jou nou pral reyini avèk kò resisite nou an pou nou resevwa laglwa imòtèl. Mwen rann temwayaj solanèl mwen ke gras ak Kris mizèrikòdye a, nou tout ap viv ankò e pou tout tan. Gras ak Sovè ak Redanmtè nou an, yon jou nou pral vrèman konprann e rejwi nan siyifikasyon pawòl sa yo: “Kris la anglouti agoni lanmò a.”¹⁴

Chemen ki mennen nan akonpli destine divin nou antanke pitit gason ak pitit fi Bondye a se yon chemen etènèl. Chè frè m ak sè m yo, chè zanmi mwen, nou dwe kòmanse mache sou chemen etènèl sa a *jodia* menm; nou pa ka pèmèt nou pèdi yon grenn jou. Mwen priye pou nou pa tann jislè nou prèske mouri pou nou vrèman aprann viv. Nan non sakre Jezikri, amèn.

Nòt

1 Alma 40:11.

2. Gade Susie Steiner, “Top Five Regrets of the Dying,” *Guardian*, Feb. 1, 2012, www.guardian.co.uk/lifeandstyle/2012/feb/01/top-five-regrets-of-the-dying.

3. Bronnie Ware, nan Steiner, “Top Five Regrets of the Dying.”

4. “Ode: Intimations of Immortality from Recollections of Early Childhood,” *The Complete Poetical Works of William Wordsworth* (1924), 359.

5. Matye 6:20.

6. Som 118:24.

7. Antoine de Saint-Exupéry, *The Little Prince*, trans. Richard Howard (2000), 63.
8. Mozya 26:39; gade tou Doktrin ak Alyans 59:7.
9. Doktrin ak Alyans 78:19.
10. Alma 26:35.
11. Gade Revelasyon 7:17.
12. Gade Matye 11:28–30.
13. Gade Som 24:4.
14. Mozya 16:8; gade tou 1 Korentyen 15:54.

Soutyen Ofisye yo nan Legliz la

Prezante pa Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Yo pwopoze pou nou soutni Thomas Spencer Monson kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè, e Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo; Henry Bennion Eyring kòm Premye Konseye nan Premye Prezidans lan; ak Dieter Friedrich Uchtdorf kòm Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan.

Moun ki an favè yo ka manifeste sa.

Moun ki opoze yo, si genyen, ka manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Boyd Kenneth Packer kòm Prezidan Kolèj Douz Apot yo, ak manm sa yo kòm manm kowòm sa a: Boyd K. Packer, L. Tom Perry, Russell M. Nelson, Dallin H. Oaks, M. Russell Ballard, Richard G. Scott, Robert D. Hales, Jeffrey R. Holland, David A. Bednar, Quentin L. Cook, D. Todd Christofferson, ak Neil L. Andersen.

Moun ki an favè, tanpri manifeste sa.

Moun ki opoze, ka endike sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Konseye yo nan Premye Prezidans lan ak Douz Apot yo kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè.

Tout moun ki anfavè, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè, si genyen, pa menm siy nan.

Eldè Jay E. Jensen te relve kòm manm Prezidans Kolèj Swasanndis yo.

Mou ki ta renmen ini avèk nou nan yon vòt apresyasyon, tanpri manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Èldè Craig C. Christensen kòm manm Prezidans Kolèj Swasanndis yo.

Tout moun ki anfavè, tanpri montre sa.

Avi kontrè, si genyen.

Yo pwopoze pou nou releve Èldè Marlin K. Jensen kòm Istoryen ak Legliz la, avèk yon vòt apresyasyon pou ekselan sèvis li.

Tout moun ki anfavè, tanpri, manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Èldè Steven E. Snow kòm Istoryen ak Legliz la.

Tout moun ki anfavè, tanpri, manifeste sa.

Avi kontrè.

Yo pwopoze pou nou relve Èldè Keith K. Hilbig, Jay E. Jensen, Marlin K. Jensen, ak Octaviano Tenorio kòm manm Premye Kolèj Swasanndis la epi deziyen yo kòm Otorite Jeneral emerit.

Yo pwopoze tou pou nou relve Èldè Keith R. Edwards and Larry W. Gibbons kòm manm Dezyèm Kolèj Swasanndis la.

Tout moun ki ta renmen jwenn avèk nou pou eksprime gratitud nou pou Frè sa yo pou ekselan sèvis yo, tanpri manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni lòt Otorite Jeneral yo, Swasanndis Otorite Zòn yo, ak prezidans oksilyè yo jan yo konstitiye kounyeya.

Moun ki anfavè, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè kapab manifeste sa.

Mèsi, frè m ak sè m yo, pou vòt soutyen nou, lafwa nou, devosyon nou, ak priyè nou yo.

Vin bon paran

Pa Èldè L. Tom Perry

Nan Kolèj Douz Apot yo

Gen anpil fason bon paran yo kapab jwenn èd ak sipò yo bezwen pou anseye pitit yo levanjil Jezikri a.

Ete sa a, mwen atenn yon nivo espesyal—mwen sot fete 90 zyèm anivèsè mwen. Lè yon moun atenn sèten nivo nan lavi ou, li itil ak enstriktif pou w reflechi sou evenman ak eksperyans pase yo. Nou menm jèn yo k ap koute oubyen k ap li diskou sa a, sa gen dwa pa twò enpresyone nou ke yon moun gen 90 an, men nan epòk m te fèt la, viv lontan konsa te konsidere kòm yon gwo akonplisman.

Anpil bagay chanje pandan tan m viv la. Mwen wè devlopman laj endistriyèl ak laj enfòmasyon. Otomobil, telefòn, ak avyon sete gwo dekouvèt se te ye lè m te jèn. Jodia fason nou jwenn, pataje, ak itilize enfòmasyon chanje prèske chak jou. Nan laj mwen, mwen emèveye pou chanjman rapid k ap fèt nan mond n ap viv la. Anpil nan dekouvèt yo jodia eksite imajinasyon nou avèk potansyèl yo genyen pou rann lavi nou vin pi bon yo.

Atravè tout chanjman rapid sa a k ap fèt bò kote nou an, nou onètman priye e travay pou asire nou ke valè levanjil Jezikri yo andire. Deja gen kèk nan yo ki andanje pou yo pèdi. Nan tèt lis valè sa yo, e, poutèt sa, objektif prensipal advèsè a, se sentete maryaj ak enpòtans santral fanmi. Bagay sa yo founi refij yon fwaye kote gen estabilite ak sekirite kote chak pitit Papa eman nou an ki nan Syèl la kapab jwenn bon enfliyans e akeri valè etènèl.

Pandan yo t ap prepare selebrasyon 90 zyèm anivèsè m nan, fanmi m te kòmanse ede m sonje ak apresye eksperyans tout lavi m yo. Pa egzanp, nyès mwen an te rasanble e pataje avèk mwen plizyè lèt mwen te ekri paran m sa gen prèske 70 an lè m te nan

baz Lame Marin nan sou zile Saipan nan Pasifik la pandan Dezyèm Gè Mondyal la.

Youn nan lèt sa yo te patikilyèman kapte atansyon mwen. Sete yon lèt mwen te ekri manman m pou l te louvri pou l li jou Fèt Manman an an 1945. Mwen ta renmen pataje kèk pati ladan l avèk nou nan espwa ke n ap wè poukisa m ap toujou rekonesan pou papa ak manman eman mwen pou leson m te aprann nan ansèyman yo te ban mwen nan fwaye a. Paran m se pi bon egzanp mwen genyen sou bon paran ki mete maryaj yo ak byen elve pitit yo kòm premye priyorite yo.

Lèt Fèt Manman 1945 la te kòmanse konsa:

“Chè manman,

“Pandan dènye katran sa yo m te oblije pase Jou Fèt Manman an lwen ou. Chak ane sa yo, m te anvi avèk ou pou m di w konbyen mwen renmen w ak konbyen mwen panse avèk ou, men puiske yon fwa ankò sa enposib, m ap oblije fè dezyèm bagay ki pi bon pou m fè a e voye panse m atravè yon lèt.

“Ane sa a plis pase tout lòt ane yo mwen ka wè kisa genyen yon bon manman ekstraòdinè fè pou mwen. Toudabò, m sonje ti bagay ou te abitye fè pou mwen yo. Kèlkeswa lè m leve nan kabann mwen nan maten, mwen pa t janm te konn sousye pou konnen si m ta pral jwenn yon chemiz pwòp ak chosèt pwòp. Tout sa m te gen pou m te fè se louvri yon tiwa, epi m te jwenn yo. Nan lè manje, mwen te toujou konnen m t ap jwenn yon bagay mwen te renmen ki te prepare nan pi bon fason posib. Aswè m te toujou konnen m t ap jwenn dra pwòp sou kabann mwen ak jis kantite dra m te bezwen pou kenbe m konfòtab la. Viv lakay la sete reyèlman yon gwo plezi.”

Lè m te li de premye paragaf sa yo nan lèt la, mwen te choke pa konbyen yo te parèt santimantal. Petèt viv nan yon tant ak dòmi anba moustikè sou yon tikabann kan te fè panse m tounen vè lakay espesyal mwen an.

Lèt manman m nan te kontinye:

“Men santiman m pou ou pi pwofon toujou poutèt egzanp ou te ye pou mwen. Ou te rann lavi si agreyab pou nou kòm fanmi ke nou te vle suiv egzanp ou, pou kontinye fè eksperyans menm lajwa ou te genyen an lè nou te jèn nan. Ou te toujou jwenn tan pou mennen fanmi an nan pwomnàd, e nou te toujou ka konte

sou ou pou fè tout bagay depi nan monte mòn rive nan jwe boul avèk nou. Ou menm ak papa m pa t janm al nan vakans poukont nou. Fanmi an te toujou avèk nou. Kounyeya mwen lwen lakay la, mwen toujou renmen pale de lavi famiyal mwen paske li te si agreyab. Mwen pa ka inyore ansèyman w yo kounyeya paske aksyon mwen ap montre si w te byen elve m. Lavi a se yon gwo defi pou mwen pou m rete diy pou yo rele m pitit Nora Sonne Perry. Mwen fyè anpil de tit sa a, e m espere ke m ap toujou diy pou kenbe li.

“Mwen espere ane pwochèn m ap kapab avèk ou pou montre w bon moman m t ap planifye pou m te pase avèk ou jou Fèt Manman an nan dènye katran sa yo.

“M swete Senyè a beni ou pou tout bèl bagay ou fè nan mond twouble sa a.

“Avèk tout lanmou mwen, Tom”¹

Pandan m t ap reli lèt mwen an, m te reflechi sou kilti fanmi, pawas, pye, ak kominote kote m te grandi a tou.

Kilti defini kòm fason yon pèp viv. Gen yon sèl kilti nan levanjil la, yon gwoup valè ak atant ak pratik ki komen pou tout manm nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Kilti levanjil sa a, oubyen fason pou viv sa a, soti nan plan sali a, nan kòmandman Bondye yo, ak nan ansèyman pwofèt vivan yo. Li demontre nan fason nou elve fanmi nou ak fason nou viv lavi nou endividyèlman.

Premye enstriksyon Adan te resevwa pou responsablite li nan mòtalite a, nou jwenn ni nan Jenèz 2:24: “Se poutèt sa, gason an va kite papa l ak manman l pou l mete tèt li ansanm ak madanm ni, pou toulède fè yon sèl.”

Pou yon gason ak yon fi mete tèt yo ansanm pou yo legalman marye a se non sèlman preparasyon pou fiti jenerasyon yo pou yo eritye tè a, men, sa pote pi gwo lajwa ak satisfaksyon nou ka jwenn nan eksperyans mòtalite sa a tou. Sa espesyalman vrè lè pouvwa Prètriz la deklare yon maryaj pou l dire pou letan ak letènite. Timoun ki fèt nan maryaj sa yo gen yon sekirite nou pa jwenn okenn lòt kote.

Leson bon paran yo anseye nan fwaye a vin gen pi plis enpòtans nan mond jodia, kote enfliyans advèsè a si etann konsa. Jan nou konnen, l ap eseye wonje ak detwi vrè fondasyon sosyete

nou an—fanmi. Nan kamouflaj byen degize li, li atake angajman anvè lavi familyal toupatou nan mond lan e l ap minimize kilti ak alyans Sen Dènye Jou fidèl yo. Paran yo dwe pran rezolisyon pou ansèyman nan fwaye a vin responsablite ki pi sakre ak pi enpòtan pou yo. Pandan ke lòt enstitisyon, tankou legliz ak lekòl kapab ede paran yo “antrene yon timoun nan fason li dwe mache (Pwovèb 22:6), responsablite final la repoze sou paran yo. Selon gwo plan bonè a, se bay bon paran yo konfyè swen ak devlopman pitit Papa nou ki nan Syèl la yo.

Nan responsablite parantal remakab nou, gen plizyè fason bon paran yo kapab resevwa èd ak sipò yo bezwen pou anseye pitit yo levanjil Jezikri a. Kite m sijere senk bagay paran yo kapab fè pou kreye kilti familyal ki pi solid:

Premyèman, paran yo kapab priye sensèman, pou mande Papa Etènèl la pou l ede yo renmen, konprann, ak gide timoun yo li voye ba yo a.

Dezyèmman, yo kapab fè sware familyal, etid ekriti familyal, ak sware familyal epi manje ansanm osi souvan sa posib, fè lè manje a vin yon moman pou kominike ak anseye valè yo.

Twazyèmman, paran yo kapab totalman benefisye nan sistèm sipò Legliz la, pou kominike avèk enstriktè pitit yo nan Primè a, dirijan jèn yo, ak prezidans klas yo ak kowòm yo. Nan kominike avèk moun sa yo ki aple e resevwa mizapa pou travay avèk pitit nou yo, paran yo kapab pote enfòmasyon esansyèl sou bezwen espesifik ak espesyal yon timoun.

Katryèmman, paran yo kapab pataje temwayaj yo souvan avèk pitit yo, angaje yo pou yo respekte kòmandman Bondye yo, epi pwomèt yo benediksyon Papa nou ki nan Syèl la pwomèt pitit fidèl li yo.

Senkyèmman, nou ka òganize fanmi nou baze sou senp règ ak atant familyal, tradisyon familyal ki bon kalite, ak “ekonomi familyal” kote timoun yo gen responsablite nan kay la e yo ka fè yon ti lajan pou yo depanse, sere, peye dim sou kòb yo fè a.

Sigjesyon sa yo pou kreye *kilti familyal* pi solid la travay ansanm avèk kilti Legliz la. Kilti familyal fòtifye nou yo ap vin tounen yon pwoteksyon pou pitit nou yo kont “flèch anflame advèsè a” (1 Nefi 15:24) ki chita nan kilti zanmi yo, nan kilti divètisman ak selebrite yo, kilti kredi ak posesyon yo, ak kilti

Entènèt ak medya yo timoun yo ekspoze anba yo chak jou a. Sa ap ede pitit nou yo “viv nan mond lan” e pa “fè pati mond lan” (Jan 15:19).

Prezidan Joseph Fielding Smith te anseye: “Se devwa paran yo pou anseye pitit yo prensip sali yo nan levanjil Jezikri a, pou yo ka konnen poukisa yo dwe batize e pou yo ka toujou gen nan kè yo yon dezi pou kontinye respekte kòmandman Bondye yo lè yo fin batize, pou yo ka retounen nan prezans li. Frè m ak sè m yo, èske nou vle genyen fanmi nou, pitit nou, èske nou vle sele avèk papa nou ak manman nou ki te vin anvan yo . . . ? Si wi, enben, nou dwe kòmanse anseye depi nan bèso a. Nou dwe anseye pa legzanp osibyen ak pawòl.”²

Pwoklamasyon sou fanmi an di:

“Mari ak madanm gen yon responsablite solanèl pou youn renmen ak pran swen lòt epi pou yo renmen ak pran swen pitit yo. Pitit se eritaj Senyè (Sòm 127:3). Paran yo gen yon devwa sakre pou yo elve pitit yo nan lanmou ak jistis, pou satisfè bezwen fizik ak espiritiyèl yo, pou anseye yo pou yo sèvi epi pou youn renmen lòt, pou yo respekte kòmandman Bondye yo epi pou yo tounen sitwayen ki obeyi lwa kèlkeswa kote yo abite. . . .

“ . . . Dapre plan diven an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis epi yo responsab pou yo bay fanmi you tout sa yo bezwen nan lavi a ak pwoteksyon. Manman yo responsab prensipalman pou nourri pitit yo. Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal ego.”³

Mwen kwè ke se selon plan diven an ke wòl manman an konsantre sou nourri ak anseye jenerasyon k ap vini an. Men sa bèl pou wè mari ak madanm k ap travay an asosye kote yo blende enfliyans yo ansanm epi yo kominike efikasman osijè timoun yo e avèk timoun yo.

Atak fewòs mechanste kont timoun yo pi sibtil ak kare pase l te janm ye anvan. Bati yon kilti famiyal solid ajoute yon lòt kouch pwoteksyon pou pitit nou yo, ki izole yo de enfliyans mond lan.

Se pou Bondye beni bon manman ak papa nan Siyon yo. Li konfyè nou pitit etènèl li yo. Antanke paran, nou se patnè, ini avèk Bondye, pou reyalize travay li ak lagwa li pami pitit li yo. Se

devwa sakre nou pou nou fè pi byen nou kapab. Konsènan sa mwen temwaye, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Lèt jou Fèt Manman L. Tom Perry te voye bay manman li, soti Saipan, date Me 3, 1945.
2. Joseph Fielding Smith, nan Conference Report, Oct. 1948, 153.
3. "Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan," *Liahona*, Nov. 2010, 129.

Bon Dezi pou Angaje

Pa Eldè M. Russell Ballard

Nan Kolèj Douz Apot yo

Gwo bagay kapab reyalize epi fado aleje avèk efò anpil moun ki “gen bon dezi pou angaje nan bon koz.”

Èldè Perry, mwen panse ou se moun 90 an ki pi jèn nan tout Legliz la. Èske nou wè kijan l leve vit sou chèz la.

Frè ak sè byeneme m yo, chak fwa m ap savoure yon bèl tomat fre byen wouj oubyen manje yon bèl pèch ki fèk soti sou pye, panse m tounen bak sou 60 an lè papa m te posede yon ti jaden pèch nan Holladay, nan Uta. Li te fè elvaj myèl tou pou yo te ka fètilize flè pèch yo pou yo te kapab grandi pou finalman vin tounen gwo pèch byen apètan.

Papa m te renmen myèl li yo e li te etone pa fason demilye nan yo t ap travay ansanm pou transfòmè siwo ki te soti nan flè pèch yo fè l vin tounen bèl siwo myèl—youn nan manje ki pi nourisan pou moun. Anfèt, ekspè nitrisyon yo di nou se youn nan manje ki genyen tout sibstans ladan l—anzim, vitamin, mineral ak dlo—bagay ki nesèsè pou soutni lavi.

Papa m te toujou eseye fè m travay avèk li lè l te konn ap okipe abèy yo, men m te konn trè kontan kite li pran swen myèl li yo. Sepandan, depi lè sa yo, mwen vin aprann plis sou elvaj myèl byen òganize—youn koloni apeprè 60.000 abèy.

Abèy yo antrene pou yo fegonde, rasanble siwo a, epi kondanse li pou fè l tounen siwo myèl. Se travay mayifik yo ke Kreyatè nou an mete nan konstitisyon jenetik yo. Yo estime ke pou l ka pwodui jis yon liv (0.45 kg) siwo myèl, yon elvaj myèl apeprè 20.000 rive 60.000 myèl dwe ansanm vizite demilyon flè epi vwayaje ekivalan de fwa tou mond lan. Nan ti bout tan li viv la ki se jis kèk semèn rive kat mwa, kontribisyon yon senp abèy pote nan ‘ruche’ li se apenn yon douzyèm kiyè siwo myèl.

Byenke sa parèt ensiyifyan lè nou konpare l ak total la, chak en douzyèm kiyè siwo myèl yon abèy pote a enpòtan anpil pou lavi elvaj myèl la. Myèl yo depann youn sou lòt. Travay ki t ap akablan pou kèlke myèl fè a vin pi lejè paske tout myèl yo fidèlman fè pati pa yo a.

Myèl te toujou yon senbòl enpòtan nan istwa Legliz nou an. Nou aprann nan Liv Mòmou an ke Jaredit yo te pote gouf myèl avèk yo (gade Etè 2:3) lè yo te vwayaje ale an Amerik la sa gen demilye ane a. Brigham Young te chwazi abèy kòm senbòl pou l te ankouraje ak enspire enèji kooperatif pyonye yo te bezwen an pou te transfòme vas dezè sèch la ki te antoure Gran Lak Sale a fè l vin tounen vale fètil nou genyen jodia. Se noumenm ki benefisyè vizyon ak endistri kolektif yo a.

Nou jwenn senbòl abèy la andedan ak andeyò anpil nan tanp nou yo. Podyòm sa a kote m kanpe a fèt avèk planch ki soti nan yon pye nwaye ki te grandi nan lakou kay Prezidan Gordon B. Hinckley ki dekore avèk foto myèl.

Tout senbòl sa yo temwanye yon sèl bagay: gwo bagay kapab reyalize epi fado aleje avèk efò anpil moun ki “gen bon dezi pou angaje nan bon koz” (D&A 58:27). Imajine sa dè milyon Sen Dènye Jou ta ka akonpli nan mond lan si nou ta fonksyone tankou yon gouf myèl nan angajmen nou konsantre sou ansèyman Senyè Jezikri yo.

Sovè a te ansenye ke premye ak pi gwo kòmandman an se:

“Se pou ou renmen Mèt la, Bondye, ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou. . .

“Men dezyèm kòmandman an ki gen menm enpòtans ak premye a: se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.

“De kòmandman sa yo, se yo ki fondasyon tou sa ki nan lalwa a ak tou sa pwofèt yo montre” (Matye 22:37, 39–40).

Pawòl Sovè a di yo senp—men siyifikasyon yo pwofon e ekstrèmeman siyifikan. Nou dwe renmen Bondye epi renmen ak pran swen pwochen nou menmjan ak tèt pa nou. Imajine ki byen nou kapab fè nan mond lan si nou tout mete ansanm, ini antanke disip Kris la, ak bon dezi epi deside pou reponn a bezwen lòt moun ak sèvi moun ki bò kote nou—fanmi nou, zanmi nou, pwochen nou, vwazen nou.

Jan lèt Jak la note a, sèvis se vrè definisyon yon relijyon ki san tach (gade Jak 1:27).

Nou li konsènan sèvis manm yo nan Legliz la ap bay atravè mond lan e espesyalman sèvis imanité yo bay nan tan kriz—tankou dife, inondasyon, tranblemanntè, siklòn. Repons ijans endispansab e trè apresye sa yo dwe sètènman kontinye kòm yon fason pou nou youn pote fado lòt. Men e konsènan lavi nou chak jou? Kisa k t ap efè konbine dèmilyon ti zak konpasyon ki akonpli chak jou akòz lanmou kretyen sensè nou genyen pou lòt moun? Avèk letan sa t ap vin gen yon efè transfòmman sou tout pitit Papa nou ki nan Syèl la pa mwayen lanmou Li l lonje bayo atravè noumenm. Mond twouble nou an bezwen lanmou Kris la jodia plis pase tout lè, e l ap bezwen sa pi plis ankò nan ane k ap vini yo.

Senp aksyon sèvis chak jou sa yo gen dwa pa parèt anpil an yo menm, men, lè nou konsidere yo kolektivman, yo vin egzaktman tankou yon douzyèm kiyè siwo myèl la yon sèl myèl kontribiye nan ruche la. Gen pouvwa nan lanmou nou pou Bondye ak pou pitit li yo, epi lè lanmou sa a reyèlman manifeste nan dèmilyon zak bonte kretyen, l ap adousi ak nourri mond lan avèk siwomyèl lafwa, lesperans, ak charite ki soutni lavi.

Kisa nou bezwen fè pou nou vin tankou myèl devwe sa yo epi fè devouman sa a vin fè pati vrè nati nou? Anpil nan noumenm fidèlman ale nan reyinyon Legliz yo. Nou travay di nan apèl nou e espesyalman jou Dimanch. Mwen felisite nou pou sa. Men èske lespri nou avèk kè nou gen bon dezi pou angaje nan bon koz pandan rès semèn nan? Èske nou jis aji otomatikman, oubyen èske nou reyèlman konvèti nan levanjil Jezikri a? Nan ki fason nou kapab pran semans lafwa a ki t ap nourri nan lespri nou an pou nou plante li pwofondeman nan tè fètil nanm nou? Kijan nou gen gwo chanjman nan kè sa a Alma di ki esansyèl pou bonè ak lapè etènèl nou an? (gade Alma 5:12–21).

Sonje, siwomyèl gen tout sibstans ki nesèsè pou soutni lavi mòtèl. E doktrin ak levanjil Kris la se sèl mwayen pou nou jwenn lavi etènèl. Se sèlman lè temwanyaj nou grandi depase sa ki nan lespri nou epi vin ankre byen fon nan kè nou ke motivasyon nou pou nou renmen ak sèvi a ap vin menmjan ak pa Sovè a. Se lè sa a, e sèlman lè sa a, n ap vin disp Kris pwofondeman konvèti ki

gen resevwa pouvwa nan men Lespri a pou touche kè pwochen nou yo.

Lè kè nou pa chita sou bagay ki nan mond sa a ankò, nou pa pral espere onè nan men lèzòm ankò, ni pran plezi nan lògèy nou ankò (gade D&A 121:35–37). Men olyesa, nou chèche posede kalite kretyen Jezi te anseye yo:

- Nou gen jantiyès ak dousè ak amou enfayib. (gade D&A 121:41).
- Nou gen bonte, san ipokrizi, epi san riz (gade D&A 121:42).
- Nou santi charite pou tout moun (gade D&A 121:45).
- Vèti gani panse nou san rete (gade D&A 121:45).
- Nou pa gen okenn dispozisyon pou nou fè mal ankò (gade Mozya 5:2).

Sentespri a ap tounen konpanyon nou tout tan epi doktrin prèttriz la ap koule nan nanm nou tankou lawouze ki soti nan syèl la (gade D&A 121:45–46).

Kounyeya, frè m ak sè m yo, mwen pap ankouraje eksè nan relijyon ni fanatik. Tout okontrè! M ap senpleman sigjere pou nou pran pwochen etap lojik la nan konvèsyon total nou nan levanjil Kris la kote n ap asimile doktrin ni an byen fon nan kè nou ak nanm nou pou nou ka aji ak viv konstaman sa nou di nou kwè a avèk entegrite.

Entegrite sa a senplifye lavi nou e li ogmante sansiblite nou nan Lespri ak bezwen lòt yo. Li pote lajwa nan lavi nou ak lapè nan nanm nou—kalite lajwa ak lapè nou resevwa lè nou repanti pou peche nou yo epi swiv Sovè a nan respekte kòmandman L yo.

Kijan nou kapab fè chanjman sa a? Kijan nou ka ankre lanmou Kris sa a andedan kè nou? Gen yon senp pratik chak jou ki kapab fè yon diferans pou chak manm nan Legliz la, enkli noumenm tigason yo ak tifi yo, noumenm jènjan yo ak jènfi yo, noumenm jèn adilt yo ak noumenm papa ak manman.

Pratik senp sa a se: nan priyè maten nou chak nouvo jou nou genyen, mande Papa nou ki nan Syèl la pou gide nou pou nou rekonèt yon opòtinite pou nou sèvi youn nan pitit presye L yo. Epi apres, kontinye jounen an avèk kè nou ranpli ak lafwa ak lanmou, pandan n ap cheche yon moun pou nou ede. Rete konsantre sou sa, menmjan abèy yo konsantre sou flè yo pou yo ranmase siwo ak polèn nan. Si nou fè sa, sensibilite espiyityèl nou yo ap elaji, e n ap dekouvri opòtinite pou sèvi ke nou pa t janm reyalize ki te posib oparavan.

Prezidan Thomas S. Monson te ansenye ke nan anpil okazyon Papa nou ki nan Syèl la reponn priyè yon lòt moun atravè noumenm—atravè oumenm ak mwennmenm—atravè pawòl ak aksyon janti nou, atravè senp zak sèvis ak lanmou nou yo.

Epi Prezidan Spencer W. Kimball te di” Bondye wè nou, e L ap veye sou nou. Men pi souvan se atravè yon lòt moun Li reponn bezwen nou. Sepoutèt sa, li enpòtan pou nou youn sèvi lòt” (*Enseignements des présidents de l’église: Spencer W. Kimball* [2006], 82).

Mwen konnen si nou fè sa—nan fwaye nou, nan lekòl nou, nan travay nou, ak nan legliz la—Lespri a ap gide nou, e n ap kapab disène moun ki bezwen yon sèvis patikilye ke petèt noumenm sèlman kapab bay. N ap jwenn enspirasyon Lespri a epi n ap gen anpil motivasyon pou nou ede anrichi mond lan avèk lanmou pi Kris la ak levanjil Li a.

Epi sonje, menmjan ak yon douzyèm kiyè siwomyèl abèy la pote nan ruche la, si nou miltipliye efò nou pa dimil, menm milyon efò lapriyè pou pataje lanmou Bondye pou pitit Li yo atravè sèvis kretyen, ap vin gen yon gwo efè byen akimile ki ap pote Limyè Kris la bay mond fènwa sa a. Makonnen ansanm, n ap pote lanmou ak konpasyon pou pwòp fanmi pa nou ak pou moun ki sèl yo, pou pòv yo, moun ki gen kè brize yo, ak pou pitit Papa nou ki nan Syèl la k ap cheche laverite ak lapè yo.

Frè ak sè m yo, mwen priye enbleman pou nan priyè chak jou nou yo, nou mande enspirasyon pou nou jwenn yon moun nou ka rann sèvis siyifikan, enkli sèvis pataje verite levanjil yo ak temwayaj nou. Nan fen chak jou, se pou nou kapab reponn wi pou kesyon sa yo: “Èske m fè yon bon bagay nan mond lan jodia? Èske m te ede yon moun ki nan bezwen?” (*Hymns*, no. 223).

Sa a se travay Bondye. Pou nou fè li osi fidèlman ke ti abèy devwe yo fè pa yo a, mwen priye enbleman nan non Jezikri, amèn.

“Vin jwenn mwen, O ou menm Kay Israèl la”

Pa Èldè Larry Echo Hawk

Nan Swasanndis yo

Si nou vin jwenn Sovè nou an, Jezikri, e pirifye kè nou, nou tout ap vin tounen enstriman nan akonpli pwomès puisan Liv Mòmmon yo.

Mwen te sèvi kòm volontè nan Lame Amerikèn nan pandan Lagè Vyetnam nan. Toutsuit apre m te rive Quantico, an Virginie, pou fòmasyon mwen, m te twouve m kanpe devan kabann mwen nan kazèn nan ansanm avèk 54 lòt sòlda Kò Marin nan. Mwen te rankontre sèjan enstriktè m nan, yon ansyen veteran tòf, lè l te louvri pòt kazèn nan ak pye li pou l te antre pandan ke byen fò li t ap di pawòl obsèn.

Aprè entwodiksyon terifyan sa a, li te kòmanse nan youn nan pwent kazèn nan e l te konfwonte chak rekri avèk kesyon. San eksepsyon, sèjan enstriktè a te metodikman jwenn yon bagay sou chak rekri pou l te ridikilize byen fò, nan yon langaj vilgè. Li te avanse nan ranje a, avèk chak sòlda ap di byen fò, jan l te kòmande pou yo te reponn ni: “Wi” oswa “Non, Sèjan enstriktè.” Mwen pa t ka egzakteman wè sa l t ap fè, paske yo te òdone nou pou nou kanpe avèk je nou fikse tou dwat. Lè sete tou pa m, mwen te santi ke l te rale valiz mwen an epi vide tout sa k te ladan yo sou kabann dèyèm nan. Li te fouye yo, epi apres a li te mache dwat vin nan figi mwen. M te prepare m pou atak li. Li te gen Liv Mòmmon m nan nan men li. Mwen te atann pou l te rele sou mwen; men, olyesa, li te avanse pi pre m epi l te di: “Èske ou se Mòmmon?”

Jan yo te kòmande m nan, mwen te reponn byen fò: “Wi, Sèjan Enstriktè.”

Ankò, m te atann ke bagay t ap vin pi mal. Men, li te fè yon ti poz, epi li te leve men ki te kenbe Liv Mòmòn an epi, nan yon vwa dousman, li te di: “Èske w kwè nan liv sa a?”

Ankò mwen di reponn byen fò “Wi, Sèjan Enstriktè.”

Rive nan pwen sa a m te si l ta pral rele byen fò pou di vye pawòl sou Mòmòn yo ak sou Liv Mòmòn an, men li te ret kanpe an silans. Apre yon timoman, li te mache retounen nan valiz mwen an epi tou dousman li te depoze Liv Mòmòn an. Epi apresya, li te mache pase devan m san rete e l te kontinye moke ak ridikilize tout rès rekri yo nan langaj trè vilgè.

Mwen souvan ap mande m poukisa Sèjan Marin tòf sa a te epaye m nan jou sa a. Men mwen rekonesan dèske m te kapab di san ezitasyon “Wi, m se yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo” e “Wi, mwen konnen Liv Mòmòn an vrè.” Temwayaj sa a se yon kado presye m te resvwa palentèmedyè Sentespri a avèk èd de misyonè ak yon konseye kowòm prèt yo.

Lè m te gen 14 an, de misyonè, Lee Pearson ak Boyd Camphuysen, te anseye fanmi m levanjil retabli Jezikri a, e m te batize. Dezan apre konseye kowòm prèt yo, Richard Boren, te ban m tach pou m te li Liv Mòmòn an. Mwen te aksepte defi a, e m te li omwen 10 paj chak swa jiskaske m te fini.

Nan paj kòmansman an, m te li ke li se “pou Lamanit yo, ki se yon rès kay Izrayèl la; epi pou Jwif yo ak Janti yo.” Nan entwodiksyon Liv Mòmòn an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri, yo di ke Lamanit yo “se zansèt prensipal Endyen Amerik yo.” Lè m ap li Liv Mòmòn an, pou mwen se kòm si li se osijè zansèt Endyen Ameriken m yo. Li rakonte istwa yon pèp, yon pati ke yo te dekri nan apre kòm “Lamanit,” ki te imigre soti Jerizalèm pou ale nan yon “tè pwomiz” (1 Nefi 2:20) apeprè 600 an b.c anvan Jezikri. Li se yon resi sou rapò Bondye avèk ansyen moun sa yo ki te abite yon kote nan kontinan Ameriken an. Ladan nou jwenn yon resi sou ministè Jezikri pami yo apre Rezirèksyon L la. Kèk pasaj nan Liv Mòmòn an sigjere ke yo te fini pa dispèse sou tout kontinan Ameriken an ak nan zile alantou yo (gade Alma 63:9–10). Pwofèt yo te predi yo ke plizyè miltitud Janti t ap finalman vini nan tè pwomiz la, epi kòlè Bondye t ap sou Lamanit yo, e yo t ap chase, frape, e prèske detwi yo (gade 1 Nefi 13:10–14).

Gran gran papa m, Echo Hawk, yon Endyen Pawnee, te fèt nan mitan ane 1800 yo nan sa ki rele Nebraska kounyeya. Lè l te gen 19 an, yo te fòse pèp Pawnee a remèt 9.3 milyon ekta tè yo te genyen an pou yo te fè kay pou kolonizatè yo. An 1874, pèp Pawnee a te mache sou plizyè santèn kilomèt nan Sid pou ale nan yon ti rezèv ki loje nan Teritwa Endyen Oklama a. Popilasyon pèp Pawnee a te bese soti nan plis pase 12.000 pou rive nan 700 lè yo te rive Oklahoma. Tribi Pawnee a, menmjan ak lòt tribi, te chase, frape, e prèske detwi.

Liv Mòmmon an gen yon mesaj espesyal pou desandan Lamanit yo, yon rès Kay Izrayèl la. Nefi te pale de mesaj sa a lè l t ap entèprete vizyon papa l la nan dènnye jou sa yo: “Epi jou sa a, rès desandan nou yo pral konnen yo fè pati kay Izrayèl la, e yo se pèp alyans Senyè a; e lè sa a yo pral konnen e yo pral vin gen konesans konsènan zansèt yo, ak konsènan levanjil Redanmtè yo a te bay papa yo a. Se poutèt sa, y ap vin gen konesans konsènan Redanmtè yo a ak pwèn egzat ki nan doktrin li a, pou yo konnen kouman pou yo vin jwenn ni, pou yo kapab sove” (1 Nefi 15:14).

Liv Mòmmon an se ekriti sakre. Li gen plenitid levanjil etènèl la ladan. Pwofèt Joseph Smith te ekri bagay sa a: “Liv Mòmmon an [se] liv ki pi kòrèk pase tout lòt liv sou tè a, e li se fondman relijyon nou an, e si yon moun suiv presèp liv la, l ap vin pi pre Bondye pase si l suiv presèp nenpòt lòt liv” (*Enseignements des Présidents de l’église: Joseph Smith* [2007], 64). Se poutèt sa, li se yon mesaj pou tout moun nan mond lan.

Antanke yon jèn tigason 17 an ki t ap li Liv Mòmmon an pou lapremyè fwa, mwen te konsantre sou pwomès Mowoni an: “Epi lè nou resevwa bagay sa yo, m vle egzòte nou pou nou mande Bondye, Papa Etènèl la, nan non Kris la, si bagay sa yo se pa verite; e si nou mande avèk yon kè sensè, avèk yon entansyon reyèl, si nou gen lafwa nan Kris la, l ap montre nou se verite, avèk pouvwa Sentespri a” (Mowoni 10:4).

Lè m te mete m ajenou nan lapriyè, mwen te resevwa yon temwayaj espiritiyèl pisan ke Liv Mòmmon an se verite. Temwayaj sa a te ede m pandan tout lavi mwen.

M ap egzòte tout moun pou yo li Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri.

Mwen espesyalman mande rès Kay Izrayèl la, desandan pèp Liv Mòmon an, kèlkeswa kote nou ka ye, pou nou li e reli Liv Mòmon an. Aprann pwomès ki nan Liv Mòmon an. Suiv ansèyman ak egzanp Jezikri yo. Fè alyans avèk Senyè a epi kenbe yo. Chèche gidans Sentespri a epi suiv gidans sa a.

M ap fini avèk pawòl Amaleki, yon lòt pwofèt nan Liv Mòmon an: “Kounyeya, frè byeneme m yo, m vle pou nou ta vin jwenn Kris la, ki se Sen Izrayèl la, pou nou patisipe nan sali l ap bay la, ak pouvwa redanmsyon l la. Wi, vin jwenn ni, e ofri tout nanm nou kòm ofrann ba li, e kontinye avèk jèn, avèk lapriyè, e pèsevere jiska lafen; e menm jan Senyè a vivan an, l ap sove nou” (Omni 1:26).

Si nou vin jwenn Sovè nou an, Jezikri, epi nou pirifye kè nou, nou tout ap vin enstriman nan akonpli pwomès puisan Liv Mòmon yo. Konsènan sa mwen temwaye nan non sakre Jezikri, amèn.

Kisa yon nonm kapab bay an echanj nanm ni?

Pa eldè Robert C. Gay

Nan Swasanndis yo

Nou dwe abandone tout peche nou yo, piti kou gwo, pou n jwenn rekonpans lavi etènèl Papa a.

Sovè a te poze disip li yo kesyon sa a yon fwa: “Kisa yon nonm ka bay en echanj nanm ni?”¹

Sa a se kesyon papa m te byen anseye m pou m te konsidere sa gen dèzane. Lè m t ap grandi, paran m te konn ban m tach nan kay la epi yo te toujou peye m yon ti kòb pou travay sa a. Mwen te konn itilize lajan sa a, yon ti jan plis pase 50 santim pa semèn, pou ale nan sinema. Nan epòk sa a, yon fim te koute 25 kòb pou yon timoun onzan. Sa te kite m ak 25 kòb pou m te depanse nan sirèt, ki te koute 5 kòb chak. Yon fim avèk senk sirèt! Sa pa ta ka pi byen pase sa.

Tout bagay te anfòm jiskaske m te vin gen douzan. Pandan m te kanpe nan liy nan yon aprèmidi, mwen te reyalize ke pri fim yo pou yon timoun 12 an sete 35 kòb, e sa te vle di m t ap gen de sirèt an mwens. M pa t ko prepare pou fè sakrifis sa a, mwen te di tèt mwen: “Ou parèt menm jan w te ye semèn pase a.” Epi mwen te avanse e m te mande yon biyè 25 kòb. Vandè a pa t di anyen e m te achte senk sirèt m te abitye achte yo olye de twa.

Kontan pou akonplisman m nan, mwen te kouri al lakay mwen apresya pou m te di papa m gwo kou m te reyalize. Pandan m t ap rakonte l tout detay yo, li pa t di anyen. Lè m te fini, li te senpleman gade m epi l te di: “Pitit gason m, èske w ap vann nanm ou pou yon santim?” Pawòl li yo te pèse nanm 12 an m nan. Sa se yon leson m pap janm bliye.

Dèzane apre m te twouve m ap poze yon detantè Prètriz Mèlkisedèk inaktif menm kesyon an. Li sete yon bon gason ki t ap viv avèk fanmi li. Men, li pa t al legliz depi anpil tan. Li te gen yon pitit gason plen talan ki te jwe nan yon gwo ekip espò k t ap vwayaje tout tan ki te konn jwe lè Dimanch. Ekip sa a te ranpòte plizyè gwo chanpyona. Lè nou te rankontre, mwen te raple li ke antanke yon detantè Prètriz Mèlkisedèk, li te pwomèt ke si li respekte sèman ak alyans prètriz li a, li t ap resevwa “tout sa Papa a genyen.”² Epi apres a mwen te mande li: “Èske yon chanpyon nasyonal vo plis pase tout sa Papa a genyen?” Li te reponn jantiman: “Mwen wè kisa w vle di” e li te pran randevou pou l t al wè evèk li.

Jodia li si fasil pou nou kite nou akapare pa bri mond lan—malgre bon entansyon nou. Mond lan ap ba nou presyon pou n “gade pi lwen liy nan.”³ Sa pa gen lontan yon moun te mande m: “Èske yon vè alkòl se reyèlman yon pwoblèm?” Èske nou pa ka wè sa se kesyon advèsè a? Kayen te mande: “Kiyès ki Senyè a pou m ta konnen l?”⁴ epi apres a li te pèdi nanm ni. Lè nou ke peche sa a se yon ti peche, pou jistifye tèt nou, Satan triyonfe. Pou yon boutèy lèt,⁵ yon non mal eple,⁶ yon bouyon pwa,⁷ moun konn twoke dwa nesans yo ak eritaj yo.

Lè nou konsidere ti echanj ak gwo echanj nou jwenn tantasyon pou n fè nan lavi nou yo, nou ka oubyen jistifye aksyon nou yo, tankou Kayen, oubyen eseye soumèt nou anba volonte Bondye. Kesyon ki devan nou se pa mande si nou ap fè bagay ki bezwen koreksyon, paske nou toujou ap fè yo. Men, kesyon an se: èske n ap “obeyi” oubyen “fini” tach la Papa a mande nou an?⁸

Senyè a renmen fidelite nou men li mande nou pou nou kontinye repanti ak soumèt nou. Nan Bib la nou li ke sete yon jenòm rich ki t ap obeyi kòmandman yo k te ajenou devan Sovè a pou te mande l kisa l te bezwen fè pou l te ka gen lavi etènèl la. Li te vire ale tou chagren lè Sovè a t di: “Yon sèl bagay ou manke; . . . vann tou sa ou genyen.”⁹

Men, te gen yon lòt mesye mond lan ki te rich, wa anchèf Lamanit yo, papa Lamoni, ki te poze menm kesyon an tou sou lavi etènèl, kote l te di: “Kisa m dwe fè pou m nadenouvo nan Bondye, pou m derasinen lespri mechan sa a nan lestomak

mwen, pou m resevwa Lespri l? . . . M ap bay tout sa m genyen; wi m ap kite wayòm mwen an pou m kapab gen lajwa sa a.”¹⁰

Èske nou sonje repons Senyè a te bay wa a pa bouch sèvitè Li Aawon? “Si w repanti nan tout peche w yo, e si w vle bese devan Bondye, epi ou rele non li ak lafwa, si w kwè w kapab resevwa, lè sa a, w ap resevwa esperans ou vle genyen an.”¹¹

Lè wa a te konprann sakrifis yo te mande l la, li te bese tèt li epi li te pwostène atè epi li te priye: “O Bondye, . . . M ap kite tou peche m pou m kapab konnen ou.”¹²

Sa se echanj Sovè a mande nou pou n fè a: pou nou abandone tout peche nou yo, piti ak gwo, pou rekonpans lavi etènèl Papa a. Nou dwe bliye istwa, eskiz, eksplikasyon, defans, neglijan, aparans, ògèy pèsònèl, pote jijman, k ap fè nou jistifye tèt nou yo, ak fè bagay yo nan fason pa nou an. Nou dwe depouye tèt nou de tout bagay monden epi pran imaj Bondye sou figi nou.¹³

Frè m ak sè m yo, sonje chay sa a se plis pase jis pa fè move bagay. Paske nou anba yon enmi ki aktif, nou menm tou nou dwe aji e pa chita “sou twòn nou.”¹⁴ Mete imaj Bondye sou figi nou vledi pou youn sèvi lòt. Gen peche komisyon ak peche omisyon e nou dwe evite toulède.

Pandan m t ap sèvi kòm prezidan misyon an Afrik, mwen te aprann gwo verite sa a pou jamè. Mwen te nan wout pou m t ale nan yon reyinyon lè m te wè yon jèn tigason poukont li, k ap kriye byen fò bò wout la. Yon vwa andedan m te di m: “Kanpe pou w ede tigason sa a.” Osi vit ke m te tande vwa a, nan yon segond, mwen te jistifye tèt mwen “Ou pa ka kanpe. W ap anreta. Se ou menm ki pral fè reyinyon an e ou pa ka anreta.”

Lè m te rive nan chapèl la, mwen te tande menm vwa a ankò: “Al ede tigason an.” Lè sa a m te remèt yon manm Legliz la ki te rele Afasi kle machin nan epi m te mande l pou l te mennen tigason an ban mwen. 20 minit apresa, mwen te santi yon ti tap sou zepòl mwen. Tigason an te deyò a.

Li te gen apeprè 10 an. Nou te aprann ke papa l te mouri e manman l te nan prizon. Li t ap viv nan bidonvil Accra yo avèk yon moun, ki te ba l manje ak yon kote pou l dòmi. Pou l te peye pou sa, li te vann pwason seche nan lari a. Men apre l te fin vann pou jou sa a, lè l te foure men nan pòch li, li te jwenn yon twou ladan. Li te pèdi tout tikòb li te fè a. Afasi avèk mwen te

imedyatman konnen ke si l te retounen san lajan an, yo t ap di l ap bay manti, yo t ap menm bat li, epi apres mete l deyò. Sete nan moman detrès sa a mwen te wè li premye fwa a. Nou te kalme li, nou te ranplase lajan an pou li, epi nou te mennen l retounen al lakay moun ki te ba l lojman an.

Pandan m t ap retounen lakay mwen jou swa a a, mwen te reyalize de gwo verite. Premyèman, mwen te vin konnen, jan m pa t janm konnen anvan sa, ke Bondye sousye pou nou chak e li pa janm bliye nou; e dezyèmman, nou dwe koute vwa Lespri a ki andedan nou an epi mache “dwat”¹⁵, kèlkeswa kote sa mennen nou, kèlkeswa krent nou oswa nenpòt enkonvenyan.

Yon jou aprèmidi disip yo te mande Sovè a kiyès ki te pi gran nan wayòm syèl la. Li te di yo pou yo te konvèti, vin enb, soumi tankou timoun piti. Apresa li te di: “Pitit Gason Lòm nan vini pou sove moun ki pèdi.”¹⁶ Avèk sèl fraz sa a, li te defini misyon nou. Nou dwe chèche—sa ki pèdi a, sa yo rele dènnye a, ak sa yo konsidere kòm mwen enpòtan an. Li pa sifi pou n evite peche, nou dwe “soufri kwa li a”¹⁷ epi aktivman angaje,¹⁸ ede lòt moun vin konvèti tou. Avèk konpasyon ak lanmou, nou anbrase pitit fi pwodig la,¹⁹ reponn kri òfelen k ap kriye a, apèl moun ki nan tenèb ak dezespwa yo,²⁰ ak apèl detrès yon fanmi ki nan bezwen. Èldè Neal A. Maxwell te di: “Satan pa bezwen fè okenn moun vin tankou Kayen oswa Jida, . . . Li sèlman bezwen fè moun ki kapab yo . . . wè tèt yon tankou moun ki pa apatni a okenn kote.”²¹

Aprè yon konferans pye, yon adolesan te pwoche bò kote m epi l te mande: “Èske Bondye renmen mwen?” Se pou lavi sèvis nou toujou montre ke Bondye pa bliye okenn moun.

Pou kesyon “Kisa yon moun ap bay an echanj nanm ni an?” Satan ta renmen pou nou vann lavi nou pou sirèt ak chanpyona mond sa a. Men, Sovè a rele nou, san pri, pou chanje peche nou yo, pou pran imaj li nan figi nou, epi ede moun nou kapab enfliyanse yo pou yo fè sa tou. Pou bagay sa a nou gen dwa resevwa tout sa Bondye genyen, ke yo di nou ki pi gwo pase tout trezò tè sa a annantye.²² Èske nou ka imajine sa?

Nan yon vwayaj m sot fè Nicaragua, mwen te wè yon plak lakay yon fanmi modès nou t al vizite. Li di: “Temwayaj mwen se byen ki pi presye m genyen.” Se konsa sa ye pou mwen. Temwayaj mwen se trezò nanm mwen, e nan entegrite kè m, m

ap kite nou avèk temwayaj mwen ke Legliz sa a se vrè Legliz Bondye a, Sovè nou an kanpe nan tèl li e li dirije l palentèmedyè pwofèt li chwazi a. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Matye 16:26.
2. Doktrin ak Alyans 84:38.
3. Jakòb 4:14.
4. Moyiz 5:16.
5. Yon boutèy lèt ak krèm ni (bon jan krèm) te lakoz diskisyon ant madanm Thomas B. Marsh ak madan Harris, ki te pran desizyon pou yo te mete resous yo ansanm pou yo te fè fwomaj. Lè Madan Harris te wè ke Madan Marsh pa t mete tout krèm nan men li te kenbe enpe pou tèt li, Madan Harris te plenyen, e medàm yo te fè diskisyon. Thomas Marsh te mennen bagay la devan evèk la, ki te dakò avèk Madan Harris. Li te soti kot evèk la pou al devan Gran Konsèy Premye Prezidans lan, you tout te dakò ke Madan Marsh pa t gen rezon. Sa te mennen yon gwo vid ant Thomas Marsh ak Frè yo. Byen vit apres, Thomas Marsh te temwaye devan yon majistra nan Missouri ke Mòmmon yo te ostil anvè eta Missouri a. (Gade George A. Smith, "Discourse," *Deseret News*, Apr. 16, 1856, 44.)
6. Lè Pwofèt Joseph Smith te aple Simonds Ryder pou l te sèvi yon misyon, Ryder te dekouvri ke yo te eple non li "Rider" nan revelasyon enprime a. Li te vin ofanse, epi sa te mennen l nan apostazi e li te finalman patisipe nan vide goudwon ak plim poul sou pwofèt la. Ryder pa t konnen ke Joseph Smith te abityèlmandikte sekretè l revelasyon yo e li pa t gen anyen pou wè nan eple non an. (Gade Milton V. Backman Jr., *The Heavens Resound: A History of the Latter-day Saints in Ohio, 1830–1838* [1983], 93–94; Donald Q. Cannon and Lyndon W. Cook, eds., *Far West Record: Minutes of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints, 1830–1844* [1983], 286.)
7. Nan Jenèz 25 nou aprann ke Esau te vann Jakòb dwa nesans li pou "pen ak bouyon pwa" (vèsè 34).
8. Gade Doktrin ak Alyans 19:18–19.
9. Gade Mak 10:21–22.
10. Alma 22:15.
11. Alma 22:16.
12. Alma 22:18.
13. Gade Alma 5:14–19.
14. Alma 60:7.
15. Mak 1:18.
16. Matye 18:11.
17. Jakòb 1:8.
18. Doktrin ak Alyans 58:27.
19. Gade Lik 15:11–32.
20. Gade Joseph Smith—History 1:15–16.
21. Neal A. Maxwell, *Deposition of a Disciple* (1976), 88.
22. Gade Doktrin ak Alyans 19:38.

Prensip tanp yo

Pa Èldè Scott D. Whiting

Nan Swasanndis yo

Prensip elve Legliz sa a anplwaye pou bati tanp yo se yon tip e menm yon senbòl fason nou ta dwe viv pwòp lavi pa nou.

Resamman pandan m tap vizite Tanp Brigham City nan Utah a, m te raple m yon eksperyans m te fè lè m t ap sèvi kòm koòdinatè pou pòt ouvèt, rekonsekrasyon ak selebrasyon kiltirèl Tanp istorik ki nan Laie an Hawaii a.

Kèk mwa anvan pakèt travay renovasyon sa a te fini, m te resevwa envitasyon pou m vizite tanp la avèk Èldè William R. Walker ki sete Direktè Ekzekitif Depatman Tanp la, ansanm avèk asosye li yo nan Depatman Tanp la. Anpil manm nan konpayi ki t ap konstwi tanp lan te la tou. Yon pati nan objektif vizit la sete pou verifiye pwogrè ak kalite travay ki tap fèt la. Lè nou te fè vizit la, 85 pousan nan travay la te fin fèt.

Pandan nou t ap mache nan tanp la, m t ap gade epi m t ap koute Èldè Walker avèk asosye l yo ki t ap enspekte travay la epi ki t ap pale avèk kontraktè jeneral la. Tanzantan, m te wè yonn nan mesye yo pase men l sou mi yo pandan nou t ap mache sot nan yon sal al nan yon lòt. Plizyè fwa apre l te fin fè sa, li te fwote dwèt li ansanm epi apres a li te pwoche bò kot kontraktè a epi l te di: “M santi miray sa a graje. Miray graje pa bon pou tanp. Ou bezwen sable miray la ankò pou rafine mi an.” Kontraktè a te pran nòt pou chak obsèvasyon.

Lè nou te pwoche nan yon zòn nan tanp la ki p at kote anpil moun t ap gen pou wè, menm mesye sa a te fè nou kanpe epi l te attire atansyon nou sou yon bèl fenèt vitre ki te fèk enstale. Fenèt sa a te mezire anviwon (0.6 m) lajè pa sis pye (1.8 m) wotè epi li te gen yon bèl vit avèk desen jeyometrik an koulè. Li te pwente

dwèt li sou yon ti vit (5 sm) kare ki te gen desen kolore k te fè pati modèl senp la epi l te di: “Kare sa kwochi.” M te gade kare a epi nan je pa m, li sanble l te dwat. Sepandan, lè m te enspekte l pi pre avèk yon aparèy pou mezirè nan men m, m te remake te gen yon ti defo epi ti kare sa a te reyèlman kwochi, pou (3 mm). Kontraktè a te resevwa lòd pou l te ranplase fenèt la paske fenèt la pat ase bon pou tanp la.

Mwen admèt k m te etone dèske yon fenèt antye ta dwe ranplase akòz yon ti defo piti konsa, ke moun pat ap menm wè. Reyèlman, li pa t pwobab ke gen moun ki t ap janm konnen ni janm remake fenèt sa a ki te nan yon kwen kache nan tanp la.

Pandan m tap kondi sòt nan tanp la al lakay mwen, m te reflechi sou sa m te aprann nan eksperyans sa a—oubyen sa m panse m te aprann. Se te jis plizyè semèn apre, lè m te resevwa envitasyon pou m vizite tanp la ki te fini kounyeya, ke konpreyansyon m te klarifye sou eksperyans m te fè anvan an.

Lè m te antre nan Tanp Laie nan Hawaii a ki te fin repare a, m te sezi wè jan kalite travay la te bèl. Ou kapab konprann sa ki te nan panse m pandan m tap pwoche bò kote mi ki te graje yo ak fenèt ki te ken fot la. Èske kontraktè a te resable mi yo ak repoli yo? Èske l te reyèlman ranplase fenèt la? Lè m te apwoche bò kote mi ki te graje yo, m te etone wè bèl papyè desine ki te kouvri yo kounyeya. Premye panse m sete “bon, se fason sa a kontraktè a te rezoud pwoblèm mi graje a—li te kouvri li.” Men non, mwen te aprann ke sete toujou plan an pou te mete papyè a sou mi sa yo. Mwen t ap mande m ki enpòtans ti graje moun t ap apèn remake a te genyen si l ta pral kouvri anba bèl papyè desine. Apre sa, m te pwoche bò kot fenèt ki te gen ti defo a epi m te etone lè m wè yon bèl plant nan yon po ki te soti atè rive jis nan plafon an, ki te plase dirèkteman devan fenèt la. Fwa sa a ankò m te di tèt mwen, “Se konsa kontraktè a te rezoud pwoblèm ti kare vit ki te kwochi a—li kache l deyè yon plant.” Lè m te avanse pi pre, m te pouse fèy plant yo sou kote, epi m te souri lè m te wè yo te ranplase fenèt la. Ti fenèt kare ki te kwochi a te kanpe byen dwat kounyeya. M te aprann sa te toujou fè pati plan dekorasyon tanp la pou yo te mete yon plant devan fenèt sa a.

Poukisa mi avèk ti graj la ak fenèt ki te kwochi tou piti a te egzije pakèt efò sa yo e yo te menm ranplase yo pandan ke kèk

grenn moun sèlman ki t ap touche oubyen wè yo pa t janm konnen? Poukisa yo te egzije tout etikèt sa a nan men kontraktè a?

Lè m te sòti nan tanp la avèk panse sa a, m te jwenn repons la pandan m t ap gade travay ki te fèt deyò tanp la epi m te wè pawòl sa yo: "Sentete pou Senyè a. Kay Senyè a."

Tanp yo nan Legliz sa a se prezizeman sa yo pwoklame yo ye a. Bilding sakre sa yo bati pou nou itilize yo, epi andedan yo yo nou fè òdonans sakre pou sove moun yo. Men, pa dwe gen okenn dout konsènan mèt kay sa yo. Lè nou ekzije règleman elve pou konstriksyon yo jis nan detay ki pi piti yo, nou non sèlman montre lanmou nou ak respè nou pou Senyè a, Jezikri, men nou montre tout obsevatè yo tou ke nou onore e adore mèt kay la.

Nan revelasyon Pwofèt Joseph Smith te resevwa pou l te bati tanp Novou, Senyè a te ba l enstriksyon:

"Vini avèk tout lò nou yo, ak lajan nou yo, ak bijou chè nou yo, epi ak tout bagay antic nou yo . . . epi pote tout bagay chè nou genyen sou tè a;

". . .Epi, bati yon kay nan non mwen, pou Bondye Ki Pi Wo a abite ladan l."¹

Sa swiv yon modèl Wa Salomon te etabli nan Ansyen Testaman an lè l te itilize pi bon materyo konstriksyon ki te genyen yo pou l bati yon tanp pou Senyè a.² Jodi a nou kontinye swiv menm modèl sa a, avèk moderasyon apwopriye yo, lè n ap bati tanp yo nan Legliz la.

Mwen te aprann ke, menmsi je ak men mòtèl nou gen dwa pa janm wè ni touche yon defo, Senyè a konnen ki kantite efò nou fè epi l konnen si nou fè tout sa nou kapab. Se konsa sa ye pou efò pèsònèl nou pou nou mennen yon lavi ki pou fè nou merite benediksyon tanp yo. Senyè a te konseye:

"Epi toutotan pèp mwen an bati yon kay pou mwen nan non Senyè a, epi yo pa kite onkenn bagay ki pa pwòp vini ladan l, pou sal li, laglwa mwen ap repoze sou li;

Wi, epi prezans mwen ap ladan l, paske map vini ladan l, epi tout moun ki gen kè pi ki vin ladan l ap wè Bondye.

"Men, si l sal m p ap vini ladan l, epi laglwa mwen p ap ladan l; paske m pap vini nan tanp ki pa sen."³

Menm jan ak kontraktè a, lè nou dekouvri bagay nan lavi nou ki pa annakò avèk ansèyman Senyè a bay yo, lè efò nou te mwens pase sa nou ta ka fè, nou dwe prese vit pou nou korije tout sa ki pa kòrèk, pandan n ap rekonèt ke nou pa kapab kache peche nou devan Senyè a. Nou dwe sonje ke “lè nou deside pou nou kouvri peche nou yo, . . . gade, syèl la wete tèt li; [epi] Lespri Senyè a atriste.”⁴

Mwen te aprann tou ke prensip elve Legliz la aplike pou bati tanp yo se yon modèl ak yon senbòl sou fason nou dwe viv pwòp lavi nou. Nou chak ka aplike ansèyman Apot Pòl te bay ansyen manm Legliz yo lè l te di:

“Èske nou pa konnen se tanp Bondye nou ye, epi Lespri Bondye abite nan nou?

“Si yon moun sal tanp Bondye a, Bondye ap detwi li; paske tanp Bondye a sen, epi nou se tanp li.”⁵

Nou chak te fèt avèk materyo ki pi rafine yo, epi nou se rezilta mirakile yon travay divin ekstraòdinè. Sepandan, lè nou depase laj responsablite a epi nou antre nan chan batay peche ak tantasyon an, pwòp tanp pa nou an kapab vin bezwen renovasyon ak travay reparasyon. Petèt, gen miray nan nou menm ki graje epi ki bezwen sable, oubyen gen fenèt nan nanm nou ki bezwen ranplase pou nou kapab kanpe nan kote ki sen. Erezman, prensip elve yo mande nou pou nou respekte a se pa prensip pèfeksyon, malgre ke n ap travay pou sa, men se respekte kòmandman yo epi fè tout sa nou kapab pou nou viv tankou disip Jezikri. Mwen priye pou nou pran rezolisyon pou nou viv yon lavi ki diy pou merite benediksyon tanp yo nan fè tout fè tout efò nou, nan pote amelyorasyon ki nesèsè yo ak elimine tout defo ak enpèfeksyon pou Lespri Bondye kapab toujou abite nan nou. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Doktrin ak Alyans 124:26–27.
2. Gade 1 Wa 6–7.
3. Doktrin ak Alyans 97:15–17.
4. Doktrin ak Alyans 121:37.

5. 1 Korentyen 3:16–17; gade tou vèsè 19.

Eprèv lafwa nou

Pa Èldè Neil L. Andersen

Nan Kolèj Douz Apot yo

Menmjan ak gwo dife ki transfòme fè a fè l tounen asye a, si nou rete fidèl pandan eprèv difisil lafwanouan, n ap espartyèlman rafine ak fòtifye.

Sa gen dizan, madanm mwen, Kathy, avèk mwen t ap viv Sao Paulo, nan Brezil. Prezidan David Marriott t ap prezide sou Misyon Interlagos la nan São Paulo nan Brezil. Li menm ak madanm ni, Neill, ak pitit gason yo, Will, Wesley, ak Trace te viv tou pre nou. Yo te kite lakay yo, biznis yo, ak anpil manm fanmi yo pou yo te reponn apèl pwofèt la pou sèvi yon misyon.

Prezidan Marriott te rele yon jou aprèmidi. Bèl pitit fi 21 an lan, Georgia, ki t ap etidye vyolon nan Inivèsite Indiana a, te frape pa yon kamyon pandan l t ap kondui bisiklèt pou al laky li apre yon reyinyon nan Legliz la. Nan premye rapò a, Georgia te oke. Kèk èdtan apre, kondisyon li te dramatikman anpire.

Manm fanmi yo ak zanmi te kòmanse jene ak priye pou yon mirak fèt pou Georgia. Manman l te vwayaje pandan tout lannuit la soti Brezil. Lè l te rive Indiana nan demen, pi gran pitit li yo te vin rankontre li, epi nan kriye, yo te eksplike ke yo te avèk Georgia lè l te mouri.

Mwen te obsève fanmi Marriott nan epòk yo te viv eksperyans sa a ak nan mwa ak ane k te suiv yo. Yo te kriye, yo te priye, yo te pale de Georgia, yo te santi gwo doulè ak tristès, men lafwa yo pa t febli. Nan sesyon maten an, nou te tande menm kalite lafwa sa a nan bèl lavi fanmi Bowen ak Wilberger.¹

Don lafwa a se yon dotasyon espartyèl inestimab. Jezi te priye: "Lavi etènèl, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a, Jezikri."²

Lafwa nou santre nan Bondye, Papa nou an, ak nan Pitit Gason L la, Jezikri, Sovè nou ak Redanmtè nou. Li fòtifye pa temwayaj nou ke plenitid levanjil la te retabli sou tè a; ke Liv Mòmou an se pawòl Bondye; epi pwofèt yo ak apot yo jodia detni kle prèttriz yo. Nou cheri lafwa nou, nou travay pou fòtifye lafwa nou, nou priye pou ogmante lafwa nou, e nou fè tout sa ki nan pouvwa nou pou nou pwoteje ak defann lafwa nou.

Apot Pyè te idantifye yon bagay li te rele yon “eprèv lafwa nou.”³ Li te fè eksperyans avèk li. Sonje pawòl Jezi yo:

“Simon, . . . Satan mande pouvwa pou l pase ou nan laye, tankou grenn y ap vannen:

“Men mwen lapriyè pou ou, pou lafwa ou pa febli.”⁴

Nan apre Pyè te ankouraje lòt moun yo: “Nou pa bezwen sezi devan gwo eprèv sa yo k ap tonbe sou nou tankou gwo dife a, kòm si yon bagay etranj ap rive nou la a.”⁵

Bi eprèv difisil sa yo se pou rann nou pi fò, men yo gen potansyèl pou diminye oubyen menm detwi lafwa nou nan Pitit Gason Bondye a ak febli rezolisyon nou pou kenbe pwomès nou fè l yo. Eprèv sa yo souvan degize, sa ki rann yo difisil pou idantifye. Yo pran rasin nan feblès nou, nan sansiblite nou, oubyen nan bagay sa yo ki pi konte pou nou yo. Yon tèyèl men ki simontab ppou yon moun gen dwa ekstrèmman difisil pou yon lòt moun.

Kijan nou ka rete “fèm e inebranlab”⁶ lè n ap travèse yon eprèv lafwa? Nou plonje nou nan bagay sa yo menm ki te ede nou bati nwayo lafwa nou an—nou egzèse lafwa nan Kris la, nou priye, nou medite sou ekriti yo, nou repanti, nou respekte kòmandman yo, epi nou sèvi lòt moun.

Lè n ap travèse yon eprèv lafwa—kèlkeswa sa nou fè, nou pa dwe mete distans ant nou menm ak Legliz la! Elwanye nou de wayòm Bondye a pandan yon eprèv lafwa se tankou kite sekirite yon refij byen asire egzaktman lè tanpèt la ap pwoche.

Apot Pòl te di: “Nou pa etranje ankò ni moun deyò, men nou se sitwayen ansanm ak tout sen yo, moun kay Bondye.”⁷ Se nan sen Legliz la, kay Bondye a, nou pwoteje lafwa nou. Nou reyini ansanm avèk lòt moun ki kwè, nou priye e nou jwenn repons pou priyè nou yo, nou adore atravè mizik, nou pataje temwayaj nou sou Sovè a, nou youn sèvi lòt, e nou santi Lespri Senyè a. Nou

pran Sentsèn, nou resevwa benediksyon prèttriz yo e nou ale nan tanp. Senyè a te deklare: “Nan òdonans yo . . . , pouvwa Bondye a manifeste.”⁸ Lè n ap fè fas ak yon tès lafwa—rete ansekirite andedan kay Bondye a. Toujou gen yon plas pou nou nan kote sa a. Okenn eprèv pa si gwo ke nou pa kapab simonte li ansanm.⁹

Prezidan Thomas S. Monson te di: “Konpa moral sosyete a [ap chanje a yon vitès rapid]. Konpòtman . . . yo te konsidere kòm inapwopriye ak imoral otrefwa yo vin kounyeya . . . akseptab pou anpil moun.”¹⁰

Gen anpil adilt sèl nan Legliz la ki depase laj adilt anpil. Byenke yo twouve lavi aktyèl yo byen diferan de sa yo te prevwa, yo kenbe lwa chastete a.¹¹ Sa se kapab yon eprèv lafwa. Mwen eksprime pwofon respè m ak admirasyon m pou disip Kris sa yo.

“Bondye kòmande pou pouvwa sakre pwokreyasyon yo sèvi sèlman ant gason ak fi ki marye legalman.”¹² Nan Nouvo Testaman an Sovè a te bay nivo moral pou disip li yo lè l te deklare: “Si yon moun gade yon fi avèk lanvi, li fè adiltè avè l nan kè li.”¹³ Li te anseye nou pou n pa kondane lòt moun men, pou n pa pè pale yo klèman. Li te di: “Ale, e pa peche ankò.”¹⁴

Fanmi m gen yon zanmi. Ou siman konnen yon moun tankou li, oubyen petèt ou menm jan avèk li. Toujou fidèl, ap sèvi nobleman nan Legliz la, admire pwofesyonèlman, adore pa fanmi li, e byenke l te anvi marye e gen pitit, li rete selibatè. Li di: “M pran desizyon pou m mete . . . konfyans nan Jezikri. Ale nan tanp souvan ede m kenbe yon pèspektiv pi etènèl. Sa raple m ke m pa janm poukont mwen. Mwen gen lafwa . . . ke . . . yo pap refize m okenn benediksyon . . . si m . . . rete fidèl nan alyans mwen yo, enkli lwa chastete a.”¹⁵

Yon lòt zanmi te sèvi yon misyon onorab, ki te suiv pa gwo fòmasyon akademik. Li te espere fonde yon fanmi. Eprèv lafwa li: atirans pou moun menm sèks. Li te ekri m sa pa gen lontan: “Nan benediksyon patriyakal mwen, yo pwomèt mwen ke m ap gen pwòp fanmi pa m yon jou. Kesewa . . . nan lavi sa a oubyen nan lavi apre a, m [pa konnen] [Men sa m konnen sèke mwen pa vle fè anyen k pou konpwomèt benediksyon Bondye pwomèt mwen menm ak posterite m nan. . . . Respekte [lwa chastete a] se yon defi, men èske nou pa t vin sou tè a pou konfwonte pwoblèm e pou montre Bondye lanmou ak respè nou pou li nan respekte

kòmandman l yo? Mwen gen benediksyon pou m an bòn sante, pou m gen levanjil la, yon fanmi ki renmen mwen, ak zanmi lwayal. Mwen rekonesan pou pil benediksyon m resevwa yo.”¹⁶

Mond la pwoteste: “Kijan nou ka fè mande anpil konsa?”

Senyè a reponn:

“Panse pa m se pa panse pa ou, e chemen pa ou se pa chemen pa mwen. . . .

“Menmjan syèl la byen lwen anwo latè a, se konsa panse pa m byen lwen anwo panse pa ou, wout mwen yo pi wo pase pa w yo.”¹⁷

De disip Kris sa yo, ak dèmilye menmjan avèk yo, yo te touche pa pwomès Sovè a: “M ap ba nou kè poze. Mwen pap fè li dapre jan mond lan. Pa kite anyen toumante tèt nou.”¹⁸

Men yon lòt eprèv lafwa. Te toujou gen moun ki vle diskredite Legliz la ak detwi lafwa. Jodia, yo itilize Entènèt.

Gen kèk nan enfòmasyon y ap bay sou Legliz la ki pa vre, kèlkeswa jan yo konvenkan. An 1985, m sonje yon kòlèg mwen ki te mache antre nan biwo m nan Florid. Li te gen atik ki te soti nan jounal *Time* nan ki te rele “Challenging Mormonism’s Roots (Metete rasin mòmonis la an kesyon).” Li te pale de yon lèt yo te fèk dekouvri, ki te sipoze ekri pa Martin Harris, ki te kontredi resi Joseph Smith te fè konsènan dekouvèt plak Liv Mòmon yo.¹⁹

Kòlèg mwen an te mande si nouvèl sa a t ap detwi Legliz Mòmon an. Atik la te site yon mesye ki te di li t ap kite Legliz la poutèt dokiman an. Nan apre, yo te di te gen lòt moun ki te kite Legliz la.²⁰ Mwen sèten ke sete yon eprèv lafwa yo.

Kèk mwa apre, ekspè te dekouvri ke lèt la sete yon manti total (e moun ki te fòje l la te konfese). Mwen sonje m te reyèlman espere ke moun yo ki te kite Legliz la poutèt manti sa a ta fini pa retounen.

Gen kèk moun ki pafwa remete lafwa yo an kesyon lè yo li sa yon deklarasyon yon dirijan Legliz la te fè, sè dizèn ane desa, ki parèt an kontradiksyon avèk doktrin nan. Gen yon prensip enpòtan ki gouvènè doktrin legliz la. Doktrin nan anseye pa tout 15 manm yo nan Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz la. Li pa kache nan yon paragaf diskou yon sèl moun. Vre prensip yo anseye souvan e pa plizyè moun. Doktrin nou an pa difisil pou jwenn.

Dirijan Legliz yo se moun onèt men moun ki pa pafè. Sonje pawòl Mowoni yo: “Pa kondane m poutèt enpèfeksyon m, ni papa m tou . . . ; men okontrè bay Bondye remèsiman poutèt li fè nou konnen enpèfeksyon nou pou nou kapab aprann vin pi saj pase jan nou te ye.”²¹

Joseph Smith te di: “Mwen pa t janm di nou ke m te pafè, men pa gen erè nan revelasyon yo.”²² Mirak men Bondye nan istwa ak destine Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, nou ka konprann ni sèlman atravè linèt investigasyon espirityèl. Prezidan Ezra Taft Benson te di: “Tout [moun] dwe finalman twouve yo nan pye mi lafwa a, e . . . yo dwe pran pozisyon.”²³ Pa etone si sa rive ou!

Pa definisyon, eprèv ap difisil. Gen dwa gen angwas, konfizyon, nuit san somèy, ak zorye mouye ak kriye. Men eprèv nou yo pa oblije espirityèlman fatal. Yo pa oblije elwanye nou de alyans nou yo oubyen de kay Bondye a.

“Sonje, sonje se sou wòch Redanmtè nou an, ki se Kris la, Pitit Gason Bondye a, nou dwe bati fondasyon nou; konsa, lè dyab la voye gwo van li yo, wi, pik li yo nan toubiyon an, wi, lè tout lagrèl li yo ak gwo siklòn ni yo vin bat nou, li pap gen pouvwa sou nou pou l trennen nou desann nan gouf mizè ak malè etènèl la, poutèt sou wòch nou bati a, ki se yon bon fondasyon, lèzòm pa kapab tonbe si yo bati sou fondasyon sa a.”²⁴

Menmjan ak gwo dife a ki transfòme fè a fè l vin tounen asye a, si nou rete fidèl pandan eprèv difisil lafwa *nou* yo, n ap espirityèlman rafine ak fòtifye.

Eldè D. Todd Christofferson te eksplike sa l te aprann gras ak yon eprèv pèsònèl: “Byenke m te soufri lè sa a, lè m gade dèyè, mwen rekonesan dèske pwoblèm mwen yo pa t rezoud rapidman. Lefèt ke m te oblije vire m vè Bondye pou mande l èd prèske chak jou pandan plizyè ane a te reyèlman aprann mwen kijan pou m priye ak resevwa repons pou priyè m yo, sa te pratikman aprann mwen pou m gen lafwa nan Bondye. Mwen te vin rive konnen Sovè a ak Papa m ki nan Syèl la nan yon fason e nan yon degre ki petèt pa t ap posib otreman, oubyen sa t ap petèt pran anpil anpil tan. . . . Mwen te aprann mete konfyans mwen nan Senyè a avèk tout kè m. Mwen te aprann mache avèk li jou apre jou.”²⁵

Pyè te dekre eksperyans sa yo kòm “pi presye pase . . . lò” .”²⁶
Pwofèt Mowoni te ajoute ke yon temwayaj suiv “eprev lafwa
ou.”²⁷

Mwen te kòmanse avèk istwa fanmi Marriott la. Semèn pase
a, Kathy avèk mwen te reyini avèk yo sou tonm Georgia. Dizan
deja pase. Manm fanmi ak zanmi te eksprime lanmou yo te
genyen pou Georgia ak souvni yo te gen de li. Te gen balon blan
yo te lanse pou te selebre lavi li te viv la. Avèk dlo nan je l,
manman Georgia te pale avèk tandrès sou lafwa ak pi gwo
konpreyasyon li te resevwa, epi papa Georgia te dousman pale
m de “temwayaj” yo te pwomèt li a ke l te resevwa a.

Avèk lafwa, eprev lafwa vini, ki pote ogmantasyon lafwa.
Asirans rekonfòtan Senyè a te bay Pwofèt Joseph Smith la se
menm pwomès Li fè nou nan eprev lafwa nou yo: “Kenbe . . . , pa
pè . . . , paske Bondye ap avèk ou pou toujou ajamè.”²⁸ Konsènan
sa mwen rann temwayaj sakre mwen, nan non Jezikri amèn.

Nòt

- Gade Shayne M. Bowen, “Paske li vivan, nou menm tou nou va viv,” e Ann M. Dibb, “Mwen konnen sa. Mwen viv sa. Mwen renmen sa,” nan sesyon Samdi maten konferans jeneral Oktòb 2012 la.
- Jan 17:3.
- 1 Pyè 1:7.
- Lik 22:31–32.
- 1 Pyè 4:12; italik ajoute.
- Alma 1:25.
- Efezyen 2:19.
- Doktrin ak Alyans 84:20.
- Gade Mozya 18:8–10.
- Thomas S. Monson, “Stand in Holy Places,” *Liahona*, Nov. 2011, 82.
- Gade Ezra Taft Benson, “The Law of Chastity,” *New Era*, Jan. 1988, 4–7; “The Law of Chastity” nan *Brigham Young University 1987–88 Speeches* (1988), 1–5, speeches.byu.edu; gade *Gospel Principles* (2009), 224–32 tou.
- “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond la,” *Liahona*, Nov. 2010, 129.
- Matye 5:28.
- Jan 8:11.
- Korespondans pèsònèl, 2012.
- Korespondans pèsònèl, 2012.
- Ezayi 55:8–9.
- Jan 14:27.
- Gade Richard N. Ostling, “Challenging Mormonism’s Roots,” *Time*, May 20, 1985, 44.
- Gade Gordon B. Hinckley, “Lord, Increase Our Faith,” *Ensign*, Nov. 1987, 52.
- Mòmòn 9:31.
- Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* (2007), 522.
- Ezra Taft Benson, “The Book of Mormon Is the Word of God,” *Tambuli*, Me 1988, 6.
- Elaman 5:12.
- D. Todd Christofferson, “Give Us This Day Our Daily Bread” (Church Educational System fireside, Jan. 9, 2011), lds.org/broadcasts.
- 1 Pyè 1:7; gade tou 1 Pyè 4:13.
- Etè 12:6.
- Doktrin ak Alyans 122:9; Prezidan George Q. Cannon di: “Kèlkeswa gravite eprev la, pwofondè detrès

la, grandè afliksyon yo, [Bondye] p ap janm abandone nou. Li pa janm fè sa, e li pap janm fè sa. Li pa ka fè sa. Sa pa nan karaktè li. Se yon moun enchanjab; li se menm nan yè, menm jodia, e l ap rete menm nan pou letènite k ap vini yo. Nou jwenn Bondye sa a. Nou fè l vin zanmi nou lè nou obeyi levanjil li a; e l ap kanpe bò kote nou. Menmsi nou pase nan founèz dife, nou naje nan dlo move, nou pap boule ni nwaye. N ap soti anba eprèv sa yo

ak difikilte sa yo kote n ap vin pi bon ak pi pi gras avèk yo, si nou mete konfyans nou nan Bondye e si nou respekte kòmandman l yo” (“Freedom of the Saints,” in Brian H. Stuy, comp., *Collected Discourses Delivered pa President Wilford Woodruff, His Two Counselors, the Twelve Apostles, and Others*, 5 vols. [1987–92], 2:185); see also Jeffrey R. Holland, “Come unto Me,” *Ensign*, Avr. 1998, 16–23.

Pwoteje timoun yo

Pa Èldè Dallin H. Oaks

Nan Kolèj Douz Apot yo

Pèsonn pa dwe gen objeksyon pou priyè nou pou nou ini ansanm pou n pi sousye pou byennèt ak avni timoun nou yo—jenerasyon k ap grandi a.

Nou tout ka sonje sa nou te konn santi lè n tande yon timoun piti ap kriye e lonje lamèn ba nou pou nou ede l. Se yon Papa eman nan Syèl la ki ba nou santiman sa yo pou pouse nou ede pitit li yo. Tanpri, raple nou santiman sa yo pandan m ap pale sou responsablite nou genyen pou pwoteje timoun yo e aji pou byennèt yo.

M ap pale nan pwendvi pèspektiv levanjil Jezikri a, espesyalman plan sali L la. Sa se apèl pa m. Dirijan lokal yo nan Legliz la responsab yon sèl jiridiksyon, tankou yon pawas oswa yon pye, men yon Apot gen responsablite pou l temwaye bay mond la tout antye. Nan tout peyi, tout ras ak tout nasyonalite, tout timoun se pitit Bondye.

Malgre ke m pa p pale de politik oswa lejislasyon, menmjan ak lòt dirijan yo nan Legliz la, mwen pa ka pale de byennèt timoun yo san sa pa enplike chwa sitwayen yo, responsab lavi piblik yo, ak moun k ap travay nan òganizasyon prive yo ap fè. Sovè a ba nou tout kòmandman pou youn renmen lòt ak youn sousye pou lòt, patikilyèman sa ki fèb ak san defans yo.

Timoun yo frajil anpil. Yo pratikman pa gen okenn posiblite pou pwoteje tèt yo ni pou okipe tèt yo e yo pa gen enflyans sou tout sa ki endispansab pou byennèt yo. Timoun bezwen pou lòt moun pale pou yo, e yo bezwen moun k ap pran desizyon pou byennèt yo e ki mete byennèt yo anlè enterè egoyis grandèt yo.

I.

Sa chokan pou nou wè, toupatou nan mond lan, demilyon timoun ki viktim anba krim ak egoyis grandèt malfezan.

Nan kèk peyi lagè ap dechire, yo kidnape timoun pou anwole yo pa fòs kòm sòlda nan lame k ap goumen.

Yon rapò nan Etazini estime ke prèske de milyon timoun viktim chak ane anba pwostitisyon ak pònografi.¹

Nan optik plan sali a, youn nan pi gwo abi yo fè timoun se refize yo pran nesans. Sa se yon tandans mondyal. To nesans nan Etazini vin pi ba nan dènye 25 an k pase yo,² epi to nesans nan anpil peyi Ewòp ak Azi yo desann ba nèt depi plizyè ane. Sa se pa sèlman yon kesyon relijyon. Si jenerasyon k ap grandi yo ap diminye konsa, kilti yo e menm nasyon yo ap depeple e y ap finalman disparèt.

Youn nan koz to nesans sa a diminye konsa a se pratik avòtman an. Yo estime ke gen plis pase 40 milyon avòtman pa ane nan mond lan.³ Anpil lwa otorize e menm ankouraje avòtman, men pou nou menm, sa se yon gwo mal. Lòt abi kont timoun yo ki fèt pandan moun yo ansent yo, se domaj timoun sibi akoz manman ki mal nourri tèt yo oubyen k ap itilize dwòg.

Gen yon iwoni trajik nan miltitud timoun sa yo y ap elimine oswa fè mal anvan nesans yo a pandan ke gen demilye koup moun ki pa ka fè pitit ki ta renmen fè pitit e k ap chèche adopte timoun.

Abi kont timoun oubyen neglije timoun sibi apre nesans yo pi vizib piblikman toujou. Nan tout mond lan, prèske uit milyon timoun mouri anvan yo gen senkan, pifò anba maladi ki ta kapab trete oswa evite.⁴ Epi, Òganizasyon Mondyal Sante a rapòte ke yon timoun sou kat gen pwoblèm reta, mantalman ak fizikman, pou koz malnitrisyon.⁵ Nou menm, dirijan Legliz yo, k ap viv ak vwayaje toupatou, nou wè anpil nan bagay sa yo. Prezidans Jeneral Primè a pale de timoun k ap viv nan kondisyon “nou pa ta imajine.” Yon manman nan Filipin di: “Pafwa sa rive ke nou pa gen kòb pou achte manje, men se byen, paske sa ban m opòtinite pou anseye pitit mwen yo sou lafwa. Nou reyini epi nou priye pou n jwenn sekou, epi timoun yo wè Senyè a beni nou.”⁶ Nan Afrik diSid, yon dirijant Primè te rankontre yon tifi, tou piti, sèl, tris. Nan repons tou fèb pou kesyon l te poze li, tipitit la te di li pa

t gen manman, ni papa, ni grann—sèlman yon granpapa pou pran swen li.⁷ Kalite trajedi sa yo kouran sou yon kontinan kote anpil paran mouri anba SIDA.

Menm nan peyi rich yo, timoun piti ak jèn yo andikape pa neglijan. Timoun ki grandi nan pòvreté yo gen mwens aksè ak swen sante e mwens opòtinite pou yo al lekòl. Yo ekspozé anba anvwonman danjere nan atouraj fizik ak kiltirèl yo e menm anba neglijan paran yo. Èldè Jeffrey R. Holland te rakonte eksperyans yon ofisye polis ki se manm Legliz la. Nan yon investigasyon l t ap mennen, li te jwenn senk timoun ki te kole ti kò yo ansanm pou yo te eseye dòmi san dra sou yon planche sal nan yon kay kote manman yo ak lòt moun t ap bwè epi fè fèt. Apatman an pa t gen manje pou pase grangou timoun yo. Apre l te fin mete timoun yo nan yon ti kaban li te debwouye l ranje pou yo, ofisye polis la te mete ajenou epi l te priye pou pwoteksyon yo. Pandan l t ap mache soti nan pòt la, youn nan timoun yo, anvwon sizan, te kouri dèyè li, li te kenbe bra l epi l te di “tanpri, èske w ka adopte m?”⁸

Nou sonje ansèyman Sovè a kote l te pran yon timoun piti mete chita sou li devan disip Li yo epi l te deklare:

“Nenpòt moun ki resevwa yon timoun tankou timoun sa a, se mwen menm li resevwa.

“Kanta moun ki ofanse youn nan timoun sa yo ki kwè nan mwen an, li ta pi bon pou li si yo ta mare yon gwo wòl moulen nan kou l voye l jete nan fon lanmè” (Matye 18:5–6).

Lè nou reflechi sou danje nou ta dwe evite timoun yo tonbe yo, nou dwe mete abi psikolojik ladan tou. Paran oswa lòt moun k ap okipe timoun oswa pwofesè oswa zanmi ki rabese, britalize, oswa imilye timoun yo oubyen jèn yo kapab enflije yo blesi ki pi pèmanan pase blesi fizik. Lè nou fè yon timoun oswa yon jèn santi l pa gen valè, ke yo pa renmen l, oswa l endezirab, sa kapab enflije timoun sa a blesi ki grav sou devlopman ak byennèt emosyonèl li ki p ap janm geri.⁹ Jèn k ap lite anba yon sitiyaasyon eksepsyonèl yo, tankou atirans pou menm sèks, patikilyèman frajil e yo bezwen konpreyanson plen lanmou nou—pa pèsekisyon ni rejè.¹⁰

Avèk èd Senyè a, nou ka repanti epi chanje epi vin gen plis lanmou e pote plis èd bay pitit nou—pwòp pitit pa nou ak lòt ki antoure nou yo.

II.

Pa gen anpil egzanp menas fizik oswa emosyonèl timoun ap sibi ki osi grav ke sa ki soti nan relasyon yo avèk paran yo oswa moun k ap elve yo. Prezidan Thomas S. Monson te pale sou sa l rele “aksyon abominab” timoun ap sibi, kote yon paran brize oswa defigire yon timoun, fizikman oswa emosyonèlman.¹¹ Mwen te konn kriye lè m te konn wè prèv chokan sou kalite bagay sa yo lè m t ap sèvi nan Lakou Siprèm Uta a.

Sa ki gen ekstrèm enpòtans pou byennèt timoun yo, se sitiyaasyon marital paran yo, nati ak dire maryaj yo, e pi jeneralman, kilti ak demand konsènan maryaj ak swen timoun kote y ap viv la. De espesyalis sou kesyon fanmi eksplike: “Atravè listwa, maryaj te toudabò e anvan tout bagay, yon enstitisyon ki te vize pou pou fè timoun ak pou elve timoun. Li te founi lyen kiltirèl k ap chèche konekte papa ak pitit nan ini yo avèk manman pitit li. Men, nan tan sa yo, atansyon yo pa santre sou timoun ankò.”¹²

Yon pwofesè lalwa nan Harvard dekri lwa ak atitud epòk sa a anvè maryaj ak divòs: “Istwa [aktyèl] Etazini konsènan maryaj la, jan yo di l nan lalwa a ak nan pifò literati popilè yo, pati konsa: maryaj se yon relasyon ki egziste esansyèlman pou epanouwisman chak konjwen endividyèlman. Si konjwen an sispans ranpli fonksyon sa a, okenn moun pa pou blame e nenpòt nan konjwen yo ka mete fen nan maryaj la jan l vle. . . . Se apèn si yo panse ak timoun yo nan sitiyaasyon sa yo; olyesa yo pase pèsonaj mwens enpòtan ki pase nan dezyèm plas.”¹³

Dirijan legliz nou yo anseye ke konsidere maryaj “kòm yon senp kontra yon moun ka siyen pou bon plezi li . . . epi tèmine l nan premye difikilte k prezante a . . . se yon aksyon mechan ki merite gwo kondanasyon,” sitou lè gen timoun ladan k ap souffri.”¹⁴ E timoun yo souffri poutèt divòs yo. Plis pase mwaye divòs nan dènye ane sa yo enplike koup ki gen jèn timoun piti.¹⁵

Anpil timoun t ap gen benediksyon pou yo elve pa toulède paran yo si sèlman paran sa yo te aplike ansèyman enspire sa a nan pwoklamasyon sou fanmi an: “Mari ak madanm gen yon

responsablite solanèl pou youn renmen ak pran swen lòt epi pou yo renmen ak pran swen pitit yo. . . . Paran yo gen yon devwa sakre pou yo elve pitit yo nan lanmou ak jistis, pou satisfè bezwen fizik ak esprityèl yo, [epi] pou anseye yo pou yo sèvi epi pou youn renmen lòt.”¹⁶ Ansèyman ki pi puisan pou bay timoun yo se egzanp paran yo. Paran divòse yo inevitableman anseye yon leson negatif.

Asireman gen dè ka kote yon divòs nesèsè pou byen timoun yo, men sikonstans sa yo eksepsyonèl.¹⁷ Nan pifò nan kerèl ki nan yon maryaj, paran k ap goumen yo ta dwe plis konsidere enterè timoun yo. Avèk èd Senyè a, yo kapab fè sa. Timoun yo bezwen fòs emosyonèl ak pèsonèl ki soti nan levasyon de paran ki ini nan maryaj yo ak nan bi yo. Antanke yon moun ki te elve pa yon manman ki te vèv, mwen byen plase pou m konnen ke sa pa toujou reyalizab, men li ta ideyal pou n ta chèche l otan sa posib.

Timoun yo se premye viktim anba lwa aktyèl ki otorize sa yo rele “divòs san fot” la. Nan pwendvi timoun yo, divòs twò fasil. Yon espesyalis renome, pou l te rezime dè syèk rechèch nan domèn syans sosyal, te rive nan konklizyon ke “estrikti famiyal ki pwodui pi bon rezilta pou timoun, an jeneral, se de paran byolojik ki rete marye.”¹⁸ Yon jounalis nan *New York Times* te note “fè frapan ke nan moman menm maryaj tradisyonèl la ap bese anpil nan Etazini an . . . gen plis prèv k ap akimile sou enpòtans enstitisyon sa a pou byennèt timoun yo.”¹⁹ Reyalite sa a ta dwe sèvi kòm gid pou paran aktyèl yo ak paran demen yo nan desizyon yo konsènan maryaj ak divòs. Epitou, nou bezwen pou politisyen yo, moun k ap fè lwa yo, ak ofisyèl gouvènman yo pote plis atansyon sou sa ki pi bon pou timoun yo kontrèman ak enterè egoyis moun k ap vote yo ak moun ki byen fò ap pwoklame yo se defansè enterè adilt yo.

Timoun yo viktim anba maryaj ki pa fèt yo tou. Pa gen anpil mezi sou byennèt jenerasyon k ap leve a ki pi enkyetan pase rapò resan ki di ke, nan karanteyen pousan ka nan Etazini, se moun ki pa marye k ap fè pitit.²⁰ Manman ki pa marye sa yo gen gwo difikilte, e prèv la klè ke timoun sa yo trè an dezavantaj konpare avèk timoun k ap elve pa paran ki marye yo.²¹

Nan majorite timoun ki fèt pa manman ki pa marye yo--senkantwit pousan—fèt pa koup moun ki plase.²² Kèlkeswa sa

nou kapab di sou desizyon koup sa yo pou yo pa marye a, etid demontre ke timoun ki fèt ladan yo soufri anpil dezavantaj parapò ak lòt timoun.²³ Pou timoun yo, estabilite ki genyen nan maryaj la enpòtan.

Nou dwe asime ke se menm dezavantaj yo ki genyen pou timoun k ap elve pa koup moun menm sèks yo. Etid nan domèn syans sosyal la yo kestonab e yo fè anpil deba politik sou efè alontèm sa genyen sou timoun yo, prensipalman paske, jan yon jounalis *New York Times* te obsève a “maryaj omoseksyèl la se yon eksperyans sosyal, e menmjan ak pifò eksperyans, sa ap pran tan pou yo konprann konsekans li.”²⁴

III.

M pale pou timoun yo—timoun toupatou. Gen kèk moun ki petèt pral rejte kèk nan egzanp sa yo, men okenn moun pa ta dwe gen objeksyon ak demann pou nou ini pou ogmante byennèt ak avni pitit nou yo—jenerasyon k ap monte a.

N ap pale de pitit Bondye, e avèk èd puisan Li, nou kapab fè plis pou ede yo. Nan bi sa a, mwen pa adrese m ak Sen Dènnye Jou yo sèlman men a tout moun lòt relijyon ak lòt moun ki gen yon sistèm valè ki pouse yo fè bezwen pèsònèl yo pase apre bezwen pa lòt moun, patikilyèman apre byennèt timoun yo.²⁵

Moun ki relijye yo egalman konsyan de ansèyman Sovè a nan Nouvo Testaman an ki di ke timoun piti yo se modèl imilite e moun kapab anseye yo.

“An verite, m ap di nou, si nou pa chanje, si nou pa tounen tankou yon timoun piti, nou pap janm kapab antre nan wayòm syèl la.

“Se poutèt sa, moun ki va soumèt tèt li devan Bondye, ki va tounen tankou timoun sa a, se li ki va pi gran nan wayòm Bondye a” (Matye 18:3–4).

Nan Liv Mòmmon an nou li ansèyman Senyè resisite a te bay Nefit yo ke yo dwe repanti epi batize “epi vin tankou yon timoun piti” sinon yo pa t ap kapab eritye wayòm Bondye a God (3 Nefi 11:38; gade tou Mowoni 8:10).

Mwen priye pou nou tout soumèt tèt nou tankou timoun piti epi chèche pwoteje pitit nou yo, paske yo se lavni, pou nou menm, pou Legliz nou, ak pou peyi nou. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade UNICEF, *The State of the World's Children 2005: Childhood under Threat* (2004), 26.
2. Gade Haya El Nasser, "National Birthrate Lowest in 25 Years," *USA Today*, July 26, 2012, A1.
3. Gade Gilda Sedgh and others, "Induced Abortion: Incidence and Trends Worldwide from 1995 to 2008," *The Lancet*, vol. 379, no. 9816 (Feb. 18, 2012), 625–32.
4. Gade UNICEF, "Young Child Survival and Development," <http://www.unicef.org/childsurvival/index.html>.
5. Gade World Health Organization, *World Health Statistics 2012* (2012), 109, 118.
6. Rapò prezidans jeneral Primè a, 13 Sept 2012.
7. Rapò prezidans jeneral Primè a.
8. Gade Jeffrey R. Holland, "Israel, Israel, God Is Calling" (Church Educational System fireside for young adults, Sept. 9, 2012), lds.org/broadcasts; gade tou R. Scott Lloyd, "Zion Not Only Where, but How We Live, Says Elder Holland," *Deseret News*, Sept. 10, 2012, B2.
9. Gade Kim Painter, "Parents Can Inflict Deep Emotional Harm," *USA Today*, July 30, 2012, B8; Rachel Lowry, "Mental Abuse as Injurious as Other Forms of Child Abuse, Study Shows," *Deseret News*, Oct 5, 2012, A3.
10. Gade "End the Abuses," *Deseret News*, June 12, 2012, A10.
11. Thomas S. Monson, "A Little Child Shall Lead Them," *Liahona*, Jen 2002, 2.
12. W. Bradford Wilcox and Elizabeth Marquardt, eds., *The State of Our Unions: Marriage in America* (2011), 82.
13. Mary Ann Glendon, *Abortion and Divorce in Western Law: American Failures, European Challenges* (1987), 108.
14. David O. McKay, "Structure of the Home Threatened by Irresponsibility and Divorce," *Improvement Era*, 5 Jen 1969.
15. Gade Diana B. Elliott and Tavia Simmons, "Marital Events of Americans: 2009," *American Community Survey Reports*, Oct 2011.
16. "The Family: A Proclamation to the World," *Liahona*, Nov. 2010, 129.
17. Gade Dallin H. Oaks, "Divorce," *Liahona*, Me 2007, 71.
18. Charles Murray, *Coming Apart: The State of White America, 1960–2010* (2012), 158.
19. Ross Douthat, "Gay Parents and the Marriage Debate," *New York Times*, June 11, 2012, <http://douthat.blogs.nytimes.com/2012/06/11/gay-parents-and-the-marriage-debate>.
20. Gade Joyce A. Martin and others, "Births: Final Data for 2010," *National Vital Statistics Reports*, vol. 61, no. 1 (Oct 2012), 10.
21. Gade William J. Doherty and others, *Why Marriage Matters: Twenty-One Conclusions from the Social Sciences* (2002); W. Bradford Wilcox and others, *Why Marriage Matters: Thirty Conclusions from the Social Sciences*, 3rd ed. (2011).
22. Gade Martin, "Births: Final Data for 2010," 10–11.
23. Gade Wilcox, *Why Marriage Matters*.
24. Douthat, "Gay Parents and the Marriage Debate." Ankèt ki pi resan ak pi konplè a pote limyè sou dezavantaj enpòtan ki rapòte pa jèn adilt ke paran yo gen relasyon omoseksyèl anvan yo timoun yo gen dizuitan (gade Mark Regnerus, "How Different Are the Adult Children of Parents Who Have Same-Sex Relationships? Findings

from the New Family Structures Study," *Social Science Research*, vol. 41 [2012], 752–70).

25. Sen Dènye Jou yo patikilyèman soutni ke wòl paran yo se youn nan bi ki pi enpòtan nan lavi a (gade Pew Research Center's Forum on

Religion and Public Life, *Mormons in America: Certain in Their Beliefs, Uncertain of Their Place in Society*, Jan. 12, 2012, 10, 16, 51).

Frè m yo, nou gen yon ay pou nou fè

Pa èldè D. Todd Christofferson

Nan Kolèj Douz Apot yo

Antanke gason nan Prètriz la, nou gen yon wòl esansyèl pou nou jwe nan sosyete a, nan fwaye nou, ak nan Legliz la.

Frè m yo, nan ane k sot pase yo, anpil bagay te di e anpil bagay te ekri sou difikilte gason yo ak tigason yo ap rankontre. Pa egzanp, men kèk tit liv: *Why There Are No Good Men Left* (Poukisa pa gen bon moun ankò), *The Demise of Guys* (Gason yo lage sa), *The End of Men* (Fen gason yo), *Why Boys Fail* (Poukisa tigason yo echwe), ak *Manning Up* (Aji tankou gason). Sa ki enteresan, sèke pifò nan liv sa yo sanble se fi ki ekri yo. Nan chak ladan yo, yon tèm komen ki egziste nan analiz sa yo sèke, nan anpil nan sosyete modèn yo, gason yo ak tigason yo ap resevwa sinyal plen konfizyon e ki sanble an konfli youn ak lòt sou wòl yo ak valè yo nan sosyete a.

Otè *Manning Up* (Aji tankou gason) an demontre l nan fason sa a: “Sa sete yon règ sivilizasyon prèske inivèsèl ki di pandan tifi te vin tounen fi tou senpleman paske yo te atenn matirite fizik, tigason yo, yo menm, te dwe pase yon tès. Yo te bezwen demontre kouraj yo, akonplisman fizik yo, oswa metriz konpetans ki nesèsè. Objektif la sete pou pwouve kapasite yo pou pwoteje fi yo ak timoun yo; sa sete toujou wòl sosyal fondamatal yo. Men, jodia, avèk fi k ap fè pwogrè andedan yon ekonomi avanse yo, wòl mari ak papa yo ki ta dwe travay pou soutni fanmi a vin kounyeya opsyonèl, e trè karakteristik gason yo te bezwen pou jwe wòl yo a—detèminasyon, fòs, kouraj, fidelite—pasedmòd e menm yon tijan anbarasan.”¹

Nan zèl yo pou kreye posiblite pou fi yo, yon bagay ke nou aplodi, gen moun ki denigre gason yo ak kontribisyon yo. Se kòm si yo panse ke lavi a se yon konpetisyon ant gason ak fi—ke youn dwe domine lòt, e kounyeya se tou pa fi yo. Genyen ki deklare ke yon karyè se bagay ki pi enpòtan, epi maryaj ak timoun, se e ta dwe, bagay ki totalman ochwa—konsa, poukisa nou bezwen gason?² Nan twòp fim nan Hollywood, nan cho televizyon ak menm nan piblisite, yo montre gason kòm enkonpetan, san matirite, oswa egoyis. Denigreman kiltirèl sa a anvè gason yo gen yon efè devastan.

Nan Etazini, pa egzanp, yo rapòte: “Tifi yo reyisi pi byen kounyeya pase tigason yo, nan tout nivo, soti nan lekòl primè rive nan etid siperyè. Rive nan uityèm, pa egzanp, se sèlman ven pousan nan tigason yo ki konn ekri e vennkat pousan ki konn li. Pandan tan sa a, nan ane 2011 la, rezilta jenòm yo nan egzamen pou antre nan inivèsite amerikèn yo te pi mal pase jan yo te ye depi karant an. Selon Sant Nasyonal pou Edikasyon an (NCES), tigason yo trant pousan plis ka kite segondè ak kolèj pase tifi yo. . . . Yo predi ke, rive 2016, fi yo ap pran swasant pousan nan diplòm inivèsite yo, swasantwa pousan nan metriz yo, ak sennkannkat pousan nan doktora yo. De tyè etidyan nan pwogram ratrapaj espesyal yo se gason.”³

Kèk gason ak jèn gason pran sinyal negatif sa yo yon ekskiz pou yo evite asime responsablite yo e pou yo pa janm reyèlman vin adilt. Nan yon obsèvasyon ki twò souvan se laverite, yon pwofesè inivèsite te fè remak sa a: “Mesye yo vin nan klas avèk kaskèt bezbòl yo alanvè, ak [fèb] eskiz sa a “konpitè a vale devwa m yo’. Pandan tan sa a, fi yo tcheke ajanda yo e mande lèt rekòmandasyon pou al etidye avoka.”⁴ Yon fi, ke wòl li se kritik sinema, te eksprime vizyon ase sinik ke “sa nou ka atann nan men yon gason, si nou gen ase chans epi nou chwazi pou n gen yon patnè, se egzakteman sa—yon patnè. Yon moun ki ret nan plas li pandan ke l ap respekte lefèt ke nou rete nan plas pa nou.”⁵

Frè m yo, sa pa dwe konsa pou nou menm. Antanke gason nan Prètriz la, nou gen yon wòl esansyèl pou nou jwe nan sosyete a, nan fwaye nou, ak nan legliz la. Men nou dwe rete gason ke fi ka fè konfyans, timoun ka fè konfyans, e Bondye ka fè konfyans.

Nan Legliz la ak wayòm Bondye a nan dènye jou sa yo, nou pa ka pèmèt nou gen tigason ak gason k ap ale aladeriv. Nou ka pèmèt nou gen jènjan ki manke disiplin pèsònèl e ki ap viv pou amize yo sèlman. Nou pa ka pèmèt nou gen jèn adilt gason ki pa pral okenn kote nan lavi a, ki pa sonje seryezman pou yo fòmè yon fanmi e pote yon vrè kontribisyon nan mond sa a. Nou pa ka pèmèt nou gen mari ak papa ki neglije direksyon espiritiyèl nan fwaye a. Nou pa ka pèmèt nou gen gason ki ap egzèsè Sent Prètriz, selon Lòd Pitit Gason Bondye a, k ap pèdi fòs yo nan pònografi oubyen pase lavi yo sou Entènèt (iwonikman, pou yo *nan* mond lan san yo pafè pati mond lan).

Frè m yo, nou gen travay pou nou fè

Jènjan yo, nou bezwen travay byen lekòl epi apresya kontinye etidye apre segondè nou. Kèk nan nou pral anvi fè etid inivèsitè ak karyè nan biznis, agrikilti, nan gouvènman an, oubyen lòt pwofesyon. Gen nan nou ki pral eksele nan bagay atistik, nan mizik, oubyen ansèyman. Gen lòt ki pral chwazi yon karyè militè oubyen aprann yon metye manyèl. Atravè ane yo, mwen te gen yon kantite atizan ki t ap travay pou remodle ak repare kèk bagay lakay mwen e mwen te admire talan mesye sa yo ak kapasite yo pou travay di. Nan kèlkeswa domèn nou chwazi, li esansyèl pou nou vin konpetan pou nou kapab sipòte yon fanmi ak pote yon bon kontribisyon nan kominote nou ak nan peyi nou.

Mwen te fè k gade yon videyo ki montre yon jounen nan lavi yon jèn gason 14 an nan End ki rele Amar. Li leve bonè pou al travay nan de djòb, anvan e apre lekòl, sis jou edmi pa semèn. Salè li pote yon tikal pati nan mwayen fanmi li. Li kouri al lakay sou yon bisiklèt depafini lè l fini dezyèm djòb la lè l fènwa e li debwouye l pou l fè devwa nan ti lè sa l genyen an anvan l lage kòl sou kabann ni atè a nan mitan frè ak sè l yo tou dòmi, vè 11:00 chak swa. Malgre ke m pa janm rankontre li, mwen santi m fyè de li pou dilijans li ak kouraj li. Li fè tout sa l kapab avèk ti mwayen limite li, e li se yon benediksyon pou fanmi li.

Nou menm, gason adilt yo: papa, adilt sèl, dirijan, enstritè nan fwaye, se pou nou rete egzanp diy epi ede jenerasyon tigason ka p grandi yo vin gason. Anseye yo konpetans nesèsè yo nan sosyete a, ak lòt bagay tankou: kijan pou yo patisipe nan yon konvèsasyon, kijan pou yo fè konesans e pale avèk lòt moun;

kijan pou yo antann avèk fi yo ak tifi yo, kijan pou yo sèvi, kijan pou yo akif e divèti yo, kijan pou yo gen pastan san yo pa vin depandan de li, kijan pou yo korije erè yo e fè pi bon chwa.

Epi konsa, pou nou tout k ap koute, kèlkeswa kote mesaj sa a ka rive jwenn nou, m ap di jan Jeyova te di Jozye a: “Metè gason sou ou, pa dekouraje” (Jozye 1:6). Pran kouraj e prepare w pi byen w kapab, kèlkeswa sikonstans ou ye. Prepare w pou w vin yon bon mari ak yon bon papa; prepare w pou w vin yon bon sitwayen pwodiktif; prepare w pou w sèvi Senyè a, ou se detantè Prètriz Li a. Kèlkeswa kote ou ye, Papa ou ki nan Syèl la sousye de ou. Ou pa poukont ou; ou gen prètriz la e ou gen don Sentespri a.

Nan tout kote yo bezwen nou yo, youn nan kote ki pi enpòtan an se nan kowòm prètriz nou. Nou bezwen kowòm ki pote nourisman bay manm yo jou Dimanch, e ki ap sèvi tou. Nou bezwen dirijan kowòm ki konsantre sou fè travay Senyè a, ak soutni manm kowòm yo ak fanmi yo.

Panse ak travay misyonè. Jènan, nou pa gen tan pou n pèdi. Nou pa ka tann jis lè nou rive disèt oubyen dizuitan pou nou seryezman prepare nou. Kowòm Prètriz Aawon yo kapab ede manm li yo konprann sèman ak alyans prètriz la e prepare yo pou òdinasyon yo kòm ansyen; yo kapab ede yo konprann ak prepare pou òdonans tanp yo; e yo ka ede yo prepare yo pou reyisi misyon yo. Kowòm Prètriz Mèlkisedèk yo ak Sosyete Sekou kapab ede paran yo prepare misyonè ki konnen Liv Mòmmon an e ki pral ale nan chan misyon an totalman angaje. Epi nan chak pawas ak branch, menm kowòm sa yo ka fòmè yon kolaborasyon efikas avèk misyonè aplentan yo ki ap sèvi ladan yo.

Yon travay ki esansyèlman repoze sou zepòl Prètriz la, se apèl Sovè a, repete pa Prezidan Thomas S. Monson nan, pou al chèche moun ki kite levanjil la la oubyen ki vin fache pou yon rezon kèlkonk yo. Nou gen anpil siksè nan travay sa a, enkli travay ekselan akonpli pa jènan yo. Yon kowòm Prètriz Aawon nan Pawas Espanyòl Rio Grande a nan Albuquerque, nan Nouvo Meksik, te reyini ansanm pou pale de tiganon yo te ka mennen retounen epi apresya, an gwoup, yo t al vizite yo chak. Youn te di: “Lè yo te vini nan pòt lakay mwen an, m te santi m enpòtan,” epi

yon lòt te di: “M santi m kontan andedan mwen paske yon gen yon moun ki vle m ale legliz; sa fè m anvi al legliz kounyeya.” Lè manm kowòm yo te vizite e envite yon jènjan pou l te retounen, yo te mande l pou l te vini avèk yo nan pwochen vizit la, e li te fè sa. Yo pa t jis envite li pou l te vin legliz semèn apre a; yo te imedyatman entegre l nan lavi kowòm nan.

Yon lòt travay difisil men estimilan nan prèttriz la se sa istwa familyal la ak tanp lan. Rete tann yon lèt Premye Prezidans la pral voye semèn pwochen ki ofri yon apèl renouvle ak yon vizyon pi elve pou pati esansyèl sa a nan travay la nou genyen pou nou akonpli a.

Kowòm nou yo fòme yon sipò fratènite mityèl tou. Prezidan Gordon B. Hinckley te di yon fwa: “Se ap yon bèl jou, frè m yo, yon jou kote objektif Senyè a ap akonpli, lè kowòm Prèttriz nou yo vin tounen yon sous fòs pou tout gason ki fè pati yo, lè chak gason sa yo kapab di tout bon, ‘M se manm yon Kowòm Prèttriz nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. M pare pou ede frè m yo nan tout bezwen yo, jan m konnen yo kanpe tou pare pou ede m nan pa m yo. Nan travay ansanm, nou va grandi esprityèlman antanke pitit gason alyans Bondye. Nan travay ansanm, nou ka kanpe, san anbarasman e san krent, kont tout van ladvèsite ki ka soufle, keseswa l ekonomik, sosyal, oubyen esprityèl’ ”⁶

Malgre pi bon efò nou, bagay yo pa toujou pase jan nou te planifye, e yon “van advèsite” patikilye ki ka vin nan lavi yon moun se chomaj. Yon ansyen bwochi sou antrèd nan Legliz la di: “Yon gason ki san travay gen yon enpòtans espesyal pou Legliz la paske, prive de eritaj natirèl li pou travay, li anba eprèvan jan Jòb te anba eprèvan la, nan entegrite li. Amezi jou ap pase vin tounen semèn ak mwa e menm ane advèsite, blesi a grandi pi plis . . . Legliz la pa ka espere sove yon moun jou Dimanch si, pandan semèn nan, li asiste gwo difikilte l ap travèse epi l pa fè anyen.”⁷

An Avril 2009, ansyen Konseye Episkopa Prezidan an, Richard C. Edgley, te rakonte m istwa yon kowòm egzanplè ki te mobilize pou te ede yon manm kowòm nan ki te pèdi travay li:

“Garaj Phil la, nan Centerville nan Uta se yon egzanp sou sa dirijan prèttriz yo ak yon kowòm kapab akonpli. Phil sete yon manm kowòm ansyen an e l t ap travay kòm mekanisyen nan yon garaj reparasyon otomobil nan katye a. Malerezman, garaj la

kote Phil t ap travay la te tonbe anba pwoblèm ekonomik e yo te oblije voye Phil ale. Li te devaste pa jan bagay yo te vire a.

“Lè l te tandè Phil te pèdi travay li, evèk li, Leon Olson, ak prezidans kowòm ansyen an te priye pou yo te ka jwenn fason yo te ka ede Phil retounen sou pye l. Apre tou, li sete yon manm kowòm nan, yon frè, e li te bezwen èd. Yo te konkli ke Phil te ge talan pou l te jere pwòp biznis pa li. Youn nan manm kowòm nan te di ke l te gen yon ansyen antrepo ki petèt te ka itilize kòm yon atelye reparasyon oto. Lòt manm nan kowòm nan te ka ede rasanble zouti ak ekipman pou ekipe nouvo garaj la. Prèske tout moun nan kowòm nan te ka omwen ede netwaye antrepo a.

“Yo te pataje ide yo a avèk Phil; epi yo te prezante plan yo bay manm kowòm yo. Antrepo a te netwaye e renove; zouti te rasanble, e tout bagay te anplas. Garaj Phil la sete yon sikse e finalman li te demenaje al nan yon batiman pi bon, ak pi pèmanan, tout sa paske frè l yo nan kowòm nan te ofri l èd nan yon moman bezwen.”⁸

Natirèlman, jan pwofèt yo toujou ap repete pandan tout ane yo, “Pati ki pi enpòtan nan travay Senyè a pou ou ka akonpli se sa w ap akonpli andedan fwaye ou.”⁹ Nou gen anpil pou nou fè pou fòtifye maryaj yo nan sosyete ki ap san rete diminye enpòtans li ak bi li sa yo. Nou gen anpil pou n fè pou anseye pitit nou yo pou yo “priye, e mache dwat devan Senyè a” (D&A 68:28). Tach nou se pa lòt bagay pase ede pitit nou yo santi gwo chanjman nan kè oswa konvèsyon sa a pou Senyè a yo pale si klèman nan Liv Mòmòn an (gade Mozya 5:1–12; Alma 26). Ansanm avèk Sosyete Sekou, kowòm prètriz yo ka fòtifye paran yo ak maryaj yo, epi kowòm yo kapab pote benediksyon prètriz yo bay fanmi paran selibatè yo.

Wi, frè m yo, nou gen travay pou nou fè. Mèsi pou sakrifis n ap fè yo ak bon bagay n ap fè yo. Kontinye, epi Senyè a ap ede nou. Pafwa nou gen dwa pa tèlman konn kisa pou n fè ak sa pou n di—jis kontinye. Kòmanse aji, epi Senyè a bay asirans ke “yon pòt reyèl ap louvri pou [nou]” (D&A 118:3). Kòmanse pale, epi Li pwomèt: “Nou pap gen konfizyon devan lèzòm; Paske nou ap resewva nan lè a menm, wi, nan moman an menm, kisa pou nou di” (D&A 100:5–6). Se vre ke nan plizyè fason, nou se moun òdinè ak enpafè, men nou gen yon Mèt pafè ki te reyalize yon

Ekspyasyon pafè e nou ka konte sou gras li ak prèttriz li a. Si nou repanti epi nou pirifye nanm nou, yo pwomèt nou ke n ap anseye epi dote avèk pouvwa ki soti anwo (gade D&A 43:16).

Legliz la ak mond lan ak fi yo ap kriye pou gason, reyèl gason, ki ap devlope kapasite yo ak talan yo, ki dispoze pou travay ak fè sakrifis, ki ap ede lòt moun atenn bonè ak sali. Y ap kriye “Leve, O Gason Bondye yo!”¹⁰ Se pou Bondye ede nou fè sa. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Kay S. Hymowitz, *Manning Up: How the Rise of Women Has Turned Men into Boys* (2011), 16.
2. “Lè nou mande jèn yo jodia kisa ki ap fè yo vin adilt, prèske youn nan yo pa mansyone maryaj. Yo plis pèsevwa eleman ki antoure travay yo—fini etid yo, gen endepandans finansye, jwenn yon travay aplentan—kòm bagay ki endike yo rive. Travay, karyè, endepandans: se sa ki sous esansyèl idantite jodia” (Hymowitz, *Manning Up*, 45). Presyon yo mete sou fi yo pou yo adopte etik anti maryaj la patikilyèman entans. Yon jounalis nan *Times* nan Londre te ekri: Pèsonn, ni fanmi mwen, ni pwofesè mwen, pa t janm te di m: ‘O, wi, anfèt, petèt ke yon jou ou gen dwa anvè vin yon konjwen ak yon manman.’ Yo te tèlman detèmine pou wè nou suiv yon nouvo chemen modèn ak egalego ak gason, ke anbisyon istorik jenerasyon fanm yo—(marye e elve timoun)—te entansyonèlman soti nan vizyon yo sou avni nou.” (Eleanor Mills, “Learning to Be Left on the Shelf,” *Sunday Times*, Apv. 18, 2010, www.thetimes.co.uk; in Hymowitz, *Manning Up*, 72). Yon lòt ekriven nan karantèn site kèk repons pou yon atik li te ekri sou regrè li dèske li pa t janm marye. “Mwen totalman orifye que ou bezwen yon gason,” “Kote amou

pwòp ou?!” “Ou pouse depandans lan desann jis nan transizyèm degre” ak “Si pitit fi m nan, lè l ap grandi, vle yon gason nan mwatye jan ou vle a, m ap konnen ke m te rate yon bagay nan edikasyon li” (Lori Gottlieb, *Marry Him: The Case for Settling for Mr. Good Enough* [2010], 55).

Bòn nouvèl la sèke laplipa moun, espesyalman jèn adilt yo, pa achte mesaj anti maryaj ak anti fanmi sa a. “Selon yon etid yon ekonomis nan inivèsite Pennsylvani an te fè an 2008, nan Etazini, katreven sis pousan nan fanm blanch ki fè etid siperyè yo te marye anvan karantan, konpare ak katrevenuit pousan sa ki fè mwens etid yo. Kantite gason blan ki fè etid siperyè yo menmjan tou: katrevenkat pousan marye anvan karantan an 2008. Sajès tradisyonèl la, soutni pa lòt rechèch, kapab di ke maryaj se pa vrèman yon kado pou fanm yo. Men fanm blanch ki fè etid siperyè yo pa sanble yo kwè sa. Nan tout gwoup yo, se yo menm ki gen plis tandans panse ke ‘moun marye pa jeneralman pi gen bonè pase moun ki pa marye yo’ . . . Gwo majorite a, swasanndis pousan nan etidyan premyè ane etid siperyè yo panse ke elve timoun se yon bagay ki “esansyèl” oubyen “trè enpòtan” pou avni yo” (Hymowitz, *Manning Up*, 173–74).

3. Philip G. Zimbardo and Nikita Duncan, *The Demise of Guys: Why Boys Are Struggling and What We Can Do about It* (2012), e-book; see the chapter "Behind the Headlines."
4. Barbara Dafoe Whitehead, *Why There Are No Good Men Left: The Romantic Plight of the New Single Woman* (2003), 67.
5. Amanda Dickson, "'Hunger Games' Main Character a Heroine for Our Day," *Deseret News*, Apr. 2, 2012, www.deseretnews.com.
6. Gordon B. Hinckley, "Welfare Responsibilities of the Priesthood Quorums," *Ensign*, Nov. 1977, 86.
7. *Helping Others to Help Themselves: The Story of the Mormon Church Welfare Program* (1945), 4.
8. Richard C. Edgley, "This Is Your Phone Call," *Liahona*, Mr 2009, 54.
9. *Enseignements des présidents de l'église: Harold B. Lee* (2000), 134.
10. "Rise Up, O Men of God," *Hymns*, no. 323.

Se pou nou vanyan nan kouraj nou, fòs nou ak aksyon nou

Pa Evèk Gary E. Stevenson

Evèk Prezidan

*Kalifye tèt nou menmjan de mil gèye yo te fè a nan
rete vanyan nan kouraj nou kòm diy detantè prèttriz la.*

Aswè a mwen santi m espesyalman beni pou m pale, antanke evèk, avèk jènjan yo, detantè Prèttriz Aawon, ki rasanble toupatou nan mond lan pou reyinyon jeneral prèttriz sa a. M pral pale nou istwa nan Liv Mòmmon an sou Elaman ak 2000 sòlda vanyan yo. Ekriti sa a ap banou yon ide sou pèsonalite ansyen jennjan sa yo e li ka yon enspirasyon pou noumenm, jènjan jodia. M ap site yon ekriti m renmen anpil: “Epi yo tout te jèn gason, yo te gen anpil kouraj, ak fòs nan aktivite; men sa se pat tout—se te moun ki te fidèl toutan nan tout sa moun te konfye yo.”¹ Kouraj, fòs, aksyon, ak fidelite—anpil kalite admirab!

Mwen ta renmen rete sou premye kalite ki dekri yo a: “yo te gen anpil kouraj.” Pou mwen menm, sa montre detèminasyon jènjan sa yo pou yo fè sa ki byen kourajezman, oubyen, jan Alma dekri a, “pou sèvi kòm temwen Bondye tout tan, . . . e tout kote.”² De mil gèye sa yo te gen anpil okazyon pou yo te demontre kouraj yo. Nou chak tou n ap gen moman detèminan nan lavi nou ka pral mande pou nou gen kouraj. Yon zanmi m, John, te pataje avèk mwen youn nan moman sa yo nan lavi li.

Sa gen dèzane, John te reyisi nan egzamen pou l te antre nan yon inivèsite Japonè prestijye. Li t ap gen pou fè pati pwogram etidyan intènasyonal la, avèk anpil lòt ki te pami sa ki te pi bon yo nan mond lan. Gen kè ki te enskri avèk espwa pou yo

apwofondi konesans yo sou kilti ak lang, gen lòt ki te konsidere opòtinite sa a kòm yon pa annavan pou yon evantyèl pwofesyon epi alafen jwenn yon travay nan Japon, men tout te kite fwaye yo pou al etidye nan yon peyi etranje.

Tousuit apre John te rive, bri te kouri pami etidyan yo ke te gen yon fèt ki ta pral fèt anlè tèt kay yon mezon prive. Jou swa sa a, John avèk 2 zanmi li te pran wout pou ale nan adrès la.

Apre yo fin pran asansè a pou monte nan dènye etaj bilding nan, John ak zanmi l yo te fofile nan eskalye etwat la ki te menen anlè tèt kay la epi yo te kòmanse melanje avèk lòt yo. Pandan sware a t ap avanse, atmosfè a te chanje. Bri a, volim mizik la, avèk alkòl te ogmante an menm tan ke malèz John. Epi, toudenkou, yon moun te kòmanse mete etidyan yo nan yon gwo sèk avèk entansyon pou pase sigarèt marijuana youn bay lòt. John te fè yon grimas e rapidman li di de 2 zanmi li yo ke l te lè pou yo te ale. Nan yon ton yon tijan iwonik, youn nan yo te reponn: “John se yon bagay fasil, n ap jis antre nan sèk la, epi lè se tou pa nou, n ap jis pase li bay lòt moun nan olye nou fimen l. Konsa, nou pap bezwen anbarase tèt nou devan tout moun pou nou ale.” Sa te parèt fasil pou John, men li pa t sonnen byen. Li te konnen ke l te anonse entansyon li epi aji. Nan yon ti moman, li te rasanble kouraj li epi li te di yo ke yo te gen dwa fè sa yo vle men li menm, li ta prale. Youn nan zanmi yo te deside rete epi l te antre nan sèk la; nan fòse, lòt la te suiv John desann eskalye a pou yo t al pran asansè a. Avèk etonman, lè pòt elevatè a te louvri, yo te wè ofisye polis japonè ki te soti byen vit prese monte eskalye a ki te mennen sou tèt kay la. John ak zanmi l lan te rantre nan asansè a epi yo te ale.

Lè polisye yo te parèt sou tèt eskalye yo, etidyan yo te rapidman voye dwòg ilegal yo jete pou yo pat kenbe yo. Men, apre yo te fin bloke eskalye a, ofisye yo te aliyen tout moun sou do kay la epi yo te mande chak etidyan pou lonje de men yo. Apresa polisye yo te mache nan liy nan, ap santi pous ak indèks chak etidyan. Tout sa ki te kenbe marijuana yo, menmsi yo pa t fimen l, yo te pase pou koupab, e sa te gen gwo konsekans grav. Prèske san eksepsyon, tout etidyan ki te rete sou do kay la yo, yo te mete yo deyò nan inivèsite yo te ye a, e sa yo te rekonèt koupab yo, yo te mete yo deyò nan Japon. Rèv etid yo, anpil ane

preparasyon, ak posiblite pou jwenn yon travay nan Japon an te detwi nan yon moman.

Kouneya kite m di nou sa k te rive twa zanmi sa yo. Zanmi k te rete sou do kay la, yo te mete l deyò nan inivèsite japonè a ki te aksepte l apre tout pil travay sa yo, e yo te mande l pou l retounen lakay li. Zanmi ki te kite fèt la jou swa a avèk John nan te fini etid li nan Japon epi l te pran lòt diplòm nan de lòt inivèsite prestijye nan Etazini. Karyè l te mennen l an Azi, kote l te gen anpil siksè pwofesyonèl. Jiska jodia, li rete rekonesan anvè John pou kouraj egzanplè li. Kanta John, li pa ka konte benediksyon l jwenn nan lavi li. Sejou li nan Japon nan ane sa a te fè l jwenn yon bon maryaj plen bonè ki apres a te mennen nesans de pitit gason. Se yon biznisman reyisi e yo fèk sot aple li kòm pwofesè nan yon inivèsite japonè. Imajine jan lavi l t ap diferan si l pat gen kouraj pou l te kite fèt sa a jou swa desizif sa a nan Japon an.³

Jènan m yo, ap gen moman kote noumenm, menmjan ak John, n ap oblije demontre bonjan kouraj devan tout zanmi nou yo, ak konsekans pou yo petèt ridikilize nou oubyen pou nou anbarase. Anplis, nan epòk nou an, konba avèk advèsè a apral fèt ansilans tou devan yon ekran òdinatè tou. Teknoloji a, akonpaye avèk tout benefis li pote yo, mache avèk pwoblèm tou ke jenerasyon anvan yo pa t rankontre. Gen yon sondaj nasyonal resan ki montre ke adolesan yo jodia pa tante nan nivo enkyetan chak jou nan lekòl yo sèlman, men nan 'cyberespace' yo tou. Li revele ke adolesan ki te ekspeze anba imaj konsomasyon bwason oubyen dwòg sou sit rezo sosyal yo te twa ak kat fwa pi fasil pou konsome alkòl oubyen dwòg. Nan yon kòmantè sou sondaj la, yon ansyen minis gouvènman Etazini an te deklare: "Sondaj ane sa a revele yon nouvo fòm presyon pisan ki fèt pa yon gwoup—presyon dijital yon gwoup moun. Presyon sa a depase sèk zanmi ak frekantasyon timoun nan. Li anvayi fwaye a ak chanm timoun nan atravè entènèt."⁴ Demontre bon jan kouraj se yon bagay k ap souvan osi sibtil ke chwa pou klike oubyen pa klike a. Yo anseye misyonè yo nan *Preche Levanjil Mwen an*: "Sa nou chwazi panse ak fè lè nou poukont nou epi nou panse pèsonn p ap gade nou, bay yon ide presi sou vèti nou."⁵ Se pou

nou gen kouraj! Se pou nou solid! “Rete nan kote ki sen, epi pa kite moun deplase nou.”⁶

Jènan m yo, mwen pwomèt nou ke Senyè a ap banou pouvwa. “Paske se pa yon lespri timidite Bondye mete nan nou, men se yon espri fòs.”⁷ L ap rekonpanse nou pou kouraj nou ak konpòtman jis nou—avèk kè kontan ak lajwa. Yon kouraj konsa se pral pwodwi lafwa nou nan Jezikri ak nan Sakrifis ekspyatwa L la, priyè nou ak obeyisans nan kòmandman l yo.

Prezidan N. Eldon Tanner te deklare: “Yon jèn gason nan lakou yon lekòl kapab egzèse yon enfliyans ekstrèmman benefik. Yon jèn gason kapab fè anpil byen nan ekip foutbòl li, oubyen nan inivèsite, oubyen pami kòlèg travay li, nan viv levanjil la ak onore prèttriz li epi defann sa ki byen. Souvan sa rive ke nou sibi mokri ak kritik nan men moun ki panse menmjan avèk nou, byenke yo siman respekte ou paske w ap fè sa ki byen. Men sonje ke Sovè a Limenm, yo te toumante li, ridikilize li, krache sou li, e alafen krisifye li paske konviksyon li te rete inebranlab. Èske nou janm pran tan pou nou reflechi sou sa k t ap pase si l te febli epi l te di: ‘O, akwabon?’ epi l te abandone misyon li? Èske nou vle se moun ki lach, oubyen èske nou vle se moun ki sèvitè vanyan malgre tout lopoziyon ak mechanste ki nan mond lan? Annou gen kouraj pou nou leve kanpe epi aji pou n vin konte kòm vrè disip fidèl devwe Kris la.”⁸

Mwen envite nou pou nou kalifye tèt nou menmjan de mil sòlda yo te fè a nan rete vanyan nan kouraj nou kòm diy detantè prèttriz la. Sonje ke, sa nou fè, kote nou ale, ak sa n ap gade ap detèmine sa n ap devni. Kisa nou vle devni? Vin yon dyak ki diy, yon enstriktè ki diy, yon prèt ki diy. Fikse objektif pou nou rete diy pou nou antre nan tanp kounyeya epi pou n diy pou resevwa pwochen òdinasyon nou lè nou rive nan laj la, epi pou nou finalman resevwa Prèttriz Melkizedèk la. Sa se yon chemen fidèl ki mennen asistans divin. Senyè a te deklare: “Sepoutèt sa, pouvwa Bondye a manifeste nan odonans prèttriz la yo.”⁹

Paran nou, dirijan prèttriz yo, ak priyorite pwofèt yo bay nan bwochi *Devwa anvè Bondye* a ak *Pou fòs jèn yo* ap gide nou sou chemen an.

Prezidan Thomas S. Monson te konseye dènyèman:

“Pou nou pran [desizyon] avèk sajès, nou bezwen kouraj—kouraj pou nou di non, kouraj pou nou di wi. . . .

M ap sipliye nou pou nou pran desizyon . . . kounyeya menm, pou nou pa devye soti nan chemen k ap mennen nou nan objektif nou: lavi etènèl avèk Papa nou ki nan Syèl la.”¹⁰

Menmjan de mil sòlda yo te reponn kri raliman dirijan yo, Elaman, an epi yo te rasanble kouraj yo avèk vanyans lan, noumenm tou nou kapab fè menm bagay la nan swiv kri raliman pwofèt dirijan nou an, Prezidan Thomas S. Monson.

Jèn detantè Prètriz Aawon m yo, pou m fini m ap temwanye de Bondye Papa a ak Jezikri ak pawòl Joseph Smith yo: “Frè m yo, èske nou pa dwe kontinye avèk yon gwo koz konsa? Ale an avan, non pa an aryè. Kouraj, frèm yo; epi an avan pou viktwa a!”¹¹ Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Alma 53:20.
2. Mozyah 18:9.
3. Istwa pèsonèl yo rakonte otè a.
4. Joseph A. Califano Jr., fondatè e prezidan emerit Sant Adiksyon ak Sibstans Abi nan Inivèsite Kolonbya, nan yon kominike pou laprès konsènan rechèch, casacolumbia.org.
5. *Preche Levanjil mwèn an: Yon gid pou travay misyonè* (2004), 118.
6. Doktrin ak Alyans 87:8.
7. 2 Timote 1:7.
8. N. Eldon Tanner, “For They Loved the Praise of Men More Than the Praise of God,” *Ensign*, Nov. 1975, 74–75.
9. Doktrin ak Alyans 84:20.
10. Thomas S. Monson, “The Three Rs of Choice,” *Liahona*, Nov. 2010, 68.
11. Doktrin ak Alyans 128:22.

Fè atansyon avèk tèt nou

Pa Èldè Anthony D. Perkins

Nan Swasanndis yo

Rete sou wout Prètriz la nan apwonfondi konvèsyon nou ak fòtifye fanmi nou. . . . Evite trajedi nan pote atansyon ak pano avètisman espiryèl “Fè atansyon” yo ki plase sou wout nou pa Bondye ak pwofèt yo .

Lè m te jèn gason, fanmi m te konn kondui travèse Montagnes Rocheuses yo an Amerik la pou al vizite gran paran nou. Wout la te kòmanse an plèn kouvri anba amwaz, apresa monte atravè pant rès kouvri anba pye aspen anba montay la, pou finalman soti nan tèt boskè plen fèy ak preri, kote nou te ka wè alenfini.

Men bèl wout sa a pa t totalman san danje. Pifò pati nan gran wout la te bati an pant nan montay la. Pou pwoteje vwayajè yo, moun ki t ap fè wout yo te enstale balistrad e yo te mete pannkat ki te di: “Fè atansyon: wòch ap tonbe.” Nou te wè te gen pakèt rezon pou avètisman sa a. Blòk wòch ak galèt te gaye toutolon bò rivyè a lwen anba wout la. Tanzantan, nou te ka wè kakas machin anba nan ravin nan, yon rapèl trajik sou chofè ki pa t fè atansyon.

Sèman ak Alyans Prètriz la

Frè m yo, nou chak deja resevwa, oubyen pral gen pou resevwa sèman ak alyans Prètriz Mèlkisedèk la.¹ Alyans sa a enplike yon vwayaj gloriye ki kòmanse lè nou resevwa prètriz ki pi ba a ak siperyè a, li pwogrese atravè mayifye apèl nou, epi li grenpe pi wo pou ale nan pi gwo benediksyon Bondye yo, jiskaske nou resevwa “tout sa Papa a genyen.”²

Desinatè saj wout selès sa a mete pano avètisman pou vwayaj nou. Sèman ak alyans prètriz la gen avètisman pwofon sa a: “Epi

kounyeya , m ba nou yon kòmandman pou nou fè atansyon avèk tèt pa nou.”³

Poukisa Bondye kòmande nou pou nou fè atansyon? Li konnen Satan se yon èt reyèl⁴ k ap chèche antrene nanm nou desann nan gouf mizè a.⁵ Bondye konnen tou ke andedan chak detantè prèttriz gen yon “lòm natirèl”⁶ ki “gen tandans separe l avèk Bondye.”⁷ Konsa, pwofèt yo envite nou pou nou “depouye nou de lòm natirèl”⁸ la epi “Metè manto Kris la”⁹ atravè lafwa, repantans, òdonans sali yo, ak viv levanjil la chak jou.

Evite trajedi

Pandan l ap vwayaje sou chemen prèttriz la, chak tigason, chak gason kapab tonbe anba si l pa fè atansyon. Èske nou konn choke oubyen gen kè brize poutèt chit sanzatann yon bon gason remakab, yon misyonè ki fèk retounen, yon dirijan prèttriz respekte, oswa yon manm fanmi byeneme?

Istwa David nan Ansyen Testaman an se yon egzanp trajik sou pèdi pouvwa prèttriz la. Byenke l te pote laviktwa sou Golyat pandan l te jèn epi l te mennen yon lavi fidèl pandan dèzane,¹⁰ wa pwofèt sa a te ankò fèb esprityèlman. Nan moman vital sa a kote sou tèt kay li li te wè bèl fi yo te rele Bathseba a ki t ap benyen, pa t gen okenn gadyen moralite ki te kanpe tou pre pou avèti: “Fè atansyon, David, w ap fè foli!” Paske l pa t fè atansyon a tèt li¹¹ epi li pa t aji selon enspirasyon Lespri a¹² li te pèdi fanmi etènèl li.¹³

Frè m yo, si menm David ki te puisan, yo te ka bale l soti sou wout egzaltasyon an, kijan nou menm nou ka chape anba yon desten konsa?

Gen de pano avètisman ki se pwofon konvèsyon pèsonèl ak relasyon familyal solid pou ede nou rete sou otowout selès la.

Satan, ki konnen sa, lage blòk wòch pou yo tonbe sou chemen prèttriz la pou kraze konvèsyon ak kraze fanmi yo. Erezman, Jezikri ak pwofèt li yo mete pano “Fè atansyon” an sou wout la. Yo toujou mete nou angad kont lògèy k ap kraze konvèsyon nou¹⁴ ak peche tankou kòlè, avidite, ak konvwatiz k ap kraze fanmi nou.

Lonta de sa, Moyiz te konseye: “Fè atansyon pou nou pa bliye Senyè a.”¹⁵ Nan mond toujou prese nou an ki plen ak

divètisman sa a, lèzòm “bliye Senyè Bondye yo a vit, . . . yo fè inikite vit, epi malen an detounen yo.”¹⁶

Apwofondi konvèsyon e fòtifye fanmi

Pou nou rete ansekirite sou wout Prètriz la malgre avalanch wòch tantasyon yo, m ap raple nou sis prensip fondamantal k ap apwofondi konvèsyon nou ak fòtifye fanmi nou.

Premyèman, lapriyè toujou louvri pòt èd divin nan pou nou kapab “gen viktwa sou Satan.”¹⁷ Chak fwa Jezi te avèti detantè Prètriz yo pou yo “fè atansyon, paske Satan vle vannen [nou] tankou pay,” Li preskri lapriyè kòm mwayen pou pwoteje nou kont tantasyon.¹⁸ Prezidan Thomas S. Monson te anseye: “Si nenpòt moun pami nou la a poko suiv konsèy pou priye tout tan an, pa gen pi bon lè pou kòmanse pase kounyeya. . . . Yon moun pa janm pi gran pase lè l mete l ajenou pou priye.”¹⁹

Dezyèmman, etidye ekriti ansyen ak modèn yo ap konekte nou avèk Bondye. Senyè a te avèti manm Legliz yo pou yo “fè atansyon kouman y ap respekte l [pwofèt yo] pou yo pa konsidere l kòm yon bagay ki lejè, epi pou yo pa tonbe anba kondanasyon pou sa.”²⁰ Pou evite kondanasyon ki fè reflechi sa a, nou dwe, avèk dilijans, sonde ekriti yo ansanm avèk magazin Legliz yo ak sit entènèt Legliz yo ki ap pèmèt nou “resevwa konsèy nan yon fason entim ak pèsònèl nan men pwofèt [Senyè a] chwazi a.”²¹

Twazyèmman, patisipe diyman nan òdonans yo prepare nou pou n pran “Sentespri a pou gid [nou.]”²² Lè Sovè a te avèti “Fè atansyon pou nou pa twonpe” a, Li te pwomèt ke nou pap twonpe si nou “onètman chèche . . . pi bon don” Lespri yo.²³ Lè yo pran Sentsèn diyman chak semèn, manm yo kalifye pou yo “toujou gen Lespri li avèk yo.”²⁴ Lè nou patisipe nan travay nan tanp, nou ka “resevwa Sentespri a toutantye.”²⁵

Katriyèmman, manifeste lanmou sensè se nannan konvèsyon pèsònèl ak relasyon familyal. Wa Benjamen te konseye: “Fè atansyon pou chirepit pa leve nan pami nou.”²⁶ Pa janm bliye ke Satan se “papa chirepit”²⁷ epi l ap chèche pou fè manm fanmi yo “goumen.”²⁸ Frè m yo, si nou fè nenpòt manm nan fanmi nou abi emosyonèlman, vèbalman, oubyen fizikman, nou pèdi pouvwa Prètriz la.²⁹ Chwazi pou kontwole fache nou. Manm fanmi nou dwe tande benediksyon sèlman ap soti nan bouch nou, yo pa

dwe tande malediksyon soti nan bouch nou. Nou dwe egzèsè enfliyans nou sèlman pa pèsyade, pasyans, jantiyès, dousè, amou enfayib, bonte ak charite.³⁰

Senkyèmman, obeyi lwa dim nan se yon eleman esansyèl lafwa ak inite familyal. Paske Satan itilize avidite ak rechèch byen materyèl pou detounen fanmi yo sou otowout selès la, Jezi konseye nou “Fè atansyon ak konvwatiz.”³¹ Nou metrize konvwatiz nou lè nou planifye revni nou, lè nou peye yon dim onèt ak ofrann jèn, fè bidjè depans nou, evite dèt ki pa nesesè, ekonomize pou demen, epi vin tanporèlman otonòm. Bondye pwomèt nou: “Chèche wayòm Bondye a ak lajistis li anvan, e w ap resevwa tout bagay sa yo.”³²

Sizyèmman, totalman viv lwa chastete a ap ba nou konfidans pou nou kanpe “nan prezans Bondye” avèk Sentespri a kòm “konpayon konstan” nou.³³ Satan ap atake vèti ak maryaj avèk yon avalanch bagay endesan. Lè Senyè a te avèti moun ki t ap fè adiltè yo pou yo “fè atansyon e repanti rapid” la, definisyon l sou adiltè a te ale odela zak fizik la pou rive nan panse endesan ki presede adiltè.³⁴ Pwofèt yo ak Apot yo jodia pale souvan e klèman sou fleyo pònografi a. Prezidan Gordon B. Hinckley te anseye: “[Pònografi] tankou yon tanpèt anraj . . . k ap detwi moun ak fanmi, pou totalman kraze sa ki yon fwa te sen, ki te bèl. . . . Moman an rive pou tout moun nan pami nou ki prizonye anba labou sa a, rale tèt nou pou soti nan bagay malefik sa a.”³⁵ Si nou gen tantasyon pou vyole lwa chastete a sou nenpòt ki fòm, suiv egzanp Joseph an Ejipt la, ki te “kouri, mete tèt li deyò.”³⁶

Sis prensip fondamantal sa yo ede detantè Prètriz yo kontinye avanse an sekirite sou otowout selès la nan mitan pano espiryèl konvèsyon pèsònèl ak relasyon familyal yo. Nou menm jènjan, obeyi prensip sa yo ap prepare nou pou alyans tanp yo, pou sèvi misyon apentan, ak pou maryaj etènèl. Nou menm mari ak papa, respekte prensip sa yo ap kalifye nou pou nou prezide sou fwaye nou nan lajistis, pou nou sèvi kòm dirijan espiryèl fanmi an, avèk madanm nou kòm patnè egal ego.³⁷

Rete sou chemen Prètriz la

Pou m retounen sou eksperyans mwen lè m te jènjan an, mwen sonje yon jou patikilye kote nou t ap travèsè Montagnes Rocheuses yo. Lè nou te fin pase bò pano “Fè atansyon, wòch ap

tonbe” a, papa m te remake kèk ti wòch ak gravye ki t ap tonbe sou asfalt la devan nou an. Li te frennen imedyatman, egzakteman nan moman yon wòch gwosè yon balon foutbòl te tonbe devan nou an. Papa m te tann avalanch lan fini anvan l te kontinye wout li. Atansyon konstan papa m ak reyaksyon imedyat li te pèmèt fanmi an rive nan destinasyon final nou an sekirite.

Frè m yo, Satan ap chèche “detwi nanm lèzòm.”³⁸ Si nanm ou ap egare ale nan bò yon gouf esprityèl, kanpe tousuit anvan ou tonbe, epi retounen sou wout la.³⁹ Si ou gen enpresyon nanm ou kraze tonbe nan fon yon falèz olye l byen wo sou wout prètriz la paske ou te inyore pano “Fè atansyon” an epi w te peche, mwen temwaye w ke, atravè repantans sensè ak pouvwa sakrifis ekspyatwa Jezikri a, ou ka leve e retounen ankò sou otowout selès Bondye a.⁴⁰

Jezi te anseye “Fè atansyon ak . . . ipokrizi.”⁴¹ Si ou pa diy pou egzèse prètriz la, tanpri al jwenn evèk ou, ki ka ede w repanti. Pran kouraj nan lefèt ke, malgre Sovè a di nou: “pran prekosyon . . . pou n pa fè peche” a,⁴² Li pwomèt nou tou “Mwen menm, Senyè a, m a padone nou . . . Ale, pa peche ankò.”⁴³

Mwen envite tout tigason ak tout gason pou rete sou chemen prètriz la pou apwofondi konvèsyon yo ak fòtifye fanmi yo. Lapriyè, ekriti yo, ak òdonans yo apwofondi konvèsyon. Lanmou, dim, ak chastete fòtifye fanmi. Evite trajedi nan suiv pano esprityèl ki di “fè atansyon” yo Bondye ak pwofèt yo plase sou wout nou yo. Eseye suiv egzanp pafè Jezikri a, ki “te souffri tantasyon yo men li pa t sikonbe anba yo.”⁴⁴

Mwen pwomèt ke si mesye yo respekte alyans prètriz la epi yo “fè atansyon avèk tèt yo”⁴⁵, nou menm ak fanmi nou kapab sèten ke n ap rive ansekirite ak lajwa nan destinasyon egzalte nou nan wayòm selès la. Mwen temwaye konsènan sa nan non sakre Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Doktrin ak Alyans 84:33–44.
2. Doktrin ak Alyans 84:38.
3. Doktrin ak Alyans 84:43.
4. Gade Joseph Smith—Istwa 1:16; gade tou Moyiz 1:12–22.
5. Gade Elaman 5:12; gade tou 2 Nefi 1:13; Elaman 7:16.
6. Mozya 3:19; gade tou 1 Korentyen 2:14.
7. “Come, Thou Fount of Every Blessing,” *Hymns* (1948), no. 70.

8. Gade Kolosyen 3:8–10; gade tou Efezyen 4:22–24.
9. Galat 3:27; gade tou Women 13:14.
10. Gade 1 Samyèl 13:14; 17:45–47.
11. Gade 2 Samyèl 11:1–17.
12. “Nou pap komèt gwo erè san nou pa t toudabò avèti pa chichotman Lespri a” (Boyd K. Packer, “Counsel to Youth,” *Liahona*, Nov. 2011, 18).
13. Gade Doktrin ak Alyans 132:39; gade tou Bible Dictionary, “David.”
14. Gade Doktrin ak Alyans 23:1; 25:14; 38:39; gade tou Ezra Taft Benson, “Beware of Pride,” *Ensign*, Me 1989, 4–7.
15. Detewonòm 6:12; gade tou Detewonòm 8:11–19.
16. Alma 46:8.
17. Doktrin ak Alyans 10:5.
18. Gade Doktrin ak Alyans 52:12–15; gade tou Lik 22:31–32; Alma 37:15–17; 3 Nefi 18:18–19.
19. Thomas S. Monson, “Come unto Him in Prayer and Faith,” *Liahona*, Mas. 2009, 4.
20. Doktrin ak Alyans 90:5; gade tou Doktrin ak Alyans 41:1, 12.
21. Gordon B. Hinckley, “Faith: The Essence of True Religion,” *Ensign*, Nov. 1981, 5.
22. Doktrin ak Alyans 45:57.
23. Doktrin ak Alyans 46:8; gade tou Efezyen 4:14; Doktrin ak Alyans 52:14–16; Kolosyen 2:8.
24. Mowoni 4:3; Doktrin ak Alyans 20:77; gade tou 3 Nefi 18:1–11.
25. Doktrin ak Alyans 109:15.
26. Mozya 2:32.
27. Gade 3 Nefi 11:29–30.
28. Mozya 4:14.
29. Gade Doktrin ak Alyans 121:36–37; gade tou Doktrin ak Alyans 63:61–63.
30. Gade Doktrin ak Alyans 121:41–45.
31. Lik 12:15; gade tou Doktrin ak Alyans 38:39.
32. Matye 6:33; gade tou 3 Nefi 13:33.
33. Doktrin ak Alyans 121:45–46; gade tou Doktrin ak Alyans 67:11; Moyiz 1:11.
34. Gade Doktrin ak Alyans 63:14–16; gade tou Matye 5:27–28; 3 Nefi 12:27–30.
35. Gordon B. Hinckley, “A Tragic Evil among Us,” *Liahona*, Nov. 2004, 59, 62; gade tou Dallin H. Oaks, “Pornography,” *Liahona*, Me 2005, 87–90; Jeffrey R. Holland, “Place No More for the Enemy of My Soul,” *Liahona*, Me 2010, 44–46.
36. Jenèz 39:12.
37. Gade *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 2.3.
38. Doktrin ak Alyans 10:27; gade tou 1 Pyè 5:8.
39. Gade Doktrin ak Alyans 3:9–10; 1 Korentyen 10:12–13; 2 Pyè 3:17.
40. Gade Alma 13:27–29; Doktrin ak Alyans 109:21.
41. Lik 12:1; gade tou Doktrin ak Alyans 50:6–9.
42. Doktrin ak Alyans 82:2.
43. Doktrin ak Alyans 82:1, 7.
44. Doktrin ak Alyans 20:22; gade tou Ebre 2:17–18; 4:14–16.
45. Doktrin ak Alyans 84:43; gade tou Detewonòm 4:9; Mozya 4:29–30.

Lajwa Prètriz la

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

*Annou akeyi ak konprann grandè ak onè Prètriz la.
Annou aksepte ak renmen responsablite yo mande nou
pou nou ranpli yo.*

Lajwa pou pilote

Sa gen kèk ane, mwen menm avèk kèk kolèg avyatè, nou te deside reyalize yon rèv danfans pou restore yon avyon antik. Ansanm, nou te achte yon ansyen ti avyon rekonesans Piper Cub ane 1938 epi nou te kòmanse travay pou retounen l nan fòm orijinal li. Pwojè a se te yon travay nou te renmen. Li te gen yon siyifikasyon espesyal pou mwen paske m te aprann vole nan yon avyon menm jan an lè m te jèn gason.

Avyon sa a te konstwi pou lapremyè fwa apèn 35 an desa apre frè Wright yo te fin fè premye vòl selèb yo a. Lè m panse ak sa, m santi m granmoun anpil.

Motè a pat gen yon estatè elektrik; pandan ou tap estat motè a nan kabin nan, fòk te gen yon lòt moun atè ki tap kenben elis la epi pouse avec tout fòs li jiskaske motè a te demare poukont li. Chak fwa pou te estat motè a, se te yon moman eksitasyon ak kouraj.

Yon fwa ke l te vole, sa te vin klè ke ti avyon Piper Cub la pat fèt pou kouri vit. An reyalyte, lè te gen yon van fò ki tap soufle dwat devan avyon an, se te tankou nou pa tap fè mouvman ditou. Mwen sonje m t ap vole ansanm avèk pitit gason m nan, Guido, ki te yon adolesan lè sa a, sou tèt otowout la nan peyi Almay e, jan nou ta sipoze, machin ki tap pase anba yo te kouri pi vit pase nou lontan.

Men, se pa tikras renmen m te renmen ti avyon sa a! Se te mwayen ideyal pou yon moun te dekouvri mèvèy ak bote yon avyon k ap vole. Ou te kapab tandè, santi, goute, ak wè sa vole te vle di. Frè Wright yo te eksprime l konsa: “Pa gen [anyen] ki egal sa avyatè yo jwi lè gwo zèl blan yo ap transpòte yo anlè a.”¹

Epoutan, nan kòmansman ane sa a, mwen te gen privilèj vole nan yon djèt konba sofistike, F-18, avèk Blue Angels (Anj Ble yo), ekip demonstrasyon vòl Marin Etazini an ki te selèb nan tout mond lan. Se tankou m te pran yon vòl nan tèt mwen paske egzaktman 50 an anvan prèske jou pou jou, mwen te fin konplete fòmasyon m kòm pilòt ame ayeryen.

Natirèlman, eksperyans vòl F-18 la te totalman diferan de sa m te fè nan ti avyon an. Li te montre m yon bote vòl ki te pi dinamik. Se te kòm si yo tap aplike lwa ayewodinamik ki egziste yo nan yon fason ki pi pafè. Men, vole avèk Blue Angels yo te fè m sonje tou byen vit ke pilote yon avyon chas se yon bagay ki apwopriye sèlman pou jèn gason. Pou m site Frè Write yo ankò, “Plis pase tout lòt bagay, sansasyon [lè moun ap vole] se yon sansasyon lapè pafè ki melanje avèk emosyon ki detire chak nè nan dènye limit.”² Epi, vole avèk Blue Angels yo te prezante yon fason diferan nèt pou moun gen “zanj” toutotou yo pou soutni yo.”

Si nou te gen pou nou mande m kiyès nan de eksperyans vòl sa yo mwen te pi renmen, mwen pa si m tap kapab di nou. Pi piti bagay mwen kapab di sèke nan kèk fason ki evidan yo te trè diferan. Epoutan nan lòt fason, se te pratikman menm bagay.

Nan toulède, ti avyon chas la ak F-18 la mwen te santi emosyon, bote, ak jwa pou vole danlèzè. Nan toulède mwen te kapab konprann sa powèt la te vle di lè l te ekri “ale lwen lyen ostil Tè a epi tonbe ri sou zèl ki te vin tounen ajan akòz de ri a.”³

Menm Prètriz la toupatou

Kounyeya, ou ta kapab mande kisa de eksperyans vòl totalman diferan sa yo gen pou yo wè avèk reyinyon nou an jodi a oubyen avèk prètriz nou gen privilèj pote a oubyen avèk sèvis prètriz nou tout renmen anpil la?

Frè m yo, èske se pa vre ke eksperyans sèvis individyèl nou yo nan prètriz la kapab konplètman diferan? Annou di nan sans figure, kèk nan nou ap vole nan djèt F-18, pandan gen lòt k ap

vole nan ti avion chas. Kèk nan nou ap viv nan pawas ak pye kote chak apèl, soti nan asistan chèf gwoup gran prèt pou rive sekretè nan kolèj dyak yo, ranpli pa yon detantè prèttriz aktif. Ou gen benediksyon pou w patisipe nan òganizasyon yon pawas ki gen ase moun pou ranpli tout apèl yo.

Gen lòt ki ap viv nan zòn nan mond lan kote gen sèlman yon ti ponyen manm Legliz la ak detantè prèttriz. Ou ka santi ou pou kont ou epi ou akable anba pwa tout sa ki bezwen fèt yo. Pou oumenm, sa gen dwa mande yon pakèt enplikasyon pèsònèl pou fè motè sèvis prèttriz la estat. Pafwa, li gen dwa menm sanble ke branch ou an oswa pawas ou a p ap mache ditou.

Men, kèlkeswa sa responsablite w oswa sikonstans pa w yo kapab ye, oumenm avèk mwen konnen toujou gen yon lajwa espesyal ki soti nan sèvis prèttriz devwe.

Mwen te toujou renmen vole, ke se te nan yon ti avyon chas, nan yon F-18 oswa nenpòt lòt avyon. Lè m te konn nan ti avyon chas, mwen pat konn plenyen pou mank vitès; lè m te konn nan F-18, mwen pat konn bougonnen lè presyon manèv akwobatik enpitwayab te konn fè m santi m enkonfòtab akòz de laj mwen.

Wi, toujou gen yon bagay enpafè nan nenpòt sitiyasyon. Wi, li fasil pou nou jwenn bagay ki pou fè nou plenyen.

Men Frè m yo, nou se detantè Prèttriz Sen an dapre Lòd Pitit Bondye a. Yo te fè enpozisyon dè men pou nou chak e nou te resevwa prèttriz Bondye a. Nou te resevwa otorite ak responsablite pou nou aji nan non L kòm sèvitè L sou tè a. Ke nou nan yon gwo pawas oswa yon ti branch, nou resevwa apèl pou nou sèvi, beni, ak agi nan tout bagay pou byen pou tout moun ak tout bagay ki konfyè a nou menm yo. Èske ta kapab gen yon bagay ki pi egzaltan?

An nou konprann, apresye, ak santi lajwa sèvis nan prèttriz la.

Lajwa Prèttriz la

Lanmou m pou vole te enfliyanse direksyon tout lavi m. Men malgre eksperyans revigoran ak mèveye ke mwen fè kòm pilòt, eksperyans mwen kòm manm Legliz sa a pi anrichisan lontan, pi jwaye, epi pi pwofon lontan. Lè mwen imèje m nan sèvis Legliz la, mwen santi pouvwa toupisan Bondye ansanm avèk mizerikòd byenveyan L yo.

Antanke pilòt, mwen te touch syèl yo. Antanke manm Legliz la, mwen santi lanmou ak swen ti soti nan syèl la.

Okazyonèlman, mwen anvè chita nan yon kabin. Men sèvi bò kote frè m ak sè m yo nan Legliz la konpanse sa fasilman. Kapab santi lapè ak jwa siblim ki grandi apati de yon ti pati nan gwo koz ak gwo travay sa a, mwen pa ta renmen rate sa pou anyen nand mond lan.

Jodi a nou rasanble kòm a yon gwo gwoup detantè prèttriz. Se jwa sakre ak privilèj sakre nou pou nou sèvi Senyè ak sanblab nou yo, pou nou angaje pi bon bagay ki nan nou yo nan sèvis koz nòb sa a ki se ede lòt yo ak edifye wayòm Bondye a.

Nou konnen e nou konpran ke prèttriz la se pouvwa ak otorite etènèl Bondye. Nou kapab fasilman di definisyon sa a pa kè. Men, èske nou vrèman konprann siyifikasyon sa nou di a? Kite m repete: *Prèttriz la se pouvwa ak otorite etènèl Bondye.*

Reflech sou sa. Bondye te kreye e li gouvènè syèl yo ak tè a pa pouwa prèttriz la.

Li sove ak egzalte pitit Li yo pa pouwa sa a lè l reyalize “imòtalite ak lavi etènèl lòm.”⁴

Jan Pwofèt Joseph Smith te eksplike l la, Prèttriz la se “kanal Toupisan an te itilize pou l te kòmanse revele laglwa li nan . . . kreyasyon tè sa a. E se pa limenm Li kontinye revele tèt Li bay pitit lèzòm yo nan tan sa a, e se pa la limenm Li ap fè yo konnen bi l yo jiska lafen.”⁵

Papa toupisan nou an ki nan Syèl la te konfye otorite prèttriz a noumenm—èt motèl ki, pa definisyon, se moun ki gen defo, moun ki pa pafè. Li akòde nou otorite l la pou nou aji nan non L pou Sali pitit Li yo. Pa pouwa sa a nou otorize pou nou preche levanjil, administre òdonans sali yo, ede bati wayòm Bondye a sou tè a, epi beni ak sèvi fanmi nou yo ak sanblab nou yo.

Diponib pou Tout Moun

Sa a se pretriz sakre nou genyen an.

Yo pa kapab achte l ni kòmande l. Pozisyon sosyal, richès oswa enfluyans pa kapab modifiye, enfluyanse, oubyen fòse itilizasyon pouvwa prèttriz la. Se yon pouvwa espirityèl ki opere sou lwa selès. Li soti nan lwa syèl la. Li soti nan gran Papa Selès ki se papa nou tout la. Pouwa prèttriz la pa kapab kontwole ni

manipile san se pa avèk prensip lajistis,⁶ non pa selon sifizans nou.

Kris la se sous tout vrè otorite prèttriz ak pouvwa sou tè a.⁷ Prèttriz la se zèv Li, nou gen privilèj patisipe ladan l. “Epi okenn moun pa kapab ede nan travay sa a si l pa gen imilite epi si l pa ranpli avèk lanmou, si l pa gen lafwa, esperans, charite, si l pa tanpere nan tout bagay, nenpòt bagay yo ta konfyè l pou l pran swen an.”⁸

Nou pa aji pou benefis pèsonèl, men pito nou chèche sèvi ak edifye lòt yo. Nou pa dirije pa fòs men pa pèsyazyon,. . . longanimite,. . . jantiyès ak dousè, ak lan lamou sensè.”⁹

Prèttriz Bondye Toupisan an disponib pou gason ki diy kèlkeswa kote yo kapab ye – kèlkeswa zanzèt yo, kèlkeswa jan sikonstans yo enb, ke yo pre, ke yo lwen kote nou ye sou glòb la. Li disponib san lajan ni okenn pri nan mond lan. Pou parafraze ansyen Pwofèt Ezayi, *chak moun* ki swaf kapab vin nan dlo yo, e moun ki pa gen lajan mèt vini pou pou yo vin manje!¹⁰

Epi gras ak Ekspyasyon etènèl ak ensondab Sovè nou an, Jezikri, prèttriz Bondye a kapab disponib menm si nou fè fot oubyen nou pat diy nan lefase. Gras ak pwosesis rafinman ak pirifikasyon espirityèl repantans lan, nou kapab leve epi briye”!¹¹ Gras avèk lanmou san limit ak mizèrikòdye Sovè nou ak redanmtè nou an, nou kapab leve je nou, vin pwòp ak diy, epi transfòme nou pou n vin tounen pitit gason jis ak nòb Bondye–diy detantè prèttriz sakre Bondye Toupisan an.

Grandè ak onè Prèttriz la

Mwen santi yon sèten tristès pou moun ki pa konprann e ki pa apresye grandè ak onè prèttriz la. Yo tankou pasajè yon avyon ki pase tan yo ap bougonnen, plenyen poutèt dimansyon ti sachè pistach la alòske yo ap monte an flèch pi wo lontan pase nyaj yo—yon bagay wa nan tan lontan yo tap bay tout sa yo te posede pou yo ta eseye sèlman yon fwa!

Frè m yo, nou beni dèske nou se enb patisipan gwo pouvwa ak otorite prèttriz la. An nou leve je nou gade, pran konsyans, epi aksepte opòtinite sa a pou sa li vrèman ye a.

Gras a sèvis prèttriz jis, eman, ak devwe, nou kapab fè eksperyans vrè siyifikasyon revelasyon an: “M prale devan nou. M ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri m ap

nan kè nou, epi zanj mwen yo ap alantou nou pou pote nou anlè.”¹²

An nou anbrase ak konprann grandè ak onè prèttriz la. An nou asepte ak renmen responsablite yo mande nou pou nou ranpli yo—lakay nou ak nan inite Legliz nou yo, ke yo gwo, ke yo piti, sa pa enpòtan. An nou toujou pwogrese nan jistis, nan devouman, ak nan sèvis nan prèttriz la! An nou jwenn lajwa pou nou sèvi nan prèttriz la!

Nou kapab fè sa pi byen lè nou aplike prensip konesans, obeyisans, ak lafwa yo.

Sa vle di, toudabò, nou bezwen konnen ak fè doktrin prèttriz la nou jwenn nan pawòl revele Bondye a tounen yon pati nan lavi nou. Li enpòtan pou nou konprann alyans yo ak kòmandman yo ki sèvi kòm baz pou sèvi nan prèttriz la.¹³

Aprè sa, an nou montre sajès epi aji avèk konstans ak onè selon konesans nou akeri a. Si nou obeyi Iwa Bondye yo, nou aprann kontwole lespri nou ak kò nou epi aliye aksyon nou yo avèk modèl jistis pwofèt yo anseye yo, nou ap fè eskperyans lajwa sèvis nan prèttriz la.

Epi finalman, an nou apwofondi lafwa nou nan Senyè nou an, Jezikri. An nou pran non Li sou nou epi an nou angaje nou chak jou pou nou mache ankò nan santye ki pou fè nou vin disip li a. Kite zèv nou yo fè lawfwa nou vin pafè.¹⁴ Gras ak yon lavi disip, nou kapab pèfeksyone nou, etap pa etap, pandan nou ap sèvi fanmi nou, pwochen nou ak Bondye.

Lè nou ap sèvi nan prèttriz la avèk tout kè nou, tout pouvwa nou, tout nanm nou ak tout fòs nou, nou resevwa yon pwomès konesans, lapè, ak don espiyityèl siblim. Si nou onore prèttriz sen an, Bondye ap onore nou, epi nou ap retwouve nou san tach devan [L] nan dènye jou a.”¹⁵

Se pou nou gen je pou nou wè ak yon kè pou nou konprann grandè ak lajwa prèttriz gran Bondye nou an. Se priyè mwen, nan non Jezikri. Amèn.

Nòt

1. Wilbur Wright, nan James Tobin, *To Conquer the Air: The Wright Brothers and the Great Race for Flight* (2003), 238.
2. Wright brothers, nan Tobin, *To Conquer the Air*, 397.
3. John Gillespie Magee Jr., “High Flight,” nan Diane Ravitch, ed., *The*

- American Reader: Words That Moved a Nation* (1990), 486.
4. Moyiz 1:39.
 5. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 108–9.
 6. Gade Doktrin ak Alyans 121:36.
 7. Gade Ebre 5:4–10; Doktrin ak Alyans 107:3.
 8. Doktrin ak Alyans 12:8.
 9. Doktrin ak Alyans 121:41.
 10. Gade Ezayi 55:1.
 11. Doktrin ak Alyans 115:5.
 12. Doktrin ak Alyans 84:88.
 13. Gade Doktrin ak Alyans 84:33–44; 121:34–46.
 14. Gade Jak 2:22.
 15. Doktrin ak Alyans 4:2.

Ede yo vize wo

Pa Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Gras ak konsèy nou, moun n ap dirije yo ap kapab wè, vle, e kwè ke yo ka reyalize tout potansyèl sèvis yo nan wayòm Bondye a.

Mwen ekstrèmeman rekonesan pou m patisipe nan bèl reyinyon prèttriz sa a, e pou m tandè ansèyman ak temwayaj fòmidad sa yo. Sa fè m panse ak pwòp eksperyans pa mwen. Prèske tout sa m te kapab akonpli antanke detantè prèttriz, se gras ak moun ki te konnen mwen e ki te wè nan mwen bagay ke m pa t kapab wè poukont pa m.

Lè m te yon jèn papa, mwen te priye pou m te konnen ki kontribisyon pitit mwen yo te ka pote nan wayòm Bondye a. Pou tigason m yo, m te konnen yo ta ka gen responsablite nan Prèttriz la. Pou tifi yo, mwen te konnen yo t ap gen pou rann sèvis ki reprezante Senyè a. Yo tout t ap gen pou fè travay Li. Mwen te konnen yo chak te endividyèl, e pou rezon sa a Senyè a te ba yo chak don espesifik pou yo itilize nan sèvis li.

Evidamman, mwen pa ka bay chak papa ak chak dirijan jèn yo detay sou sa ki pi bon pou nou fè. Men, mwen ka pwomèt nou ke n ap yon benediksyon pou yo si nou ede yo rekonèt don espirityèl yo resevwa nan nesans yo a. Chak moun diferan e chak moun gen yon kontribisyon diferan pou pote. Okenn moun pa destine pou echwe. Si nou chèche revelasyon pou nou wè ki don Bondye wè nan moun n ap dirije yo nan prèttriz la—patikilyèman jèn yo—n ap gen benediksyon pou nou louvri vizyon yo sou sèvis yo ka akonpli. Gras ak konsèy nou, moun n ap dirije yo ap kapab wè, vle, e kwè ke yo ka reyalize tout potansyèl sèvis yo nan wayòm Bondye a.

Nan ka pitit pa m yo, m te priye pou m te jwenn revelasyon pou m te ka konnen kijan m te ka ede yo chak prepare yo pou opòtinite espesifik pou yo sèvi Bondye. Epi apres a m te eseye ede yo vizyalize, espere, ak travay pou fiti sa a. Pou chak pitit gason, mwen te grave sou yon planch, tèks yon ekriti ki dekri don pa li ak yon ilustrasyon ki te reprezante don sa yo. Anba imaj la ak ekriti a, mwen te konn ekri dat batèm ak dat òdinasyon nan ofis nan Prètriz la pou chak pitit gason, avèk wotè li, nan dat chak evenman sa yo.

M ap dekri planch yo m te grave pou chak pitit gason an, pou te ede l wè don espiyèl li ak sa li ta ka fè pou kontribye nan travay Senyè a. Menmjan avèk mwen, nou kapab jwenn enspirasyon pou rekonèt don patikilye ak posiblite san parèy pou chak jèn nou renmen e n ap dirije yo.

Lè pi gran tigason m nan te vin dyak ak Aigle nan Eskout, foto yon malfini te vini nan lespri m pandan m t ap panse avèk li ak demen li. Nou t ap viv Idaho tou pre Montay Sid Teton an, kote nou te konn al monte mòn chak jou e gade malfini yo k ap vole. Imaj sa a nan lespri m nan te fè m panse ak pawòl Ezayi yo:

“Lè yon moun febli, li ba l kouraj ankò; lè yon moun pèdi souf, li ba li fòs.

“Menm jèn gason konn pèdi souf, yo konn bouke:

“Men, Senyè a ap bay moun ki mete konfyans yo nan li fòs ankò; tankou malfini, y ap pran zèl pou yo leve ale. Y ap kouri san yo pap janm bouke. Y ap mache san yo pap janm febli.”¹

Anfèt, nou te sispann monte mòn Teton Sid la paske pitit gason m nan te kòmanse fatige. Li te vle sispann. Li te mande m: “Èske m ap toujou regrèt ke nou pa t janm rive nan tèt mòn nan? Papa, ou mèt ale ou menm—mwen pa vle pou w desi.”

Mwen te reponn: “Mwen pap janm desi, e ou pap janm regrèt nonplis. N ap toujou sonje ke nou te monte isit la ansanm.” Anlè tèt planch pa l la, mwen te fè foto yon malfini avèk pawòl sa yo: “Sou zèl malfini yo.”

Nan chan misyon li, nan apre, pitit gason m nan monte pi wo pase sa m te janm imajine menm nan rèv mwen. Kèk nan difikilte l te rankontre nan chan misyon yo te sanble yo te depase li. Pou tigason an w ap ankouraje a, li gen dwa jan sa te ye pou pitit gason pa m nan, lè l t ap preche levanjil la nan yon lang ki te

difisil, Senyè a te leve l pi wo pase m te janm panse sa te posib. Si nou eseye fè chak jènjan santi posiblité li nan prètriz la, mwen pwomèt nou ke Senyè a ap di nou kisa nou bezwen konnen. Tigason sa a gen dwa gen potansyèl ki depase menm sa Senyè a ap revele nou an. Ede l vize wo.

Tigason w ap ankouraje a gen dwa twò timid pou l vin yon bon jan sèvitè nan Prètriz la. Youn nan pitit gason m yo te si timid lè l te piti ke li pa t ka menm te oze antre nan yon magazen pou pale avèk moun sou kès la. Mwen te enkyè lè m t ap priye pou li konsènan avni li nan prètriz la. M te panse avèk lè l ta pral gen pou fè misyon—sa pa t parèt fasil ditou. Mwen te dirije vè yon ekriti nan Pwovèb: “Mechan yo pa bezwen mwen dèyè yo pou yo kouri; menm moun ki mache dwat yo brav tankou lyon.”²

Mwen te ekri “Brav tankou lyon” sou planch pa l la, anba foto yon gwo tèt lyon. Nan misyon li ak nan ane apre yo, li te akonpli sa m te ekri sou planch la. Pitit gason m nan ki te si timid yon lè a te preche levanjil la avèk gwo konviksyon e li te fè fas ak danje yo avèk bravou. Li te grandi nan responsablité li kòm reprezantan Senyè a.

Sa ka rive pou jènjan an w ap dirije a. Ou bezwen ranfòse lafwa li pou l konnen Senyè a kapab transfòme li vin tounen yon sèvitè pi kouraje pase tigason timid ou wè a kounyeya.

Nou konnen Senyè a rann sèvitè l yo brav. Joseph, jèn gason an ki te wè Bondye Papa a ak Pitit Gason Li, Jezikri a, nan boskè a, te transfòme vin tounen yon jeyan espartyèl. Parley P. Pratt te wè lè Pwofèt Joseph Smith te reprimande gad mechan yo ki te kenbe yo prizonye yo. Eldè Pratt ekri:

“Toudenkou, li te leve kanpe, epi li te pale avèk yon vwa tonè, tankou vwa yon lyon, pou l te di, osi klè m ka raple m, pawòl sa yo:

“*SILANS, nou menm demon k soti nan gouf enfènal.. Nan non Jezikri mwen reprimande nou, e m kòmande nou, pou nou fèmen bouch nou; mwen pa vle yon lòt minit ankò pou m tande yon langaj konsa.. Sispann pawòl sa yo,, oubyen nou menm avèk mwen n ap mouri KOUNYEYA MENM!*”

Apwopo eksperyans sa a, Èldè Pratt te ekri: “Diyite ak majestem nweb te wè sa sèlman yon fwa,, pandan yo te nan

chenn, a minui, nan yon prizon nan yon vilaj byen lwen nan Missouri.”³

Senyè a ap bay sèvitè jis li yo opòtinite pou yo brav tankou lyon, lè y ap pale nan non Li e antanke temwen nan Prètriz li a.

Yon lòt pitit gason, menm lè l te piti, te gen yon gwo goup zanmi ki te souvan ap chèche konpayi li. Li te fòme lyen fasilman avèk moun. Pandan m t ap eseye wè ki kontribisyon l te ka pote nan wayòm Bondye a, mwen te santi ke li ta pral gen pouvwa pou rapwoche moun, nan lanmou ak inite.

Sa te mennen m nan resi nan Doktrin ak Alyans la ki dekri efò ansyen yo nan Prètriz la pou yo te bati Siyon nan Missouri a, sou aklamasyon zanj yo ki te wè efò yo ak kontribisyon yo. Sa te mande gwo sakrifis. Revelasyon nan Doktrin ak Alyans la di: “Men, nou beni, paske temwayaj nou te rann nan anrejistre pou zanj yo wè yo; epi yo rejwi poutèt nou epi peche nou yo padone.”⁴

Sou planch pitit gason sa a, mwen te ekri: “Zanj yo rejwi nan ou.”

Gwo kapasite pitit gason sa a pou rasanble ak enfliyanse moun nan te etann odela ane lekòl li yo. Avèk zanmi detantè prètriz li yo, li te òganize aktivite pye ki te bay jèn yo nan zòn ni yo lafwa pou yo te pèsèvere e menm triyonfe anba sitiyasyon difisil. Pandan l t ap edifye lafwa jènjan ak jènfi sa yo, li te ede yo bati ti gwoup Siyon nan sant lavil Amerik yo. Sou planch pa l la, mwen te mete zanj ki t ap sonnen twonpèt, ki se petèt pa egzaktaman jan yo fè sa, men li te pi fasil pou m te desinen yon twonpèt ke pouse yon gwo son.

Zanj yo rejwi lè detantè prètriz yo nan tout mond lan ap bati Siyon nan pawas yo, pye yo, ak misyon yo. Epi y ap rejwi pou jènjan yo ak jènfi yo n ap ede bati Siyon kèlkeswa kote yo ye a ak nan kèlkeswa sitiyasyon yo te ka ye. Siyon se rezilta moun ki lye ansanm pa alyans ak lanmou. Mwen envite nou pou n ede jèn nou yo vin fè sa.

Pou youn nan pitit gason m yo, mwen te santi m pouse pou m te desine yon solèy ak pawòl sa yo ki soti nan Priyè Entèsesyon Sovè a: “Sa se Lavi Etènèl.” Prèske nan fen ministè Li nan mòtalite a, Sovè a te priye Papa Li:

“Lavi etènèl se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye a, ak moun ou voye a, Jezikri.

“Mwen glorifye ou sou tè a; mwen fini travay ou te ban m fè a.”⁵

Pitit gason m nan te travay nan prèttriz nan twa kontinan, men pi enpòtan toujou, nan fwaye li ak pami fanmi li. Li konstwi lavi li otou yo. Li travay tou pre lakay li, e li souvan retounen vin jwenn madanm ni ak jèn pitit li lè manje. Fanmi li ap viv tou pre Sè Eyring avèk mwen. Yo pran swen lakou nou kòm si sete pa yo. Pitit gason sa a ap viv non sèlman pou kalifye l pou lavi etènèl, men egalman pou l ka antoure etènèlman pa manm fanmi rekonesan li ke l rasanble bò kote li.

Lavi etènèl, se viv nan inite, an fanmi, avèk Papa a, Pitit Gason an, ak Sentespri a. Lavi etènèl sèlman posib atravè kle Prèttriz Bondye a, ki te retabli palentèmedyè Pwofèt Joseph Smith. Konstaman ankouraje jèn w ap dirije yo pou yo fikse bi etènèl sa a, se yon gwo kado ou ka ba yo. Ou ka fè sa prensipalman pa legzanp nan pwòp fanmi pa ou. Jèn w ap dirije yo gen dwa pa gen yon fanmi nan Legliz la, men mwen ankouraje ou pou ede yo santi lanmou fanmi yo, nan toulède bò vwal la.

Planch m te mete wotè yo m dekri a se sèlman yon mwayen pou ede jèn yo gen yon ide sou grandè Bondye wè nan yo menm ak demen yo, ak sèvis san parèy Li ap prepare yo pou yo rann yo. L ap ede ou wè kijan pou w fè sa pou pitit ou yo ak pou lòt jèn yo w ap dirije yo. Men si ou chèche, nan espri lapriyè, pou wè fiti sa a pou ou menm, epi apresya ou kominike l bay jèn yo, youn pa youn, w ap vin konnen Bondye renmen chak pitit Li, epi li wè gwo don san parèy nan yo chak.

Antanke papa, m te gen benediksyon wè yon avni briyan nan wayòm Bondye a pou pitit fi m yo osibyèn ke pou pitit gason m yo. Lè m te chèche gidans nan lapriyè, Senyè a te montre m yon fason pou ede pitit fi m yo rekonèt konfyans Bondye plase nan yo antanke sèvant ki ka bati wayòm ni an.

Lè pitit fi m yo te jèn, mwen te wè ke nou te kapab ede yo santi lanmou moun ki nan lòt bò vwal yo, atravè jenerasyon yo. Mwen te konnen lanmou soti nan sèvis e l enspire esperans lavi etènèl.

Konsa m te prepare planch pou pen, kote nou te mete yon pen nou te fè epi nou te ale ansanm pote l ofri moun ki te vèf, ki te vèv, ak kèk fanmi. Sa m te ekri sou chak planch pen sa yo sete “J’aime et j’espère,” mo fransè pou “Mwen renmen e m espere.” Prèv don espiryèl yo chak te manifeste non sèlman sou planch yo m te fè a men pi vizib ankò lè nou t ap distribye yo bay moun ki, nan mitan lapenn ak dèy yo a, te bezwen konfimasyon ke lanmou Sovè a ak Ekspyasyon L lan te ka pwodui yon reyon lespwa pafè. Sa se lavi etènèl, pou pitit fi m yo, ak pou nou chak.

Kounyeya, nou gen dwa panse, “Frè Eyring, èske w vle di m bezwen aprann travay bwa?” Repons la se non. Si m te aprann travay bwa, se gras ak èd yon bon mèt plen talan, ki sete Èldè Boyd K. Packer lè sa a. Se sèl syèl la ki ka voye yon enstriktè konsa. Men gen anpil fason nou kapab enfliyans kè pitit nou yo, san nou pa travay planch nip ran mezi yo.

Pa egzanp, nouvo teknoloji kominikasyon yo pèmèt nou voye mesaj lafwa ak lespwa atravè kilomèt ki separe nou yo, alenstan, e prèske san peye oubyen gratis. Madanm mwen ede m fè sa. Nou kòmanse pale nan telefòn avèk otan nan pitit nou ak pitit pitit nou ke nou ka jwenn. Nou mande yo pou yo pale nou de reyisit pèsònèl yo ak sèvis yo te rann. Nou envite yo pou yo voye foto aktivite sa yo ba nou tou. Nou itilize foto sa yo pou ilistre kèk paragaf. Nou fini avèk youn oubyen de vèsè nan Liv Mòmmon an. Petèt Nefi ak Mòmmon pa t ap twò enpresyone pa kalite espiryèl sa nou ekri yo, no pa efò limite sa mande pou kreye sa nou rele “Jounal Familyal la: Ti plak yo.” Men Sè Eyring avèk mwen beni pa efò sa yo. Nou santi nou enspire nan chwa pasaj ekriti yo ak brèf mesaj temwayaj nou ekri yo. Epi, nan lavi pitit pitit pitit nou yo, nou wè prèv ke kè yo tounen vè nou menm ak vè Sovè a.

Gen lòt mwayen pou eseye enfliyanse lòt moun, nou deja enplike nan anpil nan yo. Abitid priyè familyal nou yo ak lekti ekriti an fanmi nou yo ap kreye souvni ki pi dirab ak pi gwo chanjman nan kè pase nou ta ka reyalize kounyeya. Menm aktivite ki aparaman tanporèl yo, tankou ale nan yon match oubyen gade yon fim ansanm, kapab enfliyanse kè yon timoun. Sa ki konte, se pa aktivite a, men santiman ki vini yo lè n ap fè l la. Mwen dekouvri yon bon mwayen pou chwazi aktivite ki gen

potansyèl pou fè yon gwo diferans nan lavi yon jèn moun. Se lefèt ke yo pwopoze aktivite a selon yon enterè yo, ke yo santi ki yo te resevwa kòm kado nan men Bondye. Mwen konnen sa posib apati pwòp eksperyans pa m.

Lè m te vin dyak nan laj 12 an, m t ap viv New Jersey, a 80 km de Vil Nouyòk. Mwen te reve pou m te vin yon gwo jwè bezbòl. Papa m te dakò pou mennen m gade yon match nan ansyen Estad istorik Yankee a nan Bronx. M ankò sonje lè Joe DiMaggio te voye bat la epi l te reyisi fè tou konplè teren an; avèk papa m te chita bò kote m, e sete sèl fwa nou te ale nan yon gwo jwèt bezbòl ansanm.

Men yon lòt jounen avèk papa m te fòme lavi m pou jamè. Li te mennen m soti New Jersey pou ale lakay yon patriyach nan Vil Salt Lake. Mwen pa t janm te konn wè moun sa a anvan sa. Papa m te ale, osito m te antre nan pòt la. Patriyach la te mennen m chita sou yon chèz, li te mete men l sou tèt mwen, epi li te ban m yon benediksyon ki te gen deklarasyon sa a sou pi gwo dezi ki te nan kè m nan.

Li te di ke m sete youn nan moun yo ta pale yo lè yo te di: “Benediksyon pou moun ki patizan lapè.”⁶ I Mwen te sitèlman sezi ke yon etranje te ka konnen kè m konsa ke m te louvri je m pou m te wè sal la kote mirak sa a t ap fèt la. Benediksyon sa a sou posiblite m yo te fòme lavi mwen, maryaj mwen, ak sèvis mwen nan prèttriz la.

Apati eksperyans sa a ak sa ki suiv apre yo, mwen ka temwaye: “Paske, tout moun pa resevwa tout don; paske, gen anpil don, epi Lespri Bondye a bay chak moun yon don.”⁷

Paske Senyè a te revele yon don pou mwen, mwen te kapab rekonèt ak prepare pou opòtinite pou te egzèse li pou benediksyon moun mwen renmen ak sèvi yo.

Bondye konnen don nou. Defi m ba nou e m bay tèt mwen tou, se priye pou konnen ki don nou genyen, pou konnen kijan pou nou devlope yo, ak pou rekonèt okazyon pou sèvi lòt moun Bondye ba nou sèvi yo. Pi enpòtan toujou, mwen priye pou nou jwenn enspirasyon pou ede lòt moun dekouvri don espesyal pa yo pou sèvi.

Mwen pwomèt nou ke si nou mande, n ap jwenn benediksyon pou ede lòt moun atenn potansyèl yo nan sèvi

moun y ap dirije ak renmen yo. Mwen temwaye ke Bondye vivan, Jezi se Kris la, nou detni prèttriz Bondye a, e Bondye prepare nou avèk don espesyal pou nou sèvi li odela esperans ki pi chè nou genyen. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Ezayi 40:29–31.
2. Pwovèb 28:1.
3. *Autobiography of Parley P. Pratt*, ed. Parley P. Pratt Jr. (1938), 211.
4. Doktrin ak Alyans 62:3.
5. Jan 17:3–4.
6. Matye 5:9.
7. Doktrin ak Alyans 46:11.

Wè lòt moun jan yo ka devni

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Nou dwe akeri kapasite pou nou wè moun non pa jan yo ye aktyèlman an men jan yo ka devni.

Chè frè m yo, defwa pa ane, bèl Sant Konferans sa a konplètman ranpli avèk detantè Prètriz Bondye a ki rasanble pou tandè mesaj enspiran. Gen yon bèl santiman espiryèl ki prezan nan reyinyon jeneral Prètriz Legliz la. Espri sa a soti nan Sant Konferans lan pou l penetre nan chak bilding kote pitit gason Bondye yo rasanble. Nou siman santi espri sa a aswè a.

Sa gen kèk ane, anvan bèl Sant Konferans sa a te bati, yon vizitè Temple Square nan Salt Lake City te asiste yon sesyon jeneral konferans nan Tabènak la. Li te koute mesaj Frè yo. Li te pote atansyon a priyè yo. Li te koute bèl mizik Kè Tabènak la te prezante yo. Li te emèveye pou grandè òg mayifik Tabènak la. Lè reyinyon an te fini yo te tandè l di: “M ta bay tout sa m posede si m te konnen sa oratè yo te di la a jodia se vre.” Angwo li t ap di “M swete m te gen yon temwayaj konsènan levanjil la.”

Pa gen absoliman anyen nan mond sa a ki pote plis rekonfò ak bonè pase yon temwayaj konsènan laverite. Mwen panse ke chak gason ak chak jènjan ki la a aswè a gen yon temwayaj, nan yon degre kèlkonk. Si ou santi temwayaj ou pa gen pwofondè ou ta swete a, mwen egzòte w pou w travay pou atenn yon temwayaj. Si temwayaj ou solid ak pwofon, travay pou w kenbe l konsa. Ala nou beni pou n gen yon konesans sou laverite!

Mesaj mwen aswè a, frè m yo, se sa a: gen anpil moun ki gen tikras temwayaj oubyen ki pa gen temwayaj ditou kounyeya la a, moun ki ta ka resevwa e ki t ap resevwa yon temwayaj si nou te

dispoze pou fè efò pou pataje pa nou an epi pou ede yo chanje. Nan kèk sikonstans, se *nou menm* ki ka motive yo pou yo chanje. M ap mansyone premyèman moun ki se manm men ki pou lemoman pa totalman angaje nan levanjil la.

Sa gen kèk ane, nan yon konferans rejyonal ki te fèt nan Helsinki, nan Finlann, mwen te tande yon mesaj memorab e motivan yo te bay nan yon sesyon pou manman yo ak pitit fi yo. Mwen pa janm bliye mesaj sa a, malgre sa gen prèske 40 an depi m te tande li. Pami verite oratris la te pale yo, li te di ke yon fi bezwen pou yo di l li bèl. Li bezwen pou yo di l yo apresye li. Li bezwen pou yo di l li gen valè.

Frè m yo, mwen konnen gason yo sanblab anpil avèk fi yo nan domèn sa a. Nou bezwen pou yo di nou nou gen valè, ke nou kapab e nou gen merit. Nou bezwen yo ba nou okazyon pou nou sèvi. Pou manm ki vin inaktif yo oubyen ki ap ezite pou retounen aktif yo, nou ka chèche, nan lapriyè, pou jwenn yon fason pou touche yo. Envite yo pou yo sèvi nan tèl ou tèl apèl se kapab prezizeman motivasyon yo bezwen an pou retounen aktif la. Men dirijan ki ta ka ede yo nan domèn sa a pafwa ezitan pou fè sa. Nou bezwen konnen moun ka chanje. Yo ka abandone move abitud yo. Yo ka repanti pou transgresyon yo. Yo ka detni prèttriz la diyman. Epi yo ka sèvi Senyè a ak dilijans. Kite m bay kèk ilustrasyon.

Lè m te fèk vin manm Kolèj Douz Apot yo, mwen te gen okazyon pou m te akonpaye Prezidan N. Eldon Tanner, konseye Prezidan David O. McKay, nan yon konferans pye nan Alberta, Canada. Pandan reyinyon an, prezidan pye a te li non kat frè ki te kalifye pou yo te òdone kòm ansyen. Mesye sa yo sete moun Prezidan Tanner te konnen, paske li te viv nan zòn nan yon fwa. Men li te raple l yo jan yo te ye yon fwa e li pa t konnen ke yo te totalman ranje lavi yo e yo te totalman kalifye pou yo te vin ansyen.

Prezidan pye a te li non premye mesye a e l te mande l pou l kanpe. Prezidan Tanner te chichote ban mwen “Gade li. Mwen pa t janm panse l t ap rive la a. Prezidan pye a te li non dezyèm mesye a, epi li te kanpe. Prezidan Tanner te jantiman touche m ankò epi li te di m etonman li. Epi konsa sa te ye pou tout kat frè yo.

Aprè reyinyon an, Prezidan Tanner avèk mwen te gen opòtinite pou n te konplimante frè sa yo. Yo te demontre ke moun ka chanje.

Pandan ane 1940 ak 1959 yo, yon direktè yon prizon Ameriken, Clinton Duffy, te renome pou efò li pou refòmè mesye k te nan prizon l yo. Yon kritik te di: “Èske w pa konnen ke leyopa pa ka tounen mouton?”

Warden Duffy te reponn: “Aprann ke m pap travay avèk leyopa. M ap travay avèk moun, e moun chanje chak jou.”¹

Sa gen kèk ane, m te gen opòtinite pou m te sèvi kòm prezidan Misyon Kanadyen an. Nou te gen yon branch lè sa a ki pa t gen anpil detantè prètriz. Nou te toujou gen yon misyonè kòm prezidan branch lan. Mwen te resevwa gwo enpresyon ke nou te bezwen gen yon manm branch lan kòm prezidan branch.

Nou te gen yon manm adilt nan branch lan ki sete yon dyak nan Prètriz Aawon an men ki pa t vin legliz ni patisipe ase nan reyinyon yo pou l te avanse nan Prètriz la. Mwen te santi m enspire pou m te aple li kòm prezidan branch. M ap toujou sonje jou sa a m te gen entèvyou avèk li a. Mwen te di l Senyè a te enspire m pou m te aple li pou l vin prezidan branch lan. Apre anpil pwotestasyon bò kote pa li, ak anpil ankourajman bò kote madanm ni, li te di l te prè pou sèvi. Mwen te òdone l prèt.

Sa sete yon nouvo depa pou mesye sa a. Li pa t pran tan pou l te mete lavi li annòd, epi li te asire m ke li t ap viv kòmandman yo jan yo te atann pou l viv yo a. Nan lespas kèk mwa sèlman, li te òdone kòm ansyen. Nan apre, madanm ni ak li te finalman ale nan tanp e yo te sele. Pitit yo te sèvi misyon e yo te marye nan Kay Senyè a.

Pafwa, lefèt ke nou frè yo konnen nou bezwen yo e nou apresye yo a kapab ede yo franchi premye etap ki mennen nan angajman pou yo vin totalman aktif la. Sa ka vre pou detantè Prètriz yo kèlkeswa laj yo. Responsablite nou se ba yo opòtinite pou yo viv jan yo ta dwe. Nou ka ede yo simonte feblès yo. Nou dwe akeri kapasite pou wè yo non pa jan yo ye kounyeya men jan yo ka devni demen lè yo resevwa temwayaj konsènan levanjil Kris la.

Yon fwa, m t ale nan yon reyinyon nan Leadville, nan Kolorado. Leadville sitiye nan yon altitud plis pase 3.000 mètr.

Mwen sonje reyinyon patikilye sa a akoz elve a, men, mwen sonje l pou sa k te pase jou swa sa a tou. Pa t gen anpil detantè prètriz ki te prezan. Menmjan ak branch nan Misyon Kanadyen an, branch sa a te prezide pa yon misyonè e l te toujou konsa.

Jou swa sa a, nou te fè yon bèl reyinyon, men pandan nou t ap chante chan kloti a, mwen te resevwa enspirasyon ke ta dwe gen yon prezidan branch lokal pou prezide. Mwen te vire gade prezidan misyon an epi m te mande: “Èske pa gen yon moun la a ki ta ka prezide—yon moun zòn nan?”

Li te reponn: “Mwen pa konn youn.”

Pandan nou t ap chante a, mwen te gade mesye yo ki te chita nan twa premye ranje yo. Atansyon m te atire pa youn nan frè yo. M te di prezidan misyon a: “Èske l ka sèvi kòm prezidan branch?”

Li te reponn: “M pa konnen. Petèt li ta kapab.”

Mwen te di: “Prezidan, m aprale avèk li nan lòt sal la pou m entèvyouve li. Pale apre chan kloti a jiskaske nou retounen.”

Lè nou toulède te retounen nan sal la, prezidan misyon an te fini temwayaj li. Mwen te prezante non frè a kòm nouvo prezidan branch. Apati jou sa a, Leadville, nan Colorado, te gen yon manm lokal ki t ap dirije inite sa a.

Frè m yo, menm prensip sa a aplike pou moun ki poko manm yo tou. Nou dwe devlope kapasite pou n wè moun non pa jan yo ye a men jan yo ka devni lè yo se manm legliz la, lè yo gen yon temwayaj, ak lè lavi yo an amoni avèk ansèyman l yo.

Nan ane 1961 an, yo te fè yon konferans mondyal pou prezidan misyon yo, e yo te fè chak prezidan misyon nan Legliz la vini Salt Lake City pou reyinyon sa yo. Mwen te vin Salt Lake City soti nan misyon m nan Toronto (Canada).

Nan yon reyinyon patikilye, N. Eldon Tanner, ki te Asistan Kolèj Douz yo lè sa a, te fèk retounen soti nan premye eksperyans li pou prezide sou misyon nan Grand Bretagne ak Lwès Ewòp yo. Nan reyinyon sa a, li te pale de yon misyonè ki te gen plis siksè l te rankontre nan tout entèvyou l te fè yo. Li te di ke lè l te entèvyouve misyonè sa a, li te di l: “M sipoze ke tout moun ou batize yo antre nan legliz pa mwayen referans ou jwenn nan men manm yo.”

Jenòm nan te reponn: “Non, nou jwenn yo tout pa mwayen pòtapòt.”

Frè Tanner te mande l ki sa k te diferan nan apwòch li a—poukisa l te gen siksè fenomenal sa a pandan ke sa pa t konsa pou lòt misyonè yo. Jenòm nan te di ke li te eseye batize chak moun li te rankontre. Li te di ke, si l frape nan yon pòt epi l wè yon moun k ap fimen yon sigarèt, ki pa byen abiye epi ki aparaman sanble anyen pa enterese l—e sitou pa relijyon—misyonè a te eseye imajine kijan mesye sa a t ap ye si l te nan lòt sikonstans diferan. Nan lespri li, li imajine l byen pwòp byen abiye avèk yon chemiz blan ak pantalon blan. Epi apresya, misyonè a wè li menm k ap dirije moun sa a nan dlo batèm yo. Li te di: “Lè m gade yon moun nan fason sa a, mwen gen kapasite pou m rann ni temwayaj mwen nan yon fason ki ka touche kè li.”

Nou gen responsablite pou n wè zanmi nou, frekantasyon nou yo, ak vwazen nou nan fason sa a. Epi ankò, nou gen responsablite pou n wè moun non pa jan yo ye a men jan yo ka devni. M ap priye nou pou n panse avèk yo nan fason sa a.

Frè m yo, Senyè a te di nou yon bagay sou enpòtans prètiz sa a nou detni an. Li te di nou ke nou resevwa li avèk yon sèman ak yon alyans. Li te ba nou enstriksyon pou nou rete fidèl ak lwayal nan tout sa nou resevwa, e nou gen responsablite pou n respekte alyans sa a jiskalafen. Epi lè sa a, n ap resevwa tout sa Papa a genyen.²

Kouraj se mo nou bezwen tande ak kenbe nan kè nou—kouraj pou vire do bay tantasyon, kouraj pou leve vwa nou rann temwayaj bay tout moun nou rankontre, pandan n ap sonje ke chak moun dwe gen yon opòtinite pou tande mesaj la. Se pa yon bagay ki fasil pou anpil nan nou. Men nou ka mete konfyans nan pawòl Pòl te voye bay Timote yo:

“Paske se pa yon espri timidite Bondye mete nan nou, men yon espri pouvwa, yon espri lanmou, ak yon espri tèt klè.

“Se poutèt sa nou pa bezwen wont kanpe pale pou Senyè nou an.”³

An Me 1974, m te avèk Frè John H. Groberg nan Zile Tonga yo. Nou te gen yon randevou pou n te vizite wa Tonga a, e nou te rankontre li nan yon rankont ofisyèl. Nou te pale de bagay pwotokòl abityèl yo. Men, anvan nou te ale, John Groberg te di

yon bagay ki pa t abityèl ditou. Li te di: “Majeste, ou ta dwe vrèman vin Mòmon, ansanm avèk moun w ap gouvène yo tou, paske lè sa a, pwoblèm ou ansanm ak pwoblèm yo t ap grandman rezoud.”

Wa a te souri anpil epi l te reponn: “John Groberg, petèt ou gen rezon.”

M te panse ak Apot Pòl devan wa Agripa. M te panse ak repons wa Agripa te bay pou temwayaj Pòl la: “Talè konsa ou pral pran tèt mwen tou pou fè m kretyen.”⁴ Frè Groberg te gen kouraj pou l te rann yon wa temwayaj li.

Aswè a gen plizyè milye detantè prèttriz k ap sèvi Senyè a aplentan kòm misyonè. An repons a yon apèl, yo kite kay, fanmi, zanmi, ak etid dèyè e y ale sèvi. Moun ki pa konprann yo poze kesyon sa a: “Poukisa yo reponn si vit konsa e yo si dispoze konsa?”

Misyonè nou yo ta ka reponn ak pawòl Pòl yo, misyonè san parèy la, nan premye jou yo: “Paske tandè byen, se pa yon louwanj pou mwen dèske m ap anonse levanjil la; se yon obligasyon pou mwen; malè pou mwen si m pa preche levanjil la!”⁵

Ekriti yo pa gen pwoklamasyon ki pi apwopriye, responsablite ki pi obligatwa, enstriksyon ki pi dirèk pase egzòtasyon Senyè resisite a te bay lè l te parèt devan onz disip yo nan Galile a. Li te di:

“Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a.

“Se poutèt sa, ale, fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, ak Pitit la, ak Sentespri a:

“Anseye yo pou yo obsève tout sa mwen te kòmande nou yo. Epi, sonje byen, mwen la avèk nou toulèjou, jouk sa kaba.”⁶

Kòmandman divin sa a, ansanm avèk bèl pwomès ki ladan l lan, se deviz nou jodia, jan l te ye nan tan ansyen an. Travay misyonè se yon trè distenktif Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Li te toujou sa, e l ap toujou rete sa. Jan Pwofèt Joseph Smith te deklare a: “Aprè tout sa ki fin di, devwa ki pi gwo ak pi enpòtan an se preche levanjil la.”⁷

Nan lespas de ti grenn ane, tout misyonè aplentan k ap sèvi aktyèlman nan lame wayal Bondye a apral fini travay aplentan yo a e y ap retounen lakay yo al jwenn fanmi yo. Ranplasan yo la

a aswè a, pami detantè Prètriz Aawon yo nan Legliz la. Jènan, èske nou pare pou reponn? Èske nou dispoze pou travay? Èske nou pare pou sèvi?

Prezidan John Taylor te rezime kondisyon yo: “Kalite gason nou bezwen pou pote mesaj levanjil sa a se gason ki gen lafwa nan Bondye; gason ki gen lafwa nan relijyon yo; gason ki onore prètriz yo; . . . gason ki ranpli ak Sentespri a ak pouvwa Bondye; . . . gason ki gen onè, entegrite, vèti, ak pite.”⁸

Frè m yo, nou tout resevwa manda pou pwoklame levanjil Kris la. Si lavi nou konfòm avèk prensip Bondye yo, moun ki bò kote nou pap janm pouse plent sa a: “Mwason an fini; sezon letè a, e nanm nou pa sove.”⁹

Bèje nanm pafè a, misyonè ki te rachte limanite a, te ba nou asirans divin ni:

“Epi si ou travay pandan tout vi ou pou ou kriye repantans nan mitan pèp sa a, epi ou sèlman mennen yon sèl nanm ban mwen, ala lajwa w ap anpil avèk li nan wayòm Papa m nan!

“Epi kounyeya, si lajwa w ap anpil avèk yon sèl nanm ou pote ban mwen nan wayòm Papa m nan, ala lajwa w ap anpil si ou ta mennen plis nanm ban mwen!”¹⁰

Konsènan Li menm ki te di pawòl sa yo, mwen deklare temwayaj mwen. Li se Pitit Gason Bondye, Redanmtè nou, ak Sovè nou.

Mwen priye pou nou ka gen kouraj pou lonje lamèn nan fratènite, detèminasyon pou n eseye epi eseye ankò, ak imilite nesèsè pou chèche gidans nan men Papa nou pandan n ap ranpli manda nou pou pwoklame levanjil la. Responsablite a sou zepòl nou, frè m yo. Nan non Jezikri. Amèn.

Nòt

- | | |
|---|---|
| 1. Nan Bill Sands, <i>The Seventh Step</i> (1967), 9. | 7. <i>Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith</i> (2007), 330. |
| 2. Gade Doktrin ak Alyans 84:33–39. | 8. <i>Enseignements des présidents de l'église: John Taylor</i> (2001), 73. |
| 3. 2 Timote 1:7–8. | 9. Jeremi 8:20. |
| 4. Travay 26:28. | 10. Doktrin ak Alyans 18:15–16. |
| 5. 1 Korentyen 9:16. | |
| 6. Matye 28:18–20. | |

Kote Paviyon an ye?

Pa Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Paviyon ki sanble l kache èd divin nan pa kouvri Bondye, men se nou menm li kouvri pafwa. Bondye pa janm kache, men pafwa se nou menm ki kache.

Nan pwofondè angwas li nan Prizon Libète a, Profèt Joseph Smith te kriye: “O Bondye, kote ou ye? Kote paviyon ki kouvri kote w kache a?”¹ Anpil nan noumenm, nan moman angwas pèsònèl nou, gen enpresyon ke Bondye lwen nou. Men paviyon ki sanble k kache èd divin nan pa kouvri Bondye; se nou menm li kouvri pafwa. Bondye pa janm kache, men pafwa noumenm nou kache, nou kouvri anba yon paviyon motivasyon ki elwanye nou de Bondye e ki ba nou enpresyon ke li elwaye ak inaksesib. Se dezi pèsònèl nou yo olye de atitid pou nou di “ke volonte ou fèt la,”² ki kreye santiman ke gen yon paviyon ki bloke Bondye a. Bondye pa enkapab wè nou ni kominike avèk nou, men, nou gen dwa pa dispoze pou koute ak soumèt nou anba volonte Li, nan tan pa Li.

Santiman separasyon nou de Bondye a diminye lè nou vin plis menmjan avèk yon timoun devan Li. Sa pa fasil nan yon mond kote opinyon lòt èt imen kapab gen gwo enflyans sou motivasyon nou yo. Men sa ap ede nou rekonèt verite sa a: Bondye pwòch nou, e li sousye pou nou e li pa janm kache pou pitit fidèl Li.

Pitit pitit fi twazan m nan te ilistre pouvwa inosans ak imilite pou konekte nou avèk Bondye a. Li te ale avèk fanmi li nan pòt ouvèt tanp Brigham City a nan Utah. Nan youn nan sal yo nan tanp lan, li te gade alantou li epi li te mande: “Manman, kote Jezi ye?” Manman an te eksplike l ke li pat kapab wè Jezi nan tanp

lan, men li ta kapab santi enfliyans li nan kè l. Eliza te panse seryezman sou repons manman l lan epi apres a, li te sanble satisfè epi l te di konsa: “Jezi al ede yon moun.”

Pa t gen paviyon ki te kache konpreyansyon Eliza oubyen bouche vizyon li sou reyalyte a. Bondye te pwòch li, epi li te santi li pwòch Bondye. Li te konnen tanp lan se mezon Senyè a men tou li te konprann Jezikri resisite ak glorifye a te gen yon kò epi li te kapab yon sèl kote alafwa.³ Li te rekonèt ke, si l pa t nan kay li a, siman li te dwe yon lòt kote. Epi, selon konesans li sou Sovè a, li te konnen li te dwe yon lòt kote ap fè byen pou pitit Papa Li yo. Sete klè li te espere wè Jezi, non pa pou te gen yon mirak pou konfime egzistans li, men senpleman paske li renmen Li.

Lespri a te kapab revele nan ti lespri timoun ni an ak nan kè li, rekonfò nou tout bezwen e nou tout vle a. Jezikri vivan, li konnen nou, l ap veve sou nou, e l ap pran swen nou. Nan moman doulè, solitud, oubyen konfizyon, nou pa bezwen wè Jezikri pou n konnen li okouran sitiyasyon nou epi misyon Li se pou fè nou byen.

Mwen aprann nan pwòp lavi pa m ke eksperyans Eliza a kapab tounen eksperyans pa nou lontan apre nou kite enfans nou. Nan premye ane karyè mwen yo, mwen te travay di pou m te jwenn yon pòs pwofesè nan inivèsite Stanford la. Mwen te estime ke m te debouye m pou m gen yon vi agreyab pou mwenmenm ak pou fanmi mwen. Nou t ap viv tou pre paran madanm mwen nan kad trè konfòtab. Selon kritè mond lan, mwen te reyisi. Mwen legliz la te ban m okazyon pou m te kite Kalifòni pou m ale nan Ricks Kolèj nan Rexburd, nan Idaho. Objektif pwofesyonèl lavi mwen te ka tounen yon paviyon pou separe m avèk yon Papa eman ki te konnen pi byen pase m sa demen te rezève pou mwen. Men mwen te gen benediksyon pou m te konnen ke tout reysisit mwen te genyen nan karyè mwen ak lavi familial mwen jiskaprezan yo sete yon kado Bondye. E konsa, tankou yon timoun piti, mwen te mete ajenou pou m priye e mande sa m dwe fè. Nan espri mwen, m te kapab tandè yon ti vwa ki te di: “Se lekòl mwen.” Pa t gen paviyon ki te kache m de Bondye. Avèk lafwa ak imilite, mwen te soumèt volonte m anba pa li, e m te santi k l te sousye e l te pwòch.

Ane m te pase nan Ricks Kolèj, pandan m t ap eseye chèche ak fè volonte Bondye a, te pouse paviyon an pou l pa t kouvri mwen ni nwasi wòl aktif Bondye nan lavi mwen. Pandan m t ap chèche pou fè travay li, m te santi m pwòch li e m te gen asirans ke Li te konnen sitiyasyon mwen epi l te sousye anpil pou bonè mwen. Men, menmjan ak Stanford, motivasyon mond lan te kòmanse prezante devan mwen. Youn sete yon òf travay byen atiran, ki te prezante egzakteman nan moman m t ap fini senkyèm ane m kòm Prezidan Ricks Kolèj. Mwen te reflechi sou sa, mwen te priye sou sa, epi m te menm pale sa avèk manm Premye Prezidans lan. Yo te reponn mwen avèk chalè e avèk yon ti imou men sètènman pa avèk yon direksyon. Prezidan Spencer W. Kimball te koute m lè m te dekri l òf la m te resevwa nan men yon gwo antrepriz la epi l te di: “Enben, Hal, sa sanble yon okazyon mayifik! E si nou ta bezwen ou, n ap konn ki kote pou nou jwenn ou.” Yo t ap konn ki kote pou yo jwenn mwen, men dezi m pou reysit pwofesyonèl la te kapab kreye yon paviyon ki te ka rann ni pi difisil pou m jwenn Bondye epi pou m koute ak suiv envitasyon Li.

Madanm mwen, ki te santi sa, te gen gwo enpresyon ke nou pa t dwe kite Ricks Kolèj. Mwen te di l: Sa sifi pou mwen.” Men li te ensiste, avèk sajès, pou m te chèche jwenn pwòp revelasyon pa mwen. E konsa, mwen te priye ankò. Fwa sa a, mwen te resevwa yon direksyon klè, sou fòm yon vwa nan lespri m ki te di: “M ap pèmèt ou rete nan Ricks Kolèj yon tatan ankò.” Anbisyon pèsònèl mwen te kapab bouche vizyon mwen sou reyalite a epi rann li difisil pou m te resevwa revelasyon an.

Trant jou apre m te fin pran desizyon enspire pou m te resevwa òf travay la epi rete nan Ricks Kolèj la, baraj rivyè Teton an te kraze, tou pre a. Bondye te konnen baraj sa a ta pral kraze epi dèsantèn moun ta pral bezwen èd. Li te kite m chèche direksyon li epi jwenn pèmision pou m te rete nan Ricks Kolèj. Se sèlman Limenm ki te konnen tout rezon k fè sèvis mwen ta pral ankò enpòtan pou kolèj la ak nan Rexburg. Konsa, mwen te la, pou m te envoke Papa m ki nan Syèl souvan, nan lapriyè, pou l te ka di m sa pou m te fè pou te ded moun popriyete yo te andomaje yo oubyen ki te touche pèsònèlman yo. Mwen te pase anpil tan ap travay avèk lòt moun pou netwaye labou ak dlo nan

kay yo. Dezi m pou m konnen ak fè volonte L la te ban m okazyon pou m te pwogrese espiyèlman.

Ensidan sa a demontre yon lòt fason nou kapab kreye yon baryè ki anpeche nou konnen volonte Bondye obyè santi lanmou Li pou nou: nou pa ka ensiste sou kalandriye *pa nou* lè Senyè gen pwòp kalandriye pa li. M te panse m te pase ase tan nan tach mwen nan Rexburg e m te prese pou fè yon chanjman. Pafwa ensistans nou pou aji an fonksyon pwòp kalandiye pa nou kapab bouche volonte Li pou nou.

Nan Prizon Liberty a, Joseph Smith te mande Senyè a pou l te pini moun ki t ap pèsikite manm Legliz yo nan Misouri a. Nan priyè l la, li te vle yon chatiman fèm ak rapid. Men, Senyè a te reponn ke “anpil ane p ap pase,”⁴ anvan l regle avèk enmi Legliz yo. Nan vèsè 24 ak 25 nan seksyon 121 Doktrin ak Alyans yo, li di:

Gade, je mwen wè epi m konnen tout zèv yo, epi m gen an rezèv yon jijman ki rapid nan sezon an pou yo tout;

Paske gen yon tan ki fikse pou chak moun, dapre zèv li.”⁵

Nou retire paviyon an lè nou di sensèman nan lapriyè nou “se pou volonte ou fèt” ak “nan pwòp tan pa ou.” Tan li dwe bonè ase pou nou paske nou konnen Li vle sèlman sa ki bon pou nou.

Youn nan bèlfi m yo te pase anpil ane ap santi ke Bondye te mete yon paviyon sou li. Li sete yon jèn manman twa pitit, ki te anvi fè plis pitit toujou. Apre l te fin pèdi de timoun, priyèl yo te vin angwase. Anpil ane pase sa l pa t ka fè pitit, e li te vin tante pou mete l ankòlè. Lè pi piti a t al lekòl, vid nan fwaye a te sanble ap moke dezi li pou fè pitit la. Li te gen zanmi ki te ansent sa planifye e ki menm pa t bezwen tonbe ansent, e sa te fè menm efè kòlè a sou li. Li te santi l osi angaje ak osi konsakre ke Mari, ki te di: “Se sèvant Mèt la mwen ye.”⁶ Men byenke l t ap repete pawòl sa yo nan kè li, li pat kapab tandè repons pou yo.

Nan espwa pou remonte moral li, mari l te envite l pou akonpaye li nan Kalifòni nan yon vwayay travay. Pandan mari li te ale nan reyinyon yo, limenm li t ap mache sou bèl plaj vid, mayifik la. l Avèk kè l prèt pou eklate, li te priye byen fò. Pou lapremyè fwa, li pa t mande pou l fè yon lòt timoun men pou l akonpli yon bagay pou Senyè a. Li te kriye: “Papa nou ki nan

Syèl la, m ap ba ou tout tan mwèn; silvoulè, montre m kijan pou m okipe li." Li te eksprime volonte li pou l te mennen fanmi li nenpòt kote yo ta mande l pou yo ale. Priyè sa a te pwodwi yon santiman lapè li pa t atann. Sa pa t satisfè swaf li pou l te jwenn sètitud la, men pou lapremyè fwa depi dèzane, sa te kalme kè li.

Lapriyè a te retire paviyon an epi te ouvri fenèt syèl yo. Mwens pase 2 semèn apre, li te aprann li te ansent. Nouvo bebe sa a te fèk gen ennan lè pitit gason m nan ak bèlfi m nan te resevwa yon apèl misyon. Jan li te pwomèt pou l te fè nenpòt bagay nenpòt kote a, li te repouse santiman laperèz li yo epi li te pati aletranje avèk pitit li yo. Nan chan misyon an, li te fè yon lòt timoun, nan yon jou transfè misyonè.

Li endispansab pou nou soumèt nou konplètman anba volonte syèl la, menmjan ak jèn manman sa a, pou nou retire paviyon espiritiyèl yo nou mete sou tèt nou pafwa yo. Men sa pa garanti yon repons imedya pou priyè nou yo.

Kè Abraram te sanbla l te jis lontan anvan Sara te fè Izaak e anvan yo te resevwa tè pwomèt la. Syèl la te gen lòt objektif pou l te ranpli toudabò. Objektif sa yo sete non sèlman pou edifye lafwa Abraram ak Sara, men tou, pou ansenye yo verite etènèl te pwoklame bay lòt moun toutolon wout chaje detour a ki te prepare pou yo a. Dèlè Senyè a souvan sanble yo long; genyen ki dire tout yon lavi. Men yo toujou kalkile pou yo fè byen. Delè yo pa oblije se peryòd solitud oswa chagren oswa enpasyans.

Byenke kalandriye pa l la se pa toujou kalandriye pa nou, nou kapab sèten ke Senyè a kenbe pwomès Li. Pou nenpòt nan nou ki panse kounyeya ke l difisil pou atenn Bondye, m ap temwanyè ke jou a ap vini kote nou tout pral wè Li fasafas. Menmjan pa gen anyen kounyeya ki bloke vizyon li gen sou noumenm nan, se menmjan tou pa p gen anyen ki ap bloke vizyon nou genyen de li. Nou tout apral kanbe devan an pèsòn. Menmjan ak pitit pitit fi m nan, nou vle wè Jezikri kounyeya, men reyinyon asire nou menm avèk li a nan ba jijman an pral pi agreyab si nou premyèman fè bagay ki rann ni famiyè pou nou yo, jan nou famiyè pou li a. Pandan n ap sèvi Li, n ap vini plis menmjan avèk li, e n ap santi nou pi pwòch li pandan ke n ap rapwoche nou de jou sa a kote anyen pap bare vizyon nou an.

Mouvman nan direksyon Bondye a kapab toujou ap kontinye. Senyè a ansenye: "Vini non, nou menm ki resevwa benediksyon Papa m', vin pran posesyon peyi ki te pare pou nou depi lè Bondye t'ap kreye lemond lan."⁷ Epi, apres a li di nou ki fason:

"Paske Mwen te grangou, nou ban m' manje; mwen te swaf dlo, nou ban m' bwè. Mwen te lwen peyi m', nou te resevwa m' lakay nou.

"Mwen te toutouni, nou te ban m' rad. Mwen te malad, nou pran swen m'; mwen te nan prizon, nou vin wè mwen.

"Lè sa a, moun ki te fè byen yo va reponn li: Mèt, kilè nou te wè ou grangou pou n' te ba ou manje? Kilè nou te wè ou swaf dlo pou nou te ba ou bwè?

"Kilè nou te wè ou lwen peyi ou, pou nou te resevwa ou lakay nou? Osinon toutouni, pou n' te ba ou rad?

"Kilè nou te wè ou malad, osinon nan prizon, pou n' te al wè ou?

Wa a va reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa pou yonn nan pi piti pami frè m' yo, se pou mwen nou te fè li."⁸

Lè nou akonpli sa l mande nou fè pou pitit Papa L yo, Senyè a konsidere sa kòm zak jantiyès anvè Li, e n ap santi nou pi pwòch Li paske n ap santi lanmou li ak apwobasyon li. Yon jou, n ap vin menmjan avèk li, e n apral tann jou jijman an avèk lajwa.

Paviyon ki sanble l kache nou pou Bondye a se kapab krent lèzòm, olye de dezi pou nou sèvi pwochen nou. Sèl motivasyon Senyè a sete pou ede moun. Anpil nan noumenm, menmjan avèk mwen, konn santi krent lè n ap abòde yon moun nou te ofanse oubyen ki te blese nou. E poutan, anpil fwa, mwen wè Senyè a adousi kè moun, enkli kè pa m tou. Konsa, m ap envite nou pou nou ale wè yon moun pou Senyè a, malgre tout krent nou kapab genyen, pou nou pote lanmou nou ak padon nou. Mwen pwomèt nou si nou fè sa, n ap santi lanmou Sovè a pou moun sa a ak lanmou Li pou nou, e nou pap gen enpresyon ke sa soti byen lwen. Pou noumenm, tach la gen dwa sitiye nan yon fanmi, nan yon kominote, oubyen nan tout yon peyi.

Men, si nou ale beni lòt moun pou Senyè a, l ap wè sa e l ap rekonpanse nou. Si nou fè sa souvan e ase lontan, n ap santi yon

chanjman nan nati nou, gras ak Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a. Non sèlman n ap santi nou pi pwòch li, n ap santi nou plis an plis ap tounen menmjan avèk li tou. Lè sa a, lè na va rankontre li, jan sa ap ye pou nou tout la, nou pral viv menm bagay Mowoni te viv la, lè l te di: “Epi kounyeya, m di tout moun orevwa. Talèkonsa m pral repoze nan paradi Bondye a, jistan lespri m ak kò m reyini ankò, e m monte avèk triyonf anlè a, pou m rankontre nou devan bon tribinal plezan gran Jewova a, jij etènèl ni vivan yo ak mò yo. Amèn.”⁹

Mwen temwaye ke, si nou sèvi avèk lafwa, imilite, ak dezi pou fè volonte Bondye, ba jijman gran Jeyova a ap agreyab. Na va wè Papa eman nou an ak Pitit Gason L lan jan yo wè nou kounyeya, avèk yon klate pafè ak yon amou pafè. Nan non sakre Jezikri, amèn.

Nòt

- | | |
|---|--------------------|
| 1. Doktrin ak Alyans 121:1. | 6. Lik 1:38. |
| 2. Gade Matye 6:10; Lik 11:2; 3 Nefi 13:10; Etè 12:29; Doktrin ak Alyans 109:44; Moyiz 4:2. | 7. Matye 25:34. |
| 3. Gade Doktrin ak Alyans 130:22. | 8. Matye 25:35–40. |
| 4. Doktrin ak Alyans 121:15. | 9. Mowoni 10:34. |
| 5. Doktrin ak Alyans 121:24–25. | |

Ekspyasyon an

Pa Prezidan Boyd K. Packer

Prezidan Kolèj Douz Apot yo

Kèlkeswa kote manm nou yo ak misyonè nou yo ale, mesaj nou se yon mesaj lafwa ak esperans nan Sovè a, Jezikri.

Mesaj mwen jodia adrese ak moun pami nou k ap soufri e ki chaje anba fado kilpabilite, feblès, echèk, chagren ak dezespwa.

An 1971, mwen te gen tach pou m t al fè plizyè konferans pye nan zile Samoa oksidantal yo, ansanm avèk òganize yon nouvo pye nan Zile Upolo. Apre entèvyou yo, nou te lwe yon ti avyon piti pou n t ale nan yon konferans pye nan zile Savai'i. Avyon an te ateri nan yon chan zèb nan Faala e li te gen pou retounen nan demen aprèmidi pou l te vin chèche nou mennen tounen nan zile Upolo a.

Jou pou nou te retounen soti Savai'i a, lapli t ap tonbe. Konesan ke avyon an pa t ap ka ateri nan chan plen dlo a, nou te pran machin ale nan pwent lwès zile a kote te gen yon espès pis nan mitan de kouran dlo. Nou te tann jis li te fènwa, men avyon an pa t vini. Finalman, nou te aprann pa radyo ke te gen yon tanpèt, e avyon an pa t ka dekole. Nou te voye yon mesaj radyo pou di nou t ap vini pa bato. Yon moun te sipoze al tann nou nan Mulifanua.

Pandan nou t ap kite pò Savai'i a, kapitèn bato 40 pye (12 m) a te mande prezidan misyon an si l te gen yon flach. Erezman, li te gen youn epi li te remèt kapitèn nan li. Nou te fè (21 km) kilomèt ap travèse Zile Upolo a sou yon lanmè ki te move anpil. Youn nan nou pa t reyalize ke yon gwo tanpèt twopikal te frape zile a, epi nou t ap dirije dwat nan mitan li.

Nou te rive nan pò Mulifanua a. Nou te oblije pase nan yon pasaj etwat bò resif la. Yon limyè sou kolin nan anlè plaj la ak yon

dezyèm limyè piba te sinyale pasaj sa a. Lè yon bato te pozisyon nan fason pou toulède limyè yo te vin youn anlè lòt, li te nan bon kote pou l te travèse e evite wòch danjere yo ki te sou tout bò pasaj la.

Men jou swa sa a te gen yon sèl limyè. Te gen de misyonè ki t ap tann nou nan kote pou n te debake a, men travèse a te pran plis tan pase dabitid. Apre yo te fin pase plizyè èdtan ap veye bato nou an, misyonè yo te vin fatige epi dòmni te pran yo, yo pa t limen dezyèm limyè a, limyè pi ba a. Kòm rezilta, pasaj la atravè resif la pa t vizib ditou.

Kapitèn nan te manevre bato a osibyen l te kapab nan direksyon limyè anlè a sou rivaj la pandan ke, yon manm ekipaj la te itilize flach yo te prete a pou klere devan bato a pou l te veye wòch yo sou wout la. Nou te ka tandè vag lanmè yo ki t ap frape sou resif la. Lè nou te rive pre ase pou n te wè yo avèk flach la, kapitèn nan te kouri di pou vire motè a eou rekile pou eseye lokalize pasaj la ankò.

Apre plizyè tantativ, li te vin wè ke li t ap enposib pou nou te jwenn pasaj la. Tout sa nou te ka fè sete eseye atenn pò Apia a, ki te yon distans (64 km). Nou te enpuisan devan fòs eleman dechennen yo. Mwen pa sonje m te janm yon kote ki te fènwa konsa.

Nou pa t fè okenn pwogrè pandan premye èdtan an, malgre motè a t ap mache ak tout puisans li. Bato a te lite ak yon gwo gwo vag epi apres li te kanpe fatige sou tèt vag la avèk elis li ki te kite dlo a. Vibrasyon elis yo te sekwe bato a sitelman ke l te prèske kraze anpyès anvan l te glise desann sou lòtbò vag la.

Nou te kouche sou kapo lakal la, avèk bra nou ak pye nou lonje sou tèt chajman an, nou te kranponnen sou li avèk men nou sou yon bò ak zòtèy nou bloke lòtbò a pou nou pa t tonbe nan dlo a. Frè Mark Littlefort te pèdi priz li epi van an te vòltije l al nan ray anfè anba a. Li te blese nan tèt, men ray la te anpeche l tonbe nan dlo a.

Finalman, nou te avanse epi lè l te prèske jou, nou te finalman akoste nan pò Apia a. Pou sekirite, bato yo te mare youn ak lòt. Yo te bloke tout waf la. Nou te fofile nan mitan yo, ap eseye pa deranje moun ki t ap dòmni sou pon bato yo. Nou te kontinye

wout nou ale Pesega, nou te seche rad nou, epi nou te derape al
Vailuutai pou n te òganize nouvo pye a.

Mwen pa konn kiyès ki t ap tann nou nan Mulifanua a.
Mwen te refize yo di m kimoun. Men se vre ke, san limyè sa a pi
ba a, nou tout te ka disparèt.

Gen yon ansyen kantik nan ansyen liv chan nou an yo raman
chante ki, pou mwen menm, gen yon siyifikasyon trè espesyal.

*Amou Papa nou an briye byen klè
Tankou yon 'phare' pou klere tout bagay,
Kanta nou menm, avèk limyè nou
Nou gide moun toutolon rivaj la.
Se pou nou kite lanp nou limen;
Pou yo klere sou dlo a;
Pou ke, pòv maren enb ak fatigue a
Nou kapab sekouri li, nou kapab sove li.*

*Nwasè lannuit peche a enstale;
Vag vyolan yo ap woule fò anpil.
Je enkyè ap gade, ak espwa,
Pou limyè yo klere sou rivaj la.*

*Netwaye ti lanp ou a, frè mwen;
Paske pòv maren, tanpèt la ap sekwe a,
K ap eseye kounyeya menm pou l rive nan pò a,
Kapab pèdi nan fènwa a.¹*

M ap pale jodia avèk moun ki, petèt, pèdi yo e k ap chèche
limyè pi ba sa a pou gide yo retounen an.

Depi nan kòmansman, nou te konnen ke nan mòtalite a nou
pa t ap kapab pafè. Yo pa t planifye pou nou te viv san transgrese
yon lwa kèlkonk.

“Paske lòm natirèl la se enmi Bondye, se sa li te ye depi chit
Adan an, epi l ap toujou sa pou tout tan, si li pa soumèt li bay
anba enfliyans Sentespri a, e si li pa retire moun natirèl la nan kò
l, pou l vin tounen yon sen, pa mwayen ekspyasyon Kris la,
Senyè a.”²

Nan Pèl Gran Pri a, nou konprann ke “okenn bagay ki pa
pwòp pa kapab rete nan [wayòm] Bondye a,”³ epi konsa yo te

prepare yon mwayen pou nou tout ki peche ka repanti e vin diy pou rete nan prezans Papa nou ki nan syèl la ankò.

Yo te chwazi yon Medyatè, yon Redanmtè, ki t ap viv lavi Li pafètman, san komèt peche, pou vin “ofri tèt li kòm sakrifis pou peche, pou satisfè obligasyon lalwa a, pou tout moun ki gen kè brize ak lespri kontri; epi obligasyon lalwa a pa kapab satisfè pou okenn lòt moun.”⁴

Konsènan enpòtans Ekspyasyon an, Alma te anseye: “Paske yon ekspyasyon dwe fèt; . . . san sa, tout mond lan ap peri kanmèm.”⁵

Si nou pa fè okenn erè, enben, nou pa bezwen Ekspyasyon an. Si nou komèt erè, e nou tout fè sa, keseswa piti ou grav, nou gen yon gwo bezwen pou chèche konnen kijan yo kapab efase pou nou pa nan tenèb ankò.

“[Jezikri] se limyè ak lavi mond lan.”⁶ Si nou santre atansyon nou sou Li menm ak ansèyman L yo, n ap ka gide vè pò sekirite espirityèl la.

Twazyèm Atik Lafwa a deklare: “Nou kwè, akoz Ekspyasyon Kris la, tout limanite kapab sove, si yo obeyi lalwa ak òdonans levanjil la.”⁷

Prezidan Joseph F. Smith te anseye: “Lèzòm pa ka padone pwòp peche yo; yo pa ka pirifye tèt yo anba konsekans peche yo. Lèzòm ka sispann peche e fè sa ki byen nan apre, e si aksyon yo akseptab devan Senyè a yo ka [vin] diy pou konsiderasyon. Men kimoun ki pral repare tò yo fè tèt yo ak lòt moun yo, tò ki sanble enposib pou yo repare pèsònèlman yo? Pa mwayen ekspyasyon Jezikri a, peche moun ki repanti yo ap efase; menmsi yo wouj tankou san, y ap vin blan tankou lanèj [gade Ezayi 1:18]. Sa se pwomès yo fè nou.”⁸

Nou pa konn egzakteman kijan Senyè a te fè akonpli Ekspyasyon an. Men nou konnen ke toumant kriyèl Krisifiksyon an sete sèlman yon pati nan doulè orib ki te kòmanse nan Jetsemani an, lye soufrans sakre sa a, e ki te fini nan Gòlgota a.

Lik ekri:

“Epi li te kite yo, l al pi devan, distans you moun kab voye yon wòch konsa. Li te mete ajenou, li te lapriyè,

“Li te di, Papa, si ou vle, tanpri, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se pa volonte pa m ki pou fèt, se volonte pa ou.

“Lè sa a, yon zanj Bondye soti nan syèl te parèt devan li. Li te vin bay Jezi fòs.

“Kè Jezi te sere anpil, li t ap lapriyè pi rèd. Swè t ap koule sou li tonbe atè tankou degout san.”⁹

Dapre sa m konnen, se sèlman yon resi nan pwòp mo pa Sovè a ki dekri sa L te andire nan Jaden Jetsemani a. Revelasyon an di:

“Paske gade, mwen menm Bondye, m te soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti;

“Men si yo pa vle repanti yo dwe soufri tankou m;

“Soufrans sa a ki te fè mwen menm, Bondye, ki pi gran pase tout moun, tranble anba doulè, epi ki te fè m senyen nan chak twou swè nan kò m.”¹⁰

Pandan lavi nou, ap gen moman kote nou ale nan plas kote nou pa t dwe janm ale e fè bagay nou pa ta dwe janm fè. Si nou vire do bay peche, n ap kapab konnen lapè ki soti nan suiv chemen repantans total la yon jou.

Kèlkeswa transgresyon nou, kèlkeswa konbyen aksyon nou te petèt blese lòt moun, kilpabilite sa a kapab efase nèt. Pou mwen menm, pi bèl fraz nan ekriti yo se lè Senyè a te di: “Gade, yon moun ki repanti nan peche l, moun sa a padone, epi mwenmenm Senyè a m pa sonje peche yo ankò.”¹¹

Sa se pwomès levanjil Jezikri a ak Ekspyasyon an: pou akeyi tout moun ki vini, tout moun ki vle vin jwenn nou, pou fè yo viv eksperyans ki, nan fen lavi yo, ap pèmèt yo franchi vwal la, pandan ke yo te repanti pou peche yo epi lave vin pwòp atravè san Kris la.¹²

Sa se sa Sen Dènye Jou yo fè toupatou nan mond lan. Sa se Limyè nou ofri bay moun ki nan tenèb yo e ki pèdi chemen yo a. Kèlkeswa kote manm nou yo ak misyonè nou yo ale, mesaj nou se yon mesaj lafwa ak esperans nan Sovè a, Jezikri.

Prezidan Joseph Fielding Smith te ekri pawòl pou kantik “Le chemin est-il long?” an ki gen ankourajman ak yon pwomès pou moun k ap chèche suiv ansèyman Sovè a:

Èske chemen an parèt long,
 Wout la fatigan, epuizan?
 Ranpli ak chadon ak zepin?
 Èske wòch ap koupe pye ou
 Pandan w ap lite pou monte
 Sou mòn nan nan chalè jounen an?

Èske w fatigue e bouke,
 Tris ak dekouraje,
 Anba fado w ap pote yo?
 Èske fado w ap fòse pote a
 Sanble l lou pou w pote?
 Èske w bezwen yon moun pou ede w pote l?

Pa kite kè w febli
 Kounyeya ke vwayaj la kòmanse a;
 Gen yon moun ki toujou ap rele ou.
 Konsa leve tèt ou ak lajwa
 Epi pran men li;
 La va kondui ou toujou pi wo—

Nan yon peyi sen ak pi,
 Kote tout doulè fini,
 Kote tout peche va fini nan lavi w
 Kote pap gen kriye ankò,
 Paske soufrans fini.
 Pran men li e antre avèk li.¹³

Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. "Brillamment, l'amour du Père," *Cantiques*, no. 335.
2. Mozya 3:19.
3. Moyiz 6:57.
4. 2 Nefi 2:7.
5. Alma 34:9.
6. Mozya 16:9.
7. Atik Lafwa 1:3.
8. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph F. Smith* (1998), 99–100.
9. Lik 22:41–44.
10. Doktrin ak Alyans 19:16–18.
11. Doktrin ak Alyans 58:42.
12. Gade Revelasyon 1:5.
13. "Le chemin est-il long?" *Hymnes*, edisyon 1954, no. 173.

Obsève dabò, Sèvi ansuit

Pa Linda K. Burton

Prezidan Jeneral Sosyete Sekou

Avèk pratik, nou chak kapab vin pi sanble ak Sovè a pandan n ap sèvi pitit Bondye yo.

Youn nan pi gwo prèv nou genyen ke pwofèt byeneme nou an, Presidan Thomas S. Monson, se sèvitè Senyè a chwazi sè ke li aprann suiv egzanp Sovè a – li sèvi chak moun, youn pa youn. Sila yo pami nou ki antre nan dlo batèm nan fè alyans pou yo fè menm bagay la. Nou fè alyans pou nou “toujou sonje [Sovè a] epi respekte kòmandman l yo,”¹ e Li te di: “Men kòmandman an, se pou youn renmen lòt menm jan m renmen nou an.”²

Gade kijan Prezidan Monson fè menm envitation an avèk mo sa yo: “Nou antoure pa sila yo ki bezwen atansyon nou, ankourajman nou, sipò nou, rekonfò nou, ak jantiyès nou. . . . Nou se men Senyè a isit sou tè a e nou gen manda pou nou sèvi ak edifye pitit Li Yo. Li depann de nou chak.”³

Èske ou te tande l? Envitation pou youn renmen lòt la? Pou kèk moun, sèvi ak pran swen moun youn pa youn, dapre egzanp Sovè a, se pa yon bagay fasil. Men avèk pratik, nou chak kapab vin pi sanble ak Sovè a lè nou ap sèvi pitit Bondye yo. Pou ede nou youn renmen lòt pi byen, mwen ta renmen sigjere kat mo pou nou sonje: “Obsève dabò, sèvi ansuit.”

Sa gen prèske 40 an, mari m avèk mwen te ale nan tanp pou randevou vendredi swa nou an. Nou te sèlman gen yon tikras tan depi nou te marye e kè m tap sote paske mwen te trè nouvo nan adorasyon nan tanp. Se te dezyèm fwa mwen te ale la kòm yon moun ki te fèk marye. Yon sè, kite chita bò kote m nan, te siman remake sa. Li te panche bò kote m epi li te chichote avèk reverans: “Pa fatigue w, m ap de w.” Krent mwen yo te kalme e mwen te

kapab apresye rès sesyon tanp lan akòz de sèvis janti ak dezentereze sè sa a. Li te obsève dabò, sèvi ansuit.

Nou tout gen envitasyon pou nou suiv ansèyman Jezikri yo ak pran swen lòt yo. Envitasyon sa a pa limite a sè ki tankou zanj. Atravè kèk egzanp sa yo konsènan manm ki te aprann obsève dabò epi sèvi ansuit, eseye chèche ansèyman Jezikri yo ke yo ilistre.

Yon timoun Primè ki gen si zan te di: “Lè yo te chwazi m kòm asistan klas la, mwen te gen dwa chwazi yon zanmi pou travay avèk mwen. Men, m te chwazi [yon tigason nan klas mwen an ki te konn anmègde m] paske pèsòn pa janm chwazi l. Mwen te vle fè l santi l byen.”⁴

Kisa timoun sa a te obsève? Li te remake ke yo pa t janm chwazi chèf pèsekite klas la. Kisa l te fè? Li te senpleman chwazi l pou vin zanmi l antanke asistan klas la. Jezi te anseye: “Renmen moun ki lènmi nou yo. Lapriyè pou moun ki ap pèsekite nou, fè byen pou moun ki rayi nou.”⁵

Nan yon pawas, detantè prèttriz Aawon yo te obsève dabò e yo ap sèvi kounyeya yon fason ki efikas. Chak semèn jènjan yo rive bonè epi yo kanpe deyò kote reyinyon yo fèt la, nan lapli, nan nèj, oswa chalè tèrib, ap tann bann manm aje ki nan pawas yo rive. Yo retire chèz woulant yo ak wòkè nan machin yo, yo ofri bra solid pou yo kenbe, yo fè prèv pasyans nan eskòte granmoun cheve blan yo pou yo antre nan bilding lan. Yo vrèman fè devwa yo anvè Bondye. Nan obsève dabò e sèvi ansuit, yo se egzanp vivan ansèyman Sovè a: “Chak fwa nou te fè sa pou youn nan pi piti frè m yo, se pou mwen nou te fè l.”⁶ Avèk lansman nouvo pwogram pou jèn yo, zye jènjan sa yo pral ouvri san dout pou yo chèche plis opòtinite toujou pou yo sèvi nan fason Kris la.

Obsève ak sèvi mande gwo efò pafwa. Yon jènfi enspire, ki te rele Alexandria, te remake ke kouzin li an, Madison, pa t kapab konplete pwogram Pwogrè Pèsonèl pa l la paske li te soufri otis nan yon degre ki te wo. Alexandria te mobilize tout jènfi yo nan pawas la, li te pran konsèl nan men dirijant li yo, epi li te deside pou l fè yon bagay ke Maddy pa t kapab fè. Chak nan jènfi yo te reyalize yon pati nan aktivite ak pwojè Pwogrè Pèsonèl la, nan plas Maddy, sa ki te kapab pèmèt Maddy resevwa medayon pa l la.⁷

Jènfì sa yo ap pwogrese pou yo vin gen wòl manman ak solidarite ant fi nan Sosyete Sekou a paske yo ap aprann obsève ak sèvi nan fason charitab.

Prezidan Monson raple nou “Charite, vrè lanmou Kris la”⁸—oswa, otremandi, obsève ak sèvi—“se yon bagay ki evidan lè moun yo sonje yon vèv ki aje epi yo mennen l nan reyinyon nan pawas la” ak “lè sè ki chita pou kont li nan Sosyete Sekou a resevwa envitasyon, ‘Vin chita bò kote nou.’”⁹ Règ an nò a aplikab la a: “Kèlkeswa bagay ou ta vle lèzòm fè pou ou, ou dwe fè l pou yo.”¹⁰

Yon mari obsèvatè te sèvi nan de fason enpòtan. Li rapòte:

“Mwen tap ede madanm mwen yon dimanch nan klas Primè l la ki te plen timoun setan plen enèji. Lè peryòd echanj lan te kòmanse, mwen te remake youn nan manm klas la ki te bloti nan chèz li e sa te klè ke timoun sa a pa t santil byen. Lespri a te chichote ban mwen ke timoun sa a te bezwen rekonfò. Se konsa, mwen te chita bò kote l e mwen te mande l trankilman kisa l te genyen. Li pat reponn . . . , men, mwen te kòmanse chante dousman pou li.

“Primè a tap aprann yon nouvo chan, e lè nou te chante, ‘Si m koute avèk kè m, mwen tande vwa Sovè a, mwen te kòmanse santi limyè ak chalè ki pi enkwayab la ranpli nanm mwen. . . . Mwen te resevwa yon temwayaj pèsònèl sou lanmou Sovè a pou li, pou chak nan pitit [Papa nou kin an Syèl la], ak pou mwen. . . . Mwen te aprann ke nou se men Sovè a, lè nou sèvi pwochen nou.”¹¹

Non sèlman frè kretyen sa a te remake bezwen pou ede madanm li avèk yon klas ki te plen timoun setan enèjik la; li te bay yon timoun ki te bezwen sa sèvis endividyèl tou. Li te suiv Sovè a ki te anseye: “Ou dwe fè zèv ou te wè m fè yo.”¹²

Resamman, yon inondasyon te ouvri anpil opòtinite pou disip Jezikri yo obsève dabò e sèvi ansuit. Gason, fi, adolesan, ak timoun te wè biznis ak kay detwi e yo te lese tonbe tout bagay pou yo te al ede netwaye ak repare kay ki te sibi domaj yo. Kèk moun te remake ke te gen anpil lesiv ki te pou fèt. Gen lòt ki te pran anpil swen ap siye foto, dokiman legal, lèt, ak lòt papye enpòtan. Apre sa, yo te koke yo deyò avèk anpil swen pou yo te

ka prezève tout sa yo te kapab prezève. Obsève e sèvi ansuit pa toujou konvnan e sa pa toujou koresponn ak orè pa nou.

Ki pi bon kote pou moun obsève dabò e sèvi ansuit pase lakay nou? Yon egzanp nan lavi Èldè Richard G. Scott ilistre sa:

“Yon nuit ti pitit gason nou an, Richard, ki te gen yon pwoblèm kè, te reveye an kriyan. Nou toulède te tandè l. Dabitid, se madanm mwen ki konn toujou leve pou okipe yon ti bebe lè l ap kriye, men fwa sa a, mwen te di: ‘m pral okipe li.’

“Akozde pwoblèm li an, lè li te kòmanse kriye, ti kè l te konn bat trè trè fò. Li te konn vomi epi sal dra sou kabann nan. Nuit sa a, mwen te kenbe l tou pre m pou m te ka eseye kalme batman kè l epi fè l sispann kriye pandan m tap chanje rad li epi mete nouvo dra. Mwen te kenbe l jiskaske dòmi te pran l. Mwen pa t konnen lè a ke li tap pral mouri kèk mwa apre. M ap toujou sonje m te kenbe l nan bra m nan mitan nuit sa a.”¹³

Jezi te di: “Si youn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l sèvi nou tout.”¹⁴

Pafwa nou tante pou nou sèvi yon fason nou vle men pa nesèsman jan ke yo bezwen nan moman an. Lè Èldè Robert D. Hales te anseye prensip prevwayans lan, li te pataje egzanp lè l te achte yon kado pou madanm li an. Madanm nan te di: “Èske se pou ou oubyen pou mwen w ap achte sa a?”¹⁵ Si nou aplike kesyon sa a sou nou lè nou sèvi epi nou mande tèt nou: “èske se pou Sovè m ap fè sa oubyen èske se pou mwen m ap fè l?”, siman sèvis nou an ap pi sanble ak ministè Sovè a. Sovè a te mande, e nou ta dwe poze menm kesyon an: “Kisa nou vle m fè pou nou?”¹⁶

Sa gen kèk semèn, mwen te prese e m te trè okipe, avèk yon lis bagay pou m te fè ki pa t ka fini. Mwen te espere al nan tanp jou sa a men, mwen te panse ke m te vrèman twò okipe. Osito ke panse twò okipe pou al nan tanp lan te pase nan tèt mwen, sa te fè m pran konsyans de sa m te pi bezwen fè. Imedyatman, mwen te kite biwo m pou m mache al nan Tanp Salt Lake City a, pandan m tap mande tèt mwen kijan m ta pral fè pou ratrape tan m t ap pèdi la a. Erezman, Senyè a gen pasyans ak mizerikòd e li te anseye m yon bèl leson jou sa a.

Pandan m t ap chita nan sal sesyon an, yon jèn sè te panche bò kote m epi li te chichote avèk reverans: “Kè m vrèman a sote.

Se dezyèm fwa sèlman m vin nan tanp. Èske ou ka ede m, silvouplè?” Kijan l te fè konnen ke mo sa yo se te egzakteman sa m te bezwen tande? Li pa t konnen, men Papa nou ki nan Syèl te konnen. Li te obsève pi gwo bezwen mwèn. Mwen te bezwen sèvi. Li te pouse jèn sè enb sa a sèvi mwèn nan envite m pou m te sèvi l la. Mwen ka asire nou ke se mwènmenm ki te plis benefisyè.

Mwèn rekonesan anpil pou bann moun ki te gen lespri kretyen ki te sèvi fanmi m pandan tout ane sa yo. Mwen eksprime apresyasyon sensè m pou mari ak fanmi byeneme m nan, ki ap sèvi avèk dezenteresman e avèk gwo lanmou.

Se pou nou tout chèche obsève dabò, sèvi ansuit. Mwen temwaye ke lè nou fè sa, sèvis nou, menm jan avèk pa Prezidan Monson nan, ap vin montre byen klè ke nou se yon dispip. Mwen konnen Sovè a vivan. Ekspyasyon Li a pèmèt nou mete ansèyman l yo an pratik. Mwen konnen Prezidan Monson se pwofèt nou jodia. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Doktrin ak Alyans 20:77.
2. Jan 15:12.
3. Thomas S. Monson, “What Have I Done for Someone Today?” *Liahona*, Nov. 2009, 86.
4. Canyon H., “A Good Choice,” *Friend*, Jan. 2012, 31.
5. Matye 5:44.
6. Matye 25:40.
7. Gade “For Madison,” lds.org/youth/video/for-madison.
8. Mowoni 7:47.
9. Thomas S. Monson, “Charity Never Faileth,” *Liahona*, Nov. 2010, 125; gade tou *Filles dans mon royaume: L’histoire et l’oeuvre de la Société de Secours* (2011), 101.
10. 3 Nefi 14:12.
11. Al VanLeeuwen, “Serving the One,” *Liahona*, Aug. 2012, 19; gade tou Sally DeFord, “If I Listen with My Heart,” *2011 Outline for Sharing Time*, 28.
12. 3 Nefi 27:21.
13. Richard G. Scott, “The Eternal Blessings of Marriage,” *Liahona*, May 2011, 96.
14. Matye 20:26.
15. Robert D. Hales, “Becoming Provident Providers Temporally and Spiritually,” *Liahona*, Me 2009, 9.
16. Matye 20:32.

Aprann avèk kè nou

Pa Èldè Walter F. González

Nan Prezidans Kolèj Swasanndis yo

Yon fason pou nou vin jwenn Kris la se nan chèche aprann verite esansyèl yo avèk kè nou.

“Vin jwenn mwen, pou nou touche m e pou nou wè.”¹ Sa a se yon kòmandman Sovè a te bay moun yo ki t ap viv nan ansyen Amerik la. Yo te touche l avèk men yo epi yo te wè avèk je yo ke Jezi sete Kris la. Kòmandman sa a osi enpòtan pou nou jodia ke l te ye pou yo nan epòk pa yo a. Lè nou vin jwenn Kris la, nou ka santi e “konnen ak asirans”²—non pa avèk men nou ak je nou—men avèk tout kè nou ak tout espri nou, ke Jezi se Kris la.

Yon fason pou nou vin jwenn Kris la se nan chèche aprann verite esansyèl yo avèk kè nou. Lè nou fè sa, enpresyon ki vini soti nan Bondye yo ap ba nou konesans nou pa kapab akeri okenn lòt fason. Apot Pyè te konnen avèk sètitud ke Jezi sete Kris la, Pitit Gason Bondye vivan an. Sovè a te eksplike ke sous konesans Pyè a se pa t “lachè ak zo . . . ki te ba li l men Papa [a] ki nan syèl la.”³

Pwofèt Abinadi te eksplike wòl santiman ki soti nan Bondye sa a sou kè nou. Li te anseye ke nou pa p ka totalman konprann ekriti yo si nou pa aplike yo nan kè nou pou konpreyansyon nou.⁴

Verite sa a te byen fòmile nan yon liv timoun, ki ekri pa Antoine de Saint-Exupéry, ki rele *Le Petit Prince*. Nan istwa a, ti prens la te vin zanmi avèk yon rena. Lè yo t ap separe, rena a te pataje yon sekre avèk ti prens la. Li te di: “Men sekre . . . mwen: Se sèlman avèk kè li yon moun ka wè byen; sa ki esansyèl yo envizib pou je wè.”⁵

Frè Thomas Coelho, ki gen katreven uit an, se yon bon egzanp sou yon moun ki te wè bagay esansyèl yo avèk kè li. Li

sete yon manm fidèl nan gran konsèy nou an, nan Paysandù, nan Uruguay. Anvan l te antre Legliz la, li te fè yon aksidan pandan l t ap kondui motosiklèt li. Pandan l te kouche atè a, paske l pa t ka leve, de nan misyonè nou yo te ede l kanpe e retounen lakay li. Li te di li te santi yon bagay espesyal lè misyonè yo te vin pote l sekou a. Nan apre, li te santi gwo santiman sa a ankò lè misyonè yo te anseye li. Enpak santiman sa yo te si fò ke li te li Liv Mòmmon an depi premye paj rive nan dènye a nan de twa jou. Li te batize e l ap sèvi san rete depi jou sa a. Mwen sonje l k ap kondui motosiklèt li monte desann nan lari a nan vil nou an, menm nan ivè fredri ak lapli yo, pou mennen lòt moun legliz pou yo menm tou yo ka wè, santi, ak konnen ak asirans jan l te konnen an.

Jodia, ak sitèlman enfòmasyon ki antoure nou, nou gen dwa panse ke navige sou dèmilyon paj entènèt ap banou tout sa nou bezwen konnen. Nou ka jwenn bon enfòmasyon ak move enfòmasyon sou entènèt la, men enfòmasyon an poukont li pa sifi. Bondye ban nou yon lòt sous konesans siperyè,⁶ ki se konesans ki soti nan syèl la. Pè Selès nou an ka banou konesans sa a lè nou navige sou « wèb selès » la, nan kè nou ak nan lespri nou. Pwofèt Joseph Smith te di l te gen “Pi ansyen liv la nan kè [li], ki se don Sentespri a.”⁷

Nou gen aksè nan sous selès sa a lè nou fè bagay tankou li ekriti yo, koute pwofèt vivan an, ak priye. Li enpòtan tou pou nou pran tan pou n fè silans⁸ e pou nou santi enspirasyon selès yo. Lè nou fè sa, n ap “santi ak wè” bagay nou pa ka aprann avèk teknoloji modèn yo. Lè nou fin fè eksperyans navige sou entènèt selès sa a, n ap disènen laverite, menm lè n ap li resi sou istwa pwofàn oswa sou lòt sijè. Moun k ap chèche laverite sensèman yo ap konnen verite tout bagay pa pouvwa Sentespri a.⁹

Kounyeya, yon mizangad : Aksè a « entènèt selès » sa a bloke lè gen inikite ak lè nou bliye Senyè a. Nephi te di frè l yo ke yo pa t ka “santi pawòl li yo” paske yo te “prese pou fè inikite [men] lou pou yo sonje Senyè a.”¹⁰ Inikite diminye kapasite nou pou nou wè, santi, ak renmen lòt moun. Lè nou rapid pou sonje Senyè a nan priye “avèk tout enèji kè nou”¹¹ e sonje eksperyans esprityèl nou yo, nou ogmante kapasite nou pou nou wè ak santi bagay Kris yo. Kounyeya, m ap mande nou:

Èske nou sonje lapè nou te santi lè, apre anpil tribilasyon, nou te enplòre Papa a nan lapriyè ak siplikasyon?

Èske nou sonje chanje lis sa nou te planifye pou fè yo pou n ka suiv kè nou?

Gwo mesye yo nan Liv Mòmòn an te ogmante kapasite yo pou akeri konesans siperyè nan sonje eksperyans espiyèl enpòtan yo. Alma te fòtifye pitit li yo kote l te raple yo eksperyans konvèsyon li.¹² Elaman te anseye Nefi ak Leyi pou yo sonje—sonje ke se sou wòch Kris la pou yo bati fondasyon yo pou dyab la pa gen pouvwa sou yo.¹³ Nou dwe fè menm bagay la. Sonje Bondye ede nou santi bagay yo e viv. Sa bay pawòl Wa Benjamen yo sans pi pwofon, lè l di: “E kounyeya, O mesyedam, sonje e pa peri.”¹⁴

Youn nan souvni ki pi sakre pou mwen se santiman m te genyen lè m te vin konnen Liv Mòmòn an se pawòl Bondye a. Mwen te aprann ke nou ka santi yon lajwa mo pa ka ekspri. Jou sa a menm, sou jenou mwen, m te santi e m te konnen ak asirans bagay ke m pa t ap janm ka aprann nan okenn lòt fason. Kalite souvni sa yo se rezon k fè m gen rekonesans etènèl e yo fòtifye mwen nan moman difisil.

Moun ki resevwa konesans yo, non pa nan men lèzòm men nan men Papa nou ki nan syèl la, yo konnen ak asirans ke Jezi se Kris la e sa a se Legliz li. Konesans sa a bayo fòs pou yo fè chanjman nesesè pou yo vin jwenn Kris la. Pou rezon sa a, nou envite tout moun kounyeya menm pou yo batize, repanti, e vini jwenn ni.¹⁵

Nan vin jwenn Kris la, tout moun kapab wè, santi, ak konnen ak asirans ke Kris la te soufri ak ekspye pou peche nou yo pou nou ka gen lavi etènèl. Si nou repanti, nou pa pral soufri initalman.¹⁶ Gras avèk Li, nanm ki blese yo kapab geri e kè ki brize yo kapab repare. Pa gen fado li pa kapab soulage ni retire. Li konnen enfimite nou ak maladi nou yo. Mwen pwomèt nou e mwen temwaye nou ke lè tout pòt sanble yo fèmen, lè tout lòt bagay sanble y ap tonbe, li menm li pap abandone nou. Kris la ap ede e li se pòt pou soti a, keseswa w ap lite avèk adiksyon, depresyon, oubyen nenpòt lòt bagay. Li konnen “kouman pou l

pote pèp li a sekou.¹⁷ Maryaj ak fanmi ki nan difikilte pou kèlkeswa rezon yo—pwoblèm ekonomik, move enflyans medya, oubyen sitiwayon familyal—ap santi yon enflyans apezan ki soti nan syèl la. Sa rekonfòtan pou nou “santi ak wè” ke Li te leve soti vivan nan lanmò “avèk gerizon nan zèl li,”¹⁸ e gras avèk Li menm, nou pral kapab reyini avèk moun ki chè pou nou ki mouri yo e anbrase yo ankò. An verite, konvèsyon nou pou vin jwenn ni an pote gerizon pou nou.¹⁹

Mwen konnen ak sètitud ke tout bagay sa yo se verite. Pou rezon sa a, m ap ajoute vwa pa m sou vwa premye abitan ansyen Amerik yo, pou m eksklame: “Ozana! Se pou non Bondye Ki Pi Wo a beni!”²⁰ Li ban nou delivrans. Mwen rann temwayaj ke Jezi se Kris la, Mesi ki sen an. Li se Senyè Lame yo, Sovè nou ak Redanmte nou. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. 3 Nefi 18:25.
2. 3 Nefi 11:15.
3. Gade Matye 16:16–17.
4. Gade Mozya 12:27.
5. Antoine de Saint-Exupéry, *The Little Prince*, trans. Katherine Woods (1971), 87.
6. Gade Etè 4:13.
7. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 132.
8. Gade Doktrin ak Alyans 101:16.
9. Gade Mowoni 10:3–5.
10. 1 Nefi 17:45.
11. Mowoni 7:48.
12. Gade Alma 36:5–24; 38:6–9.
13. Gade Elaman 5:12.
14. Mozya 4:30.
15. Gade 3 Nefi 9:13.
16. Gade Doktrin ak Alyans 19:16.
17. Alma 7:12.
18. 2 Negi 25:13; gade tou 3 Nefi 25:2.
19. Gade 2 Nefi 16:10; 3 Nefi 9:13.
20. Gade 3 Nefi 11:15–17.

Premye Gran Kòmandman an

Pa Eldè Jeffrey R. Holland

Nan Kolèj Douz Apot Yo

Nou gen yon lavi disip devwe pou nou bay pou nou ka montre amou nou pou Senyè a.

Pa gen okenn lòt gwoup nan istwa limanite ki atire senpati m plis pase onz Apot ki te rete yo, imedyatman apre lanmò Sovè mond lan. Mwen panse pafwa nou jis bliye jan yo te ankò san eksperyans ak konbyen yo te konplètman depann de Jezi nan tout bagay. Li te di yo konsa, “Depi tout tan sa a mwen la avèk nou, epi nou poko konen m toujou . . . ?”¹

Men nòmalman, selon yo menm, Li pat pase ase tan avèk yo ditou. Twazan pa ase pou aple yon kolèj Douz Apot konplè pami yon ponyen nouvo konvèti, debarase yo de ansyen koutim yo t ap viv yo, ansyen yo mèvèy levanjil Jezikri a, epi apres a kite yo pou yo dirije travay la jiskaske yomenm tou yo te touye yo. Ala yon pèspektiv difisil pou yon gwoup ansyen ki fèk òdone!

Sitou, lefèt ke y ap rete poukont yo a. Plizyè fwa Jezi te eseye di yo li *pa* t apral fizikman prezan bò kote yo, men genlè yo pat kapab oubyen yo pat vle konprann yon panse ensipòtab konsa. Mak ekri:

“ Li te ansyen disip li yo, epi li te di yo konsa, Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pral tonbe anba men lèzòm, yo pral touye mwen. Men, sou twa jou mwen gen pou m’ leve soti vivan nan lanmò.

“Men yo pat konpran sans pawòl sa, epi yo te pè pozèl kesyon.”²

Epi, apre yon ti tan twò kout pou aprann e ankò mwens tan pou prepare yo, sa yo pat panse a oubyen sa yo pat vle kwè a te

rive. Senyè ak Mèt yo a, Konseye yo ak Wa yo a, te krisifye. Ministè motel li te fini, e ti Legliz an difikilte a Li te etabli a te sanble destine pou pase nan ridikil e kondane pou disparèt. Apot Li yo te temwen Li nan eta resisite Li, men sa te sèlman ajoute sou konfizyon yo. Pandan ke, siman, yo t ap mande tèt yo, “Kisa n pral fè kounyeya?” yo te vire gade Pyè, chèf Apot yo, pou yon repons.

Kounyeya m ap mande nou pèmisyon pou libète m ap pran parapò avèk ekriti yo, pou m ka sipoze dialog sa a. Pyè siman te di kòlèg li yo: “Frè m yo, nou pase twa bèl ane. Okenn nan nou pa ta p janm imajine, kèk mwa desa, mirak nou wè ak prezans divin nou te benefisye a. Nou te pale, priye, epi travay avèk Pitit Gason Bondye a Limenm. Nou te mache avèk Li, kriye avèk Li, epi dènye jou swa orib sa a, pa gen moun ki te kriye plis pase mwen menm. Men, sa fini. Li fini travay Li e li resisite. Li reyalize sali pa li ak pa noumenm. Bon, nou mande: “Kisa n ap fè kounyeya?” Mwen pa konn lòt bagay pou m di nou pase retounen nan lavi nou tap mennen anvan an epi rejwi. Mwen menm, entansyon m se pou ‘m al peche’. “Epi, omwen sis nan dis Apot ki te rete yo te dakò pou di: “Nou prale avèk ou tou.” Jan, ki sete youn nan yo, ekri “Yo te ale, epi yo te monte nan bak la imedyatman.”³

Men, elas, lapèch la pat twò bon. Premye nwit yo te retounen sou lak la, yo pat pran anyen, pa menm yon pwason. Lè l te kòmanse fè jou, tou desi, yo te vire bato a kase tèt tounen sou rivaj la, kote a yon distans yo te wè yon silwèt moun ki t ap rele yo, “Timoun, nou pa pran anyen?” San kontantman, Apot sa yo ki te retounen vin pechè pwason ankò a, te bay repons ankenn pechè pa vle bay la, yo te mamote, “Nou pa pran anyen,” e pou aggrave sitiyasyon an, yo te trete yo de “timoun.”⁴

Etranje a te di yo “Lage nas la sou bò dwat kannòt la, n’a jwenn kichòy;”⁵—e avèk senp mo sa yo, yo te imedyatman raple yo tout bagay. Sa fè jis twazan ke menm mesye sa yo t ap peche nan menm lanmè sa a. Nan okazyon sa a tou, ekriti yo di “yo te pase tout nwit la san yo pat pran anyen,”⁶ Men yon zanmi Galileyen sou plaj la te di yo pou yo te lage nas la, epi yo te pran yon “kantite pwason,”⁷ sitèlman anpil nas la te chire. Sa yo te pran yo te ranpli de bato tèlman lou ke yo te kòmanse koule.

E kounyeya, sa te repete ankò. “Timoun” sa yo, jan yo te byen rele yo a, te kontan lage nas la, men “yo pa t kapab rale l soti nan dlo a tèlman li te plen pwason.”⁸ Jan te di konsa: “Se Senyè a wi.”⁹ E Pyè, fouge, te plonje soti nan bato a.

Aprè yon reyinyon ak kè kontan avèk Jezi resisite a, Pyè te gen yon konvèsasyon avèk Sovè a ki, selon mwen menm, se moman desizif ministè apostolik la an jeneral e ministè Pyè anpatikilye, paske li oryante mesye solid tankou wòch sa a, fè l vin mennen yon lavi majestyè kòm sèvitè devwe ak dirijan sanzegal. Pandan l t ap gade bato tou ize yo a, nas chire yo a, ak yon pil etonan 153 pwason, Jezi te di chèf Apot la: “Pyè, èske ou renmenm plis pase ou renmen tout bagay sa yo?” Pyè te reponn, “Wi Senyè; Ou konnen mwen renmen ou.”¹⁰

Senyè a te reponn li, men Li te kontinye gade Pyè nan je, epi Li di ankò, “Pyè, eske ou renmen mwen?” San dout ak yon tikras konfizyon pou repetisyon kesyon an, gran pechè pwason an te reponn yon dezyèm fwa: “Wi, Senyè; ou konnen mwen renmen ou.”¹¹

Yon fwa ankò Sovè a te bay yon brèf repons, men ensistans enplakab, Li mande yon twazyèm fwa, “Pyè eske ou renmen mwen?” Nan moman sa a, siman Pyè te santi li reyèlman malalèz. Petèt nan kè li te gen souvni kote sa gen kèk jou sèlman yo te poze l yon lòt kesyon twa fwa e li te reponn kategorikman tou—men negativman. Oubyen petèt li te kòmanse ap mande tèt li si l te mal konprann kesyon Mèt Enstriktè a. Oubyen petèt li t ap sonde kè li, pou chèche yon konfimasyon onèt repons lan l te bay si fasilman, prèske otomatikman an. Kèlkeswa santiman l te genyen, Pyè te reponn yon twazyèm fwa: “Senyè, . . . ou konnen mwen renmen ou.”¹²

Epi Jezi te reponn ni ankò (e la a, pèmèt imajine ankò), petèt Li te di yon bagay konsa: “Enben Pyè, sa w ap fè la a? Poukisa ou retounen sou menm rivaj sa a ankò, bò menm nas sa yo, ap fè menm konvèsasyon an? Èske w pa t wè lè sa a e eske w pa wè kounyeya ke si m vle pwason, m kapab jwenn pwason? Sa m bezwen, Pyè, se disp—e m bezwen yo pou tout tan. M bezwen yon moun pou pran swen brebi m yo ak sove mouton m yo. M bezwen yon moun pou preche levanjil mwen an e defann lafwa m nan. Mwen bezwen yon moun ki renmen mwen, ki renmen m

vrèman, e ki renmen tach Papa nou ki nan Syèl la konfyè m pou m fè a. Mesaj nou an se pa yon mesaj san konviksyon. Se pa yon tach pasaje. Li pa yon bagay konsa konsa; li pa dezespere; li pa destine pou l fini tankou sann nan listwa. Se travay Toupuisan an, e li gen pou chanje mond lan. Konsa, pou yon dezyèm fwa, e m espere pou yon dènye fwa, Pyè, m ap mande ou pou w kite tout bagay sa yo epi al preche ak temwanyè, travay epi sèvi fidèlman jiskaske jou a rive kote yo pral fè ou egzaktman sa yo te fè m nan."

Après, siman li te vire gade tout Apot yo epi l te di: "Èske nou enkonsyan menmjan ak Eskrib yo ak Farizyen yo? Menmjan ak Herod ak Pilat? Èske, menmjan avèk yo, nou panse ke yo ta ka touye travay sa a senpleman paske yo touye mwèn? Èske, menmjan avèk yo, nou panse ke kwa a ak klou yo ak tonm nan sete fen tout bagay epi nou chak ka alèzman retounen nan kèlkeswa sa nou t ap fè anvan an? Timoun, èske lavi m ak lanmou mwèn pa t touche kè nou pi pwofondeman pase sa?"

Frè m ak sè m yo, mwèn pa konnen sa k pral pase nan jou jijman an men, mwèn pa t ap etone si, nan yon moman oswa yon lòt nan konvèsasyon an, Bondye ta poze nou egzaktman menm kesyon Kris la te poze Pyè a: "Èske w te renmen mwèn?" Mwèn panse Li pral vle konnen si, avèk konpreyansyon mòtèl, ensifizan, e pafwa anfantèn nou sou bagay yo, nou te omwèn konprann *yon sèl* kòmandman, premye ak pi gran kòmandman nan tout la—"Nou dwe renmen Senyè Bondye nou an avèk tout kè nou, avèk tout nanm nou, avèk tout fòs nou, e avèk tout lespri nou."¹³ Epi si nan moman sa a, nou ka mamòte: "Wi, Senyè, ou konnen mwèn renmen ou," lè sa a, li ka petèt raple nou ke karakteristik siprèm lanmou se toujou lwayote.

Jezi te di: "Si nou renmen mwèn, respekte kòmandman m yo,"¹⁴ Konsa, nou gen vwazen pou nou beni, timoun pou nou pwoteje, pòv pou nou ede ak verite pou nou defann. Nou gen tò pou nou repare, verite pou nou pwoklame, ak byen pou nou fè. Anbrèf, nou gen yon lavi disip devwe pou nou bay pou demontre lanmou nou pou Senyè a. Nou pa kapab abandone, nou pa kapab fè mach aryè. Apre yon rankont avèk Pitit Gason vivan Bondye a, anyen pa janm menmjan l te ye anvan an. Krisifikasyon, Sakrifis ekspyatwa, ak Rezirèksyon Jezi a make kòmansman yon lavi

kretyen, non pa fen li. Sete verite sa a, reyalite sa a ki te pèmèt yon ti goup pechè Galileyen te vin tounen Apòt ankò, ki san “yon grenn sinagòg ni yon grenn epe”¹⁵ te kite nas yo yon dezyèm fwa e te transfòmè istwa mond la kote n ap viv la jodia.

Mwen temwaye, sot nan fon kè mwen, ak tout nanm mwen, pou tout moun ki ka tandè vwa mwen, ke kle apostolik sa yo te retabli sou tè a e nou jwenn yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènèye Jou yo. Pou nou menm ki poko vin jwenn nou nan gwo kòz final Kris la sa a, nou di, “Silvouplè, vini.” Pou nou menm ki te avèk nou yon fwa, menm ki fè bak, ki prefere chwazi kèk hors d’oeuvres kiltirèl nan dine Rebablisman an e meprize rès festen an, m ap di ke m pè pou nou pa ap pare tèt nou pou n al pase anpil long nuit avèk filè vid. Apèl la se retounen, rete fidèl, renmen Bondye, epi pote èd nou. Nan apèl pou renouvle fidelite sa a, m ap enkli tout ansyen misyonè, ki te janm kanpe yon jou nan yon fon batismo avèk men leve okare pou yo te di: “Paske m resevwa otorite nan men Jezikri.”¹⁶ Otorite sa a dwe te chanje konvèti w la ajamè, men, li sanse chanje ou ajamè tou. Pou jèn yo nan Legliz k ap prepare yo pou misyon, pou tanp ak maryaj, nou di, “Renmen Bondye epi rete pwòp anba san ak peche jenerasyon sa a. Nou gen yon travay fenomenal pou nou fè, ki souliyen nan bèl anons Prezidan Thomas S. Monson te fè fè yè maten an. Papa nou ki nan Syèl la espere lanmou nou ak lwayote nou nan chak etap lavi nou.”

Pou nou tout k ap tandè vwa m la a, m ap di ke vwa Kris la sonnen soti nan pwofondè tan yo, pou mande nou chak, pandan ke gen tan ankò a: “Èske nou renmen mwen?” E pou nou chak, m ap reponn avèk onè e ak tout fòs nanm mwen: “Wi, Senyè, nou renmen ou.” E etandone nou mete men nan travay la,¹⁷ nou pap janm gade dèyè jiskaske travay la fini epi lanmou pou Bondye ak pou pwochen nou dirije mond lan. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

- | | |
|-------------------|---|
| 1. Jan 14:9. | 8. Jan 21:6. |
| 2. Mak 9:31–32. | 9. Jan 21:7. |
| 3. Jan 21:3. | 10. Jan 21:15. |
| 4. Gade Jan 21:5. | 11. Jan 21:16. |
| 5. Jan 21:6. | 12. Jan 21:17. |
| 6. Lik 5:5. | 13. Lik 10:27; gade tou Matye 22:37–38. |
| 7. Lik 5:6. | 14. Jan 14:15. |

15. Frederic W. Farrar, *The Life of Christ* (1994), 656; gade chapit 62 a pou nou gen plis ransèyman sou detrès Legliz sa a ki te fèk fonde a.

16. Doktrin ak Alyans 20:73.
17. Lik 9:62.

Konsidere benediksyon yo

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Papa nou ki nan Syèl la konsyan de bezwen nou e l ap ede nou si nou mande l èd.

Frè ak sè byeneme m yo, konferans sa a fè 49 an depi yo te soutni m, jou 4 Oktòb 1963 a, kòm manm Kolèj Douz Apot yo. Karantnevan se anpil tan. Men, nan plizyè fason, se kòm si yon ti bout tan k pase depi m te kanpe sou pipit la nan Tabènak la pou m te fè premye diskou mwen nan konferans jeneral.

Anpil bagay chanje depi jou 4 Oktòb 1963 sa a. N ap viv nan yon tan san parèy nan istwa mond lan. Nou jwenn sitèlman anpil. Men pafwa, li difisil pou nou wè pwoblèm ak dispozisyon pou peche ki bò kote nou yo san nou pa dekouraje. Mwen twouve ke, olye de chita nan bagay negatif yo, si nou ta fè yon poz pou konsidere benediksyon lavi nou yo, enkli sa ki parèt piti ke nou pa menm note yo, nou ka jwenn pi gwo lajwa.

Pandan m t ap repase 49 ane sa yo, m te fè kèk dekouvèt. Youn sèke pil eksperyans mwen te fè yo pa t nesèsman eksperyans yon moun ka konsidere kòm ekstraòdinè. Anfèt, nan lè yo te rive yo, yo te souvan parèt inapèsi e menm òdinè. Men, lè m ap gade dèyè, yo te anrichi ak beni lavi—enkli pwòp lavi pa m. M ta rekòmande nou fè menm egzèsis la—ki se, fè envantè lavi nou e chèche espesyalman benediksyon, gwo kou piti, nou resevwa yo.

Envantè pa m nan sou ane lavi m yo te konstamman ranfòse pa konesans mwen ke yo tande priyè nou yo e nou jwenn repons pou yo. Nou tout fanmi avèk verite nou jwenn nan 2 Nefi nan Liv Mòmmon an: “Lèzòm fèt pou yo kapab gen lajwa.”¹ Mwen temwaye ke anpil nan lajwa sa a vini lè nou rekonèt nou ka kominike avèk Papa nou ki nan Syèl la pa mwayen lapriyè epi

priyè sa yo li tande yo e l reponn yo—petèt pa nan fason nou atann li t ap reponn yo a, men Papa nou ki nan syèl la, ki konnen nou e ki renmen nou pafètman an e ki vle nou gen lajwa a, *ap* reponn yo. Èske l pa t pwomèt nou: “Rete enb; epi Senyè Bondye w la ap pran men ou pou dirije ou, epi l ap ba ou repons pou priyè ou”?²

Pandan pwochen minit m genyen pou m pale avèk nou yo, mwen ta renmen pataje avèk nou yon ti echantiyon sou eksperyans m te fè kote yo te tande priyè m yo e reponn yo, sa ki, an retou, te pote benediksyon nan lavi m osibyen ke nan lavi lòt moun. Jounal mwen, ke m te kenbe pandan tout ane sa yo, ede m bay kèk bagay espesifik ke otreman mwen pa t ap kapab sonje.

Nan kòmansman ane 1965 la, mwen te resevwa tach pou m te ale nan konferans pye ak pou fè lòt reyinyon nan tout zòn Pasifik Sid yo. Sete premye vizit mwen nan pati sa a nan mond lan, e sete yon epòk mwen pap janm bliye. Anpil nan sa ki te evenman esprityèl yo te rive pandan tach sa a pandan m t ap rankontre dirijan, manm, ak misyonè.

Nan wikenn Samdi ak Dimanch, 20 ak 21 Fevriye a, nou te nan Brisbane, an Ostrali, pou fè sesyon konferans nan Pye Brisbane nan. Pandan reyinyon jou Samdi yo, yo te prezante m yon prezidan distri ki te soti yon lòt kote nan zòn nan. Pandan m t ap ba l lamèn, mwen te santi yon gwo enpresyon pou m te pale avèk li pou ba li konsèy, epi konsa, m te mande l si l te vle akonpaye m nan sesyon Dimanch maten an nan demen pou m te kapab fè sa.

Aprè sesyon Dimanch la, nou te gen opòtinite pou n te pale. Nou te pale sou pil responsablite l te genyen kòm prezidan distri. Pandan nou t ap fè sa, mwen te santi m pouse pou ofri li kèk sigjesyon espesifik sou travay misyonè ak sou fason li menm ak manm yo ta ka ede misyonè apentann yo nan travay yo nan zòn nan. Mwen te aprann nan apre ke mesye sa a t ap priye pou l te jwenn direksyon nan domèn sa a. Pou li menm, ti pale nou an sete yon temwayaj espesyal ke yo te tande priyè l yo e reponn yo. Sa sete yon reyinyon aparaman remakab men yon reyinyon ke m konvenki ki te gide pa Lespri a e ki te fè yon diferans nan lavi prezidan distri sa a, nan lavi manm li yo, ak nan siksè misyonè yo nan kote sa a.

Frè m ak sè m yo, objektif Senyè a souvan akonpli lè nou koute gidans Lespri a. Mwen kwè ke plis nou aji selon enspirasyon ak enpresyon nou resevwa yo, se plis Senyè a ap konfye nou tach pou nou fè.

Mwen te aprann, jan m konn mansyone nan mesaj anvan yo, pou m pa janm neglije yon enspirasyon. Nan yon okazyon, sa gen kèk ane, mwen t ap naje nan ansyen Deseret Gym nan nan Salt Lake City lè m te santi enspirasyon pou m t ale nan Lopital Inivèsite a pou vizite yon zanmi m ki te pèdi izaj janm ni akoz yon kansè ak operasyon l te oblije fè. Mwen te kite pisin nan imedyatman, m te abiye, epi byen vit m te prese al wè bon mesye sa a.

Lè m te rive nan chanm ni, mwen te jwenn ni vid. Lè m te mande, mwen te aprann ke m t ap pwobableman jwenn ni nan zòn pisin lopital la, yon zòn yo te itilize pou terapi fizik. Sete vre. Li te debwouye l dirije chèn woulant la al bò pisin nan e li sete sèl moun ki te nan sal la. Li te nan lòtbò pisin nan, nan zòn kote ki pi fon an. Mwen te rele li, epi l te manevre chèn woulant la pou vin akeyi mwen. Nou te fè yon bon pale, epi m te akonpaye l retounen nan chanm lopital la kote m te ba l yon benediksyon.

Nan apre m te aprann nan men zanmi m nan ke li te santi l trè dekouraje jou sa a epi li t ap panse pou l te touye tèt li. Li te priye pou l te jwenn sekou men li te kòmanse santi ke priyè l yo pa t jwenn repons. Li t al bò pisin nan avèk panse pou l te mete yon fen ak mizè li—kote l ta pral lage chèn woulant la nan fon pisin nan. Mwen te rive nan moman kritik la, an repons ak sa m konnen ki te enspirasyon soti nan syèl la.

Zanmi nan te viv plizyè ane apresa—ane ranpli ak lajwa ak rekonesans. Mwen te kontan anpil dèske m te yon enstriman nan men Senyè a nan jou kritik sa a bò pisin nan.

Nan yon lòt okazyon, pandan Sè Monson avèk mwen t ap kondui apre nou te fin sot wè kèk zanmi, mwen te santi enpresyon ke nou te dwe ale lavil—pou kondui sou plizyè kilomèt—pou al vizite yon granmoun vèv ki te nan pawas nou an yon fwa. Li te rele Zella Thomas. Nan moman an, li t ap viv nan yon mezon sante. Jou aprèmidi sa a, nou te jwenn ni ekstrèmman frèl men li te kouche byen pezib sou kabann ni.

Zella te avèg depi lontan, men li te rekonèt vwa nou imedyatman. Li te mande si m te ka ba l yon benediksyon, li te ajoute ke l te prepare pou l te mouri si Senyè a te vle l retounen lakay. Te gen yon bèl espri pezib nan sal la, epi nou tout te konnen ke li pa t ret anpil tan pou l te kite mòtalite a. Zella te pran men m epi l te di l te priye anpil pou m te vin wè li pou ba l yon benediksyon. M te di l nou te vini akòz enspirasyon dirèk nou te resevwa nan men Papa nou ki nan Syèl la. Mwen te bo fwon li, m te konnen ke petèt mwen pa t ap wè l ankò nan mòtalite a. Sa te pase egzaktman konsa, li te mouri nan jou apre a. Paske m te kapab pote yon ti rekonfò ak lapè pou bèl Zella nou an, sete yon benediksyon pou li menm ak pou mwen.

Opòtinite pou nou tounen yon benediksyon nan lavi yon lòt moun yo souvan prezante sanzatan. Yon jou Samdi pandan yon nuit ekstrèmeman frèt nan ivè 1983--84 la, Sè Monson avèk mwen t ap kondui distans plizyè kilomèt pou n t ale nan vale montay Midwa a nan Uta, kote nou te gen yon kay. Tanperati jou swa sa a te mwens 24 degre Farenheit (-31°C), epi nou te vle asire nou ke tout bagay te oke nan kay la nou te genyen nan kote sa a. Nou te tcheke e nou te wè tout bagay te anfòm, konsa nou te derape pou n te retounen Salt Lake City. Apèn nou te fè yon ti kilomèt sou otowout la, machin nan te kanpe. Nou te konplètman bloke. Mwen pa t janm te santi m fredri, jamè, jan m te santi l jou swa sa a.

Ak reziyasyon, nou te kòmanse mache pou n t al nan vil ki te pi pre a, machin t ap pase vit bò kote nou. Finalman, yon machin te kanpe, epi yon jèn gason te ofri pou ede nou. Nou te finalman aprann ke gaz diesel la ki te nan tant gaz nou an te jele akòz fredri a, sa ki te fè l enposib pou nou te kondui machin nan. Jenòm janti sa a te kondui nou retounen nan kay nou nan Midway a. Mwen te eseye peye li pou sèvis li, men li te jantiman refize. Li te di l sete yon Eskout e l te vle fè yon bon aksyon. Mwen te prezante tèt mwen, epi li te di jan l te apresye privilèj li te genyen pou l te ede nou an. Paske m te asime l te nan laj pou fè yon misyon, m te mande l si l te planifye pou al sèvi yon misyon. Li te di m li pa t ko konn kisa l te vle fè.

Nan demen maten, mwen te ekri jenòm sa a yon lèt pou m te remèsye li pou jantiyès li. Nan lèt la m te ankouraje l pou l t al

sèvi yon misyon aplentan. Mwen te voye lèt la avèk youn nan liv mwen yo e m te souliyen chapit sou sèvis misyonè yo.

Apeprè yon semèn apre, manman jenòm nan te telefòn m epi l te di m pitit gason l sa a sete yon jènjan ekstraòdinè men akoz kèk enfliyans nan lavi li, dezi l te genyen depi lontan pou l te fè yon misyon an te diminye. Li te di ke limenm ak papa a te jene ak priye pou kè l te ka chanje. Yo te mete non li nan lis priyè tanp Provo a nan Utah. Yo te espere ke yon jou, kè li ta touche e l ta retounen gen dezi pou sèvi yon misyon ak sèvi Senyè a fidèlman. Manman an te vle m konnen ke l te konsidere sa k te rive jou swa fredri sa a kòm yon repons pou priyè yo pou pitit gason sa a. Mwen te di l “M dakò avèk ou.”

Apre plizyè mwa ak plis kominikasyon avèk jenòm sa a, Sè Monson avèk mwen te anvayi pa lajwa lè nou t al di li orevwa anvan l te pati pou Misyon British Columbia a nan Vancouver nan Canada.

Èske sete chans ki te fè wout nou te kwaze nan lannuit frèt Desanm sa a? Mwen pa panse sa. Men, mwen kwè ke rankont nou an sete repons priyè sensè yon manman ak yon papa pou yon pitit gason yo te renmen.

Ankò, frè m ak sè m yo, Papa nou ki nan Syèl la konsyan de bezwen nou e l ap ede nou si nou mande l asistans. Mwen kwè ke pa gen okenn pwoblèm nou genyen ki twò piti ni twò ensiyifyan pou li. Senyè a sousye pou tout ti detay nan lavi nou.

Pou fini, mwen ta renmen rakonte nou yon eksperyans ki te fè yon enpak sou dè santèn moun. Sa te rive nan selebrasyon kiltirèl Tanp Kansas City a, sa gen prèske senk mwa. Menmjan ak pou tout bagay ki rive nan lavi nou, nan moman sa te fèt la, sa te sanble se jis yon lòt eksperyans kote tout bagay te fini byen. Men, lè m te aprann sikonstans ki te asosye avèk selebrasyon kiltirèl sa a jou swa anvan konsekrasyon tanp lan, mwen te reyalize ke prezantasyon jou sa a pa t yon bagay òdinè. Men, sa te remakab.

Menm jan ak tout aktivite kiltirèl ki fèt kòm pati konsekrasyon tanp yo, jèn nan Distri Tanp Kansas City yo te fè repetisyon prezantasyon an an gwoup separe nan pwòp zòn pa yo. Plan an sete pou yo tout te reyini ansanm, lwe sant minisipal la nan Samdi maten prezantasyon an pou yo te ka fè repetisyon sou kilè ak ki kote pou yo te antre, kote pou yo te kanpe, konbyen

espas yo te dwe genyen ant yo menm ak moun bò kote yo a, kijan pou yo te soti nan premye etaj la, elatriye—anpil detay yo t ap gen pou kapte pandan jounen an pandan ke moun ki te anchaj yo t ap mete sèn yo ansanm pou prezantasyon final la te parèt poli ak byen rafine.

Men, te gen yon gwo pwoblèm jou sa a. Tout pwodiksyon an te depann sou segman yo te deja anrejistre ke yo t ap pase sou yon gwo ekran ki rele yon Jumbotron. Segman anrejistre sa yo te enpòtan anpil pou tout prezantasyon an. Yo te nonsèlman liye tout pati yo ansanm, men chak segman videyo t ap entwodui prezantasyon apre a. Segman videyo yo te esansyèl pou fè tout prezantasyon an fè sans. Epi Jumbotron an pa t mache.

Teknisyen yo te travay san relach pou rezoud pwoblèm nan pandan jèn yo t ap tann, dè santèn jèn, ki t ap pèdi tan presye pou repetisyon. Sitiyasyon an te kòmanse parèt enposib.

Moun ki te ekri selebrasyon an, direktis la, Susan Cooper, te eksplike nan apre: “Pandan nou t ap pase pa plan A rive nan plan B jiska plan Z, nou te reyalize sa pa t mache. . . . Lè nou t ap gade orè a, nou te reyalize ke nou pa t ap kapab respekte li, men nou te konnen ke nou te gen youn nan pi gwo fòs yo prezan la a—3.000 jèn. Nou te bezwen al jwenn yo pou di yo sa k t ap pase a epi itilize lafwa yo.”³

Egzakteman inèdtan anvan envite yo te kòmanse antre nan sant lan, 3.000 jèn sa yo te mete ajenou atè a epi yo te priye ansanm. Yo te priye pou moun ki t ap travay sou Jumbotron yo te jwenn enspirasyon pou konnen kisa pou yo te fè pou te repare li; yo te mande Papa yo ki nan Syèl la pou l te kouvri pou yo nan sa yo pa t ap kapab fè akoz mank tan sa a.

Yon moun ki te ekri sou sa nan apre te di: “Sete yon priyè jèn yo pap janm bliye, non pa paske planche a te di, men paske yo te santi Lespri a nan tout zo yo.”⁴

Sa pa t pran tan pou yon teknisyen te vin di yo te dekouvri pwoblèm nan e yo te rezoud li. Li te di yo ke yo te gen anpil “chans”, men tout jèn sa yo te konnen pi byen pase sa.

Lè nou te antre nan sant minisipal la jou swa sa a, nou pa t gen okenn ide sou difikilte ki te genyen nan jounen an. Se sèlman nan apre nou te vin aprann yo. Men, sa nou te wè, sete yon bèl prezantasyon rafine—youn nan pi bèl nou konn wè. Jèn yo te

reyone yon bèl espri puisan ke tout moun ki te la yo te santi. Sete kòm si yo te konnen ki kote pou yo te antre, ki kote pou yo te kanpe, ak kijan pou yo te aji avèk lòt moun ki t ap jwe bò kote yo a. Lè m te aprann repetisyon an pa t ka fèt e gwoup la pa t repete anpil nan sa nou te wè yo, mwen te etone. Pèsoun pa t konnen. Senyè a te anfèt fè diferans la pou yo.

Mwen pap janm sispann etone pa fason Senyè a ka motive ak dirije chak pati wayòm ni an e malgre sa li gen tan pou bay enspirasyon konsènan yon moun—oswa yon selebrasyon kiltirèl oubyen yon Jumbotron. Lefèt ke L kapab fè sa a, ke l fè sa a, se yon temwayaj pou mwen.

Frè m ak sè m yo, Senyè a enplike nan tout bagay nan lavi nou. Li renmen nou. Li vle beni nou. Li vle nou chèche èd li. Pandan l ap gide nou e dirije nou, epi pandan l ap koute e reponn priyè nou yo, n ap jwenn isit la kounyeya menm, bonè sa l vle pou nou an. Se pou nou konsyan de benediksyon l yo nan lavi nou, mwen priye nan non Jezikri, Sovè nou an, amèn.

Nòt

1. 2 Nefi 2:25.
2. Doktrin ak Alyans 112:10.
3. Susan Cooper, nan Maurine Proctor, "Nothing's Too Hard for the Lord: The Kansas City Cultural Celebration," *Meridian Magazine*, Me 9, 2012, ldsmag.com.
4. Proctor, *Meridian Magazine*, Me 9, 2012.

Vin yon kretyen pi kretyen

Pa Èldè Robert D. Hales

Nan Kolèj Douz Apot yo

Se apèl Kris la lanse bay tout kretyen jodia: “Pran swen mouton m yo . . . Pran swen brebi m yo.”

Kisa sa vle di yon kretyen?

Yon kretyen gen lafwa nan Senyè a, Jezikri, li gen lafwa ke Li se Pitit Gason Literal Bondye, Papa L te voye l pou soufri pou peche nou nan zak lanmou siprèm nou konnen ki rele Ekspyasyon an.

Yon kretyen kwè ke, pa lagras Bondye Papa a ak Pitit Gason L lan, Jezikri, nou kapab repanti, padone lòt moun, kenbe kòmandman yo, e eritye lavi etènèl.

Mo *Kretyen* an vle di pran non Kris la sou nou. Pou nou fè sa, nou batize e nou resevwa don Sentespri a pa enpozisyon men, nan men moun ki gen otorite Prètriz la.

Yon kretyen konnen ke atravè tout epòk, pwofèt Bondye yo toujou temwaye de Jezikri. Menm Jezi sa a, akonpaye pa Papa nou ki nan Syèl la, te parèt devan Pwofèt Joseph Smith nan lane 1820 an e retabli levanjil la ak òganize Legliz orijinal la.

Gras ak ekriti yo ak temwayaj Joseph Smith la, nou konnen ke Bondye, Papa nou ki nan Syèl la, gen yon kò chè ak zo pafè e glorifye. Jezikri se Sèl Pitit Literal Papa a nan lachè. Sentespri a se yon pèsonaj lespri e travay li se temwaye konsènan Papa a ak Pitit Gason an. Divinite a se twa pèsonaj distenk e separe, ki ini nan bi yo.

Avèk pwèn doktrin sa yo kòm fondasyon lafwa nou, èske yon moun ka doute oswa menm konteste ke nou menm, manm Legliz Jezikri pou Sen Dènje Jou yo, nou se kretyen? Sepandan, pou

chak kretyen, yon senp kesyon demere: ki kalite kretyen ou ye? Otreman di, ki kote w ye nan vwayaj ou pou suiv Kris la?

Ann egzamine eksperyans de disip kretyen:

“Antan Jezi t ap mache bò lanmè Galile a, li wè de frè: Simon, yo rele Pyè a, ak Andre, frè li, ki t ap voye filè nan lanmè a, paske yo sete pechè pwason.

“Epi li te di yo: Suiv mwen, e m ap fè nou vin pechè moun pito.

“La menm, yo te kite filè yo, epi yo te suiv li.”¹

Antanke kretyen jodia, nou gen opòtinite pou nou aji san delè, imedyatman, e san reflechi, menmjan Pyè ak Andre te fè a: “Yo te kite filè yo la menm, epi yo te suiv li.”² Nou menm tou nou aple pou n kite filè nou, pou n rejte pratik, koutim, ak tradisyon mond lan yo. Nou menm tou nou aple pou abandone peche nou yo. “Lè Jezi te rele moun yo vin jwenn ni an . . . , li te di yo, Si yon moun vle mache dèyè m, se pou l bliye tèt li, se pou l pran kwa li, epi suiv mwen.”³ Abandone konpòtman enpi se kòmansman repantans, ki pwodui yon gwo chanjman kè jiskaske nou “pa gen okenn dispozisyon pou nou fè mal ankò.”⁴

Chanjman sa a, ki rele konvèsyon, posib sèlman atravè Sovè a. Jezi te pwomèt: “Epi si lèzòm vin jwenn mwen, m ap montre yo feblès yo. . . . epi lagras mwen ase pou tout moun ki gen imilite devan m, paske si yo gen lafwa nan mwen, lè sa a, *m ap fè bagay ki fèb yo vin fò pou yo.*”⁵ Lè nou *vin nouvo* nan Kris la, nati nou chanje epi nou pa anvi retounen nan ansyen abitud nou yo ankò.

Sepandan, kretyen fidèl yo ap toujou jwenn benediksyon pou yo pase pa eksperyans difikilte ak desepsyon. Lè eprèw pou rafine sa yo vini, nou kapab petèt tante pou n retounen nan ansyen abitud nou yo. Apre Krisifiksyon Sovè a, Li te parèt devan fi yo e l te di yo ke frè yo t ap jwenn ni an Galile. Lè Pyè, premye Apot la, te retounen Galile, li te retounen nan sa l te konn fè anvan an—sa l te santi l te pi alèz pou l fè a. Li te eksplike: “M pral peche pwason,”⁶ epi li te mennen plizyè disip avèk li.

Anfèt, Pyè ak lòt yo te peche tout lannuit la san yo pa t pran yon pwason. Nan demen maten, Jezi te parèt sou rivaj la epi l te rele yo sou dlo a: “Lage nas la adwat.” Disip yo sou bato a te suiv enstriksyon Sovè a epi yo te dekouvri rapidman ke nas la te plen

pwason prèske debòde. Jan te rekonèt vwa Sovè a, epi Pyè te imedyatman lage nas la nan dlo a epi l te naje al sou rivaj la.⁷

Pou kretyen yo ki retounen nan ansyen abitud yo te genyen yo, chemen ki mwens fidèl yo, gade egzanp fidelite Pyè a. Pa retade. Vin tandè epi rekonèt vwa Mèt la k ap rele nou an. Epi apresya retounen imedyatman vin jwenn ni pou nou resevwa benediksyon l yo an abondans yon fwa ankò.

Lè frè yo te retounen sou rivaj la, yo te dekouvri yon festen pwason ak pen. Sovè a te envite yo: “Vin manje,”⁸ Pandan l t ap nourri yo, li te mande Pyè twa fwa: “Simon, pitit Jonas, èske w renmen mwen?” Lè Pyè te eksprime lanmou li, Sovè a te enplòre li, “Pran swen mouton m yo. . . Pran swen brebi m yo.”⁹

Sa se apèl Kris la bay tout kretyen jodia: “Pran swen mouton m yo . . . Pran swen brebi m yo”—pataje levanjil mwèn an ak jèn kou granmoun, edifye yo, beni yo, rekonfòte yo, ankouraje yo, e fòtifeye yo, sitou sa ki panse ak kwè diferan de nou yo. Nou pran swen mouton l yo lakay nou pa fason n ap viv levanjil la: nan respektè kòmandman yo, priye, li ekriti yo, e imite lanmou li. Nou nourri brebi l yo nan Legliz la lè nou sèvi nan kowòm prètriz yo ak nan òganizasyon oksilyè yo. Epi nou pran swen mouton l yo nan tout mond la lè nou bon vwazen ki kretyen, lè nou pratike relijyon pi a ki se vizite ak sèvi vèy yo, òfelen yo, pòv yo, ak tout moun ki nan bezwen.

Pou anpil moun, apèl pou vin kretyen an kapab sanble l egzijan, menm depasan. Men nou pa bezwen pè ni santi nou pa alawotè. Sovè a te pwomèt L ap fè nou alawotè travay li a. Li te di: “Suiv mwen, epi *m ap* fè w vin pechè moun pito.”¹⁰ Lè nou suiv li, li beni nou avèk don, talan, ak fòs pou fè volonte li, sa ki pèmèt nou soti nan zòn konfò nou yo pou n akonpli bagay nou pa t janm te konn fè anvan sa. Sa ka vle di pataje levanjil la avèk pwochen nou, pote sekou bay moun ki esprityèlman pèdi yo, sèvi yon misyon apèlman, travay nan tanp, elve yon timoun ki andikape, renmen pitit ki egare a, sèvi yon konjwen ki malad, sipòte enkonpreyansyon, oswa soufri afliksyon. Sa vle di prepare tèt nou pou reponn apèl li a kote n ap di: “M prale kote ou vle m ale; m ap di sa ou mande m pou m di; m ap fè sa w mande m pou m fè; m ap vin moun ou vle m ye a.”¹¹

Pou nou vin moun Papa nou ki nan Syèl la vle nou ye a, nou suiv Jezikri. Mwen temwaye ke Li toujou ap rele nou pou nou suiv li. Si nou senpleman ap aprann kisa angajman kretyen Sen Dènye Jou yo ye, oubyen si nou pa totalman pratikan nan legliz la epi nou vle suiv li ankò—pa pè! Premye disip Sovè a yo, tout te nouvo manm nan Legliz la, tout te nouvo konvèti nan levanjil li a. Jezi te anseye yo chak avèk pasyans. Li te ede yo ranpli responsablite yo. Li te rele yo zanmi li epi li te bay lavi li pou yo. E li deja fè menm bagay la pou ou menm avèk mwen.

Mwen temwaye ke, gras ak lanmou enfini li ak gras enfini li, nou ka vin kretyen ki pi kretyen. Egzamine kalite sa yo kretyen dwe genyen. Nan ki pwen nou ye nan efè nou pou ranfòse yo andedan nou?

Lanmou kretyen. Sovè a te bay tout moun valè. Bon e konpatisan pou tout moun, li te kite katrevendiznèf brebi yo pou l t al chèche grenn¹² ki te pèdi a, paske “menm cheve nan tèt nou . . . yo tout konte”¹³ pou li.

Lafwa kretyen. Malgre tantasyon, eprèv, ak pèsekisyon, Sovè a te kwè nan Papa nou ki nan Syèl la e l te chwazi pou rete fidèl e obeyi kòmandman l yo.

Sakrifis kretyen. Pandan tout lavi li Sovè a te bay tan li, enèji li, e finalman, pa Ekspyasyon an, li te bay lavi li pou tout pitit Bondye te kapab resisite epi jwenn opòtinite pou eritye lavi etènèl.

Swen kretyen. Tankou bon Samariten an, Sovè a te kontinyèlman ap lonje lamèn pou pote sekou, renmen, ak nourri moun bò kote li, san gade kilti yo, ras yo, oswa sikonstans yo.

Sèvis kretyen. Kesewa nan tire dlo nan yon pi, prepare yon pla pwason, oubyen lave pye ki sal, Sovè a te pase lavi li ap sèvi lòt moun—ap relve moun ki te fatige a ak fòtifye moun ki te fèb yo.

Pasyans kretyen. Nan pwòp doule ak soufrans pa li, Sovè a te repoze sou Papa Li. Avèk pasyans pou nou, li tann pou nou rantre nan nou menm epi retounen lakay.

Lapè kretyen. Pandan tout ministè li, li te anseye konpreyansyon e l te patizan lapè. Espesyalman pami disip li yo, li te anseye ke Kretyen pa kapab goumen avèk lòt kretyen, kèlkeswa diferans yo.

Padon kretyen. Li te anseye nou pou nou beni moun ki modi nou. Li te montre nou kijan pou n priye lè l te priye pou moun ki te krisifye l yo te ka jwenn padon.

Konvèsyon kretyen. Tankou Pyè ak Andre, anpil moun rekonèt verite levanjil la osito yo tande li. Yo konvèti imedyatman. Pou lòt moun, sa ka pi long. Nan yon revelasyon li te bay Joseph Smith, Sovè a te anseye: “Yon bagay ki soti nan Bondye se limyè; epi yon moun ki resevwa limyè epi ki kontinye nan Bondye, li resevwa plis limyè; epi limyè sa a vin pi klere jistan l fè jou klè,”¹⁴ Jezikri se “Limyè ak Redanmtè mond lan; Lespri verite a.”¹⁵

Pèseverans kretyen jiskalafen. Pandan tout lavi li, Sovè a pa t janm sispann fè volonte Papa li men l te kontinye nan lajistis, bonte, nan mizèrikòd, ak laverite jis nan fen lavi mòtèl li.

Sa yo se kèk nan karakteristik moun ki tande epi koute vwa Sovè a. Antanke youn nan temwen espesyal li sou tè a, mwen rann temwayaj kretyen mwen ke Li ap rele nou jodia menm: “Vini suiv mwen.”¹⁶ Vin mache nan chemen ki mennen nan bonè etènèl, lajwa, ak lavi etènèl nan wayòm Papa nou ki nan Syèl la. Nan non Jezikri, Sovè nou e Redanmtè nou, amèn.

Nòt

- | | |
|--------------------------------|---|
| 1. Matye 4:18–20. | 11. Gade “J’irai où tu veux,” <i>Cantiques</i> , no. 174. |
| 2. Mak 1:18. | 12. Gade Matye 18:12–14. |
| 3. Mak 8:34. | 13. Lik 12:7. |
| 4. Mozya 5:2. | 14. Doktrin ak Alyans 50:24. |
| 5. Etè 12:27; italik ajoute. | 15. Doktrin ak Alyans 93:9. |
| 6. Jan 21:3. | 16. Lik 18:22. |
| 7. Gade Jan 21:3–8. | |
| 8. Jan 21:12. | |
| 9. Gade Jan 21:15–17. | |
| 10. Matye 4:19; italik ajoute. | |

Lajwa nan Rachte Mò yo

Pa Eldè Richard G. Scott

Nan Kolèj Douz Apot Yo

“Li pral plante pwomès papa yo te resevwa yo nan kè pitit yo, e kè pitit yo pral vire sou papa yo.”

Senyè a te revele Pwofèt Joseph Smith yon pwen doktrin siblim konsènan òdonans sakre batèm nan. Limyè sa a te vini alòske lòt Legliz Kreyen t ap ansenye ke lanmò te definitivman ak etènèlman detèmine destine etènèl nanmoun. Yo te anseye ke moun ki te batize yo te jwenn rekonpans lajwa etènèl pandan ke tout lòt moun yo te dwe sibi yon touman etènèl, san espwa redanmsyon.

Revelasyon Senyè a ki eksplike ke batèm te kapab fè pa pwokirasyon pou mò yo selon otorite apwopriye prètriz la te prezève jistis deklarasyon l la: “Pesonn pa ka antre nan wayòm syèl la, si li pa fèt nan dlo ak nan Sentespri a.”¹ Batèm pa pwokirasyon an kapab mizèrikòdyezman bay moun diy ki mouri yo, ki pa t gentan resevwa l nan mòtalite a, aksè nan òdonans esansyèl sa a.

Doktrin gloriye sa a se yon temwanyaj siplemantè sou nati enfini Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a. Li rann sali posib pou tout nanm ki repanti. Sakrifis Ekspyatwa l la venk lanmò, e Li pèmèt moun mouri ki diy yo resevwa tout òdonans sali yo pa pwokirasyon.

Nan yon lèt ki te ekri sa gen plis pase sansenkantan, Joseph Smith te deklare: “Sen yo gen posiblite pou yo batize pou . . . fanmi yo ki mouri yo . . . ki resevwa Levanjil la an espri . . . pa lentèmedyè moun ki resevwa tach pou anseye yo. . .”² Nan apre, li te ajoute: “Sen ki neglije fè travay sa yo pou paran ki mouri yo, yo ap riske pwòp sali pa yo.”³

Pwofèt Eli te remèt Joseph Smith kle travay pa pwokirasyon sa a nan Tanp Kirtland lan⁴ pou l te akonpli pwomès Senyè a: “Li pral plante pwomès papa yo te resevwa yo nan kè pitit yo, e kè pitit yo pral vire sou papa yo.”⁵

Konpreyansyon sou travay tanp ak travay istwa famiyal ki soutni l la, ansanm ak dispozisyon ki konsène yo, te vini gras ak plizyè lòt revelasyon Joseph Smith ak pwofèt apre l yo te resevwa. Tout pwofèt ki vini apre Joseph Smith yo mete aksan sou bezwen enpòtan pou nou fè tout òdonans yo pou tèt pa nou ak pou zansèt nou ki mouri yo.

Travay tanp lan ak istwa famiyal la se yon sèl travay, divize an de pati. Yo makònen ansanm, tankou odonans batèm nan ak don Sentespri a. Gen kèk manm ki petèt pa kapab fè de travay sa yo poutèt pwoblèm sante oubyen akòz distans tanp yo.

Prezidan Howard W. Hunter te ansenye:

“Nou dwe akonpli nan tanp lan travay òdonans prèttriz yo ki nesèsè pou pwòp egzaltasyon pa nou yo; apres, nou dwe fè travay ki nesèsè pou moun ki pa t gen posiblite pou aksepte levanjil la pandan yo te vivan yo. Nou fè òdonans pou lòt moun yo an de etap: premyèman, nou fè rechèch istwa jeneyalojik nou pou nou ka idantifye zansèt nou yo; epi, dezyèmman, nou fè òdonans tanp yo pou nou ba yo menm opòtinite ak sa moun ki vivan yo genyen yo.

“Toutfw, anpil manm nan Legliz la ki pa gen posiblite pou yo ale nan tanp. Yo fè tout sa yo kapab. Yo fè rechèch jeneyalojik epi yo bay lòt moun fè odonans tanp yo pou yo. Konsa tou, gen kèk manm ki fè òdonans tanp yo menm ki pa fè rechèch jeneyalojik npou pwòp fanmi pa yo. Byenke y ap akonpli yon sèvis divin nan ede lòt moun nan, yo prive tèt yo de yon benediksyon lè yo pa chèche pwòp zansèt pa yo ki mouri yo, jan pwofèt dènye jou yo rekòmande pa rekòmandasyon divin nan.

...

“Mwen aprann ke moun ki angaje yo nan rechèch jeneyalojik epi ki akonpli òdonans tanp yo pou moun yo jwenn non yo, yo gen lajwa siplemantè pou resevwa de mwatye benediksyon an.”⁶

Papa nou ki nan Syèl la vle nou chak resevwa de pati benediksyon benediksyon travay enpòtan ki akonpli pa pwokirasyon sa a. Li enspire lòt moun pou yo vin montre nou

fason pou nou resevwa yo. Li rete a noumenm avèk mwen pou nou reklame benediksyon sa yo.

Nenpòt travay nou fè nan tanp se yon tan nou byen pase, men resevwa òdonans pa pwokirasyon pou youn nan zansèt nou ap rann tan sa a nou pase nan tanp lan pi sakre e n ap menm resevwa pi gwo benediksyon. Premye Prezidans lan te deklare: “Responsablite ki pi enpòtan nou genyen se chèche epi idantifye *pwòp* zansèt pa nou yo.”¹⁷

Èske noumenm jèn yo, nou vle konnen yon bon mwayen pou nou elimine enfliyans advèsè a nan lavi nou? Plonje tèt nou nan rechèch zansèt nou yo, prepare non yo pou òdonans sakre akonpli pa pwokirasyon yo ki disponib nan tanp yo, epi apresya ale nan tanp pou nou resevwa òdonans batèm ak don Sentespri a nan non yo. Lè nou pi gran, n ap gen dwa patisipe nan resevwa lòt òdonans yo tou. Mwen pa konnn okenn lòt pi gwo pwoteksyon pase sa kont enfliyans advèsè a nan lavi nou.

Nan Misyon Rostov-sur-le-Don an, nan peyi Larisi, yo te envite jèn yo pou yo chak te fè endèks de mil non, epi apresya pou yo te prepare omwen yon non nan pwòp fanmi pa yo pou òdonans tanp yo. Yo te envite sa ki te atenn bi sa a pou yo fè yon long vwayaj pou ale nan nouvo tanp Kyèv la nan Ukraine. Youn nan jènjan sa yo te rakonte eksperyans li: “Mwen te konnn pase yon pakèt tan ap jwe jwèt sou konpitè. Lè m te kòmanse fè endèks la, mwen pa t gen tan pou m jwe jwèt ankò. Okòmansman m te panse: ‘O non! Se pa posib!’ Lè pwojè sa a te fini, mwen te menm pèdi enterè nan jwèt . . . Travay jeneyalojik se yon bagay nou ka fè isit sou tè a, e ki pral rete nan syèl la.”

Anpil Sen fidèl fè travay rechèch jeneyalojik nan pwòp fanmi pa yo e yo itilize opsyon “rezève” a nan FamilySearch la pou fè yo akonpli òdonans yo pa pwokirasyon pou manm fanmi yo. Posiblite pou rezève non an se pou bay moun yo yon tan rezonab pou ka pèmèt yo akonpli òdonans yo pou zansèt dirèk yo ak lòt zansèt yo. Aktyèlman, gen douz milyon non moun ak demilyon òdonans pou fè pou yo ki rezève. Gen non ki rezève depi dèzane. Zansèt yo yo te jwenn yo siman enpasyan ak plen antouzyas lè non yo pare pou òdonans yo. Men, siman yo pa twò kontan lè yo oblije kontinye ret tann pou òdonans yo fèt.

Nou ankouraje noumenm ki gen yon pakèt non ki rezève yo, pou nou pataje yo pou manm fanmi lwen nou yo oubyen manm pawas nou oswa pye nou yo kapab ede nou akonpli travay sa a. Nou kapab fè sa nan distribye kat òdonans yo bay manm pawas oubyen pye nou ki vle ede, oubyen itilize lojisyèl FamilySearch la pou voye non yo direktman bay tanp lan. Dènye opsyon sa a se limenm Cindy Blevins, ki soti Casper, nan Wyoming, ap fè depi dèzane.

Sè Blevins te batize lè l te yon jèn timoun e li se sèl moun nan fanmi li ki antre Legliz la. Li fè yon gwo gwo travay jeneyalojik. Men non yo twòp pou limenm ak pwòch fanmi li akonpli. Konsa, Sè Blevins te voye non yo nan tanp la kote, jan l rapòte, òdonans yo souvan akonpli nan semèn apre yo, souvan nan youn nan de tanp ki pi pre lakay li yo. Li di li renmen panse ke zanmi ak vwazen nan pawas li ak pye l yo gen dwa pami moun ki te ede akonpli travay la pou zansèt li yo. Li apresye yo pou sa.

Madanm byenneme mwen, Jeanene, te renmen fè rechèch jeneyalojik. Lè timoun nou yo te pi piti, li te konn chanje lè pou okipe timoun avèk zanmi li pou l te ka gen kèk edtan chak semèn pou chèche zansèt nou yo. Lè pi piti a te kite lakay nou, li te ekri nan jounal pèsònèl li: “Mwen fèk pran yon desizyon e m anvi leve kanpe pou pwoklame li. Sa ki sete chanm Mike la vin tounen biwo jeneyaloji mwen. Li byen ekipe pou m òganize rejis yo ak travay sou yo. Kounyeya, m pral konsakre lavi m sou rechèch jeneyalojik enpòtan sou fanmi mwen ak nan voye non nan tanp. Mwen trè antouzyas e m pa ka tann pou m kòmanse.”⁸

Yon lòt kote nan jounal la, li di konsa: “Mirak la pwodui pou mwen nan biwo Istwa Familyal Mel Olsen, ki te prezante m yon dokiman enprime ki gen jeneyaloji zansèt mwen te konnen, ke l te jwenn lè l t ap mete rejis enfòmatis Ancestral File la (fichye zansèt yo) yo te voye bay sosyete jeneyalojik la ajou. Laplipa nan yo te soti nan rejis pwogram kat jenerasyon Legliz la te lanse sa gen dèzane a. Mwen te akable lè m te panse ak gwo tach ki t ap tann mwen pou rasanble tout anrejistremant sou zansèt mwen yo nan rechèch la, apati gwoupman fanmi yo, pou m ka mete tout nan konpitè a pou premye gwo piblikasyon enfòmatis sou AncestralFile la (Fichye zansèt yo). Men yo tout te la kounyeya, bèl, byen òganize, byen enprime, depoze sou biwo a devan m

nan. Mwen te sitèlman kontan e sitèlman boulvèse ke m te jis chita la, emèveye, epi apres a mwen te pete kriye tèlman m te kontan . . . Pou yon moun ki te toujou fè rechèch san rete pandan trantan, enfòmatisasyon tout dokiman sa yo reyèlman eksitan. E lè m ap panse ak dè santèn milye moun ki okipe ou ki pral okipe pou rantre kantite done rejis resansman yo ak diskèt rechèch prive yo, elatriye., mwen trè antouzyas. Sa se vrèman travay Senyè a epi l ap dirije li.”⁹

Mwen fè anpil eksperyans avèk travay siblim sa a ki fè m konnen ke, kle Eli te retabli lè l te konfere yo bay Joseph Smith la pèmèt kè nou ini e pèmèt nou chak lye avèk zansèt nou yo k ap tann èd nou yo. Gras ak efò nou yo nan tanp sakre yo isit sou tè a, pandan n ap itilize otorite Senyè a delege nou an, zansèt nou yo ap resevwa odonans sali yo ki ap pèmèt yo jwi yon bonè etènèl.

Nan tan lontan, gen moun ki te motive pa yon konviksyon pwofon sou sentete travay la ki te kourajezman relve yon defi konparab ak defi pou yon sèl moun te fè lamwason tout ble nan Nebraska a. Kounyeya, anpil moun lamwason pisan ap fè rekòt la. Ansanm, nou ka akonpli travay yo mande a, e n ap fè sa.

Mwen temwaye ke Espri Eli a touche kè anpil nan pitit Papa nou yo atravè mond lan, sa ki pote yon akselasyon san presedan nan travay pou mò yo.

Men e noumenm? Èske nou priye apwopo travay pou nou fè pou zansèt nou yo? Mete tout sa ki pa reyèlman enpòtan nan lavi nou yo akote. Deside pou nou fè yon bagay k ap gen konsekans etènèl. Petèt nou te pouse pou nou cheche zansèt nou yo, men nou santi nou ka yon yon jeneyalojis. Èske nou pa wè nou pa bezwen jeneyalojis kounyeya? Tout bagay kòmanse avèk lanmou ak yon dezi sensè pou ede moun ki, lòtbò vwal yo, pa kapab fè bagay yo pou kont yo. Chèche pran ransèyman. Gen yon moun kanmèm tou pre nou ki kapab ede nou.

Travay sa a se yon travay esprityèl, yon gwo efò koperasyon sou toulède bò vwal la, kote èd yo ale nan toulède sans yo. Kèlkeswa kote nou ye nan mond lan, avèk lapriyè, avèk lafwa, detèminasyon, dilijans, epi kèk sakrifis, nou kapab pote yon èd konsiderab. Kòmanse kounyeya. Mwen pwomèt nou Senyè a ap ede nou jwenn yon mwayen. Epi sa ap fè nou santi nou byen. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Jan 3:5.
2. *History of the Church*, 4:231.
3. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 471–72.
4. Gade Doktrin ak Alyans 110:13–16.
5. Doktrin ak Alyans 2:2; italik ajoute.
6. Howard W. Hunter, "A Temple-Motivated People," *Liahona*, Me 1995, 5–6.
7. Lèt Premye Prezidans, Fev. 29, 2012; italik ajoute.
8. Jeanene Watkins Scott, jounal pèsònèl, Avr. 1988.
9. Jeanene Watkins Scott, jounal pèsònèl, Sept. 23, 1989.

Yon Pa Pi Pre Sovè a

Pa Russell T. Osguthorpe

Prezidan Jeneral LekòldiDimanch

*Konvèsyon se bi tout aprantisaj ak tout ansèyman
levanjil la. Konvèsyon se pa yon evenman toudenkou.
Tounen plis tankou Sovè a se rechèch tout yon lavi.*

Pandan ete pase a, yon atik brèf mwen te ekri te parèt nan *Liahona* ak *Ensign*. Pitit gason m nan te voye yon mesaj email ban mwen, li di: “Papa, ou te ka petèt prevni nou ke w gen yon atik yo t apralibliye.” M te reponn: “Mwen t ap teste ou pou m wè si w li magazin *Legliz yo*.” Li te ekri m ankò pou l te fè m konnen pitit fi l la ki gen 10 zan te pase tès la. “Li te pran *Liahona* la nan nan bwat postal la, li te antre lakay li, epi l te li l. Apre sa, li te vin nan chanm nou pou l montre nou atik la.”

Pitit pitit fi m nan te li magazin *Liahona* a paske li te vle aprann. Li egzèse libabit li pou l chwazi. Resamman, Premye Prezidans la te apwouve yon nouvo pwogram pou jèn yo pou sipòte yo nan dezi andedan yo pou aprann nan, pou viv levanjil la ak pou pataje li. Nouvo pwogram sa a disponib kounyeya e nou ka al konsilte l sou entènèt. Nan mwa Janvyè a, nou pral kòmanse itilize l nan klas yo. (Aprann plis sou nouvo pwogram aprantisaj pou jèn yo nan [lds.org/youth/learn](https://www.lds.org/youth/learn).)

Lè Sovè a t ap anseye, li te respekte dwa moun ki t ap aprann nan. Non sèlman li te aprann nou sa nou dwe anseye, men tou, li te montre nou kòman pou nou anseye tou. Li te konsantrè sou bezwen moun ki t ap aprann nan.² Li te koute lè yo poze kesyon.²

Nouvo pwogram aprantisaj sa a pral ede nou aprann ak anseye nan fason Sovè a, lakay nou ak nan klas nou yo.³ Lè nou fè sa, n ap reponn envitasyon li ban nou an ki di: “Vini, suiv mwen”⁴ an, jan Èldè Robert D. Hales sot si byen anseye nou an. Pandan nou t ap prepare nouvo pwogram sa a, mwen te wè

dirijan ak enstriktè nan òganizasyon oksilyè yo ak nan seminè yo reyini avèk paran yo pou yo te kapab reponn ak bezwen elèv yo. Mwen te wè jènfi nan klas yo, jènjan nan Kowòm prèttriz Aawon yo ak jèn nan LekòldiDimanch yo aprann egzès libabit yo epi aji pou tèt pa yo.

Yonn nan enstriktis LekòldiDimanch pou klas jèn yo te mande kouman pou l te ede de jèn gason ki te andikape egzès pou yo aji pou tèt pa yo. Lè l te envite manm klas yo pou yo te pataje sa yo t ap aprann, li te pè pou de jènjan sa yo p at refize envitasyon l la. Men, yo pat refize. Yonn ladan yo te kanpe pou l anseye sa l te aprann epi apre sa, li te envite kanmarad klas li a ki te andikape a pou vin ede l. Lè premye a te kòmanse gen difikilte, kanmarad klas li a te rete bò kote l epi l te chichote nan zòrèy li pou l te kapab santi l reyisi. Se toulède k te anseye jou sa. Yo te anseyesa Sovè a te anseye, men yo te anseye *fason* Sovè a te anseye tou. Lè Sovè a te anseye, Li te aji avèk amou pou moun Li tap anseye yo, menm jan konpayon klas sa te fè pou zanmi li a.⁵

Lè nou aprann epi nou anseye pawòl Li yo nan fason pa Li, nou aksepte envitasyon L la ki di: “Vini, suiv mwen.” Nou swiv Li pazapa. Nan chak pa nou fè, nou apwoche pi pre Sovè a. Nou chanje. Senyè a te konnen pwogresyon espiryèl la pa fèt toudenkou. Li fèt pazapa. Chak fwa nou aksepte envitasyon Li epi nou chwazi pou nou swiv Li, nou pwogrese sou chemen konvèsyon total la.

Konvèsyon se objektif tout aprantisaj ak tout ansèyman nan levanjil la. Kevèsyon se pa yon evenman ki akonpli toudenkou. Se yon dewoulman kontinyèl nan lavi moun ki vle vin plis tankou Sovè a. Èldè Dallin H. Oaks te raple nou ke li pa ase “pou nou *konnen* sèlman.” “Pou nou ‘konvèti’ . . . sa mande pou nou *aji* epi *devni*.”⁶ Konsa, aprann pou nou konvèti se yon pwosesis kontinyèl kote nou aji epi nou devni yon bagay. Menmjan tou, anseye konvèsyon mande pwèn doktrin kle, envitasyon pou aji, ak pwomès benediksyon.⁷ Lè nou anseye vrè doktrin nan, nou ede etidyan yo aprann. Lè nou envite lòt moun pou yo aji, nou ede yo pou yo aji epi pou yo pratike doktrin nan. Epi lè benediksyon Senyè a pwomèt yo vini, nou chanje. Tankou Alma, nou kapab vin tounen yon nouvo kreyati.⁸

Nouvo pwogram aprantisaj pou jèn yo gen yon objektif santral: ede jèn yo konvèti nan levanjil Jezikri a. Resamman, m te wè yon jèn gason nan klas Lekòldidiman pou jèn yo ki te dekouvri verite a pou tèt pa li. Lè m te remake li te gen difikilte pou l te adapte Ekspyasyon an ak pwòp lavi pa li, mwen te mande l si l te konn janm santi ke l jwenn padon. Li te reponn: “Wi, tankou fwa kote m te kase nen yon kamarad pandan nou t ap jwe foutbòl. Sa te fè m mal. M te mande kisa m ta ka fè pou m ta santi m byen. Epi m t al lakay li e m te mande l pou l padome m, men, m te konnen m dwe fè plis pase sa, mwen te priye, epi apre sa, m te santi Papa nou ki nan Syèl la te padone m tou. Se sa sakrifis ekspyatwa a vle di pou mwen.”

Lè l te pataje eksperyans sa a nan klas la jou sa a, li te li Jan 3:16—“Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm, li bay sèl Pitit Gason Literal li a pou yo,”—apre sa, li te temwaye sou pouvwa sakrifis ekspyatwa a. Doktrin sa a pa t yon konsèp enpratikab ankò pou jèn gason sa a. Li te vin fè pati nan lavi li paske li te poze tèt li kesyon an epi l te egzèse libabit li pou l te aji.⁹

Jèn gason sa a te vin plis konvèti, ansanm avèk kanmarad klas li yo. Yo te etidye ekriti yo pou yo konsantre sou yon doktrin esansyèl. Yo te aplike pawòl sakre sa yo nan lavi pa yo, epi yo te temwaye konsènan benediksyon yo te resevwa poutèt yo te aplike doktrin nan. Lè nou anseye levanjil Jezikri a, nou konsantre sou ekriti yo ak pawòl pwofèt modèn yo. Nou itilize tèks sakre yo pou ede nou ranfòse fwa nou, pou bati temwayaj nou, epi pou nou ede chak moun vin konvèti konplètman. Nouvo pwogram aprantisaj pou jèn yo pral ede tout moun ki itilize yo konprann ak pratike pawòl Bondye a.

Pandan m t ap anseye Sen ki nan Kostarika yo, mwen te montre yo liv *Anseye, pa gen pi gwo apèl* la, epi m te mande: “Konbyen moun nan pami nou ki gen liv sa a?” Prèske tout moun te leve men yo anlè. M te souri, epi m te di: “M parye nou li l chak jou”. M te etone lè yon sè nan premye ranje a te leve men l, pou montre li te li l chak jou. M te mande l pou l te vini sou chè a pou eksplike nou. Li te reponn: “Mwen li Liv Mòmon an chak maten. Apre sa, mwen li kèp pati nan *Anseye, pa gen pi gwo apèl* la, pou m kapab anseye pitit mwen yo sa m te aprann nan pi bon fason m kapab.”

Li te vle aprann ak anseye pawòl Senyè a nan fason Senyè a, e se poutèt sa, li te etidye pawòl li nan ekriti yo epi l te etidye kouman pou l te anseye l pou pitit li yo te kapab totalman konvèti. M panse ke pwosede li te itilize pou aprann ak anseye levanjil la pat vini toudenkou. Li te pran desizyon pou l te ajì. E plis li te fè sa l te konnen l te dwe fè, se plis Senyè a te fòtifye li pou l te ka suiv chemen Li.

Kèk fwa, chemen konvèsyon an kapab long, li kapab rèd. Bofrè m nan te inaktif nan Legliz la pandan 50 an. Se sèlman nan 60tèn li li te kòmanse aksepte envitasyon Sovè a pou l retounen an. Anpil moun te ede l pandan tan sa a. Yon enstriktè nan fwaye te voye yon kat postal ba li chak mwa pandan 22 zan. Men, se li k te pou pran desizyon pou l te retounen an. Li te oblije egzèsè libabit li. Li te bezwen fè premye pa a—epi yon lòt pa, epi yon lòt ankò. Kounyeya, li sele nan tanp avèk madanm li epi lap sèvi nan yon episkopa.

Resamman, nou te montre l videyo yo te prepare pou ede dirijan yo ak enstriktè yo enplante nouvo pwogram aprantisaj la. Lè l te fin gade videyo a, bòfrè m nan te kage sou chèz li epi l te di: “Petèt, si m te gen bagay sa a lè m te jèn, mwen pa t ap tonbe.”

Sa gen kèk semèn, mwen te rankontre yon jèn gason ki te gen difikilte. M te mande si l te manm legliz la. Li te di m konsa li pa enterese nan Bondye, men, lè l te pi jèn, li te konnen Legliz la. Lè m te pale l de apèl mwen nan Lekòldidimanch la epi m te di l mwen ta pral pale nan konferans jeneral la, li te di: “Si w ap pale, m ap gade sesyon kote w ap pale a.” Mwen espere l ap gade jodi a. Mwen konnen si l ap gade, l ap aprann yon bagay. Sant Konferans sa a se yon kote eksepsyonèl pou yon moun aprann ak anseye sou konvèsyon.

Lè nou viv prensip moun nou soutni kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè yo anseye nou yo, nou aprann nan fason Senyè a.¹⁰ Nou fè yon pa pi pre Li. Pandan konferans sa a prèske fini an, mwen envite tout moun k ap koute vwa m yo pou yo fè pa sa a. Menmjan ak Nefit yo nan ansyen tan an, nou kapab retounen lakay nou pou nou “reflechì sou bagay m te di nou yo, e mande Papa m, nan non m pou [nou] kapab konprann.”¹¹

Nou vle pou tout jèn yo konprann. Nou vle yo aprann, anseye, e viv levanjil Jezikri a chak jou. Se sa Senyè a vle pou tout pitit Li yo. Kesewa ou se yon timoun, jèn moun, oubyen granmoun, mwen envite ou pou ou vin jwenn Kris la epi suiv pa li. Mwen temwaye ke, chak pa nou fè, Senyè a ap fòtifye nou. L ap ede nou fè rès wout la. Epi, lè nou rankontre obstak, n ap kontinye vanse. Lè nou gen dout, n ap kontinye vanse. Nou pa p janm retounen dèyè. Nou p ap janm tonbe.

Mwen temwaye ke Bondye Papa a ak Pitit Gason L lan, Jezikri, vivan, Mwen temwaye ke Sovè a kontinye ap fè nou siy pou nou vin jwenn ni menmjan li te konn fè nan tan lontan an. Nou tout kapab aksepte envitasyon L la. Nou tout kapab aprann, anseye, epi viv pawòl li nan fason pa li, pandan n ap fè yon pa pwoche pi pre Sovè a. Si nou fè sa, n ap vin konvèti tout bon. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Jan 3:1–7. Nan pasaj sa a, Sovè a te reponn kesyon Nikodèm te limennm sòlve a. Li reponn bezwen Nikodèm yo. Li pèmèt li egzèse libabit li pou aprann. Li ede l dekouvri repons la pou tèt pa li.
2. Gade Jan 3:4; Joseph Smith—Istwa 1:18.
3. Gade “Teaching the Gospel in the Savior’s Way,” lds.org/youth/learn/guidebook/teaching.
4. Gade Lik 18:18–22.
5. Gade 1 Jan 4:19.
6. Dallin H. Oaks, “The Challenge to Become,” *Liahona*, Jan. 2001, 41: “Temwaye se *kommen* ak *deklare*. Levanjil la mande nou pou nou ‘konvèti,’ sa ki mande pou nou *aji* ak pou nou *devni*. Si gen nan nou ki kontante yo de konesans la ak temwayaj levanjil la sèlman, nou nan menm pozisyon Apot yo, beni men pa atenn bi yo, ke Jezi te mande pou yo ‘konvèti’ a. Nou tout siman konn yon moun ki gen yon temwayaj solid men ki pa aji nan fason pou l vrèman konvèti.”
7. Gade Abraram 2:11.
8. Gade Mozya 27:24–26; 2 Korentyen 5:17.
9. Gade David A. Bednar, “Watching with All Perseverance,” *Liahona*, Me 2010, 43: “Èske nou menm avèk mwen ap ede pitit nou yo vin moun k ap aji ki ap chèche pa etid ak pa lafwa, oubyen èske nou fòme pitit nou yo pou yo tann pu moun enstwi yo ak aji pou yo? Nou menm, paran, èske nou bay pitit nou yo ekivalan pwason espiyrityèl pou yo manje a oubyen èske nou ede yo pou yo toujou aji, aprann pou tèt pa yo epi rete fèm ak inbranlab? Èske nou ede pitit nou yo travay avèk zèl pou yo mande, chèche, epi frape?”
10. Gade Dennis B. Neuenschwander, “Living Prophets, Seers, and Revelators,” *Liahona*, Jan. 2001, 49–51.
11. 3 Nefi 17:3.

Tout bagay akonpli pa lafwa

Pa Èldè Marcus B. Nash

Nan Swasanndis yo

Lafwa ap ede nou monte chemen levanjil la an tout sekirite, l ap ede nou simonte tout eprèv ki nan mòtalite a epi fè nou retounen nan prezans majestyè Papa nou ki nan Syèl la.

Sa pa gen lontan, plizyè nan pami nou nan fanmi Nash, te monte sou tèt mòn Huayna Picchu a, yon mòn wo ki tou pre ansyen ruine Inca Machu Picchu yo, nan montay Pewou yo. Se yon gwo pant trè rèd, men ki gen bèl peyizaj ak kaskad ekstraòdinè. Malerezman, gen plizyè moun ki pèdi lavi yo kote yo sot tonbe nan pis rèd e etwat sa a. Pou evite trajedi sa yo, yo enstale gwo kab solid, fikse nan wòch solid la, toutolon mòn Huayna Picchu a. Nou te kenbe kab sa yo lè nou t ap monte, epi yo te pèmèt nou atenn somè a an sekirite, kote peyizaj la te majestyè anpil!

Menmjan ak wout Huayna Picchu a, vwayaj nou nan mòtalite a se yon monte rèd e difisil, ki mande èd Papa nou ki nan Syèl la pou nou reyisi li. Pou rezon sa a, li ba nou prensip ak òdonans levanjil yo, pou mennen nou bay Sovè a ak pouvwa sali li.¹ Premye nan prensip sa yo, lafwa nan Senyè Jezikri,² se tankou kab yo nan Huayna Picchu a: si l solid epi li byen akwouche sou “wòch Redanmètè nou an,”³ lafwa ap ede nou monte chemen levanjil la ansekirite, simonte tout eprèv mòtalite a,⁴ epi retounen nan prezans majestyè Papa nou ki nan Syèl la. Tout bagay akonpli pa lafwa.⁵

Lafwa se yon prensip aksyon ak pouvwa.⁶ Se “pa lè moun gen yon konesans total konsènan kèk bagay; paske si [nou] gen lafwa [nou] espere bagay nou pa wè, men ki vre.”⁷ Se yon asirans

⁸ nan men Lespri a nou akeri atravè aprantisaj, ki pouse nou alaksyon⁹ pou nou suiv egzanp Sovè a e respekte kòmandman l yo nan espri lapriyè, menm nan tan sakrifis ak eprèv.¹⁰ Lafwa pote pouvwa Senyè a pou nou, ki-pami lòt bagay—manifeste pa yon esperans nan bon bagay ki gen pou vini,¹¹ pa mirak ki konfime lafwa,¹²; ak pwoteksyon divin nan zafè espiritiyèl ak tanporèl.¹³

Lavi Ann Rowley, yon fi pyonye nan premye jou Legliz yo, demontre kijan egzès lafwa gen enpak pozitif nan lavi nou. Mary Rowley, yon vèv ki te soti Angletè, te egzès lafwa pou reponn apèl pwofèt la pou rasanble nan Siyon an. Li sete manm konpayi charyo abra Willie a ki te rankontre gwo tanpèt nèj sou wout yo nan lotòn 1856 la. Yo te rive nan yon pwen nan vwayaj la kote sèt pitit li yo te literalman ap mouri grangou. Li te ekri: “Sa te fè m mal pou m wè timoun yo grangou konsa. . . . Lannuit te rive e pa t gen manje pou repa aswè a. Mwen te mande Bondye èd, jan m te toujou fè. Mwen te mete ajenou, e m te sonje m te gen de biskuit sèk ki te rete lè nou te vwayaje sou lanmè a. Yo pa t gwo, e yo te sitèlman di ke yo pa t ka kase. Siman, sa pa t ap ase pou nourri 8 moun, men 5 pen an ak 2 pwason pat ase tou pou te nourri 5.000 moun, men pa yon mirak, Jezi te fè l. Konsa, avèk èd Bondye, anyen pa enposib. Mwen te jwenn biskuit sèk yo e m te mete yo nan yon mamit e m te kouvri yo avèk dlo, epi m te mande Bondye pou l beni yo. Apresa, mwen te kouvri mamit la e m te mete l sou dife. Lè m te retire kouvèti a yon ti tan apre, mwen te jwenn mamit la plen manje. Mwen te mete ajenou avèk fanmi m e nou te remèsye Bondye pou bonte li. Jou swa sa a, fanmi m te jwenn ase manje pou yo te manje.”¹⁴

Ann Rowley te fè gwo sakrifis pèsònèl pou l te viv levanjil la, li te bezwen èd, e li te mande nan lapriyè. Gras ak lafwa li, li te ranpli ak esperans e l te mirakilezman jwenn manje pou fanmi li. Senyè a te beni l avèk kapasite pou l te andire “nan lafwa jiskalafen”¹⁵ tou, yon benediksyon ki gen enpòtans etènèl. Malgre yon fiti ensèten, li pa t mande pou l konnen kijan l ta pral fè nourri pitit li yo nan demen, men, li te apiye sou Senyè a¹⁶ avèk pasyans e l te avanse devan avèk esperans, egzakteman jan bèl kantik sa a eksprime a:

*Bèl limyè, nan mitan fènwa ki antoure m nan; gide mwen!
Lannuit la fènwa, e m lwen lakay mwen; O gide mwen!
Gide pye m; m pa mande pou m wè lefiti
Pwochen pa ki devan m nan ase pou mwen.*¹⁷

Nou menm tou, nou ka egzèse yon kalite lafwa konsa nan Senyè a, pandan n ap kwè e konnen ke Bondye mizèrikòdye e konstan¹⁸ nou an ap beni nou pa pouvwa mirakile li, selon sityasyon nou, nan lè l vle a. Si nou fè sa, nou menm tou n ap wè men Bondye manifeste nan lavi nou.

Senyè a kòmande nou pou nou “mete boukliye lafwa a sou nou pou nou kapab etenn *tout* flanm dife mechan an yo.”¹⁹ Satan ap itilize bagay tankou dout, laperèz, oswa peche pou tante nou pou nou abandone lafwa e pèdi pwoteksyon li ofri a. Annou egzamine chak nan defi lafwa sa yo youn pa youn pou nou ka rekonèt tantasyon advèsè a e pa sikonbe anba yo.²⁰

Premyèman, lè nou pa kwè nan Senyè a ak nan levanjil li a, sa ap lakoz nou reziste kont Lespri Bondye.²¹ Remèd Senyè a kont dout la senp. Jan Wa Benjamen te deklare a: “Kwè nan Bondye, kwè li egziste, kwè li te kreye tout bagay nan syèl la ak sou tè a; kwè li gen tout sajès, ak tout pouvwa, ni nan syèl la ni sou tè a; kwè lèzòm pa konprann tout bagay Senyè a kapab konprann.”²²

Si, akoz enkredilite ak dout, nou wè lafwa nou ap bese, sonje ke premye Apot yo te enplòre Senyè a pou “ogmante lafwa yo.”²³ Sonje ke lafwa ak larezon se konpasyon nesèsè, konsidere konparezon sa a: lafwa ak larezon se tankou de zèl nan yon avyon. Toulède esansyèl pou fè avyon an vole. Si, nan pèspektiv pa w, larezon sanble an kontradiksyon avèk lafwa, fè yon ti kanpe epi sonje ke pèspektiv ou ekstrèmman limite an konparezon avèk pa Senyè a.²⁴ Pa abandone lafwa paplis ke ou p ap kapab detache yon zèl nan yon avyon k ap vole. Men, olyesa, nouri yon tikal lafwa e pèmèt lespwa li pwodui a vin yon ankraj pou nanm ou—ak pou larezon ou.²⁵ Se poutèt sa, yo kòmande nou pou n “chèche konesans—menm nan etid *epi* tou avèk lafwa.”²⁶ Sonje, lafwa presede e pwodui mirak ke nou pa gen okenn eksplikasyon imedyat pou yo, tankou fè yon mamit ki gen de biskuit sèk ranpli avèk manje, oubyen senpleman andire tout bagay nan lafwa, kont tout lojik.²⁷

Dezyèmman, laperèz detounen nou de lafwa e li febli lafwa nou nan Sovè a. Apot Pyè te suiv Senyè a yon jou swa tanpèt e l te mache sou dlo a—jiskaske li te vire je li e l te “wè jan van an te fò [epi] li te pè” epi li te kòmanse koule.²⁸ Li te ka kontinye mache si l pa t pè! Olye ke nou fokis sou van fò e epi krenn van ak vag vyolan yo nan lavi nou, Senyè a envite nou pou nou “Gade sou mwen nan chakpanse; pa doute, pa pè.”²⁹

Twazyèmman, peche diminye prezans Lespri a nan lavi nou, e san Sentespri a, n ap manke fòs espiritiyèl pou n kenbe ak egzès lafwa. Li pi bon pou nou egzès lafwa nou pou “nou pa touche move don an, ni bagay ki pa pwòp la”³⁰ epi “fè dilijans nan respekte tout kòmandman yo, pou . . . lafwa nou pa fayi, epi pou enmi nou yo pa triyonfe sou nou.”³¹ Si peche make lavi nou, mwen envite nou pou nou egzès “lafwa ki mennen nan repantans,”³² epi Sovè a, atravè Ekspyasyon an, ap pirifye nou e geri lavi nou.

Frè m ak sè m yo, selon lafwa nou, Senyè a ap ranpli pwomès li e l ap travay avèk nou pou n simonte tout difikilte.³³ Li te fè sa pou Ann Rowley e li fè sa pou pèp li nan tout nasyon ak tout epòk ak tou jenerasyon. Paske Li se yon “Bondye mirak” epi Li “pap chanje,” l ap beni nou chak menmjan an tou avèk esperans, pwoteksyon, ak pouvwa selon lafwa nou nan Li.³⁴ Menmjan ak kab yo sou wout Huyana Picchua a—lafwa inebranlab nan Senyè Jezikri ap tounen yon ankraj, pou nou menm ak pou moun nou renmen yo, tache sou wòch Redanmtè³⁵ nou an ak pouvwa san parèy li pou sove a.

Prezidan Thomas S. Monson te di: “Fiti a osi briyan ke lafwa nou.”³⁶ Mwen temwaye konsènan verite siblim plen esperans sa a e, mwen envite nou chak pou nou avanse avèk fèmte ak lafwa nan Senyè a, “san doute.”³⁷ Mwen konnen Sovè a vivan, li se “kòmansman ak finisman lafwa nou,”³⁸ epi “l ap rekonpanse moun ki chèche li avèk dilijans.”³⁹ Konsènan sa mwen temwaye nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Doktrin ak Alyans 84:19–21.
2. Gade Atik Lafwa 1:4.
3. Elaman 5:12.
4. Gade Doktrin ak Alyans 76:53.
5. Gade Etè 12:3.
6. Gade *Lectures on Faith* (1985), 3; gade tou Jakòb 4:6; Etè 12:7–22; Ebre 11:4–40.
7. Alma 32:21.

8. Gade Joseph Smith Translation, Ebre 11:1 (in Ebre 11:1, reference *b*).
9. Gade 2 Nefi 25:23; Alma 34:15–17; Etè 12:6; Jak 2:17–26.
10. Gade Etè 12:4–6; *Lectures on Faith*, 69.
11. Gade Mowoni 7:40–42.
12. Gade Bible Dictionary, “Faith”; gade tou Mòmmon 9:8–21; Mowoni 7:33–37.
13. Gade Doktrin ak Alyans 27:17; Alma 57:19–27; 58:10–13.
14. Ann Rowley, nan Andrew D. Olsen, *The Price We Paid: The Extraordinary Story of the Willie and Martin Handcart Pioneers* (2006), 113.
15. Doktrin ak Alyans 20:25.
16. Ezayi 40:31.
17. “Brillante étoile, étoile du matin,” *Cantiques*, no. 52.
18. Gade Jaòb 4:10; Mòmmon 9:9.
19. Doktrin ak Alyans 27:17; italik ajoute.
20. Gade 1 Nefi 8:33–34; Alma 37:33; Doktrin ak Alyans 20:22.
21. Gade Alma 32:28.
22. Mozya 4:9.
23. Lik 17:5.
24. Gade Mozya 4:9–10; Pwovèb 3:5–7; Ezayi 55:8–9.
25. Gade Etè 12:4.
26. Doktrin ak Alyans 88:118; italik ajoute.
27. Gade Mowoni 7:33–38; Etè 12:19.
28. Gade Matye 14:25–31.
29. Doktrin ak Alyans 6:36.
30. Mowoni 10:30.
31. Doktrin ak Alyans 136:42.
32. Gade Alma 34:15–17; gade tou Etè 12:3.
33. Gade Etè 12:29; Alma 7:27.
34. Gade Mòmmon 9:18–21; gade tou Mowoni 7:33–38; Alma 37:16–17.
35. Elaman 5:12.
36. Thomas S. Monson, “Be of Good Cheer,” *Liahona*, Me 2009, 92.
37. Gade Jak 1:6–8.
38. Mowoni 6:4; gade tou Ebre 12:2.
39. Ebre 11:6; gade tou Etè 12:41.

Tounen yon vrè disip

Pa Eldè Daniel L. Johnson

Nan Swasanndis yo

Si nou obeyi kòmandman yo epi nou sèvi pwochen nou, n ap vin pi bon disip Jezikri.

Noumenm ki te deja antre nan dlo batèm epi ki resevwa don Sentespri a, nou fè alyans pou nou pran non Kris la sou nou, otremandi, nou deklare nou se disip Senyè a. Nou renouvle alyans sa a chak semèn lè nou pran Sentsèn, epi nou demontre ke nou se disip li pa fason n ap viv. Kalite disip sa a te demontre nan fason admirab nan dènye evenman ki te pase nan Meksik yo.

Sete yon bèl prentan pou kominote ki t ap kiltive fwi nan nò Meksik yo. Pye fwi yo te fleri anpil, e yo te gen anpil espwa pou yo fè yon bèl rekòlt. Yo te déjà ap pran dispozisyon pou yo te peye dèt yo, ranplase ekipman yo te bezwen yo ak pyebwa ki t ap vyeyi yo, epi kenbe kèk angajman pèsonèl tankou peye lekòl pou manm fanmi yo. Yo te menm planifye pou vakans anfami. Te gen yon atitud pozitif jeneral nan lè a. Epi, yon Lendi aprèmidi, nan fen mwa Mas la, yon tanpèt nèt te parèt, epi nèt te kòmanse tonbe. Nèt te tonbe jiskapeprè twazè di maten. Epi, lè nyaj yo te dispèse, tanperati a te bese briskeman. Pandan tout nwit la epi pandan tout kòmansman matine a, moun yo te fè tout efò yo pou yo te sove omwen yon pati nan rekòlt fwi a. Men tout efò yo te anven. Li te fè two frèt, e tout rekòlt la te jele konplètman. Pa t ap gen menm yon fwi pou yo rekolte ni vann ane sa a. Jounen Madi a te kòmanse avèk tris pèt dekourajan tout bèl pwojè, espwa ak rèv mèveye sa yo yo te genyen lavèy la.

Mwen te resevwa yon email nan men Sandra Hatch, madanm John Hatch, ki se premye konseye nan prezidans Tanp Colonia Juarez la nan Chihuahua, konsènan jou Madi maten terib sa a. M ap site yon ekstrè nan mesaj sa a: "John te leve bonè, apeprè 6:30

dimaten, pou l te kouri al nan tanp la pou wè si nou t ap bezwen anile sesyon jou maten sa a. Lè l te retounen li di parking nan ak wout la te netwaye, konsa nou te deside fè sesyon an. Nou te panse ke petèt kèk nan travayè tanp yo ki pat gen jaden yo t ap vini, e nou t ap kapab mete tout nan yon sèl sesyon. . . . Sa te vrèman yon bagay enspiran pou wè mesye yo k t ap vini, youn apre lòt. Men yo menm, apre yon nwit blanch, ap panse ak rekòlt yo te pèdi a. . . . Mwen t ap gade yo pandan reyinyon preparasyon nou an, e li te difisil pou yo te rete je klè. Men olye ke yo te panse yo te gen yon bon eskiz pou yo pat vini, yo tout te la. E te gen 38 moun nan sesyon an (yon sesyon antye)! Sete yon maten edifyan pou nou e nou te remèsye Papa nou ki nan Syèl la pou brav moun sa yo ki t ap ranpli devwa yo, kèlkeswa sa k te rive a. Mwen te santi yon espri espesyal jou maten sa a. Mwen sèten ke Pè Selès la te kontan pou konnen nou renmen kay Li a e nou santi ke sete yon bon plas pou n te ye nan yon maten difisil konsa.”

Istwa a pa fini la, men li kontinye toujou.

Laplipa nan moun ki te pèdi rekòlt fwi yo te gen kèk lòt moso tè disponib pou yo te plante lòt plant ranplasman pou sezon an, tankou piman oubyen pwa. Plant sa yo te kapab pèmèt yo jwenn omwen yon ti lajan, ase pou yo siviv jiska rekòlt fwi ane pwòchèn nan. Men, te gen yon bon frè avèk timoun piti ki pa t gen okenn lòt tè e li te riske pase yon ane san reveni ditou. Lòt moun nan kominote a, ki te wè sitiyasyon dezespere frè sa a, epi pandan yo t ap aji san moun pa t mande yo e ak pwòp lajan pa yo, te debwouye yo pou yo te fè l jwenn yon moso tè, yo te itilize pwòp ekipman pa yo pou prepare tè a, epi yo te ba li plan piman pou l te plante.

Mwen konnen mesye sa yo m sot pale de yo a. Paskè m konnen yo, m pa etone pou sa yo te fè a. Men moun ki pa konnen yo siman ap poze de kesyon, toulède kòmanse avèk mo *poukisa* a. Poukisa yo te vini nan tanp lan pou ranpli devwa yo ak sèvi apre ke yo te fin pase tout nwit la san dòmi, epi tout sa pou yo te reyalize yo te pèdi pifò pati nan revni yo pou tout ane a? Poukisa yo te itilize resous yo ki kounyeya te trè presye e ki pa t ap menm sifi a pou yo te ede yon lòt moun ki te nan gwo bezwen pandan

ke yo menm tou yo te nan yon sitiyasyon finansye trè difisil nan moman an?

Si nou konprann sa sa vle di pou yon moun se disip Jezikri, enben, n ap konn repons de kesyon sa yo.

Fè alyans pou vin yon disip Kris la se komansman yon pwosesis tout yon lavi, e chemen an pa toujou fasil. Si nou repanti pou peche nou yo epi efòse nou pou n fè sa Li menm Li ta renmen nou fè epi sèvi pwochen nou jan Li menm Li t ap sèvi yo, inevitableman, n ap vin plis menmjan avèk Li. Vin menmjan avèk Li epi fè yon sèl avèk Li se bi ak objektif final la—e se esansyèlman vrè definisyon yon vrè disip.

Jan Sovè a te mande disip Li yo lè l te vizite kontinan Ameriken an, “Se poutèt sa, ki kalite moun nou dwe ye?” Epi apresya, Li te reponn pwòp kesyon L la, Li te di: “Anverite, m di nou, menmjan avèk mwen(3 Nephi 27:27).

Vini menmjan ak Sovè a se pa yon tach fasil, espesyalman nan mond nap viv la. Nou rankontre obstak ak advèsite pratikman chak jou nan lavi nou. Gen yon rezon pou sa, e se youn nan objektif prensipal mòtalite a. Jan nou li nan in Abraham 3:25, la: “Epi nou pral pase yo anba eprèv, pou nou wè si yo pral fè tout bagay Senyè Bondye yo a pral kòmande yo.”

Eprèv oswa tès sa yo pa gen menm nati ak menm entansite. Men pèsonn pap kite egzistans mòtèl sa a san yo pa pase pa yo. Trè souvan, nou panse ke eprèv se tankou pèdi yon rekòlt oubyen yon djòb, lanmò yon moun chè pou nou, maladi, enkapasite fizik, mantal, oubyen emosyonèl, pòvrete, oubyen pèdi zanmi. Men, menm menm reyalizasyon objektif ki aparaman vo lapèn yo gen dwa pote li initil danje ak ògèy pa yo, kote nou aspire plis pou jwenn onè lezòm pase apwobasyon syèl la. Pami danje sa yo, nou gen popilarite monden, rekonesans piblik, reyisit fizik, talan atistik oswa atletik, pwosperite, oubyen richès. Konsènan dènye eprèv sa yo, gen nan nou ki kapab gen menm santiman ak sa Tevye te eksprime nan *Fiddler on the Roof* (*Vyolon ou tèt kay la*): “Si richès se yon malediksyon, se pou Bondye frape m ak malediksyon sa a. e se pou m pa janm trete!”¹

Men dènye kalite eprèv sa yo kapab menm pi entimidan e pi danjere ak pi difisil pou simonte pase premye yo. Nou vin tounen disip e nou montre prèv la pa fason nou sipòte eprèv yo e non pa

an fonksyon ki kalite eprèv nou rankontre. Jan Prezidan Henry B. Eyring te ansenye nou an: “Konsa, gwo tès lavi a se pou wè si wi ou non n ap koute ak obeyi kòmandman Bondye yo nan mitan tanpèt lavi yo. Se pa yon kesyon andire tanpèt yo, men se yon kesyon chwazi sa ki byen pandan tanpèt sa yo ap fè raj la. Epi, trajedi lavi a se lè nou echwe nan tès sa a epi konsa, nou pa reyisi kalifye pou nou retounen nan laglwa nan fwaye selès nou,” *Liahona*, Nov. 2005, 38).

Mwen se yon fyè granpapa 23 pitit pitit. Yo pa janm sispann enpresyone mwen pa konpreyansyon yo genyen sou verite etènèl yo, menm trè bonè nan ti jèn laj yo. Pandan m t ap prepare diskou sa a, mwen te mande yo chak pou voye ban m yon brèf definisyon sou sa sa vle di pou yon moun se yon disip Jezikri. Yo tout te ban m bèl repons. Men, mwen ar remen pale nou de repons Benjamin, ki gen 8 an: “Pou yon moun se disip Jezikri, sa vle pou l se yon egzanp. Sa vle di pou l se yon misyonè epi prepare l pou vin yon misyonè. Sa vle di sèvi lòt moun. Sa vle di li ekriti yo ak fè priyè nou. Sa vle di sanktifye jou Saba a. Sa vle di koute enspirasyon Sentespri a. Sa vle di ale legliz epi ale nan tanp.”

Mwen dakò avèk Benjamin. Vin yon disip totalman konsène sa n ap fè ak sa n ap devni. Si nou obeyi kòmandman L yo epi nou sèvi pwochen nou, n ap vin pi bon disip Jezikri. Obeyisans ak soumèt anba volonte Li pote konpayi Sentespri a, ansanm avèk benediksyon lapè, lajwa, ak sekirite ki toujou akonpanye twazyèm manm Divinite a. Yo pap vini nan okenn lòt fason. Finalman, se soumisyon total anba volonte Li k ap ede nou vin sanble ak Sovè nou an. Yon fwa ankò, vin tankou Li epi fè yon sèl avèk Li se bi ak obejektif final la—e se esansyèlman vrè definisyon yon vrè disip.

Kalite disip se sa m te wè k te mete an pratik nan Tanp Colonia Juarez la ak nan zòn alantou l yo kote frè ak sè nan lafwa yo te reyafime angajman yo anvè Bondye epi youn anvè lòt malgre eprèv ekstrèman difisil yo.

Mwen temwanye ke si nou obeyi kòmandman L yo, si nou sèvi lòt moun epi nou soumèt volonte nou anba volonte pa Li, n ap efektivman vin tounen yon vrè disip Li. Mwen temwanye konsa nan non Jezikri, amèn.

Note

1. Gade Joseph Stein, Jerry Bock,
Sheldon Harnick, *Fiddler on the Roof*
(1964), 61.

Benediksiyon Sentsèn yo

Pa Eldè Don R. Clarke

Nan Swasanndis yo

N ap jwenn benediksyon si nou epwouve rekonesans pou Ekspyasyon Jezikri a, si nou renouvle alyans batèm nou yo, santi nou jwenn padon, e resewa enspirasyon Sentespri a.

Mwen te grandi nan Rexburg, Idaho (nan Etazini), kote mwen te enfliyanse e ansèye pa yon fanmi mèveye, yon kantite zanmi, pwofesè, ak dirijan. Gen eksperyans espesyal nan lavi nou tout ki touche nanm nou e ki rann bagay yo diferan ajamè. Yon eksperyans konsa te rive nan jenès mwen. Eksperyans sa a te transfòme lavi m.

Mwen te toujou aktif nan Legliz la e mwen tap progrese nan ofis yo nan Prètriz Aawon an. Lè m te adolesan, Frè Jakòb, enstriktè mwen, te mande pou m te ekri sou yon kat sa ki te pase nan tèt mwen pandan Sentsèn nan jou sa a. Mwen te pran kat mwen an epi m te kòmanse ekri. Premye bagay sou lis mwen an sete yon match baskètbòl nou te genyen nan lavèy epi apre sa sete yon sòti ade apre match la e se konsa lis la te kontinye. Non Jezikri te anba nèt e sètènman li pat an karaktè gra.

Chak dimanch kat la te ranpli. Pou yon jèn detantè Prètriz Aawon ke m te ye, Sentsèn ak reyinyon Sentsèn te pran yon sans nouvo, elaji, ak espiyèl pou mwen. Mwen tap tann jou Dimanch yo ak opòtinite pou m pran Sentsèn nan avèk enpasyans paske konpreyansyon mwen sou Sakrifis Ekspyatwa Sovè a t ap transfòme mwen. Chak Dimanch, jis jounen jodi a, lè m pran Sentsèn, mwen kapab wè kat mwen an epi revize lis mwen an. Kounyeya se Sovè limanite ki toujou sou lis mwen an, anvan tout lòt bagay.

Nan Nouvo Testaman an nou li sou tan kote Sovè ak Apot Li yo te reyini nan yon chanmòt pou Fèt Pak Jwif la.

“Aprè sa, li pran pen an, li di Bondye mèsi, li kase l. Li ba yo l epi li di yo: “Sa a se kò mwen. Se mwenmenm ki bay li pou nou; Se pou nou fè sa pou nou ka touje sonje m.

“Menm jan an tou, apre yo fin manje, Li ba yo gode diven an. Li di yo: Gode sa a se nouvo kontra Bondye pase ak moun. Se avèk san m ki koule pou an li siyen.”¹

Jezi te tabli òdonans Sentsèn nan tou pandan vizit li bò kote Nefit yo.² Kounyeya mwen konprann enpòtans de evenman sa yo.

Prezidan David O. McKay te di: “Mwen santi m pouse pou m mete aksan sou sa Senyè a te deziye kòm reyinyon ki pi enpòtan nan Legliz la: reyinyon Sentsèn nan.”³ Si nou prepare nou jan nou dwe a pou Sentsèn nan, li kapab transfòme lavi nou. Mwen ta renmen sigjere senk prensip ki kapab beni lavi nou lè nou pran Sentsèn nan diyman.

1. Gen yon Santiman Gratitud pou Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a

Premye prensip la se nou santi yon santiman gratitud anvè Papa nou ki nan Syèl pandan Sentsèn nan, pou Sakrifis Ekspyatwa Pitit Gason L lan. Yo te rakonte istwa sa a konsènan distribisyon Sentsèn nan.

“Sentsèn nan pat janm vrèman vle di anpil bagay pou mwen jiska jou dimanch yo te òdone m dyak la. Aprèmidi jou sa a, mwen te distribiye Sentsèn nan pou la premyè fwa. Anvan reyinyon an, youn nan dyak yo te avèti m: ‘Fè atansyon avèk Frè Schmidt. Ou gen dwa oblije reveye l!’ Finalman, lè a te rive pou m te patisipe nan distribiye Sentsèn nan. Mwen te jere sis premye ranje yo trè byen. Timoun yo ak granmoun yo te pran pen an san okenn panse oswa pwoblèm vizib. Apre sa, mwen te rive nan setyèm ranje a, ranje kote Frè Schmidt te toujou chita a. Men mwen te sezi. Olye te nan dòmi, je l te byen klè. Kontrèman a anpil lòt moun mwen te sèvi, li te pran pen, avèk sa ki te sanble gwo meditasyon ak reverans.

“Kèk minit apre mwen te twouve m apwoche setyèm ranje ankò avèk dlo a. Fwa sa a zanmi m nan te gen rezon. Frè Schmidt te chita avèk tèt li panche ak gwo je alman l yo te fèmen. Sa te klè

ke misye t ap dòmi. Kisa m te kapab fè oubyen di? Mwen te obsève fwon li, ride e fatigue pa anpil ane travay di ak privasyon. Li te vin manm Legliz lè li te yon adolesan e li te viv anpil pèsikasyon nan ti vil Alman li an. Mwen te tandè istwa a anpil fwa nan reyinyon temwayay. Mwen te deside finalman pou m te touche zepòl li jantiman avèk espwa pou m te reveye l. Pandan m te lonje men m pou m fè sa, li te leve tèt li lantman. Te gen dlo ki t ap koule nan je l e lè m te gade l, mwen te wè lanmou ak lajwa nan je li. Li te leve bra l trankilman epi li te pran dlo a. Malgre ke m te gen sèlman douz an lè sa a, mwen toujou sonje, kòm si sete jodia, santiman m te epwouve lè m t ap gade lepè sa a ki t ap pran Sentsèn nan. Mwen te konnen san okenn dout ke li te santi yon bagay konsènan Sentsèn nan, yon bagay ke mwen pa t janm santi. Mwen te deside lè sa a ke m te vle santi menm bagay la tou.”⁴

Frè Schmidt te kominike avèk syèl la, e syèl la te kominike avèk li.

II. Sonje Ke Nou Ap Renouvle Alyans Batèm yo

Dezyèm prensip la se pou nou sonje ke se renouvle nou ap renouvle alyans batèm yo lè nou pran Sentsèn. Jan yo di nan ekriti yo, kèk nan pwomès nou fè yo gen ladan yo:

“Antre nan twoupo Bondye a pou ou pote non pèp li a, . . . pou youn pote chay lòt. . . pou ou kriye avèk moun ki ap kriye. . . , epi sèvi kòm temwen Bondye.”⁵

“Prezante avèk kè brize ak lespri kontri. . . vle pran sou yo non Jezikri, gen yon detèminasyon pou sèvi l jiska lafen,”⁶ epi respekte kòmandman L yo epi toujou sonje L.⁷

Priyè Sentsèn yo se yon rapèl alyans sa yo. Lè nou pran Sentsèn nan, nou renouvle angajman nou pou nou viv dapre alyans sa yo. Mwen kwè li tap apwopriye pou nou memorize priyè Sentsèn yo nan lespri nou ak nan kè nou. Sa ap ede nou konsantre sou renouvle alyans batèm nou yo. Kesewa nou te gen yuitan oswa katrentan lè nou te batize, mwen espere nou pap janm bliye jou sa a ak alyans nou te fè yo.

III. Pandan Sentsèn nan, Nou Kapab Santi Nou Jwenn Padon pou Peche Nou yo.

Twazyèmman, pandan Sentsèn nan, nou kapab santi nou jwenn padon pou peche nou yo. Si nou te pase tan anvan reyinyon Sentsèn nan ap repanti pou peche nou yo, nou kapab kite reyinyon Sentsèn nan avèk santiman ke nou pwòp ak pi. Prezidan Boyd K. Packer te di: “Sentsèn nan renouvle pwosesis padon an. Chak Dimanch, lè yo distribye Sentsèn nan, se yon seremoni pou renouvle pwosesis padon an... . Chak dimanch, nou netwaye tèt nou pou ke, lè moman an rive, kote nou mouri, lespri nou kapab pwòp.”⁸ Lefèt ke nou pran Sentsèn nan diyman an kapab ede nou santi nou tankou pèp Wa Benjamin an, ki te “*ranpli ak lajwa, paske yo te resevwa padon pou peche yo, e paske yo te gen lapè nan konsyans yo.*”⁹

IV. Nou Kapab Resevwa Enspirasyon pou Solisyon Pwoblèm Nou yo

Katriyèm prensip la sè ke nou kapab resevwa enspirasyon pou solisyon pwoblèm nou yo pandan reyinyon Sentsèn nan. Lè m te prezidan misyon nan peyi Bolivi, madanm mwen, Mary Anne avèk mwen te gen benediksyon pou nou te asiste yon seminè pou prezidan misyon yo avèk Prezidan Eyring. Nan reyinyon sa a, li te anseye ke gen two fason enpòtan pou moun prepare yo pou yo tire pwofi nan yon reyinyon. Nou ta dwe vini avèk pwoblèm nou yo, enb tankou timoun piti ki pare pou aprann, e avèk dezi pou nou ede pitit Bondye yo.

Lè nou vini enbleman nan reyinyon Sentsèn nan, nou ka gen benediksyon pou nou resevwa enpresyon konsènan solisyon pou pwoblèm chak jou nou yo. Nou dwe vini prepare, avèk dispozisyon pou nou koute epi pou nou pa distrè. Nan ekriti yo, nou li: “Men, gade, m di ou, ou dwe *etidye l* nanpanse ou; apre sa ou dwe *mande m si li jis*, epi si se jis, m ap fè *pwatrin ou chofo* andedan ou; se konsa, *ou ap konnen li byen.*”¹⁰ Nou kapab konnen sa nou dwe fè pou rezoud pwoblèm nou yo.

V- Pran Sentsèn nan Diyman Ap Ede Nou Vin Ranpli ak Sentespri a.

Senkyèm prensip la, pran Sentsèn nan diyman an, ap ede nou santi nou ranpli avèk Sentespri a. Lè li te tabli Sentsèn nan

pandan vizit kay Nefit yo, Jezi te di: “Moun ki manje pen sa a, li manje nan kò m pou byen nanm li; e moun ki bwè diven sa a, li bwè nan san m pou byen nanm li; e nanm li p ap janm grangou ni swaf, men l ap ranpli.”¹¹ Yo te resevwa pwomès ke si yo te grangou ak swaf jistis, yo t ap ranpli avèk Sentespri a. Priyè Sentsèn yo pwomèt tou ke si nou viv dapre alayans nou yo, n ap toujou gen Sentespri L la avèk nou.¹²

Èldè Melvin J. Ballard te di: “Mwen se gen temwayaj ke gen yon espri patikilye nan administrasyon Sentsèn nan, ki chofe nanm nou soti nan tèt rive nan pye; nou santi blesi espri nou yo geri, epi fado nou vin lejè. Moun ki diy e ki vrèman gen dezi pou yo pran nouriti espirityèl sa a, yo resevwa konsolasyon e yo santi bonè nan nanm yo.”¹³

N ap jwenn benediksyon pou nou santi rekonesans pou Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a, pou renouvle alyans batèm nou yo, pou nou santi nou jwenn padon, epi pou nou resevwa enspirasyon nan men Sentespri a lè nou pran Sentsèn nan chak senmèn. Reyinyon Sentsèn nan ap toujou yon gwo reyinyon pou nou si Sentsèn nan se sant adorasyon nou. Mwen ekspri rekonesans mwen pou Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a. Mwen konnen Li vivan. Nan non Jezikri. Amèn.

Nòt

1. Lik 22:19–20; italik ajoute.
2. Gade 3 Nefi 18.
3. David O. McKay, nan Conference Report, Okt. 1929, 11.
4. *Livre de Mormon, manuel de l'étudiant* (Manyèl Sistèm Edikatif Legliz la, 1979), 417.
5. Mozya 18:8–9.
6. Doktrin ak Alyans 20:37.
7. Gade Doktrin ak Alyans 20:77.
8. Boyd K. Packer, *Mine Errand from the Lord* (2008), 196.
9. Mozya 4:3; italik ajoute.
10. Doktrin ak Alyans 9:8; italik ajoute.
11. 3 Nefi 20:8.
12. Gade Doktrin ak Alyans 20:77.
13. Melvin J. Ballard, nan Bryant S. Hinckley, *Sermons and Missionary Services of Melvin Joseph Ballard* (1949), 149.

Konvèti nan Senyè a

Pa Èldè David A. Bednar

Nan Kolèj Douz Apot yo

Eleman esansyèl nan temwayaj la se konesans ke levanjil la vrè a. Eleman esansyèl nan konvèsyon an se fidelite konstan nan levanjil la.

Mesaj mwen an chita sou relasyon ki genyen ant resevwa yon temwayaj ke Jezi se Kris la ak vin konvèti, nan Limenm ak nan levanjil Li a. An jeneral, nou trete sijè temwayaj ak konvèsyon an separeman e apa. Men, nou kapab jwenn pèspektiv presye ak pi gwo konviksyon espiryèl lè nou konsidere de sijè enpòtan sa yo ansanm tou.

Mwen priye pou Sentespri a enstwi ak edifye nou chak.

Kimoun nou di mwen ye?

Ministè apot Pyè a kapab kabap aprann nou anpil bagay sou temwayaj ak konvèsyon.

Lè Jezi te ale nan rejyon ki tou pre lavil Sezare Filip la, Li te poze gwo kesyon sa a: “Kimoun nou di Mwen ye?”

Pyè te reponn san detou:

“Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.

“Lè sa a, Jezi di li: Ou wè ou menm, Simon, pitit Jan an, ou se yon nonm Bondye beni. Paske, se pa moun ki fè ou konn verite sa a. Men, se Papa m ki nan syèl la ki fè sa pou ou.” (Matye 16:15–17).

Jan repons Pyè a ak enstriksyon Senyè a pwouve l la, yon temwayaj se yon konesans pèsonèl sou yon verite espiryèl yon moun resevwa pa revelasyon. Yon temwayaj se yon kado Bondye bay e li disponib pou tout Pitit Li yo. Nenpòt moun ki ap chèchè laverite toutbon vre kapab jwenn yon temwayaj si li egzèse “tikras lafwa” nan Jezi a ki nesèsè pou “teste pawòl la” (Alma

32:27) ak pou “eseye aplike pawòl la” (Alma 31:5), pou l “soumèt li devan enfliyans Sentespri a” (Mozya 3:19), epi pou l “reveye nan Bondye (gade Alma 5:7). Temwayaj pote ogmantasyon responsablite pèsònèl epi li se yon sous rezondèt, asirans, ak lajwa.

Chèche ak jwenn yon temwayaj konsènan verite esprityèl mande pou poze kesyon, chèche, ak frape (gade Matye 7:7; 3 Nefi 14:7) ak yon kè sensè, yon entansyon reyèl, ak lafwa nan Sovè a (gade Mowoni 10:4). Eleman fondamantal yon temwayaj se konnen Papa nou ki nan Syèl la vivan, li renmen nou, ke Jezikri se Sovè nou, e plenitud levanjil la te retabli sou tè a nan dènye jou sa yo.

Lè ou va konvèti

Lè Senyè a te anseye disip Li yo nan Dènye Soupe a, Li te di Pyè:

“Simon, Simon, koute, Satan vle. . .mete nou tout nan laye tankou grenn y ap vannen.

Men mwen lapriyè pou ou pou konfyans ou nan Bondye pa febli. Oumenn, lè ou vin jwenn mwen, bay frè w yo fòs ” (Lik 22:31–32).

Sa ki enteresan sè ke, Apot puisan sa a te pale e mache avèk Mèt la, li te temwen anpil mirak e li te gen yon temwayaj solid sou divinite Senyè a. Epoutan Pyè te bezwen enstriksyon anplis nan men Jezi konsènan pouvwa Sentespri a genyen pou konvèti ak sanktifye moun ak sou obligasyon limenm, Pyè, te genyen pou l te sèvi fidèlman an.

Esans levanjil Jezikri a antrene yon chanjman fondamental ak pèmanan nan nati nou menm e chanjman sa a posib gras a Sakrifis Ekspyatwa Sovè a. Vrè konvèsyon pote yon chanjman nan kwayans nou, nan kè nou ak nan lavi nou, pou n asepte obeyi volonte Bondye (gade Travay 3:19; 3 Nefi 9:20) e sa gen ladan l yon angajman konsyan pou nou vin tounen yon disip Kris la.

Konvèsyon se yon agrandisman, yon apwofondisman, ak yon elajisman nan fondasyon temwayaj nou. Li se rezilta revelasyon ki soti nan Bondye, ki akonpaye ak repantans endividyèl, obeyisans ak dilijans. Nenpòt moun ki ap chèche laverite toutbon vre kapab vin konvèti nan fè eksperyans chanjman kè puisan an

ak nan fèt esprityèlman nan Bondye (gade Alma 5:12-14) Lè nou respekte òdonans ak alyans sali ak egzaltasyon yo (gade D&A 20:25), epi nou “mache an avan avèk fèmte nan Kris la” (2 Nefi 31:20), epi nou andire nan lafwa jiska lafen (gade D&A 14:7), nou ap vin yon lòt moun nan Kris (gade 2 Korentyen 5:17). Konvèsyon se don tèt nou nou bay Bondye pou remèsye li pou don temwayaj la.

Egzanp Konvèsyon nan Liv Mòmmon an

Liv Mòmmon an ranpli avèk istwa konvèsyon ki bay enspirasyon. Amaleki, yon desandan Jakòb, te deklare: “M vle pou nou ta vin jwenn Kris la, ki se Sen Izrayèl la, pou nou patisipe nan sali l ap bay la, ak pouvwa redanmsyon li a. Wi, vin jwenn li, e ofri tout nanm nou kòm yon ofrann ba li” (Omni 1:26).

Li enpòtan e li nesèsè pou nou konnen pa pouvwa Sentespri a ke Jezi se Kris la. Men, pou nou vin jwenn ni sensèman epi ofri l tout nanm nou kòm ofrann nan, sa mande piplis pase senpleman konnen. Konvèsyon mande tout kè nou, tout pouvwa nou, tout espri ak tout fòs nou (gade D&A 4:2).

Pèp Wa Benjamin an te reponn ansèyman l yo kote yo te rele ansanm: “Wi, nou kwè tout pawòl ou te pale nou yo; epi tou, nou konnen reyèlman yo se verite, akòz Lespri Senyè Toupisan an, ki te opere yon gwo chanjman nan nou, oubyen nan kè nou, ki fè nou pa gen okenn dispozisyon pou nou fè mal ankò, men okontrè pou nou kontinye fè byen nètalkole” (Mozya 5:2). Lefèt ke yo te aksepte pawòl ki te pwononse yo, ke yo te resevwa yon temwayaj sou verasite yo, epi yo te egzèsè lafwa nan Kris la, sa te pwodui yon gwo chanjman nan kè ak fèm detèminasyon pou amelyore epi vin pi bon.

Yo dekri Lamanit konvèti yo nan liv Elaman an kòm moun ki “nan chemen devwa yo; y ap mache nan lòd devan Bondye; yo eseye respekte kòmandman li yo ak règleman li yo ak jijman li yo

...

“Epi y ap fè efò ak dilijans, san yo pa fatige, pou yo kapab mennen rès frè yo nan konesans verite a.” (Elaman 15:5-6).

Jan egzanp sa yo montre a, karakteristik fondamantal konvèsyon se fè eksperyans yon gwo chanjman nan kè nou, pou nou pran dispozisyon pou nou fè byen nèt ale, pandan n ap avanse nan chemen devwa nou, pandan nou ap mache nan

obeysans devan Bondye, pandan nou ap respekte kòmandman yo epi sèvi avèk yon dilijans enfatigab. Klèman, nanm fidèl sa yo te vin pwofondeman devwe pou Senyè a ak ansèyman l yo.

Vin Konvèti

Pou anpil nan nou, konvèsyon se yon pwosesis grandisan, e non pa yon evenman toudenkou ki fèt apati yon eksperyans puisan oubyen dramatik. Liy apre liy epi leson apre leson, gradyèlman e prèske nan yon fason nou pa menm rann kont, motivasyon nou, panse nou, ak aksyon nou vin aliye avèk volonte Bondye. Konvèsyon nan Senyè a mande pèsistans ak pasyans.

Samyèl, Lamanit la, te idantifye senk eleman fondamantal pou yon moun vin konvèti nan Senyè a: (1) Kwè nan ansèyman ak pwofesi pwofèt ki sen yo, jan yo rapòte nan ekriti yo, (2) egzèsè lafwa nan Senyè Jezikri, (3) repanti, (4) fè eksperyans yon gwo chanjman kè, epi (5) vin “fèm ak djanm nan lafwa” (gade Elaman 15:7–8). Sa se pwosesis ki mennen nan konvèsyon an.

Temwayaj ak Konvèsyon

Temwayaj se kòmansman ak yon kondisyon preyalab pou yon konvèsyon ki ap kontinye. Temwayaj se yon pwèn depa; se pa yon destinasyon. Temwayaj fò se fondasyon kote moun konstwi konvèsyon.

Temwayaj pou kont li pa ase e l p ap janm ase pou pwoteje nou nan mitan tanpèt tenèb ak mal ki antoure nou nan dènye jou sa yo. Temwayaj la enpòtan ak nesèsè men li pa sifi pou founi fòs ak pwoteksyon espirityèl nou bezwen an. Gen manm nan Legliz la ki gen temwayaj men ki vin fèb espirityèlman epi ki kite legliz la. Konesans espirityèl yo ak angajman yo pa t sifi pou difikilte yo te rankontre yo.

Nou kapab jwenn yon leson enpòtan konsènan koneksyon ant temwayaj ak konvèsyon nan travay misyonè pitit gason Mozya yo.

“Menm jan Senyè a vivan tout bon an, se konsa, tout moun ki kwè oubyen ki te vin gen konesans konsènan verite a, pa mwayen predikasyon Amon ak frè l yo, dapre lespri revelasyon ak lespri pwofesi a, e pouvwa Bondye a fè mirak nan pami

yo—wi, . . . menmjan Senyè a vivan an, se konsa tout Lamanit ki te kwè nan predikasyon yo, epi ki te konvèti nan Senyè a, pa t janm kite legliz la.

“Paske yo te vin tounen yon pèp ki jis, yo te mete zam rebelyon yo atè, pou yo pa t goumen avèk Bondye ankò. . .

“Kounyeya, men moun yo ki te konvèti nan Senyè a” (Alma 23:6–8).

Gen de eleman fondamantal ki dekri nan vèsè sa yo:

(1) *konesans verite a*, , ke nou ka entèprete kòm yon temwayaj, ak
 (2) *konvèti nan Senyè a*, , ki, pou mwen, se konvèsyon nan Sovè a ak nan levanjil Li a. Konsa, konbinezon puisan temwayaj ak konvèsyon nan Senyè a te pwodui fèmte ak detèminasyon epi li te founi yon pwoteksyon espiritiyèl.

Yo pa t janm chite e yo te renmèt “zam rebelyon yo, pou yo pa t goumen avèk Bondye ankò. Pou abandone “zam rebelyon” nou atache avèk yo a, tankou egoyis, ògèy, ak dezobeyisans, sa mande plis pase senpleman kwè ak konnen. Konviksyon, imilite, repantans, ak soumasyon dwe vini anvan nou abandone zam rebelyon nou yo. Èske oumenm avèk mwen toujou posede zam rebelyon ki anpeche nou konvèti nan Senyè a? Si repons lan se wi, nou bezwen repanti kounyeya.

Remake ke Lamanit yo pa t konvèti pou misyonè ki te anseye yo levanjil la ni pou bèl pwogram nan Legliz la. Yo pa t konvèti pou pèsonalite dirijan yo ni pou konsève yon tradisyon kiltirèl oswa tradisyon zansèt yo. Yo te konvèti nan Senyè a—nan Limenm kòm Sovè, ak nan divinite li ak doktrin ni an e yo pat janm chite.

Yon temwayaj se yon konesans espiritiyèl sou laverite ke nou jwenn pa pouvwa Sentespri a. Konvèsyon kontinyèl se devouman tout tan anvè verite revele nou resevwa a—avèk yon kè ki byen dispoze e pou rezon ki jis. Konnen ke levanjil la vrè se eleman esansyèl yon temwayaj. Fidelite nan levanjil la se eleman esansyèl yon konvèsyon. Nou dwe konnen levanjil la vrè epi nou dwe vrè nan levanjil la.

Temwayaj, Konvèsyon, ak Parabòl Dis Vyèj yo

Kounyeya, mwen vle itilize youn nan bann entèpretasyon posib parabòl dis vyè yo pou m montre relasyon ki genyen ant temwayaj ak konvèsyon. Dis jènfi, ladan yo senk ki te gen bon

konprann ak senk ki te tèt chaje, te pran lanp yo pou yo t al rankontre mesye marye a. Silvouplè, panse ak lanp jènfi yo te sèvi yo kòm lanp temwayaj. Jènfi tèt chaje yo te pran lanp temwayaj yo a men yo pa t mete gaz ladan yo. Konsidere gaz yo dekri a kòm gaz konvèsyon.

Men sa ki te gen bon konprann yo te pote yon boutèy plen gaz [konvèsyon] ansanm avèk lanp [temwayaj] yo.

“Pandan yo tap tann mesye marye a ki te anreta, you tout te pran kabicha, dòmi vòlò yo.

“Nan mitan lannuit lan, yon rèl pati: Men mesye marye a. An al kontre l.

“Dis jènfi yo leve, yo pran pare lanp [temwayaj] yo.

“Tèt chaje yo mande sa k gen bon konprann yo: Tanpri, bannou ti gout nan gaz nou pote a [kivledi gaz konvèsyon an], paske lanp [temwayaj pa nou yo [fèb epi y] ap mouri.

“Men senk ki te gen bon konprann yo te reponn: Non, nou pa kapab, paske pa gen ase pou nou tout. Pito n al achte nan men machann yo” (Matye 25:4–9).

Èske senk jènfi ki te gen bon konprann yo se te egoyis ki pat dispoze pou pataje, oubyen èske yo te endike kòrèkteman ke moun pa kapab prete gaz konvèsyon an? Èske nou kapab bay yon lòt moun fòs espiyrityèl ki soti nan obeyi kòmandman yo tout tan an? Èske konesans nou akèri nan li ekriti yo ak medite sou yo avèk dilijans la nou kapab transmèt bay yon moun ki bezwen ni? Èske lapè levanjil la pote bay Sen Dènnye Jou ki fidèl yo kapab transfere bay yon moun ki ap travèse advèsite oswa gwo pwoblèm? Repons klè pou chak kesyon sa yo se non.

Jan jènfi ki gen bon konprann yo te byen souliye a, nou chak dwe “achte pou tèt nou.” Medam enspire sa yo pa t ap pale de yon tranzaksyon komèsyal; men, yo te mete aksan pito sou responsablite endividyèl nou pou nou fè lanp temwayaj nou rete limen epi pou nou jwenn yon rezèv gaz konvèsyon sifizan. Gaz presye sa a, se pa yon gout alafwa moun rive jwenn li – “liy apre liy, enstriksyon apre enstriksyon” (2 Nefi 28:30), avèk pasyans ak pèsèverans. Pa gen okenn rakousi ki disponib; preparasyon ajite nan dènnye minit pa posib.

“Se poutèt sa, gen lafwa, priye tout tan, pare mèch lanp ou yo epi limen yo, epi konsève gaz, pou ou kapab pare lè aparisyon Mesye Marye a.” (D&A 33:17).

Temwayaj

Mwen pwomèt ke si nou rive gen konesans sou verite a epi nou konvèti nan Senyè a, nou ap rete fèm ak inebranlab epi nou pap janm chite. N ap vin prese pou nou depoze zam rebelyon nou yo. Nou ap resevwa yon limyè eklatan ki ap soti nan lanp temwayaj nou ak nan yon rezèv gaz konvèsyon. Epi lè nou chak va vin konplètman konvèti, nou va fòtifye fanmi nou, zanmi nou ak antouraj nou. Konsènan verite sa yo, mwen rann temwayaj mwen, nan non sakre Senyè nou an, Jezikri, amèn.

Se pou Bondye avèk nou jiskaske nou rankontre ankò

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Si nou kite mesaj nou te tande nan de jou sa yo penetre andedan kè nou ak nan lavi nou, n ap jwenn benediksyon.

Frè m ak sè m yo, nou rive nan fen yon lòt konferans jeneral enspiran. Mwen te pèsònèlman nouri ak edifye esprityèlman e m konnen nou menm tou, nou te santi espri espesyal konferans sa a.

Nou eksprime remèsiman sensè nou pou tout moun ki te patisipe nan nenpòt fason. Verite levanjil yo te byen anseye e yo te remete aksan sou yo. Si nou kite mesaj sa yo nou te tande nan de jou sa yo penetre andedan kè nou ak nan lavi nou, n ap beni.

Kòm dabitid, diskou yo pou konferans sa a pral disponib nan revni *Ensign* ak *Liahona* mwa pwochen an. Mwen ankouraje nou pou nou li yo ankò epi medite sou mesaj ki andedan yo a. Mwen twouve ke m jwenn plis toujou nan diskou enspire sa yo lè m etidye yo pi pwofondeman.

Nou te gen yon bèl retransmisyon konferans sa a, ki travèse kontinan ak oseyan pou rive jwenn moun toupatou. Menmsi n ap viv lwen anpil nan nou, nou santi espri nou e nou eksprime lanmou nou ak apresyasyon nou pou nou.

Pou Frè yo ki te relve nan konferans sa a, kite m eksprime sensè rekonesans mwen, nan non nou tout, pou pil ane sèvis devwe yo te banou yo. Nou pa ka konte kantite moun ki te gen lavi yo beni pa kontribisyon nou nan travay Senyè a.

Frè m ak sè m yo, mwen fèk sot selebre 85 kyèm anivèsè mwen, e mwen rekonesan pou chak ane Senyè a akòde m. Lè m ap reflechi sou eksperyans lavi mwen, m remèsye li pou pil benediksyon li ban mwen yo. Jan m te mansyone nan mesaj mwen maten an, m santi men li k ap dirije efò mwen pandan m ap eseye ak tout kè mwen pou m sèvi Li menm ak sèvi nou tout.

Ofis Prezidan Legliz la se yon ofis egzijan. Mwen rekonesan anpil pou de konseye fidèl mwen yo, k ap sèvi bò kote m yo e ki toujou dispoze e eksepsyonèlman kapab pou ede nan travay Premye Prezidans la genyen an. Mwen eksprime rekonesans mwen tou pou mesye nòb yo nan Kolèj Douz Apot yo. Yo travay san rete nan koz Mèt la, avèk manm Kolèj Swasanndis yo, pou pote asistans enspire.

Men ta renmen remèsye nou tou, frè m ak sè m yo, kèlkeswa kote nou ye toupatou nan mond lan, pou tout sa n ap fè nan pawas ak branch nou yo, pye ak distri nou yo. Lè nou dispoze pou ranpli apèl lè yo mande nou, n ap ede bati wayòm Bondye a sou tè a.

Se pou nou youn toujou veye sou lòt, pou youn ede lòt nan tan bezwen. Annou pa kritike ni pote jijman, men, annou toleran, pou n chèche suiv egzanp bonte eman Sovè a. Menm jan an tou, annou dispoze pou youn sèvi lòt. Annou priye pou n jwenn enspirasyon pou konn bezwen moun ki bò kote nou yo, epi apresya, pou nou ale pote yo asistans.

Annou pran kouraj nan lavi nou chak jou. Menmsi n ap viv nan tan ki trè difisil, Senyè a renmen nou e li sousye pou nou. Li toujou bò kote nou lè n ap fè bon bagay. L ap ede nou nan tan bezwen. Difilikite vini nan lavi nou, pwoblèm nou pa prevwa, ke nou pa t ap janm chwazi. Okenn nan nou pa egzan. Bi mòtalite a se pou nou aprann ak pwogrese pou nou ka vin pi plis tankou Papa nou, e se souvan nan tan difisil yo nou aprann plis, osi douloure lesou yo ka ye. Lavi nou kapab ranpli ak lajwa tou si nou suiv ansèyman levanjil Jezikri yo.

Senyè a egzòte nou: “Pran kouraj; mwen venk mond lan.”¹ Ala gwo lajwa konesans sa a ta dwe pote pou nou. Li te viv pou nou e l te mouri pou nou. Li te peye pri peche nou yo. Se pou nou suiv egzanp li. Se pou nou montre gwo rekonesans nou anvè li

nan aksepte sakrifis li a ak viv lavi ki ap kalifye nou pou n retounen al viv avèk li yon jou.

Jan m konn mansyone nan konferans anvan yo, mwen di nou mèsi pou priyè nou fè pou mwen yo. Mwen bezwen yo; mwen santi yo. Nou menm, Otorite Jeneral yo, nou sonje nou tou e nou priye pou nou resevwa pi bèl benediksyon Papa nou ki nan Syèl la genyen yo.

Kounyeya, frè ak sè byeneme m yo, nou ajoune pou sis mwa. Se pou Bondye avèk nou jiskaske nou rankontre ankò lè sa a. Nan non Sovè ak Redanmtè nou, Jezikri, Senyè a, amèn.

Nòt

1. Jan 16:33.

Èske lafwa nou nan Ekspyasyon Jezikri a ekri nan kè nou?

Pa Linda K. Burton

Prezidant Jeneral Sosyete Sekou

*Fè alyans, respekte yo, epi rejwi nan alyans nou yo ap
vin tounen prèv ki montre Ekspyasyon Jezikri a
vrèman ekri nan kè nou.*

Sè byeneme m yo, nou te nan lespri m ak nan kè m pandan mwa k sot pase yo kote m t ap reflechi sou kokenn chenn responsablite sa a. Menmsi m pa santi m alawotè responsablite sa a ki sou zepòl mwen an, mwen konnen apèl la soti nan Senyè a palentèmedyè pwofèt Li a, e pou kounyeya, sa ase pou mwen. Ekriti yo anseye ke “kit se avèk pwòp vwa pa [Senyè a] oubyen avèk vwa sèvitè [L] yo, se menm bagay la.”¹

Youn nan pi gwo don ki asosye avèk apèl sa a se asirans ke Papa nou ki nan Syèl la renmen tout pitit fi Li. Mwen santi amou Li pou nou chak!

Menmjan avèk nou, mwen renmen ekriti yo! Nan liv Jeremi an gen yon ekriti ki trè chè pou mwen. Jeremi t ap viv nan yon epòk ak yon kote difisil, men Senyè a te pèmèt li predi “yon tan lespwa nan rasanbleman Izrayèl nan dènne jou a”²—epòk pa nou an. Jeremi te pwofetize:

“Lè sa a, m ap mete lwa mwen andedan kè yo, epi *m ap ekri l nan kè yo*; epi ma tounen Bondye pou yo, ya tounen yon pèp pou mwen. . . .

“... Yo tout ap konnen m, depi nan sa k pi piti a rive nan sa k pi gran an. Se mwen menm Senyè a ki di sa. Ma padone sa yo fè ki mal, mwen pap sonje peche yo ankò.”³

Nou se moun sa yo Jeremi te wè a. Èske nou envite Senyè a pou l ekri lwa a, oubyen doktrin nan, nan kè nou? Èske nou kwè ke padon ki disponib atravè Ekspyasyon an Jeremi pale a aplike pou nou menm pèsònèlman?

Sa gen kèk ane, Èldè Jeffrey R. Holland te pataje santiman li sou lafwa byen anrasinen nan kèk pyonye ki te oblije kontinye avanse nan vwayaj yo pou ale nan Vale Salt Lake la menm apre pitit yo te fin mouri. Li te di: “Yo pa t fè sa pou yon pwogram, yo pa t fè l pou yon aktivite sosyal, yo te fè li paske lafwa levanjil Jezikri a te nan nanm yo, li te nan tout mwèl nan zo yo.”

Li te eksprime, avèk anpil emosyon:

“Se sèl fason k fè manman sa yo te ka antere [tibebe] yo nan yon bwat epi kontinye vwayaj yo, kote yo te di: ‘Tè pwomiz la yon kote nan zòn nan. Na va rive nan vale a.’

“Yo te ka di sa gras ak alyans ak doktrin ak lafwa ak revelasyon ak lespri a.”

Li te fini avèk pawòl pwofon sa yo: “Si nou kapab kenbe atitid sa a nan fanmi nou ak nan Legliz la, petèt yon pakèt lòt bagay ap kòmanse regle. Petèt yon pakèt lòt bagay nou pa tèlman bezwen ap sispann enpòtan pou nou. Yo te di charyo sa yo pa t ka kenbe anpil bagay. Menmjan zansèt nou yo te oblije chwazi kisa yo t ap pote a, petèt tou 21 nyèm syèk la va pouse nou deside: “Kisa nou kapab mete nan charyo sa a? Sa se sibstans nanm nou; sa se bagay egzat la nan mwèl zo nou.”⁴ Oubyen pou m di l yon lòt fason, sa se sa k ekri nan kè nou!

Antanke yon nouvo prezidans Sosyete Sekou, nou priye Senyè a sensèman pou konnen ki bagay esansyèl Li ta renmen nou mete nan charyo Sosyete Sekou nou an pou fè travay li a kontinye avanse. Nou santi ke Papa nou ki nan Syèl la ta renmen toutabò pou nou ede pitit fi byeneme L yo konprann dotrin Ekspyasyon Jezikri a. Lè nou konprann ni, nou konnen lafwa nou ap ogmante, osibyen ke dezi nou pou viv nan lajistis. Dezyèmman, pandan nou t ap reflechi sou bezwen enpòtan pou fòtifye fwaye ak fanmi yo, nou te santi Senyè a ta renmen nou ankouraje pitit fi byeneme l yo pou yo kontan respekte alyans yo.

Lè nou respekte alyans yo, fanmi nou fòtifye. Finalman, nou santi ke L ta renmen nou travay ansanm avèk lòt oksilyè yo epi avèk dirijan Prètriz yo, pou eseye al chèche ak ede moun ki bezwen pwogrese yo sou wout la. Priyè fèvan nou se pou nou chak louvri kè nou e kite Senyè a grave andedan yo doktrin Ekspyasyon, alyans ak inite yo.

Kijan nou ka espere fòtifye fanmi yo oubyen ede lòt moun si nou pa genyen ekri nan kè nou yon lafwa pwofon ak konstan nan Jezikri ak nan Sakrifis Ekspyatwa enfini L la? Aswè a mwen ta renmen pataje twa prensip sou Ekspyasyon an ki si yo ekri nan kè nou, ap grandi lafwa nou nan Jezikri. Mwen espere ke konpreyasyon nou sou prensip sa yo ap beni nou chak keseswa nou se yon nouvo manm nan Legliz la oubyen manm ki la depi lontan.

Prensip 1: “Tout sa ki pa pa jis nan lavi a kapab korije atravè Ekspyasyon Jezikri a.”⁵

Nou menm, avèk ou, rann temwayaj sou ekspyasyon Sovè nou an, Jezikri. Temwayaj nou, menmjan ak pa ou, ekri nan kè nou paske nou rankontre anpil eprèw ak advèsite diferan ki fè nou grandi. San yon konpreyasyon sou plan pafè Papa nou ki nan syèl la ak Ekspyasyon Sovè a kòm pwen santral plan sa a, eprèw sa yo t ap parèt enjis. Nou tout pase anba eprèw lavi a ansanm. Men nan kè moun fidèl yo, genyen ekri: “Tout sa ki pa jis yo nan lavi a kapab vin jis atravè Ekspyasyon Jezikri a.”

Poukisa Senyè a kite nou pase anba soufrans ak advèsite nan lavi sa a? Pou nou di sa senpleman, sa fè pati plan an pou kwasans nou ak pwogrè nou! Nou “te pouse kri lajwa”⁶ lè nou te konnen nou ta pral gen opòtinite pou vini sou tè a pou fè eksperyans mòtalite a. Èldè Dallin H. Oaks te anseye: “Konvèsyon nou bezwen an pi fasilman atenn atravè soufrans ak advèsite pase pa konfò ak tranquillite.”⁷

Egzanp yon sè pyonye fidèl ilistre verite sa a. Mary Lois Walker te marye nan laj 17 an avèk John T. Morris in St. Louis, Missouri. Yo te travèse plèn yo avèk Sen yo an 1853, yo te antre nan Vale Salt Lake la yon ti bout tan apre premye anivèsè yo. Pandan vwayaj la, yo te soufri privasyon menmjan ak tout lòt Sen yo. Men soufrans yo ak advèsite yo pa t fini lè yo te rive nan Vale Salt Lake la. Nan ane apre a, Mary, ki te gen 19 an lè sa a, te ekri:

“Nou te fè yon pitit gason. . . . Yon jou swa, pandan l te gen de ou twa mwa . . . yon bagay te chichote m, ‘W ap pèdi ti pitit sa a.’”

Pandan ivè a sante tibebe a te bese. “Nou te fè tout sa nou te kapab, . . . men tibebe a te kontinye ap vin pi mal . . . Jou k te 2 Fevriye a li te mouri . . . epi konsa, mwen te bwè koup anmè lanmò pwòp chè ak zo m nan.” Men eprèv li pot ko fini toujou. Mari Mary a te tonbe malad tou, epi twa semèn apre yo te fin pèdi tibebe a, li te mouri.

Mary te ekri: “Epi sete konsa, pandan m potko menm gen ventan, nan yon ti bout tan ven jou sèlman, m te pèdi mari m ak sèl pitit mwen an, nan yon peyi etranje dè santèn kilomèt lwen fanmi m epi avèk yon montay pwoblèm devan m . . . e m te anvi pou mwen menm tou, mwen ta mouri epi al jwenn moun byeneme m yo.”

Mary kontinye: “Yon Dimanch swa m t al fè yon ti mache avèk yon zanmi. . . . Mwen te santi absans [mari m] ak gwo solitud mwen epi pandan m t ap kriye anpil, mwen te ka wè, tankou nan yon vizyon nan lespri m, mòn lavi a m ta pral gen pou m monte a e m te santi sete yon bagay ki te trè reyèl. Yon gwo dekourajman te tonbe sou mwen, paske enmi an konnen lè pou l atake nou,, *men [Sovè nnou an, Jezikri] puisan pou sove. Gras avèk . . . èd Papa a, mwen te kapab batay avèk tout fòs ki te sanble kanpe devan m nan nan moman sa a.*”⁸

Mary te aprann nan laj 19 an ke Ekspyasyon an ba nou asirans ke tout bagay ki pa jis yo nan lavi sa a kapab e y ap vin jis—menm pi gwo doulè yo.

Prensip 2: Gen pouvwa nan Ekspyasyon an ki ap pèmèt nou simonte lòm oswa fi natirèl la pou nou vin tounen vrè disip Jezikri.⁹

Gen yon fason pou nou konnen lè nou aprann yon doktrin oswa yon prensip nan levanjil la. Se lè nou kapab anseye doktrin oswa prensip la nan yon fason pou yon timoun pitit ka konprann ni. Yon bon jan resous pou anseye timoun yo konprann Ekspyasyon an se yon analoji nou jwenn nan yon leson Primè. Petèt sa kapab ede nou lè n ap anseye pwòp pitit, pitit pitit, oswa zanmi lòt lafwa pa nou yo ki anvi konpran doktrin esansyèl sa a.

“Yon [fi] k t ap mache sou yon wout te tonbe nan yon pi si fon ke [li] pa k ka grenpe soti. Kèlkeswa sa [l] te fè, [li] pa t ka soti

poukont li. Fi a te rele mande èd e li te kontan lè yon moun ki t ap pase te tandè li epi l te pouse yon nechèl desann nan pi a. Sa te pèmèt li grenpe soti nan pi a epi rejwenn libète li.

“Nou menm jan avèk fi a nan pi a. peche se tankou tonbe nan yon pi, enou pa ka soti poukont pa nou. Menmjan pasan janti a te tandè fi a k t ap mande èd la, Papa nou ki nan Syèl la te voye Sèl Pitit Gason Literal li a pou pote mwayen pou nou ka chape.

Ekspyasyon Jezikri a ta kapab konpare avèk pouse yon nechèl desann nan pi a; li ba nou mwayen pou nou grenpe soti.”¹⁰ Men Sovè a fè plis pase pouse yon nechèl desann, Li “desann nan pi a e li rann posib pou nou itilize nechèl la pou nou chape.”¹¹

“Menmjan fi a nan pi a te oblije monte nechèl la, nou dwe repanti pou peche nou yo epi obeyi prensip ak òdonans levanjil yo pou nou ka grenpe soti nan pi a epi fè Ekspyasyon an travay nan lavi nou. Konsa, apre tout sa nou kapab fè, Ekspyasyon an rann posib pou nou vin diy pou retounen al nan prezans Papa nou ki nan Syèl la.”¹²

Dènyèman, m te gen privilèj pou m te rankontre yon pyonye modèn, yon bèl pitit fi BONDYE ki te fèk konvèti nan Legliz la nan Chili. Li se yon manman selibatè ki gen de jèn pitit gason. Atravè pouvwa Ekspyasyon an, li te vin kapab kite pase li epi kounyeya li ap onètman eseye vin yon vrè disip Jezikri. Lè m panse avèk li, yon prensip Èldè David A. Bednar te anseye vin nan lespri mwen: “Konnen ke Jezikri te vin sou tè a pou l te *mouri* pou nou se youn—sa fondamantal e se fondasyon doktrin Kris la. Men nou bezwen apresye lefèt ke Senyè a vle, pa mwayen Ekspyasyon L lan ak pouvwa Sentespri a, *viv* nan nou—non sèlman pou dirije nou men tou pou rann nou pi fò.”¹³

Pandan ke sè sa a nan Chili a avèk mwen t ap diskite sou fason pou rete sou chemen ki mennen nan lavi etènèl la, li te asire m ak kontantman ke l te detèmine pou kontinye sou chemen an. Li te deyò pandan pifò nan lavi li, e li te deklare ke pa t gen anyen nan sa k “deyò” a sou chemen an li te vle retounen vin nan lavi l ankò. Pouvwa sanktifyan Ekspyasyon an vivan andedan li. Li ekri nan kè li.

Pouvwa sa a non sèlman pèmèt nou grenpe soti nan pi a men li banou pouvwa pou kontinye sou wout dwat epi kwense a ki mennen retounen nan prezans Papa nou ki nan syèl al tou.

Prensip 3: Ekspyasyon an se pi gwo prèv nou genyen de lanmou Papa a pou pitit li yo.

Li ta bon pou nou t amedite sou panse emouvan sa a Eldè Oaks te ekri a: “Panse kijan sa dwe te fè Papa nou ki nan Syèl la mal pou l te wè Pitit Gason l lan ap andire soufrans enkonpreyansib sa a pou peche nou yo. Sa se pi gwo prèv nou genyen de lanmou li pou nou chak!”¹⁴

Zak siprèm lanmou sa a ta dwe fè nou chak mete nou ajenou nan enb priyè pou remèsye Papa nou ki nan Syèl la dèske Li renmen nou sitèlman ke l te voye Sèl Pitit Gason Literal ak pafè Li a pou vin soufri pou peche nou, soufrans nou, ak tout sa ki parèt enjis nan lavi nou chak pèsònèlman.

Èske nou sonje fi a Prezidan Dieter F. Uchtdorf te pale avèk li resamman an? Li te di: “Yon fi ki te pase atravè anpil ane eprèv ak soufrans te di avèk dlo nan je li.. ‘mwen vin reyalize ke m tankou yon ansyen biyè 20 dola—ize, chifonnen, sal, plen mak. Men m toujou rete yon biyè 20 dola. Mwen vo yon bagay. Menmsi m ka pa sanble anyen e menmsi m parèt chifonnen ak ize, mwen toujou vo 20 dola”¹⁵

Fi sa a konnen ke l se yon pitit fi byeneme Papa nou ki nan Syèl la epi li vo ase pou L te voye Pitit Gason la lan ekspye pou li, pèsònèlman. Chak sè nan legliz la ta dwe konnen sa fi sa a konnen an, ke li se yon pitit fi byeneme Bondye. Nan ki sans konnen sa nou vo pou Li ka chanje fason nou respekte alyans nou yo? Nan ki fason konnen sa nou vo pou Li afekte dezi nou pou sèvi lòt moun? Nan ki fason konnen sa nou vo pou li ogmante dezi nou pou edemoun ki bezwen konprann Ekspyasyon an jan nou konnen an—byen anrasinen? Lè nou chak genyen doktrin Ekspyasyon an ekri fon nan kè nou, lè sa a n ap kòmanse vin kalite moun Senyè a vle nou ye a l lè l retounen ankò. L ap rekonèt nou antanke vrè disip li.

Se pou Ekspyasyon Jezikri a pwodui yon ‘gwo chanjman’ nan kè nou.¹⁶ Pandan n ap reveye a doktrin sa a, deklare pa yon zanj Bondye pou l vin “bòn nouvèl ki bay anpil lajwa,”¹⁷ mwen pwomèt nou ke n ap santi nou tankou pèp Wa Benjamen an te santi l la. Apre yo te fin priye anpil pou Ekspyasyon an te aplike nan lavi yo, “yo te ranpli ak lajwa”¹⁸ epi yo te “vlefè alyans ak Bondye .. pou fè volonte l e pou obeyi kòmandman l yo nan tout

bagay.”¹⁹ Fè alyans, respekte yo epi kenbe yo, se ap prè vè ke Ekspyasyon Jezikri a reyèlman ekri nan kè nou. Tanpri, sonje twa prensip sa yo, sè m yo:

1. “Tout sa ki parèt enjis nan lavi akapb vin jis atravè Ekspyasyon Jezikri a.”²⁰
2. Gen pouvw a nan Ekspyasyon an pou pèmèt nou simonte lòm oubyen fi natirèl la epi vin tounen vrè disip Jezikri.²¹
3. Ekspyasyon an se gwo prè vè amou Papa a pou pitit li yo.²²

“Senyè a di, apre jou sa yo, m ap mete lwa mwen nan pati enteryè yo, epi m ap ekri li nan kè yo; e m ap tounen Bondye yo e yo va tounen pèp mwen.”²³ Mwen envite nou pou nou mande Senyè a pou l ekri prensip Ekspyasyon sa yo nan kè nou. Mwen temwaye ke yo vre. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Doktrin ak Alyans 1:38.
2. *Ansyen Testaman: Manyèl Doktrin Levanjil pou Enstriktè* (2001), 198.
3. Jeremi 31:33–34; italik ajoute.
4. Jeffrey R. Holland, “Roundtable Discussion,” *Worldwide Leadership Training Meeting*, Fev. 9, 2008, 28.
5. *Preche Levanjil mwen an: Yon gid pou travay misyonè* (2004), 52.
6. Jòb 38:7.
7. Dallin H. Oaks, “The Challenge to Become,” *Liahona*, Jan. 2001, 42.
8. *Autobiography of Mary Lois Walker Morris* (copy in possession of Linda Kjar Burton).
9. Gade David A. Bednar, “The Atonement and the Journey of Mortality,” *Liahona*, Avr. 2012, 12–19.
10. *Primè 7: Nouvo Testaman* (1997), 104.
11. Joseph Fielding Smith, *Doctrines of Salvation*, comp. Bruce R. McConkie, 3 vols. (1954–56), 1:123.
12. *Primè 7*, 104.
13. David A. Bednar, *Liahona*, Avr. 2012, 14.
14. Dallin H. Oaks, “Love and Law,” *Liahona*, Nov. 2009, 26.
15. Dieter F. Uchtdorf, “You Are My Hands,” *Liahona*, Me 2010, 69.
16. Gade Alma 5:12–14.
17. Mozya 3:3.
18. Gade Mozya 4:1–3.
19. Gade Mozya 5:2–5.
20. *Preche Levanjil Mwen an*, 52.
21. Gade David A. Bednar, *Liahona*, Avr. 2012, 12–19.
22. Gade Dallin H. Oaks, *Liahona*, Nov. 2009, 26.
23. Jeremi 31:33; italik ajoute.

Byen pran konsyans devwa nou

Pa Carole M. Stephens

Premyè Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou

Nou dwe pran konsyans devwa nou epi kontinye avèk lafwa pandan n ap rale pouvwa rekonfòtan, fòtifyan, sanktifyan, ak gerisè Ekspyasyon an desann sou nou.

Lè yo te fin aple m nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a, mwen te santi yon dezi pou m konnen plis sou medàm ki te sèvi anvan m yo. Mwen te enpresyone pa ansèyman Sè Zina D. Young, premyè konseyè nan dezyèm prezidans jeneral Sosyete Sekou a. Li te di: “Sè m yo, se pou nou byen konprann devwa nou.”¹ Mwen te medite sou mo *konprann* nan ak sou mo *devwa* a epi m te fè kèk rechèch adisyonèl nan ekriti yo.

Nan nouvo testaman an, Pòl te anseye Sen yo nan epòk li a: “Li lè pou nou leve soti nan dòmi, lè a sonnen, paske kounyeya, delivrans nou pi pre. . . .

“Nuit la vanse fini, jou prèt pou rive. . . . ann pran zam nou pou nou goumen.”²

Nan Liv Mòmmon an, Alma te anseye pèp li a devwa sakre moun ki antre nan alyans avèk Bondye yo:

“Kounyeya, etandone vou vle antre nan twoupo Bondye a, pou nou pote non pèp li a, e nou vle youn pote chay lòt, pou yo kapab vin lejè;

“Wi, nou vle kriye ak moun k ap kriye yo; wi, konsòle moun ki bezwen konsolasyon, e pou nou sèvi kòm temwen Bondye tout tan, nan tout bagay, e tout kote.

“Kounyeya, m ap di nou konsa, si se dezi kè nou, kisa ki anpeche nou batize nan non Senyè a, kòm yon temwayaj devan l pou nou montre l nou te fè alyans avèk li, n ap sèvi l e n ap

respekte kòmandman l yo, pou l kapab vide Lespri l sou nou avèk plis abondans?

“Epi kounyeya lè pèp la te tande pawòl sa yo, yo te bat men yo ak lajwa e yo te di konsa: Se dezi kè nou.”³

Deklarasyon Sè Young nan ak ekriti sa yo te lakoz mwèn te reflechi sou “devwa” nou dwe konsyan yo nan epòk nou an.

Lè nou batize, nou antre nan yon alyans. Èldè Robert D.

Hales te anseye: “Lè nou fè ak respekte alyans, nou mache soti nan mond lan epi nou antre nan wayòm Bondye a.”⁴

Nou chanje. Nou parèt diferan, epi nou ajì diferan tou. Bagay n ap koute ak li ak di yo vin diferan, epi sa nou mete sou nou diferan paske nou vin tounen pitit fi Bondye, ki lye avèk Li pa alyans.

Lè nou konfime, nou resevwa don Sentespri a, dwa pou nou gen enflyans konstan yon manm Divinite a pou gide nou, rekonfòte nou, ak pwoteje nou. Li avèti nou lè nou tante pou n inyore alyans nou yo e retounen nan mond lan. Prezidan Boyd K. Packer anseye ke okenn nan nou “p ap janm komèt yon peche grav san l pa resevwa avètisman toudabò, pa enspirasyon Sentespri a.”⁵

Pou nou resevwa don sa a epi toujou gen Lespri a avèk nou an, nou dwe diy ak vijilan nan tcheke kondisyon kè nou. Èske kè nou adousi? Èske nou gen yon kè enb, yon kè yo ka anseye, yon kè soumi? Oubyen èske kè nou vin tikras pa tikras andisi paske nou kite twòp nan bri mond lan distrè nou e elwaye nou de chichotman dou Lespri a pote yo?

Lè nou te batize, kè nou te chanje e nou te vin konnen Bondye. Pandan vwayaj mòtèl nou an, nou bezwen regilyèman mande tèt nou: “Si [m] te santi yon chanjman nan kè m, . . . èske [m] ka santi l kounyeya?”⁶ E, si non, poukisa?

Anpil nan premye Sen yo te “santi gwo chanjman sa a nan kè [yo].”⁷ Li te prepare yo pou yo te resevwa benediksyon tanp yo ki te fòtifye yo nan devwa yo. Premye Sen Novou yo te ale “nan tanp lan tout lajounen ak prèske tout lannuit”⁸ pou yo te resevwa òdonans ak fè òdonans anvan yo te kòmanse vwayaj yo pou ale nan lwès la.

Sarah Rich, yon sè Sosyete Sekou nan Novou, te di bagay sa a: “Benediksyon nou te resevwa yo nan kay Senyè a te anpil, sa ki

te pote anpil lajwa ak rekonfò pou nou nan mitan tout pwoblèm nou yo e ki te pèmèt nou gen lafwa nan Bondye, konesan ke Li t ap gide nou ak soutni nou nan vwayaj vè lenkoni sa a ki t ap tann nou an.”⁹

Avèk kè yo chanje atravè lafwa nan Sovè a, yo te konte sou pouvwa Ekspyasyon an. Yo te pouse pou yo aji. Yo te konnen fon nan kè yo ke te gen yon moun—Sovè a—ki te konprann advèsite yo a paske Li te soufri l pou yo nan Jaden Jetsemane ak sou kwa a. Li te santi laperèz yo, dout yo, lapenn yo, ak solitud yo. Li te soufri doulè yo, pèsekisyon yo, grangou yo, fatig yo, ak pèt yo te fè yo. Epi paske Li te soufri tout bagay sa yo, Li te ka di yo: “Vin jwenn mwen, nou tout [ki] bouke epi k ap pote chay, ma ba nou soulajman.”¹⁰

Epi yo te vini. Yo te fè pwofèt la konfyans epi yo te suiv li. Yo te konnen vwayaj la ta pral long, devwa yo difisil. Yo te konnen yo t ap oblije fè sakrifis, men soutni pa lafwa yo epi ankre nan alyans yo, yo te espartyèlman prepare.

Anvan yo te kite Novou, yon gwoup Sen te ekri yon mesaj nan sal reyinyon tanp lan yo te fòse yo abandone a. Li di: “Senyè a wè sakrifis nou: suiv egzanp nou.”¹¹

Dènyèman m te patisipe nan yon vwayaj pyonye avèk jènjan ak jènfi nan pawas mwen yo. Chak maten m te mande tèt mwen: “Kisa sakrifis pa m ye? Nan ki fason pou m suiv egzanp yo?”

Nan dezyèm jou vwaaj la, nou te rale charyo amen nou yo sou distans (13 km) lè nou te rive nan yon zòn sou wout la ki te rele “zòn pou fi yo rale.” Yo te separe gason yo ak fi yo, epi yo te voye mesye yo devan monte sou yon mòn. Pandan nou te kòmanse rale charyo nou yo, mwen te wè frè nou yo nan prètriz la, jèn kou granmoun, aliye sou debò wout la, ki te retire chapo yo an siy respè pou salye fi yo.

Chemen an te fasil nan kòmansman, men byen vit nou te rive nan sann fon, epi mòn nan t ap vin pi wo. Mwen te bese tèt mwen e m t ap pouse charyo a avèk tout mwen menm lè m te santi yon ti frape sou charyo a epi m te wè Lexi, youn nan jènfi nou yo ki se vwazin mwen. Li te gentan rale charyo pa l la rive anlè epi, paske l te wè nou te bezwen èd, li te retounen pou vin ede nou. Lè nou te rive anlè, mwen te anvi retounen al ede moun ki t ap vin apre m yo, men respirasyon m te kout, e kè m te

sitèlman bat ke plizyè fwa mo *kriz kadyak* la te pase nan tèt mwen! Mwen te gade avèk gratitud lè m te wè lòt jènfi yo te depoze charyo pa yo pou yo te kouri al ede lòt moun.

Lè tout moun te rive sou mòn nan, nou te pran yon ti tan pou ekri enpresyon nou nan jounal nou. Mwen te ekri: “M pa t byen prepare fizikman se poutèt sa m pa t gen fòs pou m te ede moun ki te vin apre m yo. Mwen gen dwa pa janm gen pou pouse yon charyo ankò, men mwen pa vle janm kite abandone sè m yo espirityèlman ankò, jamè!”

Sete yon eksperyans sakre ki te espirityèlman fè m pran konsyans devwa m genyen anvè fanmi m ak lòt moun. Pandan tout vwayaj la, mwen te reflechi sou sa m te aprann yo.

Premyèman, m te panse ak sè m yo, moun ki *te* rale charyo yo ak moun ki *kontinye jodia* ap rale charyo yo poukont yo. Prèske 20 pousan nan fi nan premye konpayi charyo sa yo te poukont yo, pandan omwen yon pati nan chemen an. Yo sete fi ki pa t marye, ki te divòse, oubyen ki te vè. Anpil nan yo sete manman selibatè.¹² Yo tout te travay ansanm—pitit fi alyans, jèn kou granmoun, nan sikonstans lavi diferan, sou menm wout la, avèk menm bi a.

Moun ki te kouri al ede sè yo ki te nan bezwen yo te raple m sovtè, ni sa nou wè ni sa nou pa wè yo, ki vit pou obsève, wè yon bezwen, epi aji.

M te panse ak pawòl sa yo Senyè a te di: “M prale devan nou. M ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri m ap nan kè nou, epi zanj mwen yo ap alantou nou pou pote nou anlè.”¹³

Te gen gason fidèl, obeyisan, ki kenbe alyans, ki te aliye sou de bò chemen an. Pouvwa prèttriz yo—pouvwa Bondye itilize pou beni tout pitit Li yo—te enspire, fòtifye, ak sipòte nou. Yo sete yon rapèl pou n sonje ke nou pa janm poukont nou. Nou ka gen pouvwa sa a avèk nou tout tan si nou respekte alyans nou yo.

M te panse ak mesye yo ki te separe avèk fanmi yo a, ki te kite yo pou rale charyo yo poukont yo. Anpil gason te mouri pandan vwayaj la. Gen pitit gason ki te rete deyè pou sèvi misyon nan peyi natif natal yo. Gen lòt ki te ale anvan sa pou yo t al prepare pou rive fanmi yo nan Vale Salt Lake la. Genyen ki absan pa chwa yo, yo te chwazi pou yo pa t respekte alyans yo te fè yo.

Menmjan ak sila yo ki ale devan yo, anpil moun jodia ap viv nan sikonstans ki pa ideyal. Nou kontinye ap anseye ak chèche ideyal paske nou konnen ke lefèt ke nou kontinye ap eseye a ap kenbe nou sou wout la epi prepare nou pou opòtinite pou n resevwa tout benediksyon pwomiz yo pandan ke n ap “mete konfyans nan Senyè a.”¹⁴

Nou chak te genyen e ap kontinye genyen advèsite nan lavi nou. Lavi mòtèl sa a se yon tan mizaleprèv, e n ap kontinye gen opòtinite pou itilize libabit nou pou chwazi sa n ap aprann nan advèsite k ap vini kanmèm yo.

Antanke pitit fi Bondye, nou kontinye sou chemen an ak lafwa, paske nou rekonèt sa Prezidan Thomas S. Monson te anseye a: “Òdonans sali yo nou resevwa nan tanp lan, ki ap pèmèt nou retounen yon jou nan prezans Papa nou ki nan Syèl la nan yon relasyon fanmi etènèl la, ki pèmèt nou dote avèk benediksyon ak pouvwa ki soti anwo yo, merite tout sakrifis ak tout efò nou.”¹⁵

Li pa sifi pou nou jis nan vwayaj la; nou dwe pran konsyans devwa nou epi kontinye ak lafwa pandan n ap apiye sou pouvwa rekonfòtan, fòtifyan, sanktifyan, ak gerisè Ekspyasyon an.

Sè m yo, mwen renmen nou. M pa konnen anpil nan nou pèsònèlman, men mwen konnen *kiyès* nou ye! Nou se pitit fi k ap kenbe alyans nan wayòm ni an, epi dote ak pouvwa atravè alyans nou yo, nou prepare pou fè devwa nou.

Sosyete Sekou prepare fi yo pou benediksyon lavi etènèl yo nan reveye nou espiryèlman pou nou grandi nan lafwa ak ladwati pèsònèl. Annou kòmanse avèk tèt nou. Annou kòmanse kote nou ye a. Annou kòmanse jodia. Lè nou espiryèlman reveye, n ap plis gen kapasite pou fòtifye fanmi yo ak fwaye yo ak ede lòt moun.

Sa se yon travay sali, epi pouvwa fòtifyan ak sanktifyan Ekspyasyon an rann ni posib. Pran konsyans *kiyès* nou ye. Pran konsyans devwa nou. Nou se pitit fi Papa nou ki nan Syèl la, ki renmen nou. Konsènan sa mwen temwaye nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Zina D. Young, nan *Woman's Exponent*, Okt. 15, 1877, 74.
2. Women 13:11–12.
3. Mozya 18:8–11.

4. Robert D. Hales, "Modesty: Reverence for the Lord," *Liahona*, Oct. 2008, 21.
5. Boyd K. Packer, "How to Survive in Enemy Territory," *Liahona*, Oct. 2012, 35.
6. Alma 5:26.
7. Alma 5:14.
8. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 29.
9. Sarah Rich, nan *Daughters in My Kingdom*, 30.
10. Matye 11:28.
11. Nan *Daughters in My Kingdom*, 30.
12. Research conducted by Jolene S. Allphin from stories and company rosters; gade *Tell My Story, Too*, 8th ed. (2012).
13. Doktrin ak Alyans 84:88.
14. Ezayi 40:31.
15. Thomas S. Monson, "The Holy Temple—a Beacon to the World," *Liahona*, Me 2011, 92.

Senyè a pa bliye nou

Pa Linda S. Reeves

Dezyèm Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou a

Papa nou ki nan syèl la ak Sovè nou an, Jezikri, konnen nou e yo renmen nou. . . . Nou ka santi lanmou yo ak konpasyon yo nan soufrans nou.

Pandan ke n ap rankontre sè yo toupatou nan mond lan, nou etone pou wè fòs temwayaj nou. Si anpil nan nou se premye—oswa dezyèm jenerasyon manm nan Legliz la. Nou wè anpil sè k ap sèvi nan tout kalite apèl, k ap vwayaje byen lwen pou al legliz, epi k ap fè sakrifis pou fè ak respekte alyans sakre nan tanp yo. Nou onore nou. Nou se pyonye modèn Senyè a!

Sa pa gen lontan, mari m, Mel, avèk mwen te rankontre yon gid ki te rele Mollie Lenthal pandan nou t ap vizite yon mize an Ostrali. Nou te aprann ke Mollie, yon bèl madanm nan laj 70 an, pa t gen okenn pitit e li pa t janm marye. Li se sèl pitit fanmi li, e paran l te mouri depi lontan. Fanmi ki pi pwòch li genyen se de kouzen k ap viv nan yon lòt peyi. Toudenkou, mwen te anvayi pa Lespri a ki te temwaye m, prèske kòm si Papa nou ki nan Syèl la t ap pale: “Mollie *pa* poukont li! Mollie se pitit fi *mwen!* Mwen se Papa l! Li se yon pitit fi trè enpòtan nan fanmi *mwen*, e li *pa janm poukont li!*”

Youn nan istwa m pi renmen nan lavi Sovè a se istwa Laza a. Ekriti yo di nou ke “Jezi te renmen Mat, . . . sè li [Mari], ak [frè yo] Laza.”¹ Yo te voye di Jezi ke Laza te malad anpil, men Jezi pa t vini imedyatman; Li te rete lwen pandan de jou ankò, kote l te deklare ke “maladi sa a se . . . pou laglwa Bondye, pou Pitit Gason an kapab glorigye pa li menm.”²

Lè l te tande Jezi t ap vini, Mat “t al rankontre li,”³ li te di l sa k te rive a. Laza te “antere depi kat jou.”⁴ Mat, ki t ap kriye, te kouri retounen lakay li pou di Mari Senyè a te vini.⁵ Mari, ki te

chaje ak doulè, te kouri al jwenn Jezi, li te tonbe nan pye l epi l te kriye.⁶

Yo di nou ke “lè Jezi te wè [Mari] ap kriye, . . . li te jemi nan lespri a, epi l te twouble,” epi l te mande ki kote yo te antere li.

“Yo te di , Senyè, vini pou w wè.”⁷

Après nou li kèk nan pawòl ki pi eman ak pi konpasyonan nan ekriti yo: “Jezi te kriye.”⁸

Apot James E. Talmage te ekri: “Wè de medàm sa yo si anvayi pa doulè konsa, . . . te lakoz Jezi kriye [avèk yo] tou, konsa li te jemi nan lespri epi li te pwofondeman twouble.”⁹ Eksperyans sa a temwaye de konpasyon, senpati, ak lanmou Sovè nou an, ak Papa nou ki nan Syèl la santi pou nou chak, chak fwa nou kraze anba doulè, peche, advèsite, ak soufrans lavi a.

Chè sè m yo, Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè nou an, Jezikri, konnen nou e yo renmen nou. Yo konnen lè nou gen doulè oubyen lè n ap soufri. Yo pa di: “Sa oke pou ou gen doulè pou konyeya, paske talè tout bagay pral anfòm. Ou pral geri, oubyen mari ou pral jwenn yon travay, oubyen pitit ou a ki ale a pral retounen.” Yo santi pwofondè soufrans nou, e nou ka santi lanmou yo ak konpasyon yo pandan soufrans nou an.

Alma te temwaye:

“Epi li prale pou l soufri lapenn, afliksyon ak tout kalite tantasyon; e sa pral fèt pou pawòl la kapab akonpli, pawòl ki te di li pral pran lapenn ak maladi pèp li a sou tèt pa l.

“Epi, li pral pran . . . enfimite sou tèt li, pou zantray li kapab plen avèk mizèrikòd dapre kò fizik la, pou l kapab konnen dapre kò fizik la kouman pou l pote pèp li a sekou dapre enfimite yo.”¹⁰

Lè n ap mande tèt nou *si* Sovè a ak Papa nou ki nan Syèl la konnen nou, oubyen *nan ki pwen* yo konnen nou pèsònèlman, nou ta dwe sonje pawòl Sovè a te di Oliver Cowdery yo:

“Si ou vle yon lòt temwayaj, raple ou nwit sa a lè ou te kriye nan pye m nan kè w la, pou ou te kapab konnen si bagay sa yo se verite.”¹¹

Anvan sa Sovè a te deklare li: “Pa gen okenn lòt moun eksepte Bondye ki konnen panse ou ak entansyon ki nan kè ou.”¹²

Sovè a te raple Oliver ke Li te konnen chak detay priyè siplikasyon sa a—e l te sonje—lè egzat la, jou egzat la.

Sa gen kèk ane, mari m te tonbe malad avèk yon maladi ra. Amezi semèn t ap pase e l te vin plis malad, se plis mwen te vin konvenki ke l ta pral mouri. Mwen pa t di okenn moun si m te pè. Nou te gen yon gwo fanmi tou jèn, ak yon bèl marya etènèl, e panse pou pèdi mari m nan ak elve timoun yo poukont mwen an te ranpli m avèk solitud, dezespwa, ak menm kòlè. M pa t konn kisa pou m te fè. Mwen wont pou m di ke m te rale kòm kot Papa nou ki nan Syèl la. Pandan dè jou m te sispann priye; mwen te sispann planifye, mwen te kriye. Mwen te finalman vin reyalize ke m pa t kapab travèse bagay sa a poukont mwen.

Pou lapremyè fwa depi dè jou, mwen te mete ajenou epi m te devèse kè mwen bay Papa m ki nan Syèl la, ap mande l padon poutèt mwen te vire do ba li, m te di li tout santiman ki te nan fon kè m, e finalman m te kriye ba li ke si sete sa l te reyèlman vle pou m fè, mwen t ap fè l. Mwen te konnen ke Li dwe te gen yon plan pou lavi nou.

Pandan m te kontinye devèse kè m ajenou an, santiman ki pi pezig, pi dous ak pi eman an te vide sou mwen. Sete kòm si yo te kouvri m avèk yon dra lanmou. Sete kòm si m te ka tandè Papa m ki nan Syèl la ap di: "Se tout sa m te bezwen konnen." Mwen te pran detèminasyon pou m pa t janm vire do ba Li ankò. Tikal pa tikal e ak etonman, mari m te kòmanse vin pi byen jiskaske l te vin totalman geri.

Dèzane apres a mari m avèk mwen te mete ajenou bò kabann pitit fi 17 an nou an pou priye pou lavi li. Fwa sa a repons la sete non, men menm santiman lanmou ak lapè sa a Sovè nou an pwomèt la te osi puisan, e nou te konnen ke malgre ke Papa nou ki nan Syèl la te rele retounen lakay, tout bagay t ap oke. Nou te vin konnen kisa sa vle di pou lage fado nou bay Senyè a, pou konnen ke Li renmen nou e li santi konpasyon pou nou nan doulè nou ak lapenn nou.

Youn nan pi bèl moman papa ak pitit nan Liv Mòmmon an se temwayaj Alma pi jèn nan te bay pitit gason li Elaman. Alma te dekri "doulè ineksplikab" li te santi lè l t ap panse pou l ta vin nan prezans Bondye pou l jije la dapre zèv li yo. Apre l te fin kòde anba touman pou tout peche l yo pandan twa jou ak twa nwit, li te repanti epi li te priye Sovè a pou gen mizèrikòd pou li. Li te dekri pou Elaman "lajwa dous" pou l pa t sonje peche l yo

“ankò” a. Olye l te santi “gwo touman” an nan panse pou l te prezante devan twòn Bondye a, Alma te fè vizyon “Bondye chita sou twòn ni” epi l te deklare: “Nanm mwen te vle pou l te la tou.”¹³

Èske se pa sa nou santi, chè sè m yo, lè nou repanti epi nou kontanple lanmou, mizèrikòd, ak gratitud nou santi pou Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè nou an—ke nou “ta renmen la tou,” pou bra eman L yo anbrase nou yon fwa ankò?

Menmjan Senyè a te temwaye m ke Li pa t bliye pitit fi presye Li, Mollie Lenthal la, mwen temwaye ke Li *pa bliye nou!* Kèlkeswa peche oswa lapenn oswa pwoblèm oswa eprèv nou genyen, Li konnen nou e li konprann moman sa yo. Li renmen nou! E l ap ede nou travèse moman sa yo, jan l te fè pou Mari ak Mat la. Li te peye pri a pou L te kapab konnen kijan pou pote nou sekou. Lage fado nou yo ba Li. Di Papa nou ki nan Syèl la kijan nou santi nou. Pale l de lapenn nou ak aflikasyon nou epi remèt Li yo. Li ekriti yo *chak jou*. Ladan yo na va jwenn gwo konsolasyon ak èd.

Sovè nou an te mande:

“Èske yon manman ta kapab bliye pitit li ki nan tete, pou l pa ta gen konpasyon pou pitit gason ki nan vant li? Wi, yo kapab bliye, men, mwen, m pap bliye nou. . . .

“ . . . M te grave w nan pla men mwen.”¹⁴

“Epi m pa t kòmande pou *okenn* nan pami nou rale kò nou, men okontrè m te kòmande pou nou vin jwenn mwen, pou nou touche m e pou nou wè; se menm jan an pou nou fè pou mond lan.”¹⁵

Sa se tach pa nou. Nou dwe santi ak wè pou tèt pa nou epi apresya al ede tout pitit Papa nou ki nan Syèl la santi ak wè ak konnen ke Sovè nou an te pran sou tèt li non sèlman peche nou men lapenn nou ak soufrans nou ak aflikasyon nou tou pou L kapab konnen kisa nou santi ak kijan pou l rekonfòte nou. Mwen temwaye de Li nan non Jezikri, amèn.

Nòt

- | | |
|--------------------|--|
| 1. Jan 11:5. | 7. Jan 11:33–34. |
| 2. Jan 11:4. | 8. Jan 11:35. |
| 3. Jan 11:20. | 9. James E. Talmage, <i>Jesus the Christ</i> ,
3rd ed. (1916), 493. |
| 4. Jan 11:17. | 10. Alma 7:11–12. |
| 5. Gade Jan 11:28. | 11. Doktrin ak Alyans 6:22. |
| 6. Gade Jan 11:32. | |

12. Doktrin ak Alyans 6:16.

13. Gade Alma 36:14–22; italik ajoute.

14. 1 Nefi 21:15–16.

15. 3 Nefi 18:25; italik ajoute.

Nourisè a

Pa Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Nou ap resevwa fòs ak enspirasyon pou konnen limit nou ak jis ki pwen nou ka sèvi.

Mwen rekonesan dèske m an konpayi nou aswè a. Fi yo nan Legliz Jezikri a nan pwosesis pou vin tounen sosyete sè manman Pwofèt Joseph Smith, Lucy Mack Smith, te dekri a nan pawòl sa yo: “Nou dwe youn cheri lòt, youn veye sou lòt, youn rekonfòte lòt epi chèche enstriksyon, pou nou tout kapab chita nan syèl la ansanm.”¹

Gen twa pati nan deskripsyon remakab sa a sou kalifikasyon nou pou n asosye nan yon lavi byenere avèk Bondye. Youn se pou nou youn pran swen lòt. Yon lòt se pou nou youn anseye ak resevwa ansèyman nan men lòt. Epi twazyèm nan se pou nou tout kapab chita ansanm avèk Bondye.

Objektif mwen aswè a se pou ede nou santi apwobasyon ak apresyasyon Bondye pou sa nou deja fè pou youn ede lòt atenn objektif elve sa a. Epi, dezyèmman, se pou dekri kèk nan sa nou kapab fè ankò nan sèvis nou ansanm.

Menmjan ak sè nan tan lontan yo, nou reponn apèl Senyè a pou pote sekou bay lòt yo. An 1856, Pwofèt Brigham Young te mande Sen yo pou yo t al pote èd bay charyo pyonye yo ki te bloke nan nèj nan mòn yo. Nan moman bezwen sa a, li te di manm yo nan yon konferans jeneral: “Lafwa nou, relijyon nou, ak deklarasyon kwayans nou pa p janm sove nou youn nan wayòm selès la, si nou pa viv egzakteman selon prensip sa yo m ap anseye nou an. Ale epi mennen moun sa yo vini kounyeya nan plèn yo, epi estrikteman pran swen bagay nou rele tanporèl yo, . . . san sa lafwa nou ap initil.”²

Fi nan Uta yo te reponn pa santèn. Nan pòvrete yo, yo te ranpli charyo yo avèk tout sa yo te ka jwenn ak tout sa yo te ka ranmase nan men lòt pou yo t al osekou moun ki te nan detrès yo. Youn nan sè vanyan sa yo te ekri: “Mwen pa t janm pran plis satisfaksyon, e mwen ka di, plis plezi pase sa nan okenn travay m te janm akonpli nan lavi m. Te gen yon amoni santiman ki te grandman egziste.”³

Lè yo te fin pote sekou a epi nèj yo te fin fonn, menm sè sa a te ekri kesyon l te gen nan kè fidèl li: “Kisa k genyen apresya pou moun ki dispoze aji yo fè?”⁴

Nan epòk pa nou an, gwoup sè vanyan toupatou sou tè a mete lafwa yo an aksyon nan dè santèn kote. Epi nan kè yo ak nan priyè yo, yo poze menm kesyon an sou fiti lavi sèvis yo.

Nou chak nan yon sitiyasyon pèsònèl nan vwayaj nou pou ale nan lavi etènèl la. Gen nan nou ki gen dèzane eksperyans, e gen lòt ki fèk kòmanse antre nan travay disip yo sou tè a. Nou chak enkonparab nan istwa pèsònèl nou ak pwoblèm nou. Men nou tout se sè ak pitit fi byeneme Papa nou ki nan Syèl la, ki konnen nou e ki ap veje sou nou chak.

Sa nou remakabman fè byen ansanm se youn cheri, rekonfòte, ak veje sou lòt. Jis mwa pase a m te temwen mirak twa pati sa a nan sèvis nou te bay yon sè. Antanke papa li, mwen remèsye nou e mwen vle remèsye Bondye ki te gide yon enstriktris nan fwaye.

Pitit fi m nan, Elizabeth, k ap viv nan yon lòt eta, te lakay li avèk pitit fi twazan l lan. Lòt pitit li a te nan premye semèn ni nan jaden danfan. Elizabeth te ansent sis mwa e l t ap tann nesans twazyèm pitit li, ke doktè yo te di k t ap yon lòt tifi. Mari li, Joshua, t al nan travay.

Lè l te wè l t ap bay san epi flo a t ap ogmante, li te rele mari l nan telefòn. Mari l te di pou l te rele anbilans e li t apral rankontre l nan lopital la, ki te apeprè 20 minit ak lakay li. Anvan l te menm fè apèl la, li te tande yon frappe nan pòt devan an.

Lè l t al nan pòt la, li te etone wè konpay vizit ofwaye li nan Sosyete Sekou a. Yo pa t gen randevou jou maten sa a. Konpay la te senpleman santi ke l te dwe vin wè Elizabeth.

Li te ede l monte nan machin ni. Yo te rive lopital la jis kèk minit anvan Joshua te rive soti nan travay li. Nan mwens pase 20

minit doktè yo te deside pou yo te fè l operasyon pou pran tibebe a pou yo te ka sove Elizabeth ak tibebe a. Konsa, yon tifi tou piti te vini nan mond lan, ap kriye byen fò, 15 semèn anvan pou l te vini. Li te peze yon liv, 11 ons (765 kg). Men li te vivan, e Elizabeth te vivan tou.

Pawòl Lucy Mack Smith yo te anpati akonpli jou sa a. Yon manm fidèl Sosyete Sekou, pouse pa Sentespri a, te cheri, rekonfòte, ak veye sou sè li nan wayòm Bondye a. Li menm ak dè milye lòt k ap bay kalite sèvis enspire sa yo atravè jenerasyon yo non sèlman gen remèsiman Senyè a ak fanmi yo men pa Senyè a tou.

Nou sonje pawòl apresyasyon Li pou moun ki resevwa tikras rekonpans pou konpasyon yo. “Wa a va reponn yo: sa m ap di nou la a, se vre wi. Chak fwa nou te fè sa pou youn nan pi piti pami frè m yo, se pou mwen nou te fè li.”⁵

Men mirak yon sè nan Sosyete Sekou ki te rive egzakteman nan moman bezwen an miltipliye atravè pouvwa yon sosyete sè ki ini ansanm. Men yon pati nan mesaj evèk Elisabeth la te voye bay Elisabeth ak Joshua nan lopital la yon tikras tan apre tibebe a te fèt: “Prezidan Sosyete Sekou a gen tout bagay sou kontwòl. Nou deja prepare yon plan pou ede avèk timoun yo nan kay la pou Elisabeth ka fè ale vini nan lopital la pou tan bèl tibebe ki poko gen non an ap rete lopital la. Nou abitye fè sa deja, pandan lontan, e sè [nou] yo kontan pou jwenn chans sa a.”

Evèk la te kontinye pou di, an palan pou tèt li ak pou pawas la: “Nou menm konn al lopital la pou chita avèk timoun yo nan sal jwèt la si manman yo pa vle kite yo okenn lòt kote.”

Epi apres: “Natirèlman, nou pa p egzekite plan an san kowòdinasyon ak apwobasyon pa ou. Nou jis bezwen fè w konnen pou ou pa preyokipe pa bagay ke nou menm nou kapab [e n apral] fè yo.”

Sa yo te fè pou pitit fi m nan te pèmèt li jwenn yon moman presye lè l te kenbe ti pitit fi l la pou lapremyè fwa.

Epi evèk la te fini mesaj li a pou Joshua ak Elisabeth avèk yon mesaj sè yo voye soti nan angajman yo atravè tout tèt a pou sèvi lòt yo pou Mèt la: “Kenbe lafwa.”

Avèk tout diferans nou yo nan sikonstans pèsònèl nou ak eksperyans pase nou, mwen ka di nou yon bagay sou sa k ap

tann nou pi devan. Si nou kenbe lafwa, n ap jwenn envitasyon Senyè a souvan pou sèvi yon moun ki nan bezwen menm lè sa parèt pa konvnan pou nou. Sa gen dwa yon tach ki pa plezan e ki ka menm enposib. Lè apèl la vini, se gen dwa kòm si yo pa menm bezwen nou oubyen yon lòt moun ta ka fasilman pote sekou a.

Sonje ke lè Senyè a kite nou rankontre yon moun ki nan detrès, nou onore bon Samariten an pou sa li pa t fè osi byen ke pou sa l te fè. Li pa t pase sou lòt bò chemen an malgre vwayajè an detrès la sete yon etranje e menm petèt yon enmi pou li. Li te fè sa l te kapab pou mesye yo te bat la epi apres a li te mete yon plan presi anplas pou lòt moun te ka fè plis. Li te fè sa paske li te konprann ke ede gen dwa mande plis pase sa yon sèl moun ka fè.

Leson nan istwa sa a kapab gide nou nan kèlkeswa sa demen pote. Menm lesan sa yo te disponib nan pwòp anfans nou ak eksperyans resan yo.

Omwen yon fwa, e petèt souvan, nou konn etone lè nou rankontre yon moun ki bezwen swen. Sete petèt yon paran, yon gran paran, yon sè, oswa yon timoun, ki te frape pa maladi oswa andikap. Santiman konpasyon nou te domine dezi lòt natirèl nou. Konsa nou te kòmanse ofri èd nou.

Tankou vwayajè a nan istwa nan ekriti yo sou bon Samariten an, se kòm si èd yo bezwen an vin tounen anpil swen ke nou pa t kapab bay poukont nou. Samariten an te oblije kite vwayajè a sou kont mèt otèl la. Plan Senyè a pou sèvi lòt moun ki nan bezwen yo mande ekip.

Evèk yo ak Prezidan Sosyete Sekou yo toujou envite manm fanmi yo pou youn ede lòt lè gen yon bezwen. Gen anpil rezon pou prensip sa a. Pi enpòtan an se pou pote bay plis moun benediksyon gwo lanmou ki soti nan youn ap sèvi lòt.

Nou siman konn wè ak santi benediksyon sa a. Kèlkeswa lè nou sousye pou yon moun pou menm yon ti bout tan, nou santi lanmou pou moun nan nou sèvi a. Si tan pou pote èd la alonje, santiman lanmou an gen tandans ogmante.

Paske nou se moun mòtèl, ogmantasyon lanmou sa a kapab entèwonp pa santiman fristrasyon ak fatig. Sa se yon lòt rezon k fè Senyè a kite nou gen èd lòt moun nan sèvis n ap rann moun ki nan bezwen yo. Se poutèt sa Senyè a kreye sosyete moun k ap pote swen.

Sa gen kèk semèn m te prezan lè yon jènfi te leve kanpe nan yon reyinyon Sentsèn pou yo te soutni l kòm asistan kowòdinatè vizit nan fwaye, yon pozisyon m pa t menm konnen k te egziste. M t ap mande tèt mwen si l te konnen ki omaj Senyè a te rann ni la a. Paske li te gen timoun ki te yon tijan ajite nan men li, li te oblije kite reyinyon an anvan m te ka di l konbyen Senyè a t ap renmen li ak apresye li pou èd li, nan pote kole ak efò disip Li yo.

Pran swen moun ki nan bezwen mande yon ekip, yon sosyete ini ak eman. Se sa Senyè a ap bati nan mitan nou an. Li renmen nou pou nenpòt pati nou jwe ladan.

Youn nan prèv apresyasyon li sèke Bondye pèmèt nou santi plis lanmou pou moun n ap sèvi yo. Se pou rezon sa a k fè nou kriye lè lanmò yon moun nou te sèvi pandan lontan. Pèdi chans pou pran swen yo a kapab parèt tankou yon menm pi gwo pèt pase sa separasyon tanporè a pote. Dènyèmman m te tande yon madanm—ke m konnen depi lontan,—nan semèn mari l te mouri a, ki t ap rann yon temwayaj gratitid pou chans li te genyen pou te sèvi l rive jis nan fen lavi li. Okenn dlo pa t nan je li, men nou te ka wè souri li.

Malgre ke sèvis eman nou rann moun pandan lontan yo richman rekonpanse, nou aprann ke gen limit fizik, emosyonèl, ak finansyal nan sa ki posib. Moun ki ap bay swen an pandan lontan an gen dwa vin tounen moun ki bezwen swen poukont pa li.

Senyè a, ki se Mèt Nourisè moun ki nan bezwen, te bay konsèy enspire pou moun k ap bay swen ki fatigue yo nan pawòl sa yo Wa Benjamen te bay ke nou jwenn nan Liv Mòmòn an: “Pou nou kapab toujou gen padon pou peche nou yo jou apre jou . . . , m ta renmen pou nou pataje byen nou ak pòv, chak moun dwe bay dapre sa li genyen, tankou bay moun ki grangou manje, abiye moun ki toutouni, vizite moun ki malad yo e bay yon soulajman esprityèl, ak tanporèl, dapre bezwen yo.”⁶

Men apres a Li avèti sa nan pami nou yo ki gen dwa pa okipe sa nan pwen ke nou ale twò lwen nan sèvis eman nou an: “Epi fè tout bagay sa yo nan lasajès ak nan lòd; paske li pa nesèsè pou yon moun [oswa yon nourisè] kouri plis pase kouraj li. Men nan yon lòt sans, li nesèsè pou yon moun dilijan, pou l kapab ranpòte viktwa; se poutèt sa, tout bagay dwe fèt nan lòd.”⁷

Konsèy sa a kapab difisil pou aplike lè nou oblije chwazi kijan pou balanse yon dezi nou pou fè tout sa nou kapab pou ede lòt moun pandan n ap rete saj nan pran swen pwòp bezwen pa nou yo pou nou ka toujou gen pouvwa pou sèvi. Nou gen dwa konn wè lòt moun k ap lite ak chwa difisil konsa. Yon egzanp chwa konsa se okipe yon moun k ap pwoche nan fen lavi li lakay nou oswa nan yon sant sante, lè nou menm nou gen dwa prèske mouri anba fatig.

Sa nou konnen sou plan sali a kapab gide nou nan kalite chwa ekrazan sa yo. Se youn nan rezon k fè Lucy Mack Smith te si sajman di ke sè yo dwe “chèche akeri enstriksyon.”

Li itil pou n gen yon asirans sèten sou objektif Senyè a pou chak pitit Bondye nan eksperyans difisil lavi sou tè a. Li te anseye Pwofèt Joseph Smith esans plan sali a nan fason sa a pandan l t ap lite pou konprann eprèv aparaman san fen l t ap rankontre yo: “Epi apre sa, si ou te sipòte byen, Bondye ap leve ou anlè.”⁸

Chwa nou pou pi byen ede yon moun k ap ede yon travèsè eprèv difisil lè sa a vin tounen: “Ki sa m ta kapab fè pou pi byen ede moun m renmen an ‘andire byen’?” Objektif nou se rann pi posib pou l ka egzèsè lafwa nan Kris la, kenbe yon bèl espwa lavi etènèl, ak pratike charite, amou pi Kris la, rive jis nan fen lavi li.

Mwen konn wè sè nan wayòm nan ki mete fokis sa a sou Sovè a ak objektif Li. Panse ak lè nou konn al nan yon sal kote Sosyete Sekou oswa Primè oswa jènfi fin rankontre.

Nou gen dwa pa wè yon foto Sovè a oswa pawòl Li, men nou konnen ke yo te santi yon temwayaj sou reyalyte ak valè Ekspyasyon L lan nan moman an jan sa te ye aswè a. Gen dwa pa gen foto yon tanp oswa pawòl “Fanmi kapab ansanm etènèlman” yo ekri, men nou ka wè lespwa nan souri sè yo.

Epi nou konn wè, janm konn wè, yon saj enstriktis nan fwaye bati konfyans lakay yon sè k ap lite pou l konnen ke sèvis l ap rann yon lòt moun, menmsi l ap febli, li toujou enpòtan ak valab. Gwo prezidant Sosyete Sekou yo jwenn fason pou fè moun ki nan bezwen yo ede nan pran swen lòt moun. Yo kreye opòtinite pou sè yo andire eprèv yo byen pandan youn ap pran swen lòt nan amou pi Kris la. Sa kapab enkli pou jantiman mande moun fatige a pou l repoze epi aksepte èd lòt moun.

Sè yo rann sa posib lè yo pa prese jije moun k ap travèsè eprèv yo. Pifò nan moun k ap pote gwo chay yo kòmanse doute de tèt yo ak pwòp valè yo. Nou soulaje fado yo lè nou gen pasyans avèk feblès yo e selebre kèlkeswa bonte nou ka wè nan yo. Senyè a fè sa. E nou ka suiv egzanp—Li se pi gwo nourisè tout moun ki nan bezwen.

Nou pale souvan de fòs ki nan gwoup sè yo nan Legliz Jezikri a. Nou dwe aprann rekonèt ke Sovè a toujou nan sèk la lè nou envite Li.

Plis anplis, n ap wè pitit fi Bondye k ap envite sè vin nan sèk la avèk yo. Lè sè yo vin nan yon reyinyon oubyen ap chèche yon plas, y ap tande bèl ti pawòl sa yo: “Tanpri, vin chita bò kote m.”

Nou pral tande pawòl sa yo nan jou fiti sa a Lucy Mack Smith te predi a kote sè yo pral “chita ansanm nan syèl la.” Nou pa prepare pou jou sa a jis nan yon moman. Sa ap mande jou ak ane ap pote swen youn bay lòt ak mete pawòl lavi etènèl yo byen fon nan kè nou.

Priyè mwen se pou anpil nan nou ka ansanm nan fiti gloriye ki ap tann nou an. Mwen rann nou temwayaj mwen ke espwa nou pou jou sa a ap jistifye. Senyè a, Jezikri, pa mwayen Ekspyasyon enfini L la, rann ni posib pou nou chak. Papa nou ki nan syèl la tande e reponn priyè lafwa nou yo pou gidans ak èd pou n andire nan sèvis nou pou Li.

Li voye Sentespri a pou nou menm ak pou moun n ap pran swen yo. N ap jwenn fòs ak enspirasyon pou konnen limit nou ak nivo kapasite nou pou sèvi. Lespri a ap rekonfòte nou lè n ap petèt mande: “Èske m te fè ase?”

Mwen temwaye ke Senyè a ap avèk nou e Li prepare ak make wout la pou nou nan sèvis n ap rann moun Li renmen yo nan bezwen yo ak eprèv yo. Nan non sakre Jezikri, amèn.

Nòt

- | | |
|---|--|
| 1 Lucy Mack Smith, nan <i>Filles dans mon royaume : l'histoire et l'œuvre de la Société de Secours</i> (2011), p. 29. | 4. Lucy Meserve Smith, nan <i>Filles dans mon royaume</i> , p. 42. |
| 2. Brigham Young, nan <i>Filles dans mon royaume</i> , p. 41. | 5. Matye 25:40. |
| 3. Lucy Meserve Smith, nan <i>Filles dans mon royaume</i> , p. 42. | 6. Mozya 4:26. |
| | 7. Mozya 4:27. |
| | 8. Doktrin ak Alyans 121:8. |